# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокІ**

**сентябрь 5 октябрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ
цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетымрэ
КъБР-м и ТхакІуэхэм я союзымрэ къыдагъэкІ

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакІуу Хъанджэрий, БищІо Борис,
Гъут Іэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэІуфэ Хьэчим, ТІымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэІупщы МуІэед (жэуапыхь секретарь)

НАЛШЫК
2016

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*УсакIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм къызэральхурэ илъэси 100 ирокъу*

**КхъуэIуфэ Хьэчим.** И тхыгъэхэм дыгъэ нэбзийр хэухуэнат............... 3
**Елгъэр Кашиф.** Iэдэм теухуа си гукъэкIыжхэр...................................... 13
ЩоджэнцIыкIу Iэдэм хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр............................ 28
**ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.** Усэхэр..................................................................... 32
**ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.** Щхьэгъубжэ нэху. *Повестым щыщ пычыгъуэхэр*..................................................... 47

## Прозэ

**Елгъэр Кашиф.** Лъэхъэнэхэр къуэпскIэ зэрызэпыщIар........................ 89
**Толстой Лев.** Хьэжмурат. *Повесть*............................................................ 92

## Публицистикэ

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Лъэпкъ махуэшхуэ. *Интервью*.......................... 141
**Жыласэ Заурбэч.** Олимп лъагапIэм дэкIа адыгэлIхэр............................ 145

## Культурэ

**Яхэгуауэ Берд.** Си къуажэгъу щэджащэхэр............................................ 155
**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Макъ телъыджэ зиIэ........................................... 159

## Сабийхэм папщIэ

**Даур Зое.** ЛатIиф и пхъуищыр. *Таурыхъ*............................................. 163

**Хьэкъун Барэсбий.** Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр............................................ 167

*УсакIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу*





# И ТХЫГЪЭХЭМ ДЫГЪЭ НЭБЗИЙР ХЭУХУЭНАТ

ЦIыхум и дахагъым хуэдэщ усэм и дахагъри. Дахэр зыми хэгъуащэркъым, усэри – аращ. Ар усэ нэсыр пэжмэ, адрейхэм зыгуэркIэ къахэщу, адрейхэм якъуэмылъ къару гуэркIэ къызэщIэрыуэу, къызэщIэблэжу щытын хуейщ. ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и усэхэри, и прозэ тхыгъэхэри зыхэгъуэщэн щыIэкъым, псом япэу – я бзэмкIэ. Абы и жыIэгъуэхэр, и тхэкIэр, езыр ауэ къыбдэуэршэру арами, и псэлъэкIэр, и псалъэуха ухуэкIэр – нэгъуэщIт, ярэби, мыбы къыIуралъхьар нэгъуэщI адыгэбзэу пIэрэт, жыпIэу, укъигъэуIэбжьырт, жэуап зэрептыжыну щIыкIэр умыщIэу, Iэнкун укъэхъурт. Я купщIэм щхьэкIэ къодэуэни бгъуэтынщ, ауэ я бзэр къапщтэмэ, Iэдэм и усэхэр нэрынэ-нэрынэу къызэщIэлыдэрт, уэгунэ бзум и жьгъырууэ ушэрт, гум едэхащIэрт, дахагъэрэ гурыщIэ къабзэкIэ зэщIэгъэпса защIэт, адыгэбзэм щIэрэщIагъэу, нэхутхьэхуу хэлъыр зэщIакъуам хуэдэу. Лирикэм и дыгъэ нэбзийр, и бзэ дахэр хиухуэнэфат и повестхэми, псом хуэмыдэу цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ щыта «Софят и гъатхэм».

Бзэм и къэIукIэр гукIи тхьэкIумэкIи дахэу къэзыубыдыфу, ар нэхъ дахэжу къэзыIуэтэжыфу щыта Сокъур Мусэрбий ауэ сытми итхатэкъым: «IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ япкърылъ пшынэбзэ дахэр Iэдэм и жьакIуагъкIэ къызэрылъэлърэ гупсысэ къабзэкIэ къызэщIэтаджэу зи нэгу щIэкIахэм иджыри гукъинэжу яхъумэ, щабагъыр къызэмыбэкI ди бзэм абы «шырыху тхъурым-

бэ» къыхищIыкIыфу зэрыщытар жаIэж. Иригъэджахэр къэгъани, ЩоджэнцIыкIум ирихьэлIэ дэтхэнэми къыбжаIэнущ хъыбар гъэщIэрэщIар «фэрэкIнапэншэу» къэIуэтэным ар зэрыхуалъхуар, адыгэ псалъэр гущIэм щыубзэу абы зэригъэIэкIуэлъакIуэр».

И цIыхугъэкIи, дуней тетыкIэкIи апхуэдэт Iэдэм. Бзаджагъэ е гурбияныгъэ гуэр абы дэзылъэгъуа къэгъуэтыгъуейщ. ФэрыщIыгъэ жыхуаIэми хуэхейт. Псэ къабзэт, псэ хьэлэлт, и нэгу зэIухам нурыр кърихырт, езыр Iэдэбт, хэтыкIэ дахэ ищIэрт, нэмыс лъагэ хэлът, «нысащIэм хуэдэщ» зыхужаIэу псалъэ мащIэт, псалъэ лей, зыхущIегъуэжын, зытеукIытыхьыжын къыжьэдэлъэтауэ зэхэзыха щымыIэу. Шыр зейм ещхьыжын хуейр пэжми мыпэжми, усэхэр къэзыгъэщIам къыпыпх мыхъуу, езым зэрещхьыжыр шэч зыхэмылъыжщ. Iэдэм и усэхэм кIий-гуо, хъущIэ-щIэбжэ, губжь, ныкъуакъуэ, е гукъанэ, тхьэусыхэ, цIыхум и гур щIэзых, гугъапIэншэ зыщI яхэгъуэтэгъуафIэкъым. Ар гуапагъэм, гукъыдэжым, дэрэжэгъуэм, «оптимизм» жыхуэтIэжым, я усакIуэт, дунейр усэ фIэрафIэкIэ гъэбжьыфIэным, гъэдэхэным къыхуигъэщIат. ПщIэну щыткъым, арагъэнкIи хъунщ усакIуэр Тхьэм Iумэту къыщIищтэри – цIыхухэм къадекIуэкI ткIиягъыр, ткIыбжьыгъэр, тIэкIу нэхъ мыхъуми, къигъэлэлэну, я псэр нэхъ щабэ, я гур нэхъ гуапэ, я напэр нэхъ къабзэ усэм дэхъункIэ гугъэу. Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт Iэдэм и тхылъхэм, тхыгъэ гупхэм, щхьэхуэхэм яфIищу щытахэр: «Гухэлъ усэхэр», «ГурыфIыгъуэ», «ЩIылъэ гуапэ», «Уэрэд мыух», «ГурыщIэ нэху...»



Абы и усэхэр зыхуигъэпсри еплъ пэтми зызыщимыгъэнщI и хэкум и дахагъэрт, цIыхуфIхэрт, бжьыфIэхэрт, хьэлэлхэрт, куэдрэ къызэрыхигъэщщи – зи гуращэ хуабэхэрт. Iэдэм цIыхухэр апхуэдизкIэ и щIасэти, абыхэм дахагъэ, гу къабзагъэ мыхъумэ, нэгъуэщI ядилъагъуртэкъым. Усэхэм укъыщеджэкIэ иджыри къыпфIощI мы дунейм зы цIыху мыхъумыщIи, зы хьэбыршыбыри, зы бзаджэнаджи темытыжу. Ахэр зэрытетыр имыщIэу аратэкъым усакIуэм, тетыну, мыдрейхэм зэран яхуэхъуну хуейтэкъыми арат. Уэгур мамыру зэрыпщIыпщIым щIехъуапсэри щIылъэри апхуэдэу зэпэщу, зэдэууэ зэщIэпсэу, цIыхухэри псори фIыуэ зэрылъагъуу, зэгурыIуэрэ-зэдэIуэжу, зэдэшхэрэ-зэхуэIэфIу щигъэтынути арат.

*Бахъсэныщхьэм и къурш щыгу сытету*
*СыщызокIуэ уафэ бгы гъунапкъэм...*
*..................................................................*
*СокIуэ нэхъри – вагъуэм сыхуэIэгъуэу,*
*СокIуэ – щIылъэм вагъуэ щыблэн папщIэ...*

УсакIуэр хуейт абы и гур вагъуэу яхуэблэну цIыху псоми.

Ауэ щыхъукIи, ар зыхэхуар зэманым я нэхъ ябгэт, тхыдэм и щыхупIэт, гузэрыдзэ уэзыгъэщIын, гужьгъэжь зыхуэпхьын дунейт. Зэманым и нэпкъыжьэ къатемыхуэуи къэнакъым усэхэм:

*СкIуа гъуэгухэм си фэм*
*МащIэ щыдэкIакъым.*
*Къыстеуэрт пшэхэр,*

*Уэф мыл кIанэ шэхэр,*
*БдзапцIэшэ уэшххэр...*
*Сэ схъащ ажалым сыкъыфIэтэджыжу,*
*«Сыпсэущ!» – ерагъкIэ жысIэрт...*
*Сызауэрт – зауэм зауэ есщIэкIыжу,*
*СыхэщIэу щытми, зысIэтыжырт щIэхыу.*

ИтIани мы усэри зэриухыр дэрэжэгъуэрэ гугъэ нэхурэщ:

*Хъуащ гущIагъщIэлъу*
*Хэкур гурыфIыгъуэ.*
*Абы хуэгъагъэу*
*ГъащIэ хъугъуэфIыгъуэр,*
*ДогъэфI, доIэт ар,*
*Гъатхэр ди Iэпэгъуу.*

Сыт хуэдэ гугъуехь езым игъэвами, гъатхэр и Iэпэгъут Iэдэм и усэм, сыт хуэдэ жьыгъурыкI абы къыщIимыхуами, – щIымахуэуи щрет, гъэмахуэуи щрет.

* * *

ЩоджэнцIыкIум и творчествэм, и цIыхуфIагъым куэд тетхыхьащ, дяпэкIи тетхыхьыну къыщIэкIынщ. Дэ мы тхыгъэ кIапэр нэхъ зытедгъэпсэнур абы и жылагъуэ лэжьыгъэмрэ литературэ Iуэхур зехьэным хищIыхьамрэт.

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм ящыщщ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и лэжьыгъэр тэмэму зэтеухуэным зи гуащIэрэ зи щIэныгъэрэ нэхъ уэру хэзылъхьахэм. Сэри зэманыфIкIэ а IэнатIэм сыпэрытащи, фIыуэ сыщыгъуазэщ абы куэд зэрыпыщIам, зэрелъытам. Ар къызыхэкIар зэхэдгъэкIыну иджыпсту иужь дихьэнкъым, ауэ ди цIыхухэр есащ тхакIуэ союзым и унафэщIым и талантым, и зэфIэкIым, и щIэныгъэм, и цIыхухэтыкIэм иралъыту лъэпкъ интеллигенцэм и «хьэсэпэ здынэсыр», псоми я щапхъэу щытыныр абы хуагъэфащэу. Сыт пщIэн – хэт а къулыкъум пэрыувэми абы япэу тета цIыхушхуэ дыдэхэм я фэ ираплъ. Шэч къытумыхьэжу жыпIэ хъунущ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм а щапхъэр хуэфащэ дыдэу иIыгъыу щытауэ. А лэжьыгъэр зезыхьахэм псоми фIыщIэ яхуэщIыпхъэщ, ауэ Iэдэм хуэдэу цIыхухэр зыхуэарэзы абы куэд яхэтакъым. Пэжщ, абы щыгъуэ тхакIуэ союзхэм къэралым яхуищIу щыта пщIэмрэ абыхэм зэрызащIигъакъуэу щытамрэ иужькIэ зэрыхъуамрэ шурэ лъэсрэкъым, нэхъыбэ я зэхуакущ. Ауэ дыщэ къуагъэлъэлъэхми зырикIщ, ар зытелъалъэр абы зыгуэркIи бжьыфIэ дэмыхъуфмэ. Iэдэм дэхъурт бжьыфIи, уарди, езым имызакъуэу – тхакIуэ псори, литературэ псори. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымытами, тхакIуэ организацэм и IуэхущIафэхэм пэIэщIэу зэи щытакъым Iэдэм. Къулыкъушхуэ иIыгъыу, республикэм культурэмкIэ и министру щылэжьами Союзым и нэIэ текIакъым. Техьэгъуищкlэ – зэм 1951-1955 гъэхэм, етIуанэу 1957-1959-хэм, иужькIэ 1970 гъэм щыщIэдзауэ, 1987-м

пенсэм кIуэху – Iэдэм Союзым и правленэм и председателу щытащ, псори зэхэту илъэс 23-кIэ. Ар езы Союзым и тхыдэр Iыхьищ ипщIыкIмэ, зы IыхьэфI мэхъу. А пIалъэри хуозэ Союзым и Iуэху нэхъ щефIэкIуам, ди литературэри къэрал, дунейпсо утыку щихьам. И тхыгъэхэмкIэ ямызакъуэу, литературэ къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэ иригъэкIуэкIкIэ къэрал псом къыщацIыхуат Iэдэм. Илъэс куэдкIэ хахащ СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм щыщу, РСФСР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и секретаруи Iуэхушхуэ игъэбатэрт къэрал абрагъуэм ис тхакIуэхэр зэшэлIэным, лъэпкъ литературэхэм я зэкъуэшыныгъэр нэхъри ефIэкIуэным хуэунэтIауэ.

И творчествэмкIи, Iуэхуу зэрихьэмкIи ЩоджэнцIыкIум куэд дыдэ зэфIигъэкIащ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуныгъэр гъэбыдэным теухуауэ. Си гугъэмкIэ, ди цIыхухэм нобэщ къащыгурыIуэр «лъэпкъ зэныбжьэгъугъэ» жыхуэтIэ Iуэхушхуэ дыдэм мыхьэнэуэ иIар, СССР къэрал лъэщыр щыкъутэжым абыхэм яфIэкIуэдар, яхэщIар зыхуэдизыр. Республикэхэм, крайхэм, областхэм я литераторхэр, культурэм и адрей лэжьакIуэхэр гупышхуэ-гупышхуэурэ куэдрэ зэкIэлъыкIуэу щыщыта зэманым Iэдэм сыт щыгъуи я пашэт ди хэкум и тхакIуэхэм. Газетым сыщылажьэу сэри мызэ-мытIэу садежьащ апхуэдэ гупхэм. ФIыуэ сощIэж жьакIуэу, и фэкIи зэпэщрэ зэщIэлыдэу цIыхушхуэ дыдэ щызэхуэс зэIущIэхэм Iэдэм къыщыпсалъэу зэрыщытар, дэнэкIэ дыкIуэми цIыхухэр къыдихьэхыу, абы къыдалъагъу акъылрэ щэныфIагъэкIэ ди лъэпкъыр фIыкIэ псоми къаригъэцIыхуу зэрекIуэкIар. Иджыри хэку куэдым уащыхуэзэнущ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм гуапагъэкIэ зигу къэзыгъэкIыжхэм. Абы и цIэр ноби фIыкIэ къраIуэ Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым и пашэхэм.

Iэдэм тхакIуэ союзым щызэфIигъэкIыу щыта IуэхуфIхэм ящыщ зыт литературэм къыхыхьэ щIалэгъуалэм ядэлэжьэныр. Жэуаплыныгъэ ин хилъхьэу, игури абы хузэIухауэ бгъэдыхьэрт ар а къалэным. Тхэн щIэзыдзэхэм я щыуагъэр яригъэлъагъужкIэ Iуэхур зэфIимыгъэкIыу, ахэр зэригъэгушхуэным, зэриIэтыным хуабжьу елIалIэрт. ЦIыхухэр псори Iэдэмрэ Хьэуарэ къатепщIыкIауэ жаIэ. Ар хэт ищIэн, ауэ тхакIуэ щIалэ куэдым я уэрэдыр ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и Iэгум къилъэтыкIар пцIы зыхэмылъщ. Мис иджыпстуи соплъыж абы зи тхылъхэм пэублэ псалъэ е зыгъэгушхуэ рецензэ зыхуитхахэм: Балъкъэр Фоусэт, Мысачэ Пётр, Тхьэгъэзит Зубер, Гъубжокъуэ Лиуан, КIэщт Мухьэз, Бицу Анатолэ...

Апхуэдабзэу Iэдэм и къалэн лъапIэу илъытэжырт тхакIуэ нэхъыжьхэм я фIыщIэр имыгъэкIуэдыныр. Абы статья дахэхэр яхуигъэпсат ХьэхъупащIэ Амырхъан, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщ тхакIуэшхуэхэу Пушкиным, Лермонтовым, Некрасовым, Шевченкэ, Маркэ Вовчок, Хетагуровым, Шолоховым, Цадаса Гамзат, Маяковскэм, Руставели Шота... Iэдэм къыщIэнащ нэгъуэщI лъэпкъ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIыу адыгэбзэкIэ зэридзэкIауэ куэд дыдэ. Ди усакIуэм езым теухуауэ псалъэ гуапэ жызыIахэм яхэтщ цIыхушхуэ дыдэхэр: Фадеев А., Тихонов Н., Прокофьев А., Михалков С., Стельмах М., Овечкин В.,

Смирнов С., Липкин С., Либединский Ю., Кулиев Къ., Гулиа Г., Джусойты Н., Гринберг И., КIыщокъуэ А., Теунэ Хь., Сокъур М., нэгъуэщI куэди.

Литературэ Iуэхур зыхуей хуэзэным ехьэлIауэ Iэдэм нэхъ гуапэ дыдэу илэжьахэм ящыщщ кIуэдыкIейуэ кIуэда усакIуэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий пцIыкIэ ягъэулъиину зыгуэрхэр иужь щихьам, пэжыр сэтей къэщIынымкIэ абы зэфIигъэкIар. Ар а зэманым Iуэху тынштэкъым, уэр дыдэми уи щхьэр хэплъхьэнкIэ хъунут. Теунэ Хьэчим и гъусэу Iэдэмщ япэу зытхыжар Алий Бобруйск концлагерым къыдисахэм къаIуэтэжахэр. Езыр цIыху пэжт Iэдэм, бегъымбарым хуэдэу Iэсэт, ауэ, хуей щыхъум деж, захуагъэм и телъхьэу ткIийуэ къэувыфынут.

Иужьрей илъэсхэм, и узыншагъэкIэ гукъыдэмыжми, ар жыджэру хэтт Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм. 1995 гъэм и май мазэм абы зыхуигъэхьэзырт ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 50 зэрырикъур гъэлъэпIэным. Сэ абы щыгъуэ «Адыгэ псалъэ» газетым сыщылажьэрти, Iэдэм редакцэм къихьа усэ гупышхуэ печатым хуэзгъэхьэзырат. Газетым и Iуэхур зэрыхъу хабзэщи, зэ зы, зэ нэгъуэщI пIащIэгъуэ къыкъуэкIыурэ, къытхутемыдзэу екIуэкIат. Ауэрэ майм и 5-м къыдэкIыну номерым пIэ къыщыхуэдгъэнат. Ажалыр бжэм нэхърэ нэхъ благъэкъэ – а номер дыдэм, усэхэр къитхыжу, идгъэувэн хуей хъуат ЩоджэнцIыкIур дунейм зэрехыжам теухуа некрологыр. Гукъеуэ тIуащIэт ар. ТIэкIу дэдгъэкIри а усэ дыдэхэр къытеддзат сэ яхуэстха псалъапэ кIэщI щIыгъуу, «Къытхуэгъэгъу, Iэдэм» – жиIэу иухырт псалъапэр.



* * *

Сэ а «къытхуэгъэгъур» нэгъуэщI зыгуэр щхьэкIи си гум къыщIитхъат.

Критикым-тIэ, и Iусыр мыгъуэкъэ, 1980 гъэм къыдэкIа «В зеркале социальной жизни» си тхылъым тхыгъэ кIыхь ихуат ЩоджэнцIыкIум и повестхэм ягъуэт унэтIыныгъэ гуэрхэр, щабэу жыпIэмэ, «критическэу» зэпкърихыу. ИужькIэ куэдрэ сегупсысыжащи, пщтырыIуэу сыбгъэдыхьагъэнут а повестхэм.

Мыр къыхэзгъэщынут: сэ си тхыгъэм повестхэр художественнэ лъэныкъуэкIэ «хъуакъым-щIакъым» жиIэу сабэ дрипхъейуэ аратэкъым, къытезгъэзэжынщи, абыхэм я унэтIыныгъэ щхьэхуэхэрт «критическэу» зэпкърихыр. ЖаIэ псор уи фIэщ хъумэ, Iуэхушхуэкъэ, абы щыгъуэ (иджыри аращ) критикэ диIэкъым жаIэурэ, утыку къихьэ псори гъынанэрт. Зыгуэрым кърыгъэжьэн хуейщ – жысIэри, сытегушхуат, адрейхэм нэхъ щIалэхэр, литературэм и Iуфэлъафэхэм иджыри Iут нэхъ лъэрымыхьхэрат критикэ башыр нэхъ зытрашащIэр. Сэ «классикхэм» я деж къыщыщIэдзэн хуейуэ къэслъытат. Iэдэм и повестхэм я закъуэтэкъым а тхылъым «щракъухьар». Мыгувэу хьэкъыу си фIэщ хъуар зыщ: зыри хуей-

тэкъым критикэ – диIэкъым жаIэу псори тхьэусыхэ щхьэкIэ. (Щыхуэмеиххэр иджыщ).

* * *

«В зеркале социальной жизни» тхылъыр зытеухуар гъащIэм и теплъэгъуэ щхьэхуэхэр литературэм къызэрыщыкIуэр къэхутэныр арати, абы нэхъ тещIыхьат си критикэр, апхуэдэ литературоведение лIэужьыгъуэр социологие хъужымкIэ тIэкIу емыбэу къанэрхъым. Арат сэри къысщыщIар. Нэмысым зедгъэхьурэ, ди япэ ита нэхъыжьыфIхэм гуапагъэкIэ мыхъумэ, нэгъуэщIкIэ закъедгъэщIэн ди дзэр шы щхьэкIэ, пэжым и хьэтыркIэ мыри жыIэн хуейщ: си тхылъыр къыщыдэкIар ди лъэпкъ хабзэхэр нэхъ къыщаIэтыж хъуа лъэхъэнэт. Ар нэхъ зи фIыщIэри 60 гъэхэм литературэм къыхыхьа тхакIуэ щIалэ гупырт, урыс литературэм «шестидесятники» жаIэу зи лъэ щыувахэм ебгъапщэ хъуну гупт ар. Абы и пэ къиху зэманыр къапщтэмэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ди нэхъыжьхэм яхэтащ лъэпкъ хабзэ дахэхэм «хабзэжьхэр», «феодальные пережитки» фIащауэ ахэр изыкъухь парт пропагандэм лъэкI къамыгъанэу дежьухэр. (Диным щхьэкIэ ятхыу щытар-щэ?). Абы ижь къыщIимыхуу (ари фIыуэ хэпщIыкIыу) къэнатэкъым Iэдэм и повестхэми. Арат абыхэм тIэкIу сащIыхуэхъущIари. Дэ абы щыгъуэ дыщIалэт, дунейр зэтес щIыныр ди пщэ къыдалъхьам хуэдэу, сэкъат гуэр зыхэтлъэгъуам джатэ къыхуитхыну дыхьэзырт.



Мыр литературэ къэухьым фIыуэ щхьэпрыкI гуэрщ. Лъэпкъ хабзэхэр езы лъэпкъым къыхэкIахэм зэраубыжым зэрану къишар иджыри хэгъуэщэжакъым. Къэралым и щIыпIэ куэдым иджыри куэд щопсэу ди лъэпкъым къыдекIуэкI зэхэтыкIэхэр зэхьэкIауэ (зыкъомкIэ ди тхылъхэми я «сэбэпкIэ») къагурыIуэу, абы щхьэкIэ ауан, нэхъыкIэращи – Iумпэм дыкъащIу. Нобэ зэрыхъуращи, ди щIыпIэм икIахэм нэмыплъ кърагым и закъуэкъым, лэжьапIэ ягъэувыркъым, фэтэру щыпсэун унэ щIагъыхьэркъым – «кавказ нэIущи», «кавказ нэIухэщ» жари. «Уи цIэр фIэсщынщ» повестым тегъэщIапIэ хуэхъур тхыгъэр зытеухуа хъыджэбзыр унэидзыхьэу зэрырахьэжьаращ. ЦIыхухэр ядыгъуу, ахъшэшхуэкIэ кърашэжу къызэрежьэрэ а фэр кавказ лъэпкъ псоми къыдаплъри, «унэидзыхьэмрэ» цIыхур ядыгъу-ящэжымрэ я зэхуаку дэлъыр зыми къиилъытэркъым. Унэидзыхьэхэм я нэхъыбапIэр щIалэмрэ хъыджэбзымрэ зэгурыIуауэ екIуэкIыу зэрыщытар, иджы «ирахьэжьи» зэрыщымыIэжыхэр ящIэххэркъым. (Хэт и унэидзыхьэ, ИнтернетымкIэ зэрыцIыхуурэ зэрышэхэри къыхыхьэу щIидзащ ди гъащIэм). Си щхьэкIэ сымыгъэунэхуамэ, фIэщ сщащIынтэкъым а «зэрамыщIэххэм» узыхуишэнкIэ хъунур.

* * *

Орел къалэм Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым и съезд щекIуэкIырт. Зэрыхабзэу, съездым хэтхэр гуп-гупу ягуэшауэ тхылъеджэхэм яIущIэрт. Сэ область центрым дэт университетым

кIуэнухэм сахэхуат. Абы и актовэ зал иным цIыхур щIэзт – студентхэри егъэджакIуэхэри. Си унэцIэм щхьэкIэ гугъу сохь дэнэкIэ сыкIуами (сыщымыкIуэми къысхуохуэ апхуэдэ), ар журт, е нэмыцэ унэцIэу къызыщыхъу мащIэкъым, псом хуэмыдэу ударенэр япэ пычыгъуэм техуэу къапсэлъмэ: Кàуфов. Хэзэрыхьыжу, КауфманкIэ къыщыскIэлъыджэ щыIэщ. Ди къуажэ зэрыщыжаIэр ударенэр етIуанэ пычыгъуэм техуэущ, унэцIэм и адыгэ къэпсэлъыкIэм и фонетикэм нэхъ хуэкIуэри аращ. Ауэ Налшык Кàуфов-кIэ къыщызэджэурэ, сэри срагъэсэжащи, «Ухэт?» жаIэмэ, «Сы-Кàуфовщ» жызоIэ.

Орел зэIущIэр щезыгъэкIуэкIым а псор сыткIэ ищIэнт – си деж чэзур къыщысым, «Кау̀фов» – жиIащ. ПсалъапIэм сыкъызэрихьэу абы фIыщIэ хуэсщIащ: «Си унэцIэр тэмэму жызыIэ куэдрэ срихьэлIэркъым – Тхьэр арэзы къыпхухъу!»

Мыпхуэдэ зэхуэсхэм гушыIэ нэхъ зэрахэзагъэр фIыуэ сщIэрти, а псэлъэкIэм сытехьэныр нэхъ сфIэтэмэмат. «УнэцIэр дауэ къэIуми, – жысIащ, – фи дежкIэ нэрылъагъущ сэ «лица кавказской национальности» жыхуаIэхэм сазэрыщыщыр». А зэманым а псалъафэр дэни щызэIэпахырт, сэри теплъэкIэ «альбиносхэм» сахэбгъэзэрыхьыну гугъуу къыщIэкIынт, студентхэм, я пэ лъы ивэжауэ зэхэс нэхърэ, «кIыр-кIырыр», нэжэгужагъэр нэхъ къызэращтэр хыхьэжри, залыр зэщIэхъеящ, зэщIэдыхьэшхащ. ЗэIущIэр моуэ къузакъузауэ, щIыIэ-щIыIэу, «официальнэу» екIуэкIырти, «ыхьы, хъуамэ иджы» жысIэри, псалъэмакъым тIэкIу нэхъ жьы къыщIэзгъэхьэжын мурадкIэ, ди унэцIэм и «тхыдэр», ди лъэпкъым кхъуэ щIауфауэ щытауэ ди къуажэгъухэм къызэрыдахъуэныр, мыпхуэдэ аудиторием къызэрезэгъынкIэ гъэщIэрэщIауэ, яхуэсIуэтащ. (Мы хъыбарыр Iуэхум щыщкъым, ауэ пщIэну щхьэпэ гуэрщ, адыгэ тхыдэм, ди лъэпкъым и дин Iуэхухэр къызэрекIуэкIам пыщIащ. Дэ ди унэцIэ дыдэр Бгъэнокъуэщ. Адыгэхэм ислъам диныр къащтэн хуей щыхъуам, чристаныгъэм къыщIэна, сыт щыIэмэ, къыщIагъэщыну комиссэ къакIухьырт. Бгъэнокъуэхэ я фызыжь гуэрым кхъуэ шыр цIыкIу игъэпщкIуауэ къагъуэтат. Дэ зэрытщIэр матэм щIиIубауэщ. Ди къуажэгъухэм нэхъри дызэгуагъэпынумэ: «Кхъуэ шырыр гущэм хипхат». «Апхуэдэу щхьэ фщIат?» – жаIэмэ, ди жэуапыр хьэзырщ: «А фызыжьым ищIэрт псори дызыхуэкIуэжынур». Сытми, «кхъуэщIэуфэр» – иужькIэ «кхъуэIуфэ» хъужар, упщIэу къыттраIуэри, абы къытенащ). «Экзотикэ» тIэкIум Орел къалэм и щIалэгъуалэр нэхъ гумащIэ дэмыхъуу къэнатэкъым, Iэгуауэм унащхьэр зэтричыным хуэдэт. Аудиторием дэрэ «лъэмыж» зэхудиIэ хъуати, адэкIэ литературэ Iуэхухэм утепсэлъыхьыну куэдкIэ нэхъ тыншт, залыр темызашэу къодэIуэнут. Къэбэрдей-Балъкъэрым литературэм бзищкIэ зэрызыщиужьым кIэщI дыдэу сыкъытеувыIэри, мыбдеж нэхъ къыщезэгъыу къысщыхъуа «интернациональнэ» тематикэм сытехьэжат. Сэри-тIэ, усэ гуэрхэр соуцIырхъ (нэхъ тэмэму жыпIэм, суцIырхъыу щытащ), а темэри си гущIагъщIэлъ дыдэщ. Ауэ си усэ зыщIыпIи сыкъыщеджэркъым, тхауи къыздесхьэкIыркъым, гукIи сщIэркъым, нэгъуэщIхэм ятхауэ зы сыхьэт, сыхьэтрэ ны-

къуэрэ хуэдэкIэ сыкъызэджэн гукIэ сщIэ пэтми. Псом япэ изгъэщ си хабзэр фIы дыдэу слъагъу ди усакIуэшхуэхэм – КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ – я IэдакъэщIэкIхэрщ. Ди поэзием патриотизмэмрэ интернационализмэмрэ зэдэууэ, зэдэкIуэу къызэрыхэщым и щапхъэу а зэIущIэм къыщысхьат Къайсын и усэ «Всегда гордился тем, что горец я!» жыхуиIэр. «Жестокой битвы дым по волосам // Полз у меня в окопе под Орлом» сатырхэм сыщынэсым аргуэру Iэгуауэ иным зыкъиIэтат. Къайсын езыр 1941 гъэм мы къалэм деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм хэтат, абдеж уIэгъэ хьэлъи щыхъуат.

Ди гупым хэтт а зэманым нэхъ цIэрыIуэ урыс тхакIуэхэр, Урысей ТхакIуэхэм я союзым и унафэщI Ганичев Валерий, прозаик Iэзэ Распутин Валентин, нэгъуэщIхэри. ЕмыкIу ящIыми схуэфащэ хъунщ мы псор зэрыщыта дыдэм хуэдэу къызэрысIуэтэжыр – абыхэм елъытауэ, сэ сытым сыщыщт, ауэ залым щIэсхэм сэ нэхъ гуапагъэ къызэрызахыр нэрылъагъут, щхьэусыгъуэр зыуэ къыщIэкIынут: студентхэм нэхъ щIэщыгъуэ, нэхъ гъэщIэгъуэн ящыхъун къызэрыхэслъхьар, гушыIэ тIэкIури хэтыжу. Сэ згъэтIыгъуэрт, къызэрысщыхъумкIэ, нэхъри псори къызэрыдэсхьэхын гуэр, – ар КIыщокъуэ Алим и усэ «Пщыхьэщхьэ шурт», хабзэ схуэхъуауэ мыпхуэдэхэм деж абы сыкъеджэрт, щIалэгъуалэм, псом хуэмыдэу хъыджэбз цIыкIухэм, ягу ирихьырт, абыкIэ мыбдежми си гур щызгъэфIырт. Си «ехъулIэныгъэхэм» сыдахьэхыжри, тIэкIуи зызгъэщIагъуэу щIэздзауэ, усэм и кIэух сатыритIым нэхъ къару хэслъхьэу тескъузат: «А дочка твоя... – не она ли // Под черною буркой моей!». «Оригиналым и бзэр зэрыIур зэхэфхын щхьэкIэ» жысIэри, усэм и иужьрей едзыгъуэм адыгэбзэкIи сыкъеджэжат.

Iэгуауэр нэхъ дзыхьмыщI-дзыхьмыщIу къэIуа хуэдэу къыщIысщыхъуар къыщызгурыIуэжар зэIущIэр иухыу университетым и ректорыр, нэгъуэщI зы егъэджакIуи щIыгъуу, къыщызбгъэдыхьам щыгъуэщ. «КхъыIэ, – жиIащ ректорым, моуэ ныбжьэгъугъэ хэлъ хуэдэу, ауэ хэкъузауэ, – апхуэдэ усэ абы фIэкIа ди деж укъыщемыджэ. Арыншами, Кавказым къикIа бандэ областым щызоуэ, цIыхухэр ядыгъури щхьэщэхуж щIатыну къагъэув, цIыхубзхэм лей ирах – жаIэурэ, ди студентхэр ягъэшынащ, студенткэхэр адэанэхэм еджакIуэ къыщамыгъакIуэ къэхъуащ...» Сыздэщытым деж сыкIуэцIрыху пэтащ. ИужькIэ Iэни къытхуаухуат, бжьэи къаIэтат, ауэ сэ зыри си гум сIэпихыжыртэкъым, актовэ залым къыщысхьа «ехъулIэныгъэхэри» занщIэу лъэлъэжат.

Хьэгъапхъэ хъыбархэр лъэпкъкIэ дэ тхуэдэхэм щхьэкIэ зыгъэIухэр щыIауэ къыщIэкIынщ. Пэжыр дэнэ пхьын – цIыхухэр ядыгъури, ящэжри щыIащ. А зэманым Шэшэным къайгъэр иджыри щыужьыхатэкъым, псори абы щхьэкIэ шынэрт. (Урыс хэкухэм щыпсэухэм я дежкIэ-тIэ, дэ псори дызщ – адыги, шэшэни, мыщхъыши, дагъыстани, балъкъэри...) Ди бысымхэм къазэрыщыхъуамкIэ, сэ хъыджэбзхэр «зэрадыгъур» зыгъэдахэ усэ сыкъеджауэ арат. Дерсу пхурикъун хуэдизщ. Поэзием плъыфэ зэмыфэгъу къимыщIыкIынумэ, абы мыхьэнэшхуэ иIэкъым. Iуэхуракъэ, уи деж дыхьэрэну щыщIэращIэ плъыфэм нэгъуэщIыпIэм къыщрахынур пщIэнукъым, усакъмэ, – нэхъыфIщ.

Дауэ щытми, «Пщыхьэщхьэ шум» абы лъандэрэ нэгъуэщІыпІэ сыкъыщеджэжыркъым, Орел къыщысщыщІам пыщІауэ «Уи цІэр фІэсщынщ» повестри сигу къэмыкІыжу къанэркъым.

ЩоджэнцІыкІу Іэдэм ди литературэм фэеплъу къыхуигъэнахэм я дамыгъэу а повестыр увыркъым, иужьрей зэманым абы щытхъупс къезыгъэжэххэм къахэхъуа щхьэкІэ. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, критикхэр нэхъ зэджэр повестым и урысыбзэ вариантырщ. Ар иджы аргуэру урысыбзэкІэ зэрадзэкІащ, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуари гурыІуэгъуэ дыдэу щыткъым. 1970 гъэм повестыр урысыбзэкІэ къыщыдэкІам оригиналым и инагъым (печатнэ лист 15,61-рэ) и зэхуэдитІым зэрыфІэкІ (печатнэ лист 9,21-рэ) щыІэтэкъым. Иджы зэрыхъуар зэкІэ тщІэркъым.

Мы тхыгъэм сетІысылІэн и пэ повестым и тхылъ щхьэхуэу къыдэкІауэ щы сиІэти, щыми сриплъэжащ, нэхъыбэм (адыгэбзэ текстым) щІэрыщІэу седжэжащ. ЩІэрыщІэу седжэжащ япэм абы хуэстхахэми. «В зеркале социальной жизни» тхылъыр къафщти, фыхуейми зэвгъапщэ – Іэдэм и повестхэм, и творчествэм папщІэ абы псалъэ лъагэу, гуапэу итыр куэдкІэ нэхъыбэщ икІи нэхъ дыгъэлщ критикэм нэхърэ.

Ди литературоведением къалэныщІэ къыпоув мыпхуэдэ повестхэм, романхэм, пьесэхэм, нэгъуэщІхэм нобэ яІэ мыхьэнэр къэхутэнымкІэ. Ар къэзыхутэфынури тхыгъэхэр ахэр къызэрагъэщІа бзэмкІэ зыджырщ. Сыти жыІи, гугъу хъуащ иджырей тхылъеджэр, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр, иджы жыжьэ хъуа зэманым ятхахэм дебгъэхьэхыныр. Тхылъеджэр ІузыгъэщтыкІхэр куэду зэрыхъащ. БлэкІа лъэхъэнэр а тхылъхэм къызэрагъэлъагъуэмрэ (псалъэм папщІэ, революцэр, граждан зауэр) иджы абы хужаІэмрэ зэтехуэжыркъым. НэхъыкІэжыр – адыгэбзэкІэ еджэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ зэрыхъурщ, тхылъхэм ящыщ куэд емыджэгъуафІэу, я сюжет зыужьыкІэкІи щхьэхынэ-щхьэхынэу, уагъэзэшу, я композициекІи быдэ дыдэу зэрызэмыІулІар хэлъхьэж. Ауэ абыхэм къахэнащ, адыгэхэм я тхыдэм и къэгъэшыпІэ задэхэр, я псэукІэу, я гупсысэкІэу къэгъуэгурыкІуар, псом нэхъыщхьэжращи – я бзэр. Мис мы иужьрейр аращ Іэдэм и повестхэм я налкъутналмэсыр.

ТхакІуэ нэхъыжьхэм, псом япэу лексикэкІэ нэхъ къахэщхэм – Шортэн Аскэрбий, Нало Ахьмэдхъан, МафІэдз Сэрэбий, ІутІыж Борис, ЩоджэнцІыкІури абы яхэтыжу – я бзэр джыныр икІэщІыпІэкІэ Іуэху щІын хуейхэм ящыщщ. ПащІэ лІыжьым, КІыщокъуэм, ЩоджэнцІыкІу Алий сымэ я бзэм гъунэ гуэр хуралъа щхьэкІэ, мыдрейхэм ар иджыри къалъысакъым. Сыт хуэдизкІэ нэхъыфІым дыщыгугъми, хьэкъыу тпхыкІын хуейщ: абыхэм яІурылъа адыгэбзэм хуэдэ зыІурылъ тхакІуэ дяпэкІэ диІэжынукъым. Ди литературэбзэм и гъащІэр кІыхь хъуну псори дыщІыщІэхъуэпскІэ, ди бзэм и дыщэ гуэныр дысакъыу тхъумэн хуейщ, абы къыщыщІэдгъалъэурэ, жылэхэр ди литературэ хьэсэхэм зэгъэзэхуауэрэ тетпхъэмэщ ди прозэми, поэзиеми, драматургиеми я хадэм къэкІыгъэщІэхэр къыщиувэнур. Дыбэлэрыгъэ, – нартхэ я жылапхъэр щахъумэр Емынэжь зэрикъутам хуэдэу, ди дыщэ гуэныр зыгуэрым зэтригъэщэщэнщи,

жылапхъэм дыхигъэкIыжынщ. Ар къэзыхьыжын Сосрыкъуэ къагъуэтын хуей хъунущ ди щIэблэхэм...

Дэнэ кърахыжын?

* * *

«Уи цIэр фIэсщынщ» повестым дэзгъуауэ щытахэм я дежкIэ сымыгъэзэжу хъунукъым.

Пэж дыдэу жысIэнщи, Iэдэм сыхуэзэху сыщыукIытэу секIуэкIащ, стхам щхьэкIэ сыщIегъуэжу щIэздзати. Езым зы мэскъалкIи зыкъызигъэщIатэкъым. Ди зэхущытыкIэри абы щхьэкIэ нэхъ икIэ хъуауэ сщIэжыркъым. ИтIани, нобэр къыздэсым сигу къоуэж. И чэзум газетым къытхутемыдзауэ щыта усэхэм щхьэкIэ зэрыжытIам хуэдэу, абы щхьэкIи си гум къыщIитхъыу, жызоIэ: «Къысхуэгъэгъу, Iэдэм».

ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIу сылажьэу, Iэдэм и нэгъуэщI юбилейуэ, зэ апхуэдэу стхауэ щытащ, къытезгъэзэжми, ягъэ кIыну си гугъэкъым: псоми псори къытхуэгъэгъу, Iэдэм, нэгъуэщI зыгуэркIэ уи жагъуэ тщIамэ, уи емыкIу къэтхьамэ, ари къытхуэгъэгъу. Уэ сыт щыгъуи фIыкIэ дигу уилъынущ – а узэрыбжьыфIэм, узэрыекIум, узэрыбзэIэфIым хуэдэу. Уэ къэбгъэна лъэужь дахэр сыт щыгъуи ди щапхъэу, ди гъуазэу, ди хъуэпсапIэу декIуэкIынущ.

**КХЪУЭIУФЭ Хьэчим**

# IЭДЭМ ТЕУХУА СИ ГУКЪЭКIЫЖХЭР

Си мурадыр къызэхъулIэ-къызэмыхъулIэм и гугъу сщIыкъыми, гукъэкIыжхэр стхыну сымытIыс щIыкIэ куэдым согупсыс, къызэзнэкIа илъэсхэр си нэгум къыщIэзгъэхьэжурэ. ЖыпIэнурамэ, гукъэкIыжри художественнэ литературэм и жанрхэм ящыщ зыуэ щыщыткIэ, рассказым, повестым, романым щызэпкърыпхыну уи гугъэу зэбгъэзэхуа Iуэхугъуэхэр япэщIыкIэ уи щхьэм, уи гум, уи псэм я кхъузанэ пхъашэхэми щабэхэми куэдрэ зэрыщIэбгъэкIым ещхьыщ гукъэкIыжхэми яхущытын, ябгъэдыхьэн зэрыхуейр. ГукъэкIыжыр пэжыр зи лъабжьэ документальнэ очеркым, повестым я Iумэтым нэхъ итщ: мыбдеж нэхъыщхьэр уэ къыпхуэгупсысыракъым (фантазиеракъым) – гъащIэм, тхыдэм я пэжыращ. Абы утекIакъэ – уи пшыналъэр бгъунлъауэ бжы...

Сэ зи гугъу сщIынур фIы дыдэу сцIыхуу щыта, илъэс плIыщIым щIигъукIэ сызыщIыгъуа ЩоджэнцIыкIу Iэдэмщ. Мы къэсIуэтэжынухэмкIэ арэзы къыздэмыхъунхэр, езыхэм я пэж, Iуэху еплъыкIэ зиIэхэр зэрыщыIэнури къызгуроIуэ. Сэ жысIэмкIэ арэзы къыздэхъуну хэзгъэзыхьынIауэ сыпылъкъым. ЗэгъунэгъуитI я мэл бжыкIэ зэтехуэркъым, жи. «Си бжэкIэр» зигу иримыхьхэм зыкIи сапэрыуэркъым. Сэ сызытепсэлъыхьынур, зи пщIэр сымыгъэкIуэдыну си мурадыр илъэс щэщIым нэблагъэкIэ адыгэ тхакIуэхэм ди тхьэмадэу, ди шу пашэу дяпэм фIыкIэ ита ЦIыхущ. Тюркыбзэ гупхэм хыхьэ лъэпкъхэм я деж «Iэдэм» псалъэм «цIыху» жиIэу аращ. «Угъурлы»-м къикIыр дэркIи гурыIуэгъуэщ. А псалъитIри игъэпэжу дунейм дахэу тетащ ЩоджэнцIыкIу Угъурлы и къуэ Iэдэм. Ар дунейм щехыжа 1995 гъэ лъандэрэ гукIи, щхьэкIи, псэкIи къызохьэкI мы гукъэкIыжхэр. Иджы къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу къызоIуэтэж Iэдэм сыхуэзэн хуей щIэхъуамрэ сыщыхуэзамрэ.

Сэ мызэ-мытIэу и гугъу сщIыжащ си гъащIэм и къекIуэкIыкIам. Сысабий дыдэу (къэскIухьыф сымыхъуауэ) анэншэу сыкъызэрынам си зэрани хэлът: жьэгу мафIэм сыпэрыпщхьэу сэ къыстепсыха гузэвэгъуэшхуэм щыIуплъэм, гупщIэуз ирихщ, хиубыдэри, илъэс тIощIырыпщI нэхъ мыхъуа анэр къэтэджыжатэкъым. Пэжыр жыпIэмэ, абыкIэ къуаншэр сэратэкъым – властыщIэм зэщIигъэна мафIэ гуащIэрат: ди адэ-анэри щхьэхуимытыгъэкIэ хахуат сэ къэспщэщыхьыф сыхъуа къудейуэ си лъакъуэхэр зыхисхьа мафIэ угъурсызым.

Сабиищ зиIэ ди адэ-анэр пщэдджыжьым дахурти, къыщыдыхьэжхэр пщыхьэщхьэрат. Апхуэдэр ди закъуэтэкъым – мэкъумэшыщIэу хъуам арат я дунейр: я быныр зыхуей хуагъазэу япIыжыну хуимыту, езыхэр колхоз мафIэм хисхьэхэрт. Зы анэ къилъхуаищым ди нэхъыжь Нэт (Маржынэт) илъэс зыбгъупщI, абы къыкIэлъыкIуэ Хьэчим илъэс зытхух я ныбжьми арагъэнт. А тIурат сэ сыкъызыхуагъанэр. Ахэр степлъэкъукIа зэрыхъуам, сэ мафIэм сызэрисам я хъыбарыр кIыхьщ. Ахэри зыщIыпIэхэм деж щыстхыжащи – къытезгъэзэжынкъым.

Дахэ-дахэу еджапIэ къызамытурэ, етхуанэ классым сыщынэсар 1950 гъэрат. А гъэ дыдэм и бжьыхьэм стха си япэ усэр нэщхъеягъуэкIэ гъэнщIат: си щхьэр сфIэтхьэмыщкIэжу сызыхуэтхьэусыхэжырт, си сабиигъуэ гурыфIыгъуэншэм теухуат. – Ар зыми езгъэлъагъуртэкъым – арыншами анэ зимыIэжым и махуэр зыхуэдэр зи нэгу щIэкI си классэгъухэми егъэджакIуэхэми тIуащIэу, щащIэу яфIэгуэныхь зызгъэхъуну, ягу зыщIэзгъэгъуну сыхуейтэкъыми, си гуныкъуэгъуэхэр усэм есхьэлIэрт. Ауэ сыт хуэдэ щэхури зэгуэр нахуэ мэхъу. Ар сэтей зыщIар си партэгъурат. Си дзыхь езгъэзри, тхьэусыхафэр фэрэкIыу зытет усэр езгъэлъэгъуати... Абы ар хэIущIыIу зэрищIар хьэрэмыгъэм къыхихатэкъым – езым нэхъри фIэгуэныхь сызэрыхъуам ещхьу, адрейхэми ягу къысщIигъэгъун папщIэт усэмрэ сэрэ дызэдищэхур нахуэ щIищIар...

Арати, зы жьэм жьэдэкIар жьищэм жьэдохьэ, жи. СыусакIуэу, сы-ЩоджэнцIыкIу Алийуэ сагъэIу. Дунейм темыхуэжыр си тхьэусыхафэм нэпсыр макъамэ хуэзыщIа хъыджэбз цIыкIухэрат; усэм и фIагъэ-Iеягъэ жыхуаIэратэкъым ахэр зэплъыр – мыгъуагъэу хъуар сэ къыстепсыхауэ зызбжыжу сызэрытхьэусыхэрат зыгъэдзыхэхэр. Пэж жысIэнщи, а гущIэгъулыхэращ усэр (ар усэ щIагъуэу щытамэ, схъумэнуи къыщIэкIынт) ди егъэджакIуэ телъыджитI Куэшмэн Серафимэрэ КIэрэф Мухьэмэдрэ езыгъэлъэгъуауэ щытари. А тIум сытрагъэгушхуэри, увыIэжыкIэ умыщIэу, жэщкIэрэ утхэнумэ – къеблагъэ! Ауэ, нэхъ губзыгъэ сыхъуауэ зыслъытэжырти, стхыхэр зыми езгъэлъагъуртэкъым – зыгуэрхэм я гум сыдыхьэнуи зыщызгъэтхъунуи сыхэттэкъым; ар дэнэ къэна, дыдейхэр согъэтхьэусыхэ: щIымахуэ жэщ кIыхьым фэтыджэн лъапсейр тфIыбогъэс. Апхуэдэурэ, 1951 гъэр къохьэ. Фэтыджэныр пщIэншэу згъэсрэ сымыгъэсрэ зэхэзгъэкIын мурад сощI. Ауэ дэнэ ар къыщысщIэнур? СызэкIуэлIэнур хэт? ТхакIуэхэм я союзыращ, – къызжаIэ си адэ къуэшым и къуэ Сэфарбийрэ (абыи зыгуэрхэр итхырт, тхылъ куэди еджэрт, езыр къалэм щеджэрт) Мухьэмэдрэ (а тIур зэдэлъхузэшыпхъум я бынт). Сэ езым Налшык мыIейуэ сцIыхурт; дызэрыпсэур мэзымрэ къалэмрэ яку къыдэтхрат. Гугъущэ сыдемыхьу къэзгъуэташ ТхакIуэхэм я союзыр – ар Театральнэ уэрамым тет унэ еханэрати... УпщIэ щIэщхъуркъым, жи, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм жыхуаIэр зыщIэс пэшыр къызощIэри...

СыщIыхьэ хъун-мыхъуни, упщIи-уси сыхэмыту, пэшым зыщIызогъахуэ. СтIолым сыбгъэдокIуэтапэ. Зыгуэр зытхыу щыс щIалэ бжьыфIэшхуэм и пащхьэ нэхум сыщиувэм, къыдоплъейри:

– Къеблагъэ, – жиIэу къотэджри, сэлам къызех. СегъэтIыс. Пэжыр щхьэ бзыщIын хуей? ЩIалэр сигу ирихьатэкъым. ЩIримыхьар зигъэщIагъуэу фэ зэресплъарат. Гуэныхьыр къэхьыгъуафIэщ, армыхъу игъащIэм япэ дыдэу слъагъум, дурдылу къысхущIэкIынуми сымыщIэм фэ Iей щхьэ есплъат? И щхьэусыгъуэр, сэ схуэмыдэу, зыкърихыу зэрыхуэпарагъэнт. А зэманым къулыкъущIэхэм, зызыгъэинтеллигентхэм я нэхъыбэм гъэмахуэ фащэу зэрахьэр чесучэ кIэстум зэфIэтрат. Апхуэдэ зимыIэм и махуэ мыгъуэти, интеллигентхэм ядэплъей мыхъуу, зыпащIыжу, къуажэ унафэщIхэм я деж къыщыщIэдзарэ механизаторхэм, Iэщыхъуэхэм я бригадирхэмкIэ, учётчикхэмкIэ иухыжу за-

гъэчэсучейт. Китайм нэс кърашащ жаIэу мо къазшырыфэ щэкI дахэм къыхэщIыкIа кIэстум зэфIэтым фIеифэ къыщIэлъэдэжауэ, бжьыгъэ зэмыфэгъухэр ятелъу зыщыгъ Iэщыхъуэхэр щытлъагъукIэ, ди ныбафэхэр IэкIэ тIыгъыу Iэджэрэ дызэплъу щыта «ЩIалэ нэжэгужэхэр» кином хэт Iэхъуэм и псэлъафэ: «Сэ сыIэхъуэ къызэрыгуэкIкъым – сыIэхъуэ нэхъыжьщ», – жиIэу зыпылъ хъыджэбзым зыхуэзыгъэщIагъуэр дигу къэкIырт. Ди къуажэ «Iэхъуэ нэхъыжьхэми» зыпэрыт IэнатIэм екIун фащэр зэрызэрамыпэсыжыр фIэдыхьэшхэну арагъэнт зи Iэзагъымк Iи (ар тхакIуэшхуэ хъуауэ щытащ), зи Iэсагъымк Iи дагъуэ зыхуумыщIын, зи интеллигентыгъэкIи хуэдэ узыгъэлъыхъуэн ди егъэджакIуэ икIи директор КIэрэф Мухьэмэд и чесучэ кIэстум зэфIэтыр куэдрэ щIызримыхьэжар...

Пэжщ, сыкъыздэкIуа къулыкъущIэм и фащэр екIупст. Сэри зытезгъэгусэнтэкъым апхуэдэ щыгъыным, ауэ...

– Хэтхэ уарей? Дэнэ къуажэ ущыщ? Къытхуэпхьар сыт? – мэкъу сыхуеуэну хьэмэрэ хадэ хуэспщIэну сыкъызэрымыкIуар гурыIуэгъуэщи, сызейми сызикъуажэми я гугъу сымыщIу, уплIэнщIарэ пщIэнтIэпсми гъуэжь ищIауэ си жыпым къисха тхылъымпIэхэр и пащхьэм изолъхьэ. Ахэр зэкIуэцIех, IэгуфэкIэ ету тредзэжри, зэпеплъыхь – сызейр, си цIэр тетха и гугъэу арагъэнщ. Сэри апщIондэху псэ тIэкIуи къысхыхьэжат, мо сызыхэта гупсысэхэми сакъыхэкIыжати, си жэуапым пэплъэрэ мащIэу къыпыгуфIыкIыу къызэплъ лIым сызейри сызыщыщри жызоIэ. Мор, и щхьэр ищIурэ, къысщогуфIыкI:

– ЗэрыжыпIэмкIэ, КIыщокъуэм урикъуажэгъущ. Алим пцIыхурэ?

– «Хьэуэ» къизгъэкIыу, си щхьэр сощI.

– Ауэ и усэ къом гукIэ сощIэ...

– Хъарзынэщ. Алим усакIуэфIщ. Абы фыдэплъейуэ арагъэнщ щхьэлыкъуэдэсхэм усэным фи нэ къыщIыхуикIыр, – жиIэу къыдэгъэжым папкэшхуэ къыдех. Абы еплъурэ:

– КIэрэф Мухьэмэд, Елгъэр Сэфарбий... абы урикъуэш?.. Апажэ Мухьэмэд... – унэцIэхэр къысхурибжэкIырти, ахэр зэрысцIыхури щIэсцIыхури жызоIэ.

– Абыхэми усэ ятх. Ахэр ди семинархэм къыдогъэблагъэ. Уэри абыхэм ещхьу укъыщIэкIмэ... – жеIэри, ету зытридзэу си цIэ-унэцIэр зытритха тхылъымпIэ напэр къещтэ. Абы гукIэ къеджэхукIэ, сэри Iуэхуншэу сыщыскъым – зэм мор ауан сощI: Цуцэрэ (абыкIи деджэрт ди пхъурылъху Мухьэмэд) Сэфарбийрэ усэ зэратхыр сэ сщIэркъэ? ИтIанэ... си къуэшитIым сарещхьу къыщIэкIмэ... абы зи гугъу ищI семинарыр зищIысыр сэ сщIэ и гугъэу пIэрэ?..

– Куэд щIа усэ тхын зэрыщIэбдзэрэ, – итхам йоплъыжри, – Кашиф?

– Илъэс ныкъуэм щIигъуащ...

– Нэгъабэ лъандэрэщ-тIэ. Етхуанэ классым ущIэсу... – хэт сымэ я усэ тхылъ сыкъеджами, хэт итхар нэхъ сигу ирихьми – IэджэкIэ къызоупщI. Сэ сызэгуоп: а къомыр зэрыпщIынур сыт? А укъызэджар уигу ирихьарэ иримыхьарэ къызжеIэ, – согъумэтIымэ сигукIэ. Мор пIащIэркъым – тхылъымпIэ напэхэр къищтэжауэ хоплъэ. Сэ сыкъытреч. Мобы зыщIиIэжьэр къызгурыIуэркъым.

– Уи гурылъхэр усэбзэкIэ къэпIуэтэну узэрыпылъар хъарзынэт, ауэ, уи жагъуэ умыщI, уи мурадыр къохъулIакъым... – абы къысхуригъэкIуэкIауэ щыта псом иджы сыткIэ дыхуеиж? Ауэ щабэу, Iэдэбу, гур хигъэщIу сыкъыпрегъэх. КIыхьу къысхуригъэкIуэкIа псалъэмакъ жагъуэр зэриухыжыгъарат сыкъызэриукIыпар:

– Умытхэу пхузэфIэкIынумэ, умытхэ...

ЕIмэ-еI!.. Езыхэм фIэкIа, нэгъуэщI ямыгъэтхэну аращ, – сигукIэ уафэм сабэ дызопхъей. Ауэ зызошыIэ. Езыр Iэсэу, шыIэныгъэ хэлъу къызопсалъэри. СыкъэпщIэнтIауэ сыпсыфыбзэщ. Си Iур апхуэдизкIэ игъущIыкIащи, си бзэгур схуэгъэкIэрэхъуэжыркъым...

Сыгъыным хуэдэу сыкъотэджыжри, си натIэр IэщIкIэ изолъэщIэкI. Бысымри къэтэджати, сэлам ехыжи сыти сыхэмыту, си щхьэр щIэIуауэ сыкъыщIокIыжри... Дунейм тету хъуам уахуэшхыдэнумэ – къеблагъэ! Си тхыгъэм къыщытхъуу сызыгъэжэкъуахэри ар къысхупезыгъэхари зэхуэдэу хьэм изогъэхь. Пэжыр жыпIэмэ, зыми лажьэ иIэтэкъым – къуаншэр сэрат: ауэ сытми си щхьэм сыхуэтхьэусыхэжа мыхъумэ, усэбзэм сыхуэхейуэ, ар дэнэ къэна, усэкIэ зэджэм, абы и щэхухэм сыщымыгъуазэу къыщIэкIат. Ахэрат Iэдэм къызгуригъэIуэну зыхэтар. АрщхьэкIэ, губжьыр къыстекIуати, абы и ущиеу хъуам къыхэсхар нэхъ узыхуэмей дыдэрат: жиIэр плъагъуркъэ? Умытхэу пхузэфIэкIынумэ, умытхэ!..



Арат схуэмыхьыр. Схуемыгъэхыр. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, нэхъ ерыщ секIуауэ сытхэрт. Пэжщ, иджы зыми зыри езгъэлъагъуртэкъым – щэхуу стхырт. Апхуэдэурэ зыкъом зэтрихьа нэужь, ТхакIуэхэм я союзыр «згъэгуфIэну» мурад сощIри, 1953 гъэм (захуэзгъэгусати, апщIондэху «згъэбият») сыкъокIуэ «сигу фIы къыщысхуащIа» унэм. Ауэ... сыкъызыхуеблэгъахэр бгъуэтмэ – къащтэ! «Аргуэру сакъыхуэкIуэнкIэ» шынэхэри загъэпщкIуауэ аращ», – ауан сощI. ГушыIэр гушыIэщ, ауэ «сыкъэзылъагъуну зи нэ къысхуикIхэр» къэзмыгъуэтауэ дауэ сыкIуэжынт?

НтIэ, арати, сыщIэупщIэ-сыкъыщIэупщIэурэ, къызогъуэт ЩоджэнцIыкIу Iэдэм зи тхьэмадэ тхакIуэ союзыр здагъэкIуа щIыпIэр.

Зи дэкIуеипIэ лъахъшэхэр щIым щыщ хъужа бжэщхьэIум сысакъыпэурэ себакъуэмэ... ПэIущIэм щIэтщ зы стIолыжьрэ чэтэн, – е лъахъстэн укъуея фIыцIэ зэрыбза диваныжьрэ. Арат унэлъащIэр зэрыхъур. НэгъуэщIи щIэхуэнутэкъым а «приемнэм». КIуэцIыбжитI узыIуплъэм я зыр Iухати, абы зэрыщIэмысIар нэрылъагъут. ИжьырабгъумкIэ хэлъ бжэныкъуэIухымкIэ сеплъэкIмэ... «Сымытхэну схузэфIэкIынумэ, сымытхэну» чэнджэщ «щхьэпэ» къызэзыта «си ныбжьэгъужьым» и нэгум соплъэ. Езыми гу къыслъетэри: «КъакIуэ. КъыщIыхьэ», – жи. ИкIи, сригъэблагъэу, Iэ къысхуещI.

Сэлам-чэлам нэужьым:

– А-а, уэра ар? КъызэрыщIэкIымкIэ, умытхэу пхузэфIэмыкIыу арагъэнщ укъыщIытхуэкIуар. Ар хъарзынэщ. ЗэгъэцIыху: мыр КIуащ БетIалщ. И усэхэм укъеджагъэнщ, – щыжиIэм, «нтIэ» къизгъэкIыу, си щхьэр сощI. БетIал къызбгъэдохьэри си Iэр гуапэу къеубыд.

– ФызэрыцIыхуамэ, кIуэ, БетIал, уи дежкIэ щIэши мы щIалэм дэлажьэ, – жери Iэдэм щIокI.

А «дэлажьэм» къикIри мобы къысхуригъэщIэнур зищIысри къызгурымыIуэпауэ, тIури дызыщIыхьа гъуэмбырэщым зы стIолрэ шэнтитIрэт щIэтыр. Абыи нэгъуэщI щIэхуэнутэкъым. Ауэ унэлъащIэ екIухэмкIэ зэгъэпэща уардэунэшхуэу дунейм тетымкIэ уэстынтэкъым а махуэм а пэш цIыкIум къыщыздэлэжьа КIуащ БетIал дэслъэгъуа цIыхугъэр. Апхуэдэу щIыжысIэр ар къысщытхъуауэ, сызыгъэжэкъуэн псалъэ дыгъэл сыщIигъэдэIуауэ аратэкъым. Хьэуэ! Ухуеятэкъэ?! Абыи хуищIэу сыкъыпригъэхат. Сэ къызбгъэдэсыхукIэ, къызыжьэдимыхыу, IупэкIэ зэригъажэу папиросу ирифам я бжыгъэр Тхьэрщ зыщIэныр. Iэдэм зы усэ фIэкIа къыхуэсхьауэ щымытамэ, мыр зы тетрадыфI цIыкIу изкIэ «згъэгуфIат». А къомым хуэфэщэн «щытхъуи» сыщIигъэдэIуа пэтми, «умытхэу пхузэфIэкIынумэ, умытхэ», къызжиIэным и пIэкIэ:

– Аращ, Елгъэр и къуэ, мис мыбы, мыбы... – зи псалъэхэм я нэхъыбэр щIэтхъа усэ зытIущ сегъэлъагъури, – а бжесIахэм тету елэжьыж. Адрейхэр хыфIэдзэж. ЗэIытхъыж. Гъэсыж.

КIуащ БетIали арат а япэ махуэм къыпысхар. Аргуэру зыбгъэгусэнумэ – къеблагъэ! Ауэ кIуэ пэтми нэхъ псыхьа, нэхъ ерыщ сыхъурт. СакъыхуикIуэтын мурад лъэпкъ сиIэтэкъыми, зэрыжаIэу, бжэмкIэ сыкъыщIахужмэ, щхьэгъубжэмкIэ сафIыщIыхьэжырт. Пэжыр щхьэ бзыщIын хуей, езыхэри нэхъ нэлейкIэ къызэплъ хъуат. Iэдэм хуэсхьхэм къеджэ, абыхэм я дагъуэм сыщIигъэдэIуж къудейтэкъым – фIымрэ Iеймрэ схузэхэгъэкIын папщIэ, усэ гуэрхэм къысхуеджэрт. «УзэзгъэдэIуахэм щыщу дэтхэнэр нэхъ уигу ирихьа?» – жиIэрти къызэупщIырт. А сызригъэдэIуахэр зытхар щибзыщIи, ахэр зейр къыщызжиIи къэхъурт. Алий, Алим, БетIал, езым ейхэм нэмыщI, къысхуеджэрт Мысачэ Пётр и усэхэми. Абы щыгъуэ Петя Литературэ институтым щIэст. Ар япэщIыкIэ ди пединститутым щеджат, къызэрыщIэкIымкIэ, езы Iэдэми иригъэджат. Абырэ Теунэ Хьэчимрэ (ар Iэдэм и щыкъу щIалэт, 1951 гъэр къэсыху тхакIуэ союзым и тхьэмадэу щытат. Езыр а къулыкъум щытекIым, и малъхъэр абы и пIэм ирагъэувауэ арат) я жэрдэми хэлът Мысачэр Мэзкуу кIуа зэрыхъуам.

Иджы и еджакIуэу щытам и нэIэ тригъэт къудейтэкъым – Петя и япэ тхылъыр къыдэкIыным ЩоджэнцIыкIум и фIыщIагъи зэрыхэлъыр си нэкIэ слъагъурт: усэхэм я ныкъусаныгъэхэр зэригъэзэхуэжырт. ИригъэфIакIуэрт. Мысачэм итхами, езы Iэдэм хэлэжьыхьыжа нэужь, ахэр зэрыхъуами къысхуеджэрт. 1955 гъэм Петя и усэ тхылъ къыдэкIам «Къурш псынэ» фIэзыщари абы и редактору щытари Iэдэмщ.

Iуэхур апхуэдэу зэрыщытыр щхьэусыгъуэ хуэхъурт ЩоджэнцIыкIум хуэм-хуэмурэ «сызэрекIужым», къыбгъэдэкIауэ щыта си гур щабэ зэрыхуэхъужым. Сыт щхьэкIэ? Зыгуэр зытхыфым зэрыдэIэпыкъур слъагъурт. «Умытхэн пхузэфIэкIмэ, умытхэ», – къызэрызжиIар щIыхуэзгъэгъун куэд дэслъагъурт: Iэсэт. Сабырт. И нэ къысхузэригъэдзэкIыртэкъым. ЦIыху бгъэдыхьэкIи бгъэдэтыкIи ищIэрт. ИщIэнтэкъэ, щIэнygъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, Бахъсэн игъэзэжри егъэджакIуэу, завучу, школым и директору лэжьат. Хэку зауэшхуэм хэтат. ИтIанэ къулыкъу Iэджи зэблихъуакIэт. Иджы

тхакIуэхэм я къру пашэт. Сэ схуэди схуэмыдэ куэдми ядэлэжьа, яхуэза, я хьэл-щэнхэм щыгъуазэ щIалэ Iэдэбыр (япэ дыдэ сыщыхуэкIуам абы и ныбжьыр зэрыхъур илъэс щэщIрэ тхурэт) къысхуэтэмакъкIыхьт. Къилъ-къипкIыр, зыхуэмышыIэ пщтырафэр сэрат. Шэч лъэпкъ къытезмыхьэу жысIэфынущ: абы и ныбжьым сыщитам сэ апхуэдэ тэмакъи сиIакъым, шыIэныгъи схэлъакъым. Мохэр пасэу лIы хъуат. ЗыщIар зэманырат. Мыри къыжыIэн хуейщ: абыхэм щIалэ дыдэу къулыкъушхуэхэр къыхуагъэфащэу щытащ. Ар къызыхэкIыр... вы зимыIэм шкIэ щIещIэ жыхуаIэрагъэнкIи хъунт... Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, ахэр тфIэлIыжьт. Арат, я нэхъыжьагъым деплъурэ, пщIэшхуэ щIахуэтщIыр. ДащIыфIэлIыкIыр. КъимыдэкIэ, а лъэхъэнэм щыгъуэ тхакIуэхэр тфIэтхьэпэлъытэт. Абыхэм дапэпсэлъэжын, я псалъэм дебэкъуэн жыхуэпIэр дигу къэкIыххэртэкъым. Армыхъу, дауэ си тэмакъым схущIэгъэхуэнт, пхузэфIэкIынумэ, умытхэ къызжезыIа Iэдэм и псалъэ жагъуэхэр, хуэсхьа усэхэр хьэм езыгъэхьу сыкъэзыгъэлъеигъа БетIал и псалъэ щIэгъэщхъуахэр.

Тхэн IэщIагъэр цIыхум къыдалъхуу жаIэми, сэ нэхъ сфIэкъабылыр мыращ: Iуэхум ухуэзыущиин, ухуэзыузэщIын нэхъыжьыфI уиIэнырщ. ЩIым хэхуа жылэм зыгуэр къикIыкIыр пэжщ, ауэ абы ухуэмысакъмэ, ар зыхуей хуумыгъазэмэ, мылъхуэсу къэнэнурэ, кIуэдыжынущ. Жыжьэ щхьэ укIуэрэ, шыщIэ псори зэхуэдэу къалъху. Ауэ шыр цIэрыIуэ зыщIыр зыгъасэращ. Дэ гъэсакIуэфI куэд диIащ. Нобэ языныкъуэхэм зэращIым хуэдэу, абыхэм псалъэ дыгъэлкIэ, пцIыкIэ уагъэжэкъуэнутэкъым. Нэр иришIми, пэжыр пщабзыщIынутэкъым. Апхуэдэт сэркIэ Iэдэми абы сигъэцIыхуа БетIали.

Ахэр зэрыегъэджакIуэфIыр хуэм-хуэмурэ къызгурыIуэрт. Абыхэм я ущием ипкъ иткIэ, усэ нэхъыбэ сыкъеджэрт. Я чэнджэщхэр къасщтэрт. Езыхэми сагъэгушхуэрт. Удужэгъуащ. Ди ужь икI къызжаIэртэкъым. ИкIи къызэдэхащIэртэкъым. Апхуэдэу щIыщытыр, дапщэрэ сыкъыпрагъэхми, сымытхэн зэрыслъэмыкIрагъэнт. Бдзэжьей къупщхьэу си тэмакъым тенауэ схуемыгъэх икIи къысхужьэдэмыхыж а ущием губзыгъагъэу хэлъ гупсысэр къыщызгурыIуар зыкъом дэкIауэщ: Мэзкуу еджакIуэ сыкIуа нэужьщ.

Ахэр зи псалъэр ЩоджэнцIыкIу IэдэмтэкъыМ икIи КIуащ БетIалтэкъым – езы Лев Николаевич Толстой дыдэрат. Сэ Iэдэмрэ БетIалрэ я щхьэр зэрызгъэузым ещхьу, урыс тхакIуэшхуэми уцIырхъакIуэ къом къыхуэкIуэрей хъунти, абыхэм ящыщ гуэрым жреIэ: «Умытхэу пхузэфIэкIынумэ, умытхэ». Ар зыжраIа щIалэри, сэ сэщхьу, акъыл кIагуэ гуэрмэ, гупсысэшхуэ зыхэлъ а ущиер, дауи, гуапэ щыхъуауэ къыщIэкIынтэкъым.

Умытхэну пхузэфIэкIынумэ, тхакIуэ ухъунукъым, – арат абы къикIыр. Ар сэ сымыщIэ, къызгурымыIуэ щхьэкIэ, мо щIалэ IэзитIыр Толстой и псалъэхэм зэрыщыгъуазэм шэч хэлътэкъым. Сымытхэу зэрысхузэфIэмыкIрагъэнт мо тIум ягу щIытрагъахуэр щIэх-щIэхыурэ тхыгъэщIэхэмкIэ «зэрызгъэгуфIэр»...

Пэжщ, Iэдэми БетIали лажьэ лъэпкъ ямыIэу, аргуэру захуэзгъэгусэн хуей мэхъури (ар къызыхэкIар кIыхьу нэгъуэщI щIыпIэ деж

щыстхыжащи, аргуэру къытезгъэзэжынкъым), Пощт уэрамым тет унэ пхашэжь цIыкIур къызобгынэ. Мохэр «згъэбиин» щIызодзэжри, салъимыхьэурэ зэманыфI дызох. Ауэ абы къикIыртэкъым сымытхэну схузэфIэкI сыхъуауэ. КъыфIэбгъэкIмэ, аргуэру нэхъ ерыщыж секIуауэ, мо сыкъэзыгъэлъеижхэм «я нэхейкIэ», нэхъыбэж стхырт. Зыми езмыгъэлъагъуу. КъызгурыIуат, си жагъуэ къамыщIын щхьэкIэ, си Iыхьлыхэр къызэрысщытхъур. Абыхэм я псалъэ дыгъэлхэм жыжьэ унахьэсынутэкъыми... Мыхъур щыхъуж, къызжаIэхэр къызэмыгуэпэкIми, пэжыр къысщызымыбзыщI мо щIалитIым «секIужыным» тызоубыдэри...

Зэтрихьа усэ къомыр сIыгъыу махуэ гуэрым къалэм сыкъажэмэ (жэрыгъэ защIэкIэт абыхэм щыгъуэ къызэрыскIухьыр: зыгъэжьэжьапIэ, хущIыхьэгъуэ щыIэтэкъым), ТхакIуэхэм я союзым я хэщIапIэр аргуэру яхъуэжат. Сэр нэхърэ нэхъыфI умыгъуэтмэ, сыкъэшэж жиIат, жи и лIым иригъэкIыж пасэрей физ гуэрым. Абы ещхьу, тхакIуэ союзым игъэзэжат къызыщIэкIыжауэ е... къызыщIахужауэ щыта унэм. СэркIэ ар къэгъуэтыжыгъуеижтэкъыми, сынэсмэ, си Iэдэму плъагъур – мэхьмэхь!

– КъулыкъущIэшхуэ ящIащ: Къэбэрдей АССР-м културэмкIэ и министру ягъэуващ, – жи БетIал. А хъыбарыщIэм сыщигъэгуфIыкIын и гугъами, си щхьэр къыфIоху.

– Умынэщхъей, хуэмыху! КъытхуагъэкIуари лIы хъарзынэщ, – жи. Ауэ ар хэтми сыщIэупщIэркъым – езы КIуащым и гугъу умыщIмэ, сэ Iэдэм нэхърэ нэхъ лIы хъарзынэ щыIэуи щыIэнуи сщIэртэкъыми, зеиншафэ къыстеуауэ сыщыст.

– Къэпхьыжа а-адэ нэхъапэм сызэбгъэплъахэр? УкIуэдыжауэ укъыкъуэкIыжыртэкъыми, нэгъуэщI Iэджи птхагъэнщ уэ... ШхупщIатэхьэ кIуэуэ крушкIэр зыгъэпщкIужам ещхь умыхъуамэ, къытхуэпхьахэр къызыкъуэх, – жиIэу сызэпеплъыхь БетIал.

Псалъэ пэзмыдзыжу, и пащхьэм изолъхьэ къахуэсхыжахэри абыхэм щIэуэ къащIызгъуахэри.

– Мэлэдец! Iуэхуншэу ущысакъым, зэманыр пщIэншэу бгъэкIуакъым, – жеIэри, си тхылъымпIэ къомыр зэкIуэцIихыурэ, IэгуфэкIэ ехулIэ. Ари тутын ефэнри зэрызэдихьым хуэдэурэ, сэри нэбгъузкIэ къысхущIоплъ. Си щытыкIэр игу ирихьу къыщIэкIынкъыми:

– Япэрей жьыхэмрэ абыхэм гъусэ къахуэпщIа щIэхэмрэ къызэдэдгъэжэнщи, къытежым деплъынщ... Хьэуэ жыпIэрэ, узытеIэзэщIыхьыжахэр зэрыхъуам деплъын япэщIыкIэ?

Аргуэру псалъэ спихыркъым – зызэрызгъэпщхьауэ согупсысэ: Iэдэм и пIэкIэ ягъэувар хэту пIэрэ? И Iуэхуи и дэлъи хэмылърэ пэткIэ, антипартийнэ усэхэр стхауэ сыкъыщIезыгъэдзыну, ахэр зыгуэрхэм езгъэлъагъумэ, занщIэу лъэхъуэщым срадзэну жиIэу сызыгъэшынэну хэта усакIуэм и фэгъумэ...

– ЛIо, Елгъэр и къуэ, къытхуагъэкIуар хэтми ущIэупщIэркъыми, – сигу илъыр къищIа нэхъей, усэхэм еплъыныр зэпегъэури, БетIал и щхьэр къеIэт. Жэуап гуэр естын хуейти:

– Хэт? – жызоIэ.

– Къардэн Бубэ жаIэу зэхэпха?

– Зэхэсхакъым, – си щхьэр согъэсыс.

– Бубэ цIыкIу лIыфIщ!

Езы БетIалрэ Iэдэмрэ япэпщIын лIыфI сэркIэ дунейм темыту къысщыхъуу щытами, нэхъ иужькIэ Къардэн Бубэ и фIыгъэу сэ къызэкIар си гъащIэ псокIэ схуэпшыныжынкъым: Мэзкуу еджакIуэ сыкIуэнымкIэ фIыщIэр нэхъыбэу зыбгъэдэлъар БетIалми, сыкъыщIэмыпхъуэжу институтым сыкъыщIэнауэ, зи ущиерэ ахъшэкIэ къыздэIэпыкъуауэ щытар Бубэщ. Сыпсэуху кIи ар сщыгъупщэнукъым. Ауэ иджыпсту зи гугъу сщIыр Iэдэмщи...

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм къулыкъущIэшхуэ ящIа, министру ягъэува пэтми, япэхэм сэ къэслъыхъуэу щыта Iэдэм иджы езым Мэзкуу тыншу сыкъыщигъуэт хъуат: лэжьыгъэ IуэхукIэ дапщэрэ нэкIуами, си еджэкIэ-щыIэкIэхэм къыщIэупщIэрт. Ди институтым къегъэщIылIа Литературэ курс нэхъыщхьэхэм щеджэ и щыкъу щIалэ Теунэ Хьэчимрэ абырэ щызэхуэзэкIэ сэри гъусэ сащIырт. «Студент тхьэмыщкIитIыр» дыкъыдишурэ дигъафIэрт ЩоджэнцIыкIу Iэдэм. ТхакIуэ цIэрыIуи хъуа, къулыкъушхуэхэм я IэфIагъри зыгъэунэхуа мо лIитIым сэ щIалэжь цIыкIур, пэжыр жыпIэмэ, студент тхьэмыщкIэр, сагъэгушхуэрт, акъыл зыхэлъ я ущиехэмрэ псалъэ гуапэхэмрэкIэ къысхуэжумарту сызрагъэгъусэрт. А псори сэркIэ щхьэпэт. Сызыхуэныкъуэт.



ЕджакIуэ сыщыкIуэм гъуэгыу, фIэмыфIу сезыгъэжьа ди адэм 1956 гъэм сэ зы гуфIэгъуэкIэ сыкъригъэблэгъэжати... Нэхъ щIалафэ къытеуэжа хуэдэт. Си Iуэху зыIутхэм гупсэхуу къыщыщIэупщIэм, япэ лъэхъэнэхэм ныбэ гузэвэгъуэ Iэджэрэ сихуами, ар зэи згъэгузэвакъым. ЗызогъэщIагъуэ. ЗызогъэлIыхъужь. Iэджи хузоIуатэ.

– НтIэ, а сызэбгъэдаIуэхэр къохъулIэн щхьэкIэ зи сэбэп къокIахэм я фIыщIагъэр бгъэкIуэд хъунукъым!

– ЛIо сэ абыхэм яхуэсщIэфынур?

– УахуэзгъэлIыщIэу зыгуэр яхуозгъэщIэжыну аракъым. Апхуэдиз Iуэхутхьэбзэ къыпхуэзыщIам, зи щIыхуэ къыптехуам цIыхугъэкIэ упэджэжын хуейщ... Къегъэблагъи, ди шыгъупIастэ едгъэшхынщ. Псалъэ гуапэ яжетIэнщ. Тхьэм и шыкуркIэ, жыг жьауэ дыщIэскъым. Джэдкъаз ди хъушэщ. Зы гъэлъэхъуфI къэтщэхунщи... Ябгъэдэдгъэсыни диIэхэщи...

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ! Апхуэдизыр...

– Апхуэдиз хэлъкъым абы...

Псом япэ зи цIэ къисIуар КIуащ БетIалщ:

– ИтIанэ-щэ?..

Ахэр куэд хъурти, псори къезбжэкIакъым. БетIал и ужькIэ Бубэ, зи министрыгъэр зрагъэухыу абы и пIэм кърагъэувэжа Iэдэм. Къущхьэ СулътIан. Теунэ Хьэчим. ТIыхъужь Зэмахъ.

– Куэд ар? – си пащIэкIэ сыкъыщIогуфIыкI.

– Куэдри мащIэри зыщIэр Алыхьыращ. ЦIыху лей щыIэкъым – щыIэр уз лейщ. Дэ Iэнэ лей къэтщтэнукъым...

Ди унагъуэм я мурадым БетIал щыгъуазэ щыхуэсщIым:

– Апхуэдэ гукъэкI зэраIэмкIэ Тхьэр арэзы къахухъу. Ауэ апхуэдиз цIыху... Иджыпсту гъэмахуэщ. Хэти зыгъэпсэхуакIуэ щыIэщ. Хэти... НакIуэ, Iэдэм дечэнджэщынщ, – жи.

Iэдэми ди дежхэм фIыщIэ яхуищIащ. Гугъу зрамыгъэхьыну, зыми хэмыхьэхэмэ нэхъ зэрыфIэзахуэри жиIащ. АрщхьэкIэ, сэ щытезгъэчыныхьым, хабзэ зыхэлъ мо лIы губзыгъэм фIэемыкIуагъэнщ нэхъыжьхэм я псалъэм ебэкъуэну. Арэзы мэхъу. Ауэ абыи фIэкуэдыIуэщ едгъэблэгъэну зи цIэ къисIуахэр.

– Ди маршынэм из дынакIуэмэ хъунщ, – жаIэри сагъадэ.

ЗэдухылIа пIалъэр къэсрэ тезгъазэмэ, БетIал сыкъегъэщIэхъу.

– Уи жагъуэ умыщI, сэ...сы...сынакIуэ хъуркъым. Iуэху гуэр къытлъыкъуэкIауэ Дохъушыкъуей сыкIуэжын хуейщ, – абы къылъыкъуэкIа Iуэхур зэхэзгъэкIыну сэ дауэ сыпылъынт? СхузэфIэкIынурати, солъэIу и Iуэхур щыхуэхъуну махуэм ди адэмрэ си анэнэпIэсымрэ я саулыкъукIэ къетхьэжьар тхьыну. Ауэ сызытригъэхьэркъым.

– Уэрэ сэрэ иужькIэ дыкIуэнщи, фи дежхэм сабгъэдэсынщ. Ауэ мы зы гъуэгукIэ... хъунукъым, – щыжиIэм, сыт сщIэнт? Си щхьэр къыфIэхуащ. Мэл щхьэгуэжьу псом япэ сызыщыгугъам «хьэуэ» къызэрыхигъэкIыжар зыхуэсхьар зыщ: мо нэхъыжьхэм гъусэ захуимыщIмэ нэхъ къиштэу арагъэнщ. Армыхъу БетIал хьэтырыншэтэкъым, псом нэхърэ нэхъыбэрэ къызэлIэлIари арат. Иджы къэхъужым еплъ...

– Уи пэшхуэр къыпумыгъэлэл, хуэмыху. ИужькIэ дгъэзэкIуэжынщ. НакIуэ аргуэру Iэдэм деж. Зызыгъэхьэзырауэкъытпэплъэ фи дейхэр бгъэщIэхъу, емыкIу къэпхь хъунукъым.

А тIур зэпсэлъауэ къыщIокIри:

– Умыгузавэ, зы маршынэ из дохъу, – жи Iэдэм. Хэт сымэ? Езы Iэдэм. Бубэ. ИтIанэ... НэгъуэщI зы унэцIэ къраIуэ.

– Ар хэт? Бубэ и къуэш? – зыхуэмышыIэ пщтрафэ сохъу. Мо тIум тхъупсыр къысхурагъэжэх Бубэ и унэцIэджэгъу лIы гуэрым. ЦIыху лей щымыIэми, абы сыткIэ сыхуейт сэ? Нытхуеблагъэмэ нэхъ къэсщтэнухэм ящыщ гуэру щытами зыгуэрт. АрщхьэкIэ мобыхэм я унафэм сыхэIэбэркъым.

Дызыпэмыплъа хьэщIэм, пэж дыдэу, цIыхуфIыфэ тетт. И лъакъуэр къызыхина зауэм кърихa дамыгъэ лъапIэхэр и бгъэм къыхэлыдыкIыу лIы бжьыфIэшхуэт. НэгуфIэт. ИужькIэ къызэрысщIамкIэ, Iэдэм къытрагъэкIыу министру ягъэувар арат.

ХьэщIэ лъапIэхэр гуапэу икIи дахэу къытхущысу ежьэжа нэужь:

– Мис абыхэм уадэплъеймэ, ущыуэнкъым, – жи Дот. Нэхъыбэ дыдэу игу ирихьар Iэдэмт. Абы кърнгъэжэха тхъупсым щыщу Бубэ лъысар зэрынэхъ мащIэр сигу къеуэрт. Пэжщ, абы и Iеягъ лъэпкъи жиIэртэкъым:

– Зи псалъэм зи IуэхущIафэр ебэкI лIы ткIиифэ тетщ, – ауэ сэркIэ мащIэт а щытхъур. ТкIиифэ зуплъа а лIы цIыкIур мыхъуамэ, уи къуэм шоферу (ар къылъагъэсауи дощIри) нобэ къулыкъу щищIэ дзэр щыхэтыр Тхьэм ещIэт, – жызоIэ сигукIэ. Ауэ, лIыгъэншафэ зрезмыгъэплъын папщIэ, Къардэн Бубэ къысхуищIа псори, ар мыхъуамэ, институтым сыкъыщIэмынэу, дзэ къулыкъум сыкIуэну сызэрыхэтари абдеж ди адэм щызбзыщIат...

* * *

ЦIыху гуапэу ущытыну икIи гугъущ, икIи тыншщ. Сэ зэрысцIыхуу щытамкIэ, а лъэныкъуитIми къапимыкIуэту, езым и цIэри и адэцIэри игъэпэжу дунейм тетащ Iэдэм.

Си адыгэгъу-еджэгъу Теунэ Хьэчимрэ Мысачэ Петярэ я Iуэхур къэрахьэлIэу щхьэж и унэ бжэнлъакъуэу зэбгрыкIыжа нэужь, адыгэбзэм нэхъ сыхуэзэш хъуам пцIы хэлътэкъым. Апхуэдэ щытыкIэм сыщихуахэм деж нэхъыбэу сыкъэзыгъэнэщхъыфIэжыр Мэзкуу нэкIуэрей Iэдэмт: ар къыщыувыIэр «Москва», «Балчуг» хьэщIэщхэрат. А лъэхъэнэхэм республикэм ехьэжьауэ зыхуигъэхьэзырт Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур гъэлъэпIэным. Абы пыщIа лэжьыгъэхэрат Iэдэм щIэх-щIэхыурэ къэрал къалащхьэм ныщIэкIуэр. Сэри си Iупэр Iуиудыртэкъым абы: дыгъуасэ республикэм культурэмкIэ и министру щыта, нобэ ТхакIуэхэм я союзым и унафэщI хъужа ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сыт щыгъуи гъунэжу къепщIэкIат тхылъ тедзапIэхэм, журналхэм, газетхэм я лэжьакIуэхэри артистхэри. Абыхэм цIыхугъэ сазэрыхуэхъур зи фIыгъэр Iэдэмт. Си нэгу щIэкIырт абы и жумартыгъэри, и цIыху хэтыкIэ дахэри, пщIэшхуэ къыхуащIу, ар фIыуэ къызэралъагъури. Зыкъом лъандэрэ зызыхуагъэхьэзыра Махуэшхуэр щагъэлъэпIэну 1957 гъэм сэ етIуанэ курсым сыщIэсу арат. Ауэ а гуфIэгъуэхэр дэзыхыну Мэзкуу нэкIуэну лIыкIуэхэм сыхабжэу а Iуэхум и курыкупсэм сызэрыхэтамкIи фIыщIэр зыбгъэдэлъыр ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ ахэр зымылъагъуу а гъэм Майм и 1-м дунейм ехыжа, зи гугъуфIыр схуэмыух КIуащ БетIалрэт.

Министрыгъэр зыIэщIахыжу ТхакIуэхэм я союзым къагъэкIуэжа Iэдэм абыи куэдрэ щагъэзэгъакъым. И лэжьыгъэр хуземыхьэу аратэкъым – дэгъуэкIейуэ пэлъэщырт и пщэм къыдэхуэ къалэнхэм. Игъуэ нэмысу дунейм ехыжа КIуащ БетIал димыIэжми, ТхакIуэхэм я союзым творческэ щIалэгъуалэ куэд къекIуалIэрт. Iэдэм абыхэми нэхъыжьхэми дэгъуэу ядэлажьэрт. А илъэс зыщыплIым ди литературэм куэду къыхыхьат усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэр. Ахэр къызэрызэщIэрыуам, я тхыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ дунейм къызэрытехьэм, дауи, ЩоджэнцIыкIуми и фIыщIагъэ хэлът. Мэзкууи Налшыки къыщыдэкIат усакIуэ щIалэхэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса сборникхэр.

ЖыпIэнурамэ, Iэдэм и гулъытэр псоми къытлъысырт. Сэ сыкъапщтэмэ, зэрыжысIащи, ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIу щыщыта япэ гъэхэми министру ягъэува нэужьи, Iэдэм и нэIэ къыстетащ: лъэкIымкIэ зыкъысщIигъакъуэу, псом ящхьэращи, бгъэдэлъ цIыхугъэшхуэм, гуапагъэм щыщ къыслъигъэс зэпыту. АбыкIи зэфIигъэкIыртэкъым – Мэзкуу сыкъикIыжу зыгъэпсэхуакIуэ сыкъыщыкIуэжахэм деж гъуэгупщIэ пхуэхъунщ жиIэрти, ТхакIуэхэм я союзым ахъшэ гуэрхэр къыщызигъэлэжьырт. Дауэ? Iэрытххэм сыхигъаплъэрт. «Подстрочник» жыхуаIэм хуэдэу усэхэр зэрызигъэдзэкIырт. Нобэ апхуэдэ хэкIыпIэхэр зимыIэж, факъырэ пэлъытэу къэна тхакIуэ союзыр нэхъапэхэм щыгъуэ къулеят; лъэныкъуэ куэдкIэ зыкъыпщIигъэкъуэфырт: санаторэхэм, творчествэмкIэ унэхэм кIуэнухэм, зи Iуэху хуэмыщIа тхакIуэхэм,

тхэн щIэзыдза ныбжьыщIэхэм ядэIэпыкъурт. Сэ апхуэдэхэм сыхану щытащ жысIэмэ, пцIыупс сыхъунт. СыщIыханынури лIот? АтIэми, дыдейхэм, Налшык сапэIэщIэу нэгъуэщI щIыпIэ сыщеджэу. Къардэн Бубэ щыдиунафэщIаи, Iэдэм щытетаи, абы и пIэм КIыщокъуэ Алим щрагъэуваи – зэи Iыхьэншэ сыхъуакъым. Ауэ адрейхэм хуамыщIи къысхуащIакъым. Псори си закъуэ нэлейкIэ къызэплъу, адрейхэм нэхъ-рэ нэхъыфIу сыкъалъагъуу щытащ жысIамэ, сыщхьэщытхъуу арат.

Ауэ пэжри дэнэ пхьын? Жагъуэу сыкъалъэгъуауи схужыIэнукъым. Псом хуэмыдэу ар щызыхэсщIэр Мэзкуут. Буби, Iэдэми, Алими елъы-тауэ сэ сыщIалэжь цIыкIут. Я цIыхугъэм, я гулъытэм и гугъу умыщIмэ, ахэр зыми хигъэзыхьыртэкъым лэжьыгъэ IуэхукIэ щыхьэрым нэкIуэху къэскIэ сэ сыкъалъагъун хуейуэ, зыкъысхуагъазэу самыгъэгуш-хуэу, самыгъэфIу мыхъуну. АрщхьэкIэ... ЯхуэсщIэжыфынуращи, я фIыщIагъэр зэрызмыгъэкIуэдыным сыт щыгъуи яужь ситщ...

Сыщеджэхэм щыгъуэ нэхъыбэрэ зи нэIэ къыстетар, зи фIыщIэ нэхъыбэ къыстехуар Iэдэмщ. Сыт щхьэкIэ? Зи щхьэкIэращ. 1951 гъэм къыщыщIэдзауэ 1988 гъэм нэсыху ар ди тхакIуэхэм я къру пашэу щы-тащ.

Сэ къызэрысхущыта къудейм тесщIыхьынкъыми, нэгъуэщIхэми сэбэп яхуэхъунымкIэ лъэкI къигъанэртэкъым. ФIэлIыкI зиIэ, зи пса-лъэр къалъытэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм Мэзкуу куэд щыхузэфIэкIырт: ди тхакIуэхэм, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм, я Iэрытххэр редакцэхэм, тхылъ тедзапIэхэм нрагъэхьамэ, абыхэм гъуэгу ягъуэтын папщIэ, и зэ-мани, пэжыр щхьэ бзыщIын хуей, и жыпи еблэжыртэкъым.

Ди институтым ныщIэтIысхьэну мурад зыщIу зи тхылъхэр абы незыгъэхьауэ щыта КIэщт Мухьэз, Iэдэм хэмылIыфIыхьамэ, а гъэм еджапIэм щIэхуэнутэкъым.

НэгъуэщI зы щапхъи къэсхынщ.

Махуэ гуэрым лекцэхэм дыкъыщIэкIыжа къудейуэ (дызыщеджэр зы унэт – Iэдэм Литературэ курс нэхъыщхьэм):

– Нажэ, Кашиф, дыкъыкIэроху, – жери, и къэжыхьыкIэм хуэ-дэу, щIопхъуэ. ДыкъызыкIэрыхур сымыщIэми (общежитым дызэдэ-кIуэжыну арауэ си гугъэт), сэри сыкIэлъоущ. АрщхьэкIэ здигъазэр нэгъуэщI лъэныкъуэкIэщ. Сыхьэтым йоплъри, автобус, троллейбус сытхэми хэмыту, такси къегъэувыIэ...

КъызэрыщIэкIамкIэ, сыздишэр Урысейм (абы щыгъуэ – РСФСР-м) и ТхакIуэхэм я союзырат. ЩIыхьэпIэм дыщыIулъадэм:

– ДыкъыкIэрыхуа хуэдэкъым, – жи. ДыздэкIуэри дыщIэкIуэри гъуэгум къыщызжиIати, дыкъызэрыкIэрымыхуар сэри си гуапэ хъуащ. Ауэ къызгурымыIуэр а дыщIэкIуа Iуэхум сэ хэсщIыхьынурат:

– ЩIопщыкъурэ пэткIэ жьы еубыд, жи. ПщIэнукъым – уэри зыгуэркIэ сэбэп ухъунщ, – арат къыпысхар.

Аргуэру си нэкIэ сымылъэгъуамэ, си фIэщ хъунтэкъым абы дэнэ дежи апхуэдизыпщIэ щигъуэту. Шэщ иныжь хуэдиз пэшышхуэм (за-лым) дызэрыщIыхьэу, къеджэмэ, Iэ къыхуащIурэ, Iэдэм жьантIэм дашэ. Сэ зыщIыпIэ деж сыщотIысэх. Хьэрф «П»-м ещхьу блынищым декIуэкI тIысыпIэ къомыр гъэнщIат. Сэ, зызэхузошэри, бжэм и гъунэгъубзэу сы-

щысщ. Абы нэс къиплъыкIыу, сэ гу къызэрыслъитар уэ къащIэ. И дзэм хамэ къызэрыхэхутар къыгурымыIуэу арагъэнщи, Соболев Леонид (арат урысей тхакIуэхэм я шу пашэр) еуэ къызоплъ, еуэ къызоплъ – дауи, сыкъыхуэцIыхуркъым. И бгъуитIымкIэ къыщысхэми зэреупщIыр солъагъу. Ауэ а тIуми ящIэркъым – я дамащхьэхэр драгъэуей. ИтIанэ Iуэху сыкъащI: жьантIэм къыщожьэри, зыр зым еупщIурэ, си деж къос. Сыхэтми жызоIэ къызбгъэдэсым. Модрей блын лъэныкъуэмкIэ щыс ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сызэригъусэри гурызогъаIуэ. Си гъунэгъум и щхьэр ещI: гурыIуэгъуэщ. Абы къыгурыIуар зэIэпахыурэ, а гурыIуэгъуэр Соболевым деж нагъэс. Леонид Сергеевичи, арэзы хъуауэ, и щхьэр ещIри, зэIущIэр къызэIуех.

А махуэм ахэр зыкъомым тепсэлъыхьащ. Иужьым СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьэну лъаIуэу зыкъомым я тхылъхэр къагъэхьати, абыхэм хэплъэу щIадзащ... Иджы ТхакIуэхэм я союзым гуп-гупурэ хаутIыпщхьэ щхьэкIэ, а лъэхъэнэхэм а хъуэпсапIэр зыIэрыбгъэхьэным гугъуехьышхуэ пыщIат.

Абы лъандэрэ лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъу блэкIа пэтми, а зэIущIэм зэдауэрэ кIий-гуоуэ щекIуэкIар нобэми си нэгум щIэтщ: зыгуэрхэр зыгуэрхэм къащхьэщыжырт, зыгуэрхэм зыгуэрхэр хьэм ирагъэхьырт. ЖыпIэнурамэ, текIуи хагъащIи щыIэу, зауэ гуащIэ екIуэкIыурэ, ар ди лъэныкъуэмкIи къос. Налшык щыщу никIар, зи тхылъхэм хэплъэнур Грудзинский Валентин и закъуэт. Абы и Iуэхур занщIэу щыпрагъэхым, си Iэдэму плъагъур къотэджри... Апхуэдэ уэчыл лъэщ Алыхьым къуэзэритынт. Рецензентхэми къэпсэлъахэми хаутар Грудзинскэм итхахэрати, ахэр фIейм къыхэпхыжу бгъэкъэбзэжыну ухуежьэ зэрымыхъунури а мурадыр къызэромыхъулIэнури къызыгурыIуа Iэдэм ищIэр лIо? Грудзинскэм пэхъун тэрмэш гъуэтыгъуейуэ, ар мыхъуауэ щытамэ, адыгэ, балъкъэр тхакIуэхэм я тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ лъэпкъыбэ тхылъеджэхэм я пащхьэм Iэзэу зэрырилъхьэм кIыхьу икIи дахэу топсэлъыхь. ИкIи и къэпсэлъэнызъэр адэкIэ партымрэ правительствэмрэ я политикэ Iущым хуешэ: лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным хуэунэтIауэ Грудзинскэм илэжьыр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ: Къэбэрдей-Балъкъэрым урысхэр щынэхъыбэ дыдэ Прохладнэ районышхуэм щопсэу, цIыхубэм яхэтщ, егъэджакIуэу щолажьэ, абы къыдэкIуэу, творческэ ехъулIэныгъэхэри зиIэ Грудзинский Валентин зыкъыдигъахуэурэ, адыгэ, балъкъэр тхакIуэхэм я прозэр зэредзэкI... Мыри зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым, ныбжьэгъухэ: щхьэ закъуэ унафэ гущIэгъуншэм (культ личностым жыхуиIэт) тращIыхьу зи хэкум залымыгъэкIэ ираша лъэпкъхэм ящыщт Кулиев Къайсын хуэдэ усакIуэшхуэ къызыхэкIа ди къуэш балъкъэрхэри. Япэрей политикхэм яIэщIэкIа щыуагъэшхуэр гъэзэкIуэжа хъун папщIэ, партым и къуэ пэж ныбжьэгъу Хрущев Никитэ Сергеевич иригъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм псори дыщыгъуазэщ. Ар зи пашэ партым и унафэ Iущхэм япкъ иткIэ, зи лъахэм къихьэжа ди къуэш балъкъэрхэм я тхакIуэ Iэзэхэм я Iэдакъэм къыщIэкIхэри Грудзинский Валентин хуэдэу урысыбзэкIэ IэкIуэлъакIуэу зэзыдзэкIыфын гъуэтыгъуейщ. Мы си псалъэхэм щыхьэту къытеувэфынущ зи япэ тхылъыр Налшык къыщыдэкIа, «Моло-

дая гвардия» тхылъ тедзапIэ цIэрыIуэми зи сборникыр къыщыдэкI, Литературэ институтым щеджэ, ди зэIущIэм кърихьэлIа усакIуэ щIалэ Елгъэр Кашифи, – щыжиIэм, сыт сщIэнт, сыIэнкуну зыкъытызоIэтыкI. Шэми шхуми сес: Грудзинскэм и цIэр зэхэсхат, апхуэдэ тхакIуэ зэрыщыIэр сщIэрт, ауэ абы зэридзэкIаIауэ слъэгъуатэкъым. ИтIани, Iэдэм жиIэхэм щыхьэт сытехъуэ щIыкIэу, си щхьэр сощIри, сотIысыж.

Iэдэм къыипсэлъахэм я ужькIэ, Хрущев и ныбжьэгъужьу щыта (дауи, абы щыгъуазэт ЩоджэнцIыкIури а зэIущIэм щIэсхэри) Соболевым псалъитI-щы жеIэжри, СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым Грудзинский Валентин хагъэхьэ.

А зы Iуэхуракъым а махуэм Iэдэм зэфIихыфар. ЗэIущIэм щыхэплъэрт Псыжь адрыщI адыгэхэм ящыщ гуэрхэм я тхылъхэми. Ауэ а зэIущIэм ЩоджэнцIыкIу Iэдэм хэмытамэ, Шэрджэсми Адыгейми ящыщ а махуэм ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьэну щытакъым.

Апхуэдэ IуэхуфI куэд дэслъэгъуащ сэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, ауэ сщIэжыркъым абы зыгуэрым и зэран иригъэкIауэ, пцIы кIэрилъхьэу игъэулъияуэ, игъэжэкъуауэ ар зэрысцIыхуу щыта илъэс плIыщIым щIигъум къриубыдэу...

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.**





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **щIэныгъэлI Апажэ Мухьэмэд, тхакIуэхэу Гуртуев Берт, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Кулиев Къайсын, Эфендиев Сэлихь, Черемисин Борис, Макитов Сафар, Боташев Исса, Елгъэр Кашиф сымэ.**



**ТхакӀуэхэу Нало Ахьмэдхъанрэ ЩоджэнцӀыкӀу Ӏэдэмрэ.**





**Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакӀуэхэр Хэкум и хъумакӀуэхэм яӀуощӀэ.** *1975*

# ЩоджэнцIыкIу Iэдэм хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Кавказ Ищхъэрэм и лирик нэхъыфIхэм ящыщ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм гум дыхьэу, гъуэзэджэу хуоусэ цIыхум и гуащIэм.

Iэдэм усакIуэ къудейкъым, ар икIи прозаик Iэзэщ – абы итхахэм ящыщщ хуабжьу цIэрыIуэ хъуа повесть купщIафIэхэу «Софят и гъатхэ», «Уи цIэр фIэсщынщ» жыхуиIэхэр.

**МИХАЛКОВ Сергей,**
*Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь,*
*Лениным и цIэкIэ щыIэ саугъэтым,*
*СССР-м и Къэрал саугъэтхэм я лауреат*
*1960*

ПщIэ зыхуэсщI Iэдэм! Ину фIыщIэ гуапэ пхузощI хуабжьу гухэхъуэ къызэзыта уи «Тебе, мой друг» тхылъым папщIэ. Ар гъэнщIащ дыщалъхуа щIыналъэм лъагъуныгъэшхуэ хуозыгъэщI философие куукIэ, поэзие лъагэкIэ.

**СТЕЛЬМАХ Михайло,**
*тхакIуэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ саугъэтым и лауреат*



«ЗэгуакIуэр дахэщ», «Уэздыгъей», «Псым щхьэщыт пхъэхуей», «Пэрымэр егуэш жыг хадэм» усэхэм, нэгъуэщI усэ телъыджэхэми хуэдэ зытхыфынкIэ хъунур гурыщIэ куу, талант ин зиIэ усакIуэщ.

**КАЗАКЕВИЧ Эммануил,**
*СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат*
*1959*

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и усэхэм сыт щыгъуи щынэрылъагъущ ар нобэрей зэманым декIуу, къызыхэкIа лъэпкъыр имыгъэгъуащэу зэрыщытыр. Абы и усэхэр гъэхуащ, пыухыкIащ. Абыхэм гурыщIэ лъагэ, гупсысэ куу япкърылъщ.

**СМИРНОВ Сергей,**
*Горький Максим и цIэкIэ щыIэ*
*Къэрал саугъэтым и лауреат*
*1977*

Къэбэрдей-Балъкъэрым сыщыщыIам сэ къэслъыхъуащ а лъахэм уардэу щхьэщыт къурш абрагъуэхэм, аузхэм, абы щыпсэу цIыхухэм я псэм и дахагъэр псалъэкIэ къэзыIуэтэфын. ИкIи сызылъыхъуэр къэзгъуэтащ – ар ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и поэзиерщ…

**ШОШИН Владислав,**
*тхакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор*
*1970*

ЦӀыхум и гум щыщӀэхэр, и псэм щигъафӀэхэр тэмэм дыдэу, телъыджэу зи усэхэм къыщызыгъэлъагъуэ ЩоджэнцӀыкӀуусакӀуэм и повестхэм купщӀэшхуэ япкърылъщ, цӀыхум и хьэлщэнхэр, и дуней тетыкӀэр нэгъэсауэ къызэкӀуэцӀах.

ЩоджэнцӀыкӀу Ӏэдэм ӀэкӀуэлъакӀуэу, нэгъэсауэ ущегъэгъуазэ бгырыс гъащӀэр зыхуэдэм, зэманыжьым къыщӀэна хабзэжь мыхъумыщӀэхэмрэ иджырей гъащӀэмрэ яку дэлъ бэнэныгъэр абы Ӏэзагъышхуэ хэлъу къыщигъэлъэгъуэжащ «Софят и гъатхэ», «Уи цӀэр фӀэсщынщ» повестхэм.

**ГРИНБЕРГ Иосиф,**
*филологие щӀэныгъэхэм я доктор*
*1969*

Софие къалэм дэт университетым советскэ литературэмкӀэ щыӀэ кафедрэм хуабжьу тфӀэгъэщӀэгъуэну щыгъуазэ зыщыхуэтщӀащ уи творчествэм. Студенткэ Ельфимовэ Тамарэ уи «Софят и гъатхэ» повестым теухуауэ дипломнэ лэжьыгъэ итхащ.

Уэ уи усыгъэхэмкӀи уи прозэмкӀи нэгъэсауэ уусакӀуэщ. Гупсысэшхуэ, гурыщӀэ ин зиӀэ уусакӀуэщ.

**РУСАКИЕВ Семион,**
*Софие къалэм дэт университетым и профессор*
*Болгарие, 1967*



ЩоджэнцӀыкӀу Ӏэдэм и поэзиемрэ прозэмрэ нэхъыщхьэ дыдэу къыхэщ темэхэм ящыщщ цӀыхумрэ абы и гуащӀэмрэ, цӀыхумрэ ар зыщыпсэу зэманымрэ, цӀыхумрэ абы и дунеймрэ. А Ӏуэхугъуэшхуэхэр ЩоджэнцӀыкӀум гъунапкъэ зимыӀэ гъащӀэм и къэхъукъащӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэмкӀэ цӀыхум къабыл ящыхъуу нэгъэсауэ зэпкърех.

**ПРОКОФЬЕВ Александр,**
*Лениным и цӀэкӀэ щыӀэ саугъэтым,*
*СССР-м и Къэрал саугъэтым я лауреат*
*1966*

Ди къуэшхэм литературэм щаӀэ ехъулӀэныгъэхэм ину дыщогуфӀыкӀ. КӀыщокъуэ Алим, ЩоджэнцӀыкӀу Ӏэдэм, Теунэ Хьэчим сымэ я къалэмыпэм къыщӀэкӀахэр гъащӀэм дыхуезыгъаджэ, дыхуэзыущий тхылъщ.

**МЭШБАЩӀЭ Исхьэкъ,**
*СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат*

Къыщалъхуа Хэкум, къызыхэкӀа лъэпкъым куэд яхуилэжьыфащ ЩоджэнцӀыкӀу Ӏэдэм. Псом япэрауэ, къэралыр гузэвэгъуэ щыхэхуа лъэхъэнэм Хэкум и хъумакӀуэ пэжхэм ящӀыгъуу лӀыгъэ щызэрихьэу ар хэтащ псэзэпылъхьэпӀэ зауэм, текӀуэныгъэ къэзэзыхьахэм яхэту къигъэзэжащ.

Мамыр ӀэнатӀэм Ӏуувэжа нэужь, абы иӀакъым зы махуэ зыгъэпсэхугъуэ. ЗэрыусакӀуэм, зэрытхакӀуэ гъуэзэджэм къыдэкӀуэу, Ӏэдэм къекӀуэкӀащ щӀэблэм я гъэсакӀуэ, ущиякӀуэ нэсу. Художественнэ литературэр кууэ зыхищӀэрт, Ӏэрыхуэуи тхэрт.

А псом къадэкIуэуи ар икIи унафэщI IэкIуэлъакIуэт. Ленинскэ еджапIэ городокым зэрыщеджэ лъандэрэ махуэл имыIэу жылагъуэ лэжьыгъэми хэтащ.

Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщхьэхукIыну сфIэфIщ Iэдэм IуэхукIэ узыбгъэдыхьэ хъун цIыхуу зэрыщытар – гуфIэгъуэкIи гузэвэгъуэкIи жэуап зыщыбгъуэтт ар.

**НАЛО Ахьмэдхъан,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*
*2006*

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм ящыщщ зэманым и гуауэри и гуфIэгъуэри дэзыгъэву абыхэм усэбзэ шэрыуэкIэ япэджэжа ди адыгэ тхакIуэ нэхъыжьхэм. ЩоджэнцIыкIу Алий и чэнджэщ Iущхэм тету къыщIэзыдза Iэдэм хузэфIэкIащ КIыщокъуэ Алим, Теунэ Хьэчим, Шортэн Аскэрбий, КIуащ БетIал сымэ ябгъурыувэу адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэр, и литературэр хэкупсо утыкум ирихьэн.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*
*2001*



АдыгэлI губзыгъэу, тхакIуэ телъыджэхэу зыбжанэм сащыдэлэжьащ сэ ди республикэм и ТхакIуэхэм я союзым. Абыхэм ящыщщ Нало Жансэхъу, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, нобэ псалъэ гуапэ зыхужысIэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм. ФIыуэ сыщыгъуазэщ абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и гъащIэ гъуэгуанэми и творческэ лэжьыгъэми.

Литературэм къыхыхьэным ипэкIэ егъэджакIуэу, IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыным, джыным елэжьу зэрыщытар иужькIэ Iэдэм куэдкIэ къыхуэщхьэпэжащ. Аращ абы и бзэр къулей, и тхыгъэр купщIафIэ, тхылъеджэхэм я гумрэ я псэмрэ дыхьэ зыщIар.

«Iэдэм», «Iэдэмлыкъ» жиIэмэ, «цIыху», «цIыхугъэ» жиIэу къокI балъкъэрыбзэкIэ. ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъ цIыху телъыджэу гъащIэ гъуэгуанэр къезыхьэкIа ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и творчествэкIи и дуней тетыкIэкIи егъэпэж а цIэр.

**ГУРТУЕВ Берт,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*
*1986*

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм усыгъэми прозэми хуэшэрыуэу щытащ. Ар бзэ дахэкIэ тхэрт, цIыхур гъэсэнымкIэ литературэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр зэи зыщигъэгъупщэртэкъым.

Iэдэм ди республикэм и мызакъуэу, къэрал псом зэуэ цIэрыIуэ щыхъуащ, «Софят и гъатхэ» и повестыр дунейм къытехьа нэужь. А повестыр минищэ бжыгъэкIэ Налшыки Москваи мызэ-мытIэу къыщыдэкIащ. Абы ди прозэр лъагапIэщIэ тригъэуващ.

ЩоджэнцIыкIум и поэзиери цIыхугъэ нэсрэ пэжыгъэ инкIэ гъэнщIат. Абы и усэ нэхъыфIхэм ящыщ зыбжанэм макъамэ

щIалъхьащ ди композиторхэу Балэ Мухьэдин, Къардэн Хьэсэн, Молэ Владимир сымэ.

Iэдэм тхакIуэшхуэ къудейм къыщцымынэу икIи жылагъуэ лэжьакIуэшхуэт.

**ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэжбэчыр,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*
*2001*

Бзэ дахэ зыIурылъ, гъащIэм кууу кIуэцIрыплъырэ и лъащIэ дыдэм щекIуэкI къэхъугъэхэр къызылъагъуфу дунейм тета тхакIуэ щэджащэм къигъэщIа усэ жыгъырухэр, образ щIэщыгъуэхэр къэбэрдей литературэм и фIыпIэщ. Iэдэм нобэ си нэгум щIэтщ япэ дыдэ щыслъэгъуам ещхьу – цIыху нэхутхьэхуу, и нитIым гуапагъэр щIэзрэ пыгуфIыкIыу. Апхуэдэу ар дунейм тетащ. Апхуэдэу ар и тхыгъэхэм яхэту дунейм къытенащ.

**МЭЗЫХЬЭ Борис,**
*тхакIуэ, Урысей Федерацэм культурэмкIэ*
*щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

*Усэхэр* ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Iэдэм

* * *

Си анэм бгъафэм сыщипIауэ,
Къызетри гъащIэм зэхэщIыкI,
Сэ, гугъуехь псывэм селъыпауэ,
Псэугъэ мэзыр щIызощыкI.

Щыуэгъу, щыгъэфIми сытекIакъым
ГъащIэм си натIэм къритхам.
Нэхъ тыншкIи гъащIэм селъэIуакъым,
ГугъэщIэ гъуэгур щыпхысхам.

Си хьэлъэр си плIэм тезгъэкIуэту,
НэгъуэщIым гугъуехь щызмыщIа,
Хэха ухыгъэр гъащIэм тету,
Си хэку къалэныр згъэзэщIащ.



Ди Хэку, ди цIыхухэ, гущхьэрылъу
Фхузохьри сщIэркъым Iуэхук Iэ еш,
Мардэншэщ фхуэсщIри си гухэлъу,
Уэрэд мыухыр фхузогъэш.

## ХЭКУ БЫН

Гъавэ къыщыкIынкъым вагъэм,
Абы жылэ нэмысамэ.
Хигъэхъуэнкъым цIыхум фIыгъэм,
Ар лэжьэным емысамэ.

Губгъуэр губгъуэу къызэрыпщIэр
Гъавэр бэву зэрыщыкIырщ.
ЦIыхум иIэ щытхъур, фIыщIэр
Бэм щхьэпагъэу яригъэкIырщ.

Жыг къудейми макъ иIэну
ЛъэзыгъэкIыр и къудамэрщ.
Ухэку быну щыжаIэнур,
Хэку къудамэу уи фIагъ куэдмэщ.

## ЗЭМАНЫМ ЕРИ ФIЫРИ ХЭТЩ

Зэманым ери фIыри хэтщи —
Зэм дыгъэ нур къыдэхуэбэкIщ.
Зэм борэн уаеу ар тщхьэщытщи —
Борэныр щыIэкъым зэгуэпэкI.

Зэм ар гу щабэу, тхуэдэхащIэу,
Гъатхагъэ IэфIкIэ псэр егъэнщI.
Зэм гущIэгъуншэ пIалъэмыщIэу
Зыкъызэкъуехри, дигу хегъэщI.

Зэманым зэми, нэр щипхъуауэ,
Мазэхэ жэщщи, хэт пхыплъын?
Зэми ар нэхукIэ жумарт хъуауэ,
ТIэгъэкI планетэхэм дигъэплъэн.

АтIэ кIыфIыгъэр нэхум текIуэу
Хэт арэзыуэ игу техуэн;
Хьэмэ ерухэм ер ящIэкIуэу
ФIыгъэр икIуэтмэ, уигу псэхун?

Дэ гъащIэм гъащIэ къыщIыдитыр
НэгузыужьыгъэкIэ тхьын къудейкъым.
Хьэмэ ем хуэфIу щIылъэм тетыр
ТедгъакIуэу щытмэ, щIыр дыдейкъым.

Щхьэхуитыншагъэр, залымыгъэр,
Зауаер гъащIэм къобгъэрыкIуэ,
Ауэ дыцIыхущи — ди цIыхугъэр
Пэжыгъэ-лIыгъэкIэ ем токIуэ.

## ПЭЖ

Пэжыр захуэм папщIэ хущхъуэщ,
МыхъумыщIагъэм папщIэ щхъухьщ.

Ухьэлэлмэ, пэжыр тхъупсщ,
Псым хадзакIэ щIигъэнэнкъым.

Пэжыр пылуи ирежьажьэ,
Лажьэ зиIэм лъэщIыхьэнщ.



3 Заказ №642

Пэжыр сытми я нэхъ лъэщщ,
Шэуэ щыIэм я нэхъ жанщ.

Пэжыр фIыгъуэм и гуращэщ,
ЦIыху Iущыгъэм ар и анэщ.

Пэжыр пцIыгъэм и жагъуэгъущ,
Дыгъу напитIым ар я бийщ.

Пэжыр хэткIи мэхъур гъуджэ,
Джей зыпщIами, укъищынщ.

Пэжыр гъащIэм и жьэ нахуэщ,
Щэхур гъащIэм щыпцIы дамэщ.

Пэжыр зэзуи иредыдж,
Уи джийм ехкIэ уигъэлIэнкъым.



## СИ ГЪАТХЭР КIУАКIЭЩ...

Си гъатхэр кIуакIэщ пасэу.
Гъэмахуэри сщIэххакъым.
Си бжьыхьэр уэст, къыстесэу,
Ауэ сыхуэдзыхакъым.

Гугъуехь-гухэщIыр Iэджэу,
СхулъэкIыр зэхагъэкIыу,
Згъэвахэщ сымылъаджэу,
Гъуэгу пэжми сытемыкIыу.

Зауаер схуэлыгъами,
Топауэу стегъуэгъуами,
Къэрабгъэу сикIуэтакъым,
ГухагъэкIи зыстакъым.

СпхыкIауэ сщIэрт хахуагъэм
ЗэриIэр уахътыншагъэ.

ГухэщIым, бгы задагъэм
ТекIуэфри зиIэрщ лIыгъэ.

## ЗИ ГУРАЩЭ ХУАБЭМ

Бахъсэныщхьэм и къурш щыгу сытету
Сыщызокlуэ уафэ бгы гъунапкъэм...
Си щIалэгъуэр зауэ щIытIхэм ситу
Схьами, зекIуэныгум сибгынакъым.

Сыдахьэхыр бгыхэм сэ иджыри,
Сагъэхъуапсэ нэхъ лъагапIэ инхэм.
ЗысIэтыху, сащI бгыхэм нэхъ жыджэри —
СыхуэпIащIэу бгы щыгу къэхутэным.

Дауи, уигу хэхъуэнкъэ — псей фадэбжьэу
Терскол и салъкъынхэм уригъафэм,
КъодэхащIэу, уи гур ягъэхъыжьэу,
Уэздыгъейхэр къытеIэбэм щIыфэм!

Уигу хуэбэнкъэ — дыжь хъурыфэ щабэу
Псей шхыIэнхэм уаер къыпщагъащтэм!
Ухахуэнкъэ — бгы гушхуахэр уи бэу,
ЛIыхъужьагъ мыухым узэщIищтэм!

Арщи, бгыхэм, къурш псы уэру ябгэу,
Си гурыщIэр лIыгъэм ерыщ хуащI...
Ей, щIалэгъуэ, къурш бгы щхьэхуу лъагэ,
ЖыджэрагъкIи зи къару мыкIуэщI!

ПщыгъэнщIащ уэ лIыгъэ ерыщагъкIэ
Бгыхэр — Алим и усэфIхэм хуэдэу,
Уардэу къуршым къелъэ псым гуфIагъкIэ
Гур хегъахъуэ — Къайсын и уэрэду.

Сэ абыхэм я къуэшыгъэ гуапэм
Срогушхуэ, ину сропагэ,
Бгыхэм аддэ щыIэта гъуэгу щхьэпэм
Хуэдэу, я насыпри ирелъагэ.

Ныбжьэгъу пэжхэм я къуэшыгъэм си лъэр
Сэри зекIуэ гъуэгум щагъэжан —
Япэ итырщ япэ узыгъэплъэр,
Япэ ищхэм сфIэфIщ сакъыдэжэн.

СокIуэ, нэхъри вагъуэм сахуэIэгъуэу,
СокIуэ — щIылъэм вагъуэ щыблэн папщIэ...
СокIуэ сэ, фIэкIами си щIалэгъуэ, —
Сэлэтыгум жыгъэр зыхимыщIэ!

## ПХЪЭХУЕЙ

*М.С. Петровых хузотх*

Солъагъу нэхуу, ар зэкIужу щыту,
Алътес хужьыр щыгъщ абы екIупсу,
ГурыфIыгъуэ нурыр и нэгу щIэту,
СфIощI схуэгуфIэ, и дзэхэр къыIупсу.

Борэн жьапщи абы къыщысхьакъым,
Гуауэ уэшхри къыхуэгущIэгъуакъым,
Ауэ жьыми пхъэхуейр хуэухуакъым,
Гуапагъ хужьри и фэм фIэкIуэдакъым.

ЗикI, гъэшауэ щытын игу темыхуэу,
Хуэмыхьыжмэ, къутэпэнщ ар зэуэ,
Ар псэункъым ем и ней къыщыхуэу,
Еруугъэм и гур хуэгъэзауэ...

СыщыIуоплъэ урыс пхъэхуей жыгым,
Гуапэ сщыхъуу, Къэбэрдей щIыналъэм.
Данэпс щхъуантIэр телъу и щхьэ лъагэм,
Махуэ къэскIи егъэнур ар пшэплъым.

Щабэу, гуапэу пхъэхуейр ди акъужьым
Дэбзэрабзэу слъагъумэ е зэхэсхым,
СфIощI сыIуплъэ Россием и нэкIу хужьым,
Сигу хегъахъуэ и гуапагъ мыухым!

* * *

Къазшырыфэу тIэпIа гулъхэр
Щабэу, быбу тесщ къудамэм...
Жьыбгъэм щещIэ гъэгъа тхъуэплъхэр
СедэхащIэу блех си дамэм.

Тафэ удзхэм, щхъуэкIэплъыкIэу,
Сабий цIыкIухэр хэгуэшащ.
Лани Нини «хэш» джэгункIэ
ЗамыгъэнщIу тезэшащ.

И Iэ бзиймкIэ дыгъэм щIылъэм
Гъатхэ фащэр щетIэгъэж.
Езы гъатхэр сфIэщIу псалъэ,
ЦIыкIухэр бзабзэу къыщIохьэж.

Зыр къэрабэу щхьэху баринэщ,
И нэ цIыкIухэр хы жэбзащ.
ЕтIуанэр фIамыщIынэщ,
ПцIащхъуэ хуэдэщ бзэрэбзам.

Мис а цIыкIухэм, «жэп» стехами,
Бжьыхьэ гугъэ самыгъэщI,
Зы ныбжь хуэдиз гъэ исхами,
Япэ гъатхэр схьы сфIагъэщI.



## ЗЭХЭГЪЭКIЫНЫГЪЭ

Схьат сэ жьыри уэфIри си напауэу,
ХуэмыщIыгъэ уэсхэри къыстеуэу.
Сымыгужьеями, сигу мыжану,
ЩыIэт щысфIэщI сэ нэху мыщыжыну.

Гуауэ псыдзэм хэтт сраудыну,
Схьырт хунэмысыгъэр си удыну.
Ауэ щIауIукIыу япсыхьыхукIэ,
Жырыр нэхъри гуащIэу щхьэпэщ IуэхукIэ.

Ди щIымахуэм сыткIэ зигъэткIийми,
ЙокI и пIалъэр, жьы борэнкIэ фийуэ.

Гъэ зэблэкIым тлъагъуу и дахагъэр,
Къос ди гъатхэр — дуней щIэрэщIэгъуэр.

Сэри гъатхэр схуонэху зэщысыкIыу,
Си щыщIагъэр нуркIэ схилъэсыкIыу.
Си гъэмахуэр къосри, куэд слъигъэкIыу,
Сешэ, си зэфIэкIыр зэхигъэкIыу.

Псынэм и къабзагъэр къызыхэкIыр
Ар щIыгу лъащIэ гугъухэм зэрыпхыкIырщ.
СыпхыкIащ гугъуехьхэм, пэжыр гъуазэу,
Лыгъэм си гуращэр игъэкъабзэу.

## *Сонетхэр*

### СИ НАСЫП

Уэншэкуи щхьэнти сэ усхуэхъуу,
Уи куэщI, Хэку лъапIэ, сибгъэлъащ.
Зы шхыIэн хуаби сымылъыхъуэу,
АнэIэр хуабэу стебгъэлъащ.

Арджэни упщIи зыкъысхуэпщIу,
Зы мащIэ сщIами, ар бгъэфIыщIэу,
Ухъуащ си гъащIэм и гухэхъуэ,
Акъылри злэжьри хэзыгъахъуэ.

Схьащ узианэу гъащIэ махуэр,
СыщумыгъащIэу гу хуабагъэ.
СыткIэ стекIыну сэ уи щIыхуэр,
Си нэм и нэхуу гупсэхугъэ!

Жумарту, сыткIи усхуэгуапэу
Сохь, уи насыпыр си насыпу.

### ХЭКУМ И ЩIЫХУЭР

Дэтхэнэ зыми Хэкум и щIыхуэр
Дэ зэрыттелъыр дыщэ, налкъуткъым, —
Дыбын, дыадэу дипIащ цIыху махуэу,
Дыпсэуэхунк Iи ар тщыгъупщэнкъым.

Уи бынри гъащIэм хуэгъэпс цIыху нэсу,
ЩIым и пщэдейхэр дзыхь хуащIын хуэдэу,
Адэм къыщIидзэу хунэмыгъэсу
Къэнам уи щIэблэм пищапхъэщ быдэу.

ЗэгъащIэ: уи гур къеуэм гупсэхуу,
Анэгу хуабагъэр уи псэм зыхищIэм,
Уи нэгум дыгъэр къыщIэпсэм нэхуу,
Ар псори Хэкум яцыщщ и фIыщIэм.

Къуэм, адэм, цIыхум я къалэнышхуэр
БгъэзащIэм, Хэкуми птекIынщ и щIыхуэр.

* * *

Хэку пакIэ Iэджэ къызэзнэкIыу,
СлъэкIащ тенджызхэм сыщесын,
СкIуфащ сэ Iэджэ гъуэгу зэгъуэкIыу,
Уимыхуу уильти сигу, Бахъсэн.

Хы тафи, щIылъи, бгы сыдэкIми,
СлъэкIащ сыхъуну лIыхъугъусэн.
Уэлбанэр, уаер схузэблэкIми,
Сыщтакъым — уилъти сигу, Бахъсэн.

Зауаер гуащIэт, зым щымысхьу,
Жыр мафIэ идзым сытри ихьу.
Абы лъэмыкIыу сыхисхьэн,

Сэ сыпхыкIащ а лыгъей гуащIэм.
Жыр мыубзэщхъужу уэ си гъащIэм
УриIэу схьырти, си Бахъсэн.

## ЗЭКЪУЭТХЭМ Я ЛIЫГЪЭР

Миномёт мафIэм имыгъаплъэу,
ЗауэлIхэм мафIэр ятелъалъэрт.
Пулемёт плъахэр зэрылъэлъу,
ЕбгъэрыкIуахэр жэхэрт, джалэрт.

Зэрохь сэлэтхэр… Я ажалкIэ
Ажалыр Хэкум ныщхьэщадз.

Е лІэн, е лІынхэу — я хахуагъкІэ
Бийр зыхьын удын зэдырадз.

Сэлэтхэр, бгъэшхуэ дамэм хуэдэу,
Пэжыгъэм, лІыгъэм зэдаІэт,
Ажалыр къеплъми, я гур быдэу,
ЗэуапІэм ахэр щызэкъуэтщ.

Пэжагъ, къуэшагъкІэ лъэщ хъуа лІыгъэм
И гур хегъахъуэ текІуэныгъэм.

## ГЪЭХЭР ФІЭКІМИ

Къущу, дыджу куэдрэ тхьащ ди гъащІэр.
Лъыуэ, нэпсу мащІэ щІэдгъэкІакъым.
Іучэлъачэу, фэрэкІнапэт ди щІыр,
Ауэ фэбжькІэ лажьэ едгъэкІакъым.

Миномётхэр, топхэр щхьэщыгъуагъуэу,
Щыблэ уэгъуэр хэкум щхьэщыхъуапскІэрт.
Зауэ пшагъуэр дэркІэ дзэхъудзэш жагъуэу,
ЩІылъэм и нэр Іугъуэм фІыщІисыкІырт.

Ауэ ди бийм куэдрэ игу хэхъуакъым, —
Абы ди пэжыгъэрти пэщІэтыр.
ДытекІуащ, и лейри хуэдгъэгъуакъым.
ЩІыми гъэ гуІахэр щхьэщокІуэтыр.

ЩхьэщыкІуэтри, гъащІэр хъужащ из,
Ауэ зауэм ноби гур доуз.

## АРАЩ ХАБЗЭР

ЩІылъэ дунеищІэм и сэлэту,
ДыпхыкІащ гъущІ мафІэм, жыр мафІэсым,
Вагъуэ плъыжьым и бзий плъам дыщІэту
Тхьащ, абыкІэ фашист жэщыр дгъэсу.

Щхьэщытхащ дэ Польшэм и гуІэгъуэр.
Хуити насыпыфІи тщІащ Румыныр.
Чеххэри дэрати зыщыгугъыр —
Зэдитфащ къуэшыгъэм и бжьэ иныр.

Лъагэу пхытхри хуитыныгъэ вагъуэр,
Тедгъэпсащ Европэм ди пшэплъыщIэр,
Иджы абы щIылъэм залымыгъэр
ЩхьэщигъэкIыу зеубгъу, нэху трещIэ.

Аращ хабзэр: жьыр йокIуэтри — гъащIэр
ЩIэм и нэхукIэ щIылъэм щощIэращIэ.

## ФIАГЪ БЛЭЖЬЫХУ

Гуауи, гугъуехьи, цIыху насыпыншагъи
ЩIылъэм щыслъагъуу, ем зыщызгъэпщкIуакъым.
НэгъуэщIым хьэлъэр и къаруушагъэм
ТезгъащIэу, си щхьэр зэи згъэтыншакъым.

Гъуэгу сыщытетми, сыкIуащ гъуэгур пхысшу,
Си ужькIэ накIуэм гъуэгур хуэзгъэтыншу.
Псы уэр сыщикIми, куукIэ сымыхашэу,
Схьащ нэхъ куупIэм цIыхухэр зэпырысшу.

Ауэ сыт блэжьми, гъащIэм уахъты иIэщ.
АтIэ IуэхущIафэм жыгъэр тумыгъакIуэ.
Щхьэл мывэр лажьэу зэрышхыхукIэ, жаIэ,
Хьэлу Iыхьэншэ хъункъым сабий цIыкIухэр.

Утелэжьыхьми — цIыхухэм фIагъ нэхъыбэ
ХуэпщIауэ, гъащIэм ущыхъункъым ибэ.

## ДЫГЪЭ УМЫХЪУФМИ

Мэлыд вагъуэбэр, щолъагэ уэгум,
Мэлыд ямыIэу зыкIи хуабагъэ.
Абы ялъэкIкъым къахьыну щIыгум
Махуэ нэхущыр, зы пшэплъ щабагъэ.

КъытIуоплъэ ахэр, гущкIэщI дамыщIу,
А я Iуплъэгъуэри къытщохъур щIыIэ,
Ауэ вагъуэбэр илъагъумэ пщIыпщIу,
ИмыгъэщIагъуэу щIылъэм хэт щыIэ?

Хуабэншэу щытми, аращи, вагъуэ
Лыдахэм гуапэу яIэт гурыщIэр,

Абы нэхущи, зы пшэплъ щабагъи
Къытхуамыхьыфми жэщхэм хопщIыпщIэ.

Уэ умыхьыфми гъащIэкIэ дыгъэу,
Гурыгъу жэщ кIыфIхэм хэлыдэ вагъуэу!

## ПЩЭДДЖЫЖЬ ГУРЫЩIЭ

Мазэхэ жэщыр фIэкIри кIыфIу,
Нэхущым бгыхэр нур ищIащ.
Уэсэпсхэр дыгъэ бзийм ирафу,
Бзур ягъэушэу щIэрэщIащ.

Губгъуэ мэракIуэр дэп жьэражьэу
Бзий пэрыхьэтхэм ягъэлыд.
Дунейм щIэщыгъуэр и пехьэжьэу
Пщэдджыжь гухэхъуэр щIым щокуэд.



ПкъыщIагъэр сфIощIри гъунапкъэншэу,
Дунейр жумарту схуогупсэху.
Щыгугъуи гуауи гухагъэншэу,
Пщэдджыжь гурыщIэм сегъэнэху.

Егъу кIыфI гугъуехьхэм уатекIуэху,
ЗэфIэкI гушхуагъэм уегъэнэху.

## АНЭМ И ГУР

БжьыхьэкIэ жэщу гуауэ IэлъэщIыр
ИреуфэкIри и нэкIущхьитIым,
ХутеIыгъэжкъым анэм гурыщIэр,
ХуогуIэ зауэм щыхэщIа къуитIым.

Зауэр фIэкIауэ, мамыру щытми,
ФIэгузэвэгъуэщ дунейр а анэм.
Гурыгъу IэлъэщIыр фIыцIэу щхьэщытми,
Щогугъ нэхъыфIкIэ гъащIэ нэхунэм.

Игъэва гуауэм и нэпс жэбзамкIэ
Игъэкъэбзащи гурыгъу IэлъэщIыр,
Анэгу хьэлэлыр хэщIыжкъым узкIэ,
Нэхъ нэхуи хуаби зыщещI гурыщIэр.

Гу нэхущи, анэр и хьэлэлагъкIэ,
Нэхъ гуауэ кIыфIми токIуэ гуапагъкIэ.

## АНЭДЭЛЪХУБЗЭ

Си анэдэлъхубзэ, зэкъым уэ губгъэну
Зэрыпхужа Iахэр нэху къыптемыщхьэну,
ЖаIэрт убзэхыну, жьым зэрихьэ бгъэну,
КъалэкIыхьым адкIи сыфIумышыфыну.

Ауэ, зыпIэтащи, бгъэхэм уохьэуохуэ.
Тэрчым и псыпыхууи мыкIуэщIыжщ уи псалъэр.
Шууейр и уанэгум нобэ щогъэхахуэ,
Тхуожумарт сыт IуэхукIи уэ Iущыгъэу пхэлъыр.

ЗашэщIащ уи гъуэгухэм, къэрал Iэджэм нэсу.
НэгъуэщIыбзэ жылэхэр зыхэплъхьащ бэвыгъэу.
Фыздопсэу бзэ Iэджэ нобэ зэнэзэпсэу.
Сэри сегъэусэ пхэлъ уи шэрыуагъэм.

Си анэдэлъхубзэ, узианэщ — ушэ, —
Анэр зэи хъуркъым гущэ уэрэдыншэ.



## ЛЪАГЪУНЫГЪЭР КIЫФIМИ ЩОНЭХУ

Итщ хадэм наIуэу жыг баринэ.
ЩызиIэщ абдеж сэ гупсэхугъуэ,
Ар си гухэхъуэм хъуащ и хъыринэ,
Къызет хэхауэ абы нэплъэгъуэ.

СыкIуат а жыгым деж сэ сыпIащIэу.
Арыххэу хъыджэбз макъ зэхызох...
Уэсэпс ирифу чэф хъуа къысфIэщIу,
Акъужьыр кIантIэу лъэс кIуапIэм йох.

Къудамэр мащIэу жьыбгъэм еIэтри,
ЗэгуакIуагъитIыр си нэгу щIохутэ.
Бгъафэм телъ и Iэр пщащэм Iуепхъуэтри,
Зэхуэнэхуауэ я гур золъатэ.

Аращ — хьэщыкъхэм нэхъ жэщ мазэхэр
Къыхахми, ягукIэ зэхуопс езыхэр.

## ЗЭГУАКІУЭР ДАХЭЩ

Бахъсэн псыхъуэ дэт зы къуажэ
Гуэрым щопсэу зы хъыджэбз.
Гъатхэ дыгъэу нэжэгужэщ,
Къоплъмэ, нэгум зызэІуебз.

Езым рулыр иубыдамэ,
Жыр машинэм псэ хохьэж,
Уэрэд жиІэу къыхидзамэ,
Бзум я усэр щагъэтыж.

Пэжу, лейуэ зы дахагъэ
НэкІи щхьэцкІи бгъэдэмылъ,
Е и нэкІукІи щхьэхэхыгъэ
ХуэпщІу набдзэ «лей» темылъ.



И нэр вагъуэм ебгъэщхьынкъым,
Удз гъэгъами хуэмыдэн.
«МыщІэплъ Іупи» — хужаІэнкъым,
Е къэфакІуэу мыкъудан.

Ауэ, фщІэркъэ, узэгуакІуэр
Дахэщ, сыткІи къогуэпэкІ,
Жэщи махуи уигу зыхуэкІуэр
Арщи, уи нэгу зикІ щІэмыкІ.

Сэ а пщащэм сепсэлъати,
Си пкъым мафІэ щІигъэнащ,
Сысымеижу, сыхуимытуи
Си гур Бахъсэн къыдэнащ.

## ГУГЪЭ

Пшапэм вагъуэ хэлыдахэр
Уи нэр ару къысфІэщІат,
Ауэ уи нэм хуэзгъэдахэр
Нэху зэрыщу сфІэкІуэщІат.

Зи изыгъуэ мазэ нэхури
Сэ уи нэкӀуу къысфӀэщӀат,
Ауэ сфӀэщӀа а напэхури
Нэху зэрыщу сфӀэкӀуэщӀат.

Нэху зэрыщу дыгъэр пщӀыпщӀу
Тэджри — уэру къысфӀэщӀат,
Ауэ пшапэм кӀыфӀ зэрищӀу,
Дыгъэ гуэрри сфӀэкӀуэщӀат.

Си псэ, вагъуэу умыжыжьэ,
Мазэу махуэм умыбзэх.
Уэгуми, дыгъэу ужьэражьэу,
Усхуимыту, щӀылъэм къех.

Вагъуи, мази, дыгъэ лыдри
Мис итӀанэ къытхуепсынщ,
Дэ хъуэпсапӀэу диӀэ куэдри
ЩӀыгу насыпым лъэӀэсынщ.



## БЗЫЛЪХУГЪЭ ДАХАГЪЭ

Дапщэщи гъатхэр къосри — зэщӀэлыдэу,
Лэгъупыкъу щӀыкӀэу, щӀылъэр зэщӀогъагъэ.
Хъуэпсэгъуэ нуру щхъуакӀэу мис апхуэдэу
Мэгъатхэ дэркӀэ бзылъхугъэ дахагъэр.

МыщӀэплъу Ӏупэр, набдзэхэр къурашэу,
Нэ пӀащэ лыдхэм вагъуэхэр щогъагъэ,
НэкӀущхьэр пшэплъу лыду гъунапкъэншэу,
Тхуонэху, тхуогуапэ бзылъхугъэ дахагъэр.

ЩӀымахуэр, хуеймэ, иреуае жьыхэу,
Уэлбанэ пшэбэм щӀрелъафэ дыгъэр,
Лы нэсхэм я гур щӀыӀэлӀэхкъым дзыхэу —
ЩомафӀэ я бгъэм бзылъхугъэ дахагъэр.

Жэщ зэгъуэкӀыгъуэм щыблэ уэфыр щӀэту
ИребгъэрыкӀуэ, хуеймэ, и кӀыфӀыгъэр,

Нэхуншэ хъункъым — уигу хьэщыкъым зиту,
Щылыдмэ уи бгъэм бзылъхугъэ дахагъэр!

Абы Iэслъэсри егъэлIыхъужь хахуэ,
Я нэхъ лIыхъужьми хелъхьэ Iэнкуныгъэр.
Гушхуагъэм, лIыгъэм я къежьапIэ нахуэу
ГъащIэдэкIуашэщ бзылъхугъэ дахагъэр!

## УЭРЭД

Пшэ Iувхэр дыгъэм зэпхесыкIри,
Уэгу лъащIэр нуру егъэнэху.
Апхуэдэу си гум ущохъуэпскIри,
Мэлыд гурыщIэр, сыпIуплъэху.

Бгы лъагъуэр бгъуэщIым ежэхащи,
ЩIыгу тафэ гъуэгуу зеукъуэдий.
ПхуэсщIа гухэлъым зызэIуихащи,
Ар хуэIыгъынкъым зы лъхудийм.

Си гугъэр гъащIэм и Iэмыру,
Насып нахуапIэу пыбгъэнащ.
Гухэлъ нэхугъэм ар и нуру,
Уэрэд мыухыу сигу къинащ.

## ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Iэдэм

# ЩХЬЭГЪУБЖЭ НЭХУ

*Повестым щыщ пычыгъуэхэр*

Илъэс ныкъуэ дэкIат Мысхьуд Налшык зэрыдэкIыжрэ. Лауцэ къызэрыфIэщIымкIэ, илъэсым щIигъуат абы лъандэрэ. Ауэ щыхъукIи хъыджэбзым и нэгу щIэтт, иджыпсту хуэдэу, Мысхьуд абы и Iэр иIыгъыу телъэщIыхьу къызэрыбгъэдэтар, ежьэжыным ипэкIэ…

«АтIэ, узыншэу, Лауцэ!» – жиIэри зигъазэри зэуэ пшапэм хэбзэхат Мысхьуд. Бзэхат, абдеж щымытами ярейуэ. Ар щимылъагъужым, зигъазэу зэуэ IукIыжыфакъым. Щытат ар куэдрэ хэплъызэпауэ, имылъагъуж Мысхьуд кIэлъыплъу. ЩIалэм жиIа иужьрей псалъэхэр и гум щIэрыщIэу щыушэрт: «Дыгъэм пшэ техьэкIэ, ар ункIыфI хабзэкъым»… Шэч зыхэмылъу пэжщ! Ауэ и фIэщу жиIауэ пIэрэ абы: «СыкIуэжу щытми, зэгъащIэ, си гум ущихун щыIэкъым». Пэж-мыпэжми, екъури ежьэжакъэ! Илъагъужыни имылъагъужыни ар абы…

Зы пщыхьэщхьэ закъуи гъуэлъыжатэкъым Лауцэ къебэкI и гурыщIэхэм ямыгъэпIейтейуэ, имыщIэххэу зыхуэгурыщхъуэ гузэвэгъуэр къемыщIыIэкIыу. Зы пщэдджыжьи ар къэтэджатэкъым а гурыщIэ дыдэхэр псывэ мыупщIыIужу и гум къыщIэмыуэу. КъыщIэуэрт гъатхэ уэшх псыдзэуи, тIэкIу-тIэкIуурэ ижэщIыкIыжырт. «ЗэфIэкIащ! Къэгъазэ иIэжкъым!» – жиIэу и гур зэхуищIыпэну и мурадми, къызэщIэрыуэжырт и гухэлъ гурыщIэр, зэм къещIыIэкIыу, зэм къыхуэпщтыру. КIуэ аращ, щIы лъащIэхэр зэпхихыу, сэтей къэхъуа псынэ къэкъуалъэ фIэкIа зэрыпщIэн щымыIэу, IэубыдыпIэншэ бгъэгум щыуэрт иджы пщащэм и гурыщIэр. Зэм ар макъамэ щабэ дыдэу къедэхащIэрт, абы игъэгущкIэщIу, зэми уэрэд жьгъыру мыухыжу бгъэгум щыушэрт, и псэр игъэнэхуу, и гум ехуэбылIэу. Абыи къыщынэртэкъым – псори зэщIащтэрт Лауцэ и гухэлъ макъамэм – и уэгуи, щIылъи, и пшыхьи, нэхущи. Арыххэу къемыдэIуэж и гум зиIэтырт, фIэлъатэрт. ЩIэлъатэми зыхуэлъатэми емыгупсысыжу ихьырт. Пэжу, тэлайтэлайкIэ зыкъищIэжу зыщиубыдыжи къыхуихуэрт. ЗимыгъэIуу, «Iыми» жимыIэжу зызэхуищIыпауэ къыщыфIэщIри мащIэтэкъым. АрщхьэкIэ, щIыгу лъащIэ куухэм къапхыкIыу сэтей къэхъуа псынэр белджылыуэ IэубыдыпIэншэти, нэхъ гуащIэжу къыпкърыуэрт гурыщIэ гупсысэхэр. Зи къарукIи зи уэрагъкIи гъунапкъэ зимыIэжт а пщащэм и гурыгъу-гурыщIэр. Сытми нэсырт Лауцэ апхуэдизу къыпкърыуэу зыгъэпIейтей гупсысэ псынэм и уэрыгъэ гуащIэр – щыхэлъми, щыщысми, уэрамым щыдэтми, еджэну тIысами. ЗыщIишэпат а пщащэр гурыщIэ уэрым и къарум. АпхуэдизкIэ зэщIищтати, и гупсыси псалъи зыгъэнщIыр арат.

НэгъуэщI зыми гу лъитэрт иджы Лауцэ – жэщ къэскIэ усэ къеджэрт. Гъунапкъэ зимыIэж и гухэлъ гурыщIэхэр усэ мыухыжу жэщ къэс Мысхьуд хурикIутырт. Жей куум усэ къыздеджэм, и макъыр зэхихыжу къыщыушыр мащIэтэкъым. Къэушырти, зэмыса лэ-

жьыгъэм гуэбэн иригъэщIами ярейуэ, хэлът ундэрэбжьауэ, нэхъунэхъуу кIыфIыгъэм хэплъэу.

Нышэдибэ апхуэдэ усэхэм Лауцэ къыщагъэушам, нэху щакIэт.

И анэ шыпхъу Гуащэ пщэфIапIэм зэрыщыIэуэлъауэр зэхех, ауэ ар къыфIэIуэхукъыми, зэхимыхми ярейщ. Дыгъэпсыр зыщыуэр щхьэгъубжэ абджым тедият и нитIыр, апхуэдизкIэ тедияти, напIэхэр хуемыхьэхыжу къыпфIэщIынт. Ауэрэ щхьэгъубжэм докI абы и нитIыр. БжэIупэм щылъагэ дей жыгышхуэм и лъабжьэм щыщIедзэри и щхьэкIэм нос. Жыг щхьэкIэм пызу зи уэрэдхэр пщэдджыжь дыгъэпсым хуэзыгъэш бзухэм яхоплъэ. Яхоплъэри, хъыджэбзыр зэщIэзыщта гурыщIэм зыкIи къемыпха макъамэ зыIэпышэгъуэм ар хотэразэ: зэщIищтат я пщIантIэр уэрэд жыгъырум. Хьэмэрэ, уэрамыр армырауэ пIэрэ ар зыщыжаIэр? Макъ хьэлэмэтыщэт ар жызыIэр. ЩIалэ макът. Мысхьуд уэрэд жиIэу зэи зэхихакъым Лауцэ. АтIэ щхьэ иригъэщхьынкIэ хъуа ар абы и макъым? Иукъуэдиящи, хэкъузэпауэ трегъэчыныхь и гум а уэрэд жызыIэр Мысхьуду!

Хъыджэбзым и щхьэр ерагъкIэ къытреIэтыкI зытелъа щхьэнтэм, езыри къызэфIотIысхьэ. КъызэщIэлыда гурыщIэ пщтырым егъэплъыржьэр, и нэкIущхьитIыр кърееыкI. Пэшыр зэрыщIыIэр иджыт щызыхищIар. ЛъапцIэрыщэ дыдэу къоувэх унэ лъэгум, ауи зикI къэмыскIэу. ЛъапэпцIий зищIауэ, зишэщIыпащи, пэшым и Iэ щIыIэм зыIэщIих щIыкIэу, зэблидза IитIымкIэ и бгъэ щхьэнтитIыр хекъузэ. ЗеIыгъ тэлайкIэ, и Iэ хуабитIым я IэплIэм илъу. ИужькIэ жэщ джанэр къепхъуатэ, зэрыпцIанабзэм гу лъитэжауэ. Сыт щыгъуи хуэдэу, дыгъуэпшыхь къищта жэщ джанэр гъуэлъыпIэм пэщыт шэнт натIэм иридзри зэрыпцIанэу зыкIуэцIишыхьат абы шхыIэным. Апхуэдэут зэрищIыр сыт щыгъуи Лауцэ щизакъуэм. Хуэпауэ хэлъын фIэфIтэкъым. А хьэлыр абы къезыгъэублар и анэ КъантIасэт. ЩыцIыкIу дыдэ лъандэрэ, гущэми химыпхэу, хэутIыпщхьауэ пцIанэ цIыкIуу пIэм хигъэлът Iэхуитлъэхуиту. Пэш щIыIэтыIэми щIигъэт хабзэт лъапцIэу, пцIанэу – щIыIэм иригъасэу, щIыIэ узым хуипсыхьу. Ар хьэл хуэхъуауэ, нэгъуэщIхэм зызэхуашэу, хуабэу зыщахуапэм, езы Лауцэ и щхьэц Iувыр ухуэнауэ еутIыпщхьэхат IэлъэщIыншэу. Щыгъын псынщIагъуэкIи хуэпат. ЗэхэщIыкI иIэ зэрыхъу лъандэрэ ищIэжтэкъым, сымэджэн дэнэ къэна, пыхусыху иIауэ…

Арати, Лауцэ пIейтеипауэ, и IитIым я IэплIэм зыIэщIихауэ, жэщ джанэ пIащIэр зыщедзэ. Щхьэгъубжэм йожалIэри щхьэгъубжэ натIэм зытрегъащIэ IэфракIитIкIэ. Iэдакъэм жьэпкъыпэр тригъэщIауэ ар доплъ щхьэгъубжэм. Я пщIантIэ хуитым ныдоплъэ. Зэхихи илъагъуи щымыIэу и нэр мэплъыз. Плъызыпауэ здэщытым, гу лъетэ и плъэгъуэр щхьэгъубжэ Iупхъуэ пIащIэм къызэрыIуищIэм. И плъэгъуэр къыIузыщIэ Iупхъуэр арыххэу лъэныкъуэ ирегъэз. Iуепхъуэтри щхьэгъубжэ абджхэм къапхоуэрыкI дыгъэ нэбзийхэр. Абыхэм пщащэм и нэгур къагъэнэху, и гур къагъэхуабэ. Ауэ сыту хьэлэмэт, сыту телъыджащэ – апхуэдизу и гур Iэтауэ пIэ хуабэм къыхэзыха уэрэдыр зэхихыжыркъым! ПщIантIэшхуэр цIыхуншэщ. Адэ, Iуэ ихьэпIэм деж, Гуащэ жэмыр къыщеш. Щыкъун зыхурикIута джэдкъазыр джэдэщ бжэIупэм щокъакъэ, щоцыпэ. ПщIантIэшхуэм дилъагъуэ щымыIэу нэщIти,

хъыджэбзым и нитIыр арыххэу уэрамым мэIэпхъуэ. Абыи дилъагъуэ щыIэтэкъым. Уеблэмэ пщэдджыжькIэ, Iэхъуэм яхун папщIэ, Iэщ къыдэзыху хабзэ цIыхухэри илъагъуркъым.

Къызыхихри къызыхэкIри имыщIэу, а тэлайм Лауцэ и нэгу къыщIохьэж автошколыр къиухауэ Мысхьуд щежьэжа махуэр.

ЩIалэр ежьэжри пщащэр къэнат, и гур дзапэкIэ иIыгъыу гузавэу: и гугъат щхьэ закъуэ дыдэу дунейм къытенауэ, Мысхьуд щилъагъужын зы махуэ къыхуимыхуэжыну.

Мысхьуд щежьэжам щыгъуэ, Лауцэ абдеж щытат пшапэ зэхэуэм щIэтIысыкIауэ, илъагъуи зэхихи щымыIэу. Абы ищIэжыртэкъым сыт хуэдизрэ щытами. ЗыкъыщищIэжар уэшх лъэдий уэрхэм зыкъытракIута иужькIэт. Уафи мыгъуагъуэу, уафэхъуэпскIи щымыIэу, зэшэзэпIэу зыкърикIутат уэшхым. АпхуэдизкIэ уэрти, зэуэ псым ищтат уэрамыр. ПкIэлъей кIэрыбгъэувэу уридэкIуеин хуэдэу, блыну къеукIуриехырт уэшхыр. Дуней псор абы зэщIищта къыфIэщIу, Лауцэ илъагъуж щыIэтэкъым уэшх фIэкIа. Унэхэри жыгхэри щIэтIысыкIат цыпхыдзэу нейуэ къеукIуриех уэшх лъэдий уэрхэм. Апхуэдизу гуащIэу уэлбанэ губжьыгъэ щызыхищIа ищIэжыртэкъым Лауцэ. ИтIани зричу хъыджэбзыр щIэпхъуатэкъым, уэшх гуащIэм зыщидзеину ауи жыжьэу къыфIэIуэхутэкъым. Уэшхыр и пщэм димыгъэлъэдэну, зэхуишат IитIкIэ бостеиплIэ пщампIэр. АрщхьэкIэ, уэшхыпсыр здынэмыса и Iэпкълъэпкъым хэмытыж щIыкIэу, зэуэ псыф хъуат хъыджэбзыр. ИужькIэ туфлъитIыр зылъихри къежьэжат, уэрамхэм ядэзу къежэх уэшхыпсыр и лъащхьэм къыфIэкIыу.

Унэм зэрынэсыжу, кIэлындорым тет гъуаплъэ тасышхуэм иувэри зигъэжэщIыжат. Тасым из хъуат къежэха псыр.

Гуащэ зыкъримыгъэщIэну, щэхуу щIохьэжри зетIэщI. И щыгъыныр екъуз. Зэуэ хуабэ гуэр зыщидзэным и пIэкIэ, къыфIэIуэху щымыIэу, зэрыпцIанэу, зыщиха щыгъыныр хежьыщIыкIри иредз, игъэгъущыну. Езыри мэгъуэлъыж, шхыIэн пIащIэр зришэкIауэ.

Зи гур дзапэкIэ зыIыгъыу зи шыпхъурылъхум пэплъа Гуащи ар илъэгъуауэ, мэгъуэлъыж игу зэгъауэ. Анэ шыпхъур щыгъуазэт Лауцэ щIыIэкIэ зэрыбэшэчым. Щыгъуазэт хъыджэбзыр къыщIэгувам и щхьэусыгъуэми. Ар кIуэри автобус станцым тетат Мысхьуд ежьэжыху. Езы Гуащи хиубыдат а уэшхым. Ауэ Лауцэ хуэдэу псыф мыхъуу къэсыжат унэм…

Лауцэ и гукъэкIыжхэм къаIэщIохуж, ар зытегъэщIа щхьэгъубжэмрэ щхьэгъубжэм къыдиху жьы щIыIэмрэ зэрагъэпIыщIам гу лъитэжу. Ауэ зэуэ зыIуипхъуэтакъым абы щхьэгъубжэм. Зызэхуишэу и щхъуэци тэджакъым. Доплъ ар щхьэгъубжэм, щхьэгъубжащхьэм зыкъытрихауэ. Дыгъэпсыр дэни щикIутащи мэпщIыпщI. Абы и нурыр щабэу екIыхат жыг щхьэкIэ лъагэхэм, бгыщхьэ Iэтахэм.

А илъагъу псоми Лауцэ и гур зэуэ ягъэнэхуат, гупсэхугъуэ хэхакIэ къызэщIэнауэ и пIэ ижыхьат.

Хъыджэбзым щхьэгъубжэм зыкъыIуехыж ерагъкIэ. ШхыIэн щIагъыр иджыри зэрыхуабэр гуапэу зыхищIэу, мэгъуэлъыж Лауцэ пIэ щабэм, жыыщэу къэушауэ илъытэу. ТэлайкIэ хэлъщ зиукъуэдияуэ, и IитIыр и щхьэм щIидзауэ, гууэщIу, илъагъуи зэхихи щымыIэу. Ауэрэ здыхэлъым, къыфIощI нэбэнэушэу хилъафэу.



4 Заказ №642

АрщхьэкIэ, зэуэ зеублэрэкIри къауц щхьэнтэ быбым хэщэтэпауэ зрешэкI, и анэ шыпхъум жэм шыныр зэфIигъэкIыу, ар Iэхъуэм хигъэхьэу къигъэзэжыхукIэ, зы жей пакIэ ирихьэкIыным щыгугъыу. Хилъэфэпэнуи къыщIэкIынт и гур пыIауэ, зыгъэпIейтеижи щымыIэу, асыхьэтым Iэуэлъауэ макъ зэхимыхамэ…

Дунейм, хэт ар зи макъыр? Уи фIэщ зэрыхъун, Мысхьудмэ!

Лауцэ къыщолъэт, и халатыр зыщедзэ. ЗэрылъапцIэу, и лъакъуитIыр унэ лъэгум къыщIигъэщIыIэу, щхьэгъубжэм зыхуедз. Арыххэуи къызэхех Гуащэ и макъ:

– Мыбдеж зыщыIэжьэ тэлайкIэ.

Лауцэ щхьэгъубжэм зыкъыIуихыжа къудейуэ, Гуащэ къыщIохьэ пэшым, нэщхъыфIэ дыдэу.

– Лауцэ, хьэщIэ къытхуэкIуащ!

Гуащэ и псалъэхэр апхуэдизкIэ гуапэу, гуфIэгъуэ хэхакIэ гъэнщIауэ жиIати, Лауцэ, укIытэми, зыхуэмыIыгъыу, и гурыщIэ къызэщIэнар зыкIи хуэмыгъэпщкIуу, анэ шыпхъум зыхуедзри и бгъафэм зыщIекъузэ. И нитIыр щиубыдыкIауэ иIыгъкIэ къэмынэу, къыфIекIуа нэпсхэр мэлыд. Лауцэ шэч къытрихьэжыртэкъым а къахуэкIуар зэры-Мысхьудым. Гуащэ щIэгуфIэри аращ! НэгъуэщI къахуэкIуэн щыIэкъым, апхуэдиз гуфIэгъуэ къахуихьу!

УкIытауэ напIэхэр къыхуэмыIэту, Лауцэ Гуащэ и бгъафэм зыщIех. Нэпс къыфIекIуахэр IэдакъэкIэ ирелъэщIэкI.

– Къысхуэгъэгъу, Гуащэ, губгъэн къысхуумыщI. ЕмыкIу къэсхьащ.

– Сыт емыкIу, сыт губгъэн, си тIасэ! УщIэукIытэни, губгъэн къыщIыпхуащIыни хэлъкъым уи щытыкIэм… Зыхуапэ. Уи пIэри зэщIэкъуэ. ЕмыкIущ хьэщIэр щIыбым дэдгъэтыну, – жиIэурэ жыхафэгум щокIукI анэ шыпхъур. – КъытхуэкIуар пщIэрэ? – къыпещэ адэкIэ Гуащэ и псалъэм.

– Сыт щIэзмыщIэр! Мысхьудщ.

И шыпхъурылъхур зэрыщыуам гу лъитауэ, Гуащэ зеIэжьэ, хъыджэбзым и гуфIэгъуэр IэщIимыхыным хущIэкъуу. Анэ шыпхъум и фэм зэрызихъуэжам гу лъитауэ, Лауци мэгурыщхъуэ. АрщхьэкIэ, гугъэпцI зэрищIар зэуэ къыщIэщыным иришынэу, зеIэжьэ. МыпIэщIэжу, гукъыдэжыншэу зехуапэ, пIэр Iуех. ЗимытхьэщIыххэуи гузэвэгъуэ макъкIэ къыжеIэ:

– Мысхьудкъэ, Гуащэ?

– Алыхь… Мысхьуду си мыгугъэ.

– Дауэ уи мыгугъэу?! Мысхьуд умыцIыхужу ара, Гуащэ? – гъынанэ макъыу мэупщIэ пщащэр.

Гуащэ зеIэжьэ, зыри жимыIэу.

Арыххэу, щхьэгъубжэ абджым хуэфIу лIы нэкIутIэ гуэрым зыкъыIуехьэ. Лауцэ абы Iуоплъэри зэуэ къоскIэ, и гур икIыпауэ и нитIыр щоункIыфIыкI. Къэгуха щIыкIэу, зыхуэмыIыгъыжу гъуэлъыпIэ нэзым йотIысэх.

Гуащи абы гу лъитауэ, зыри жимыIэу пэшым щIокI.

Щхьэгъубжэм къыдэплъар зэры-БыртIымым шэч къытрихьэжыртэкъым иджы Лауцэ. Абы къыхэкIкIэ пщащэм и гур ехуэхат, и лъэр щIэхупат. ЗиIэтыжыну къару хуэмыщIыжу щыст, и щхьэр ехьэхауэ, гурыгъу-гухагъэр къебгъэрыкIуауэ. «Сыт къэзыхуар пщэдджыжь нэмэзым? Сыт напэр иIэу къыдыхьэнкIэ хъуа зымахуэ

къызипэса напэншагъэм и ужькIэ? Сэр кърихри Мысхьуд пежьат! ТIэу емыплъу иукIынт хулъэкIамэ!.. Дунейм, сыт мыбы къэзыхуар а гъуамэр? Хьэмэрэ гузэвэгъуэ гуэру пIэрэ? – жыхуиIэу мэщабэ и губжьыр, гузавэр къебэкIыу. – Е Мысхьуд зыгуэр къыщыщIауэ и хъыбар къысхуихьа?..» – псалъэншэу гукIэ щIебжыкI Лауцэ, и гур зыхуэмыжэ щымыIэу. ЩIибжыкIми, пщащэм и фIэщ зыкIи хъуртэкъым, Мысхьуд хуэгузавэу, БыртIым абы къыхуэкIуэну.

Арати, пэшыбжэр къызэIуожри Хьэлыщх БыртIым бжэщхьэIум къытохутэ. И Iупэхэр зэтежауэ, тхьэкIумакIэм нэсу шэщIауэ, ар щIогуфIыкI, гъэ ежьа къэб жылэу, дзэ пIащэ гъуэжьыфэхэр игъэлъагъуэу. ЩIогуфIыкI, и пIэ имыкIыу, жиIи щымыIэу.

ХэпщIыкI къудейуэ Лауцэ и щхьэр къеIэт зэрынэщхъейуэ, БыртIыми Iумыплъэу.

– Мыр сыт, Лауцэ, къеблагъи благъэщIи щымыIэжу ара?

Лауцэ а зэрынэщхъейт, зыри жимыIэу.

Гуащэ къегъэзэж арыххэу.

– Щхьэ ущыт, БыртIым, унышIэмыхьэу? ФIыкъым жаIэ бжэщхьэIум утетыну.

– ЩызоIуэ, Гуащэ, драмыгъэблагъэ, дынышIыхьэнуми, – жиIэурэ къобакъуэ бжэщхьэIум БыртIым.

Лауцэ ауи зигъэхъеякъым. Нэщхъыцэу и щхьэр зэрехьэхащ. Хоплъызэ, зэгуоп. И зэгуэп гупсысэр Мысхьуд хуолъатэ. ХъущIэнуи щIедзэ. Мазэм щIигъуащи егъэхъыбарыншэ Мысхьудым Лауцэ. КъыфIэIуэхужу къыщIэкIынкъым ар абы, дауи! Екъури ежьэжащ зы псалъи къыпимыдзыжу – гу щабэу гухэлъ-гулъытэри хэмылъу! «АтIэ узыншэу, Лауцэ!» – жиIа къудейщ. «Сыт щхьэкIэ? – жеIэ и гум, пщащэм жиIахэр хуимыдэу. – Аракъым, «Узыншэу, Лауцэ!» – жиIа къудейкъым. «ЗэгъащIэ, – жиIащ, – дыгъэм пшэ техьэкIэ, ар ункIыфI хабзэкъым. ДызэпэIэщIэкIэ, си гум уихункъым!» Аращ, аращ! Сихункъым сэ абы и гум!» – тригъэчыныхьу, хэкъузауэ быдэу къыжеIэ пщащэм псалъэншэу. Къотэдж ар зэуэ, нэщхъыфIэу, и нэгур нэху хъуауэ.

Лауцэ и фэм зихъуэжауэ гуфIэгъуэкIэ зэрыщIэнэхукIыр елъагъури, ар зыхуихьынур имыщIэу, БыртIым ней-нейуэ жьэхоплъэ хъыджэбзым.

Лауци абы къыжьэхоплъэ, гушхуагъэ нуркIэ и нитIыр къызэщIэнауэ:

– Аращ, БыртIым, пцIы зыхэмылъыжыр!

– Сытым?

– Мысхьуд пцIы жиIэнкIэ Iэмал иIэкъым!

– Сэ Мысхьуд и гугъу сщIакъым.

– Сэри уэракъым зи гугъу сщIыр. Мысхьуд и псалъэрщ: «Дыгъэм пшэ техьэкIэ, ар ункIыфI хабзэкъым!» ЗэхэпщIыкIа?

– АтIэ сыт мыункIыфIмэ?

– УнкIыфIыркъым. Аращ зи «сытыр!»

– ЩызоIуэ, къызгурымыIуэ зи гугъу пщIыр.

– КъыщIыбгурыIуэни щыIэкъым.

– ЗикI сощIэ, Лауцэ, щIагъыбзэкIэ узэрыпсалъэр. Сэ нахуэу бжесIэнущ сыкъыщIэкIуар, ехьэкIи щIагъыбзи хэмылъу, – жеIэри зэпегъэу и псалъэр. Хъыджэбзым и шыIагъэр игъэунэхуну зеIэжьэ. Лауци жиIэ щымыIэу зиIыгът, ауэ БыртIым и псалъэм къыпи-

щэнум пэплъэу зэрыпIейтеяр белджылыт. СыткIи зигъэбыдэу зиIыгъами, БыртIым и щымыгъэ кIыхьыр хуэмышэчу къыжьэдолъэт…

– Сыт? Сыт зи гугъу пщIынур, БыртIым?

– Мысхьудщ, – жеIэри зеIэжьэ аргуэру.

– А-а, ара зи гугъу пщIыр! – къыфIэмыIуэхуфэ зытрегъауэ хъыджэбзым. – Мис аращ езыр мыункIыфIыж дыгъэр!..

БыртIым зэуэ къыщеуд, хэкъузауи жеIэ:

– Ущоуэ, Лауцэ! УнкIыфIагъэххэщ а зи гугъу пщIыр, – хьилагъэ хэлъу, псалъэр нимыгъэсу зеIэжьэ аргуэру БыртIым, хъыджэбзыр къызэрыуIэбжьам гу лъитауэ.

ЩIалэ кумпIофым и псалъэр гурыщхъуэ щIыIэу игу ежэлIами, Лауци зеIэжьэ, зимыгъэIуным хущIэкъуу. АрщхьэкIэ БыртIым, къыфIэIуэхуж щымыIэфэ зитригъэуауэ, къикIукI-никIукIыу зэрыщымым хъыджэбзыр и пIэ кърещ. Шэчыншэу, хагъаплъэ гурыщхъуэ ищIхэм. Уеблэмэ ахэр мыгурыщхъуэжу, Мысхьудым дилъагъу бэян Iуэхугъуэу къыфIэщIырт иджы: екъури ежьэжащ… КъызэрыфIэмыIуэхужыр хьэкъщ!..

А гурыщхъуэ псалъэхэм я щыхьэт щIыкIэу, БыртIым къыжеIэ гутепщэхыгъэ хэлъу:

– ЩызоIуэ, Лауцэ, екъури ежьэжамэ! УкъыфIэмы…

– Куэдщ! Куэдщ! УвыIэ иджы! – Iэпеуд хъыджэбзым БыртIым и псалъэр. – Iэджэ къыубжыну уи мурадщ уэ сэ слъагъум!

– Хьэуэ, Лауцэ, тIэкIу сеIубауэ зы махуэ сызэрыплъэгъуар губгъэн умыщIу, си псалъэр нэзгъэгъэс.

– КъысфIэIуэхуххэкъым. Уи ахъшэщ, уефамэ, ипфыжар. КIуэ! КIуэ, БыртIым, зегъэхь! ХущIыхьэгъуэ сиIэкъым сэ псалъэ дыгъэл згъэуну.

– Хьэуэ, Лауцэ, уи нитIыр къыщызыпхъуа гугъэпцIым и пэжыр жызгъэIэ.

– Зы псалъи жозгъэIэнукъым! Сэ сощIэж си Iуэху пэжыпIэр зытетыр. КIуэ! КIуэ адэ, зегъэхь! – жиIэурэ хуеший и Iэр.

Ауэ БыртIым зрелъэфыхь, апхуэдэу хабзэншэу зэрыщIахужыр игу еIэу. Ар Гуащэ хуоплъэкI, «щхьэ бдэрэ сэ хабзэншагъэ къызэрызащIэр?» – жыхуиIэу. АрщхьэкIэ Гуащи хоплъэ, жиIэ щымыIэу.

Лауцэ и макъым зрегъэIэт и фIэщу:

– БыртIым, уэращ жыхуэсIэр!

А псалъэхэр щIалэм, и нэшкIулыр щIахулыкIами ярейуэ, фIыхопщтырыкI. Ауэ жиIэ щымыIэу бжэм хуеунэтI.

– Ей-ей, Лауцэ, ущымыуэ! – жиIэу къызопсэлъэкI БыртIым. – УзэрыщIегъуэжыну мыгъуэр сощIэ, мы си IитIыр зэрыслъагъужым ещхьыркъабзэу.

– КIуэ, кIуэ, зегъэхь! АфIэкIаи лъэмбытI къыдумышие ди пщIантIэ!

– СыдокI, сыдокI, Лауцэ, ауэ икIагъэ къыплъыкъуэкIауэ ухущIегъуэжын мыгъуэщ, тхьэмыщкIэ.

БыртIым докIыж.

Лауцэ етIысэхауэ магъ.

Гуащэ а зэрыщыму зиIэжьэрт. Тэлай дэкIауэ, къопсалъэ:

– Уа, си тIасэ, щIалэм нэмысыншагъэ кIэлъызепхьауэ сыт иджы ущIэгъыжыр?

Лауцэ зэуэ къоскIэ. Зэхиха псалъэхэр зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу, и IитIыр нэкIу псыфым къыIуех. Ней-нейуэ къыхудоплъей ар и анэ шыпхъум, и нэхэм нэпсыр ящIэзу:

– Сыт нэмыс, Гуащэ, зи гугъу пщIыр? Нэмыс хуэфащэ абы сыт-ми?

– Сыт щIыхуэмыфащэр? Азалыхь, щIалэ хъарзынэу, хэхъуэшхуи иIэу яIуатэм!

– Гуащэ, Iэджи жаIэ! – Лауцэ къыщолъэт къызэщIэнауэ, и губжь-гурыгъур кърикIутыну хьэзыру. Ауэ и псалъэр Гуащэ Iэпех.

– ЖаIэм нэмыщIуи, соцIыху я унагъуэр. ХуэщIа унагъуэщ. Хъарзынэу мэпсэури, я унэр – унэщ, я пщIантIэр – аращ.

Лауцэ нэхъри зэгуоп: а хьэрэмыщх унагъуэм Гуащэ ящытхъуну дауэ и жьэ къекIуа?

– Хьэрэмыщх унагъуэщ ар, Гуащэ! Хьэрэмщ!.. – зэрыхэкIиикIым гу лъимытэжу мэпсалъэ хъыджэбзыр. Ауэ Гуащэ ар къызэрыфIэIуэху щымыIэу, и шыпхъурылъхум и псэлъэкIэр тIэкIуи фIэемыкIуу къыпещэ и псалъэм:

– Сыт щIэхьэрэмыр? Азалыхь, мэлажьэкIэ щхьэхэх ямыIэу! Уэзгъэлъэгъуащэрэт а щIалэм и анэ Хьэбыцэ джэдкъазу зэрихуэр! ХьэщIэфи, азалыхь, зэфIэкIышхуэ иIэу жаIэмэ, дэни нэсу…

– Ахьей, нэсын, сыт щIынэмысынур, мазищкIэ лажьэу, мазибгъукIэ илъэсым сондэджэру ихьмэ!

– Сыт мыгъуэр и сондэджэр! МыIэрысэ тIэкIу къищэхумэ, ищэжу аркъудейщ.

Лауцэ зэгуэпыщати, и псалъэхэр къыжьэдэмыкIыу, Iупэхэр пIэжьажьэрт.

Гуащэ абы зыкIи гу лъимытэу, и псалъэм къыпещэ, «Сыт мыгъуэр и сондэджэр!» – жыхуиIамкIэ Лауцэ арэзы хъуа и гугъэу:

– Аращи, абы сондэджэркIэ ущIеджэн щыIэкъым… М… м… БыртIыми и жагъуэ пщIын хуеякъым…

– Гуащэ, сыкъэбгъэчэну мурад пщIа нобэ?! – хокIиикI Лауцэ. И нэкIэ имылъэгъуамэ, Гуащэ и фIэщ зэрыпщIын щыIэтэкъым, Лауцэ апхуэдизу къэгубжьыфыну. – ФIы дыдэу уощIэри, Гуащэ, ар фIэкхъыу зэрысондэджэрыр! КIэпIейкIэкIэ къещэху, сом миныбжэу ещэж! Къищэхури тIэкIукъым – тоннкIэрэ бжауэщ! Ари къызэрищэхур зи заготовитель кооперацэм я ахъшэщ. Къищэхуам я нэхъыфIри и щхьэм хухех!.. КъищынэмыщIауэ, а зи жагъуэ сщIауэ жыхуэпIэ БыртIым езыр жагъуэ зэфэзэщу зэхэлъу егъащIэ, ирифри хьэрэму, и шхынри апхуэдэу!

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ, – псалъэр щхьэщилъэфыну мурад ещI Гуащэ, – тхьэ дыдэ, псалъэ Iей хужаIэу зэхэзмыха.

– СыткIэ зэхэпхын, уадэмылажьэм, уадэмыпсэумэ?

– Къуажэм щытпэжыжьакъым ХьэщIэф. Зы хьэблэ дыдэсщ.

– Къуажэм узэрыдэмысыжрэ илъэс дапщэ хъуа?

– Дыдэмысыжми… – Гуащэ и псалъэр зэпоч, бжэр къызэIузыха БыртIым елъагъури.

– Къысхуэгъэгъу, кхъыIэ, – жеIэ БыртIым зигъэщабэу, – щызоIуэ, Лауцэ…

Лауцэ губжьауэ къыщолъэт. БыртIым къригъэжьа псалъэр жримыгъэIэу:

– Уа, лъэмбытI къыдумышие бжесIакъэ ди пщIантIэ?!

– А зиунагъуэрэ, лIы зыукIари ягъэпсалъэ, дэ лIы дукIакъым, зы псалъэ жыдгъэIэ.

– ЖозгъэIэнукъым! Зегъэхь, кIуэ, кIуэ!

– Азалыхь, умызахуэ, Лауцэ!

– Гуащэ, уи Iуэху зыхэмылъым укъыхэмыIэбэ!

– Ана-а, мы щIалэм зы бэлыхь жиIэнуми пщIэркъым! Гъэпсалъэ.

– ЩызоIуэ, Лауцэ, дунейм темыт сызыхэт, – жиIэурэ БыртIым Гуащэ хуоплъэкI, жиIэнумкIэ зэрыщыукIытэр игъэлъагъуэу. Гуащэ ар зэхищIыкIауэ къыщIокI.

– Уэ узыхэтыр зы щхьэц налъэу къысфIэIуэхукъым.

– СощIэ зэрыпфIэмыIуэхур, ауэ…

– ДызэгурыIуащ абы щыгъуэ. КIуэ, БыртIым, зегъэхь!

– Хьэуэ, бжесIэнум къедаIуэ.

– СедэIуэнукъым! ЩIэкI! Мылицэ къезбгъэджэну ара узыхуейр?!

– Хьэуэ, мылицэ къыщIебджэн щыIэкъым… м… м… Армэм сраджэ, Лауцэ.

– АтIэ слIожь, ураджэмэ! Хъарзынэщ. Мис абы лIы къыщыпхащIыкIынкIи хъунщ.



– ЩызоIуэ, Лауцэ, а узэрыгугъэм хуэдэу сэ ноби сымыхуэмыху.

– Хъарзынэщ умыхуэмыхумэ. Мис ар сэбэп къыщыпхуэхъунщ дзэ къулыкъум.

– Си гуапэт, Лауцэ, сызэхэпщIыкIмэ…

– Сыт и лъэныкъуэкIэ?

– Сыпхуэхьэлэлщ, Лауцэ. Мэскъал хуэдиз хьэрэмыгъэ си гум пхуилъакъым.

– Уи фIэщу жыпIэрэ?! – ауану щIогуфIыкI хъыджэбзыр. – Сыту хьэлэмэтыщэ а жыпIэр!.. Дыгъужьыр пщIэрэ щынэм зэрыхуэхьэлэлыр?

– Лауцэ! – зегъэтхьэмыщкIафэ БыртIым.

– Хьэуэ, хьэуэ, къызжеIэт мыдэ, пщIэрэ дыгъужьыр щынэм зэрыхуэхьэлэлыр? А-а, пщIэркъым? АтIэ къедаIуэ, дыгъужьыр щынэм апхуэдизкIэ хуэхьэлэлти, бжьакъуэ цIыкIуитIым фIэкI къимыгъанэу зыIуридзащ. Мис аращ уи хьэлэлыгъэр зыхуэдэр!

– Лауцэ, кхъыIэ, ауан сыкъыумыщI…

– Ауан жыпIа? Ар нэхъ ауанти! Вындым щхьэкIэ «вынд» щIыжаIэр фIыцIэ зэфэзэщу аращ. Ауан ущIэсщIын щыIэкъым, БыртIым. Ауан зэфэзэщу уохь уи гъащIэр!

– ЩызоIуэ, уэ зым фIэкIа ар жызыIэ сримыхьэлIа. ЩызоIуэ, сэлам лей къызахмэ, хыхьэхэкI щыIэу сыхамын!..

– Хъарзынэщ, куэду фIыщ. Щытхъуи къыпхуащI, щIыхьи пхуаIэт, ара?

– ЩызоIуэ, ардыдэмэ…

– Сытым къыхэкIыу? Къэхутэнығъэхэм ураакъылщ, уи лэжьыгъэшхуэми къыхуащI нэмыс, ара?

БыртIым щымт, и напIэ Iувыр егъэлIыхауэ, и Iэпхъуамбэшхуэм и Iэбжьанэ Iувым йодзэпыIэ.

Лауцэ нэхъри плъыржьэрауэ абы йобгъэрыкIуэ:

– Атоммашым кIуа щIалэхэм уэрмыраи я лIыхъужьыр, КАМАЗ лэжьыгъэм уэрмыраи щыпашэр! Уэ щытхъу пхуамыIэтмэ, хэт хуаIэтын?! Хьэуэ, БыртIым, уэ къыппэплъапхъэр нэмыплъщ! ПщIэншэрышхэу, зышхар зымыпшыныжым хуэфащэ нэмыплъщ! ЗэхэпщIыкIа?

Лауцэ нэхъу-нэхъуу жьэхоплъэ БыртIым. Арыххэу Гуащэ къегъэзэж пэшым:

– Ана-а гущэ, мыпхуэдизу щхьэ хэбгъэзыхьа мы щIалэр?

– Сэракъым, Гуащэ, езы БыртIымщ. И щхьэрыкIуэ псалъэщ сэ абы жесIар. И чэзу хъуащ и дуней тетыкIэм, тIэкIу нэхъ мыхъуми, егупсысыну.

– Лауцэ и псалъэр тэлайкIэ зэпегъэури, пэш кIуэцIыр зэуэ мэщым. Гуащэ къопсалъэ:

– Тхьэ дыдэ, Лауцэ, суд пащхьэм щыхагъэзыхьу къыщIэмыкIын цIыхур апхуэдизу!

АрщхьэкIэ, Гуащэ и псалъэр ауи зэхимыха щIыкIэу, Лауцэ и псалъэм къыщIегъу:

– Къуажэ щIалэхэм гуп-гуп защIауэ, хэт ухуакIуэу йожьэ, хэти – мехзвено, нэгъуэщIми щIалэгъуалэ фермэ къызэрагъэпэщ. Мыр зыми щыщкъым! Мы кумпIофышхуэр, фызабэ тIысыжа нэхъей, сызаготовителщ! – жеIэри къуажэм хохьэ, кIэдахъуэкIэ джэдыкIэ къыхихыну. Аркъудейри илэжьыркъым иджы! Къыхуэт щымыIэу тунеядецщ!..

– Уа, Лауцэ, – къыщеуд БыртIым, – уэ усудьякъым, сэри сытутнакъкъым…

– Сысудьящ! Къыхуэт щымыIэу! Сытеплъэ хъуркъым дыгъужь хьэл зиIэм!..

– Сыт дыгъужь?

– Дыгъужьым къыIэрыхьэр ешх, ишхари ипшыныжыркъым! Апхуэдэущ гъащIэр зэрыпхьыр, БыртIым! УпщIэншэрышхэщ!

– ЩызоIуэ, зым и кIэпIейкIэ сымышх.

– Дауэ зэрумышхыр?! Зы мэскъал хуэдиз уи IитIым ямылэжьу, уи гум жьы дебгъэхумэ, гупсэхугъуэу гъащIэр пхьымэ, щхьэхуит кхъухьым уисмэ, мэшым хэс ныбгъуэу ушхафIэм…

– Уа, сыт иджы ахэр къыщIэбгъэхъеижыр? СщыгъупщэжакIэщ ар зэрыжысIэрэ…

– Мыдэ мыри пщыгъупщэжауэ пIэрэ?.. Дауэт ар зэрыжыпIар? КъэсщIэжащ:

«ГъащIэм щхьэкIэ ушкIащIэу, щIэщыгъуагъэм зыхыумыну! Дунейр къафэщ, ди уэрэдщ, дызыхуеймкIи нэгузыужьщ, дыгъэрыжьэу Сочи дэс, тенджызыпсым хыву хыхьэ, зы гугъуехьи зумыгъащIэ, гъащIэр нобэ ди Iэдэжщ!..» ПщIэжрэ а псалъэхэр?

– ЩызоIуэ, Лауцэ, абыхэм сыхэмытыж.

– Уи гъащIэ Iыхьэр-щэ?

– Сыт гъащIэ Iыхьэ?

– УмыщIэжу ара? КъедаIуэ атIэ: «Сыт акъыл, сыт лэжьыгъэ! Софэ, сошхэ, сыхуэпащ. ГъащIэ Iыхьэр гузогъэз. Зыщызгъазэр си гухэхъуэщ!..»

БыртIым зыри жиIэркъым. И напIэ Iувхэр еутIыпщхьэхауэ йоплъых. Абы и щытыкIэм зэрызихъуэжар зыхуихьынур

къыхуэмыщIэу, Лауци мэгупсысэ. УIурыIэбэ мыхъуу зигъэжьэхъуу, и щIыкIеигъэми иригушхуэу щыта БыртIым гурбияныр нобэ Iыхьэлейм икIауэ Iэсэт, зигъэщэбэным хущIэкъурт.

Шэч хэльтэкъым ар зыгуэрым зэрыпэплъэм, Лауцэ къыхуейуэ IэмалыншагъэкIэ къызэрыкIуари белджылыт. Ауэ хъыджэбзым БыртIым хунигъэсыртэкъым къыщIэкIуа щхьэусыгъуэр иIуэтэну.

– Аращи, БыртIым, ирикъунщ ар, пщIэншэрышхэу зэрыпхьар! ГъэувыIэ иджы гъащIэ Iыхьэр къыгуэбгъэзу, зыщыбгъазэм уи гухэхъуэу бгъэщIэныр!

– Лауцэ, лъэIушхуэкIэ сыкъыпхуэкIуащ. СынолъэIу сызэхэпщIыкIыну, – зегъэтхьэмыщкIафэ аргуэру БыртIым. – ЩызоIуэ, си адэри къэкIуэнутэм ину къолъэIуну, ауэ щIапIэщIэлъадэ хъун мыIэрысэр иришэжьауэ къэтщ. ЩIэх къигъэзэжынукъым. Си Iуэхур, икIэщIыпIэкIэ уи псалъэ къыхыумылъхьэмэ, зэIыхьэнущ.

– Сыт апхуэдизу къэхъуар?

– ЩызоIуэ, къэхъунум и нэхъ Iей дыдэр къыстопсахэмэ… М… м… дзэм сашэ.

– Ар къызжепIакIэщ. БжесIаи ар сэбэп къызэрыпхуэхъунур.

– Дэнэ къикIа сэбэп? ЩызоIуэ, ажалым хуэдэу сыфIолIыкIмэ! КхъыIэ, сынолъэIу…

– Хьэуэ, хьэуэ, БыртIым, абыкIэ сэ пхуэсщIэфын щыIэкъым.

– ЩызоIуэ, къысхуэпщIэфынумэ… уи зы псалъэщ.

– Дауэ си зы псалъэу? Сывоенком, хьэмэрэ сысыт? – жеIэри зэуэ игу къокIыж и анэ дэлъхур зэрывоенкомыр. – А-а, Бердыкъуэ себгъэлъэIуну ара?

– Аращ…

– Хьэуэ, хьэуэ, абы къикIын щыIэкъым.

– ЩыIэщ, Лауцэ! Укъэсшэну жепIэмэ зэфIэкIащ…

Лауцэ зэуэ и гур къолъэт. БыртIым жиIамкIэ арэзы хъуауэ и гугъэжу, и гур къресыкI. ИужькIэ ходыхьэшхыкI:

– Сыту гъэщIэгъуэн жыпIа! Дауэ сыпшэу?

– ЩызоIуэ, укъэсшэнумэ, Лауцэ, арэзы къысхуэхъу закъуэ – узгъэунэнущ, насыпу щыIэр уэращ зеинур, – БыртIым и псалъэр зэпимыгъэужу щIехьэ, плъыржьэру къызэщIэнауэ, Лауци псэлъапIэ иримыту. – Узгъэпсэунщ, Лауцэ, шылэ нэхъ лъапIэр уи фащэу, дыщэплъу щыIэм ухэсу, дыгъэпсыр уигу щыдэхащIэу, гъащIэ щIэщыгъуэм и фIыгъуэр бахъсэныпс щIыкIэу пхуэуэру…

– Зэт, зэт. КъызэтеувыIэт, БыртIым! Сыту пIэрэ къызыхэпхынур а фIыгъуэр?

БыртIым и бзэр еубыд аргуэру. Къыжьэдэлъэтынут абы: «Ахъшэр къелъэлъэхыу, зыхэIэбэм хэмыщIу...» Ауэ абы къыкIэлъыкIуэну упщIэм («Уи лэжьыгъэшхуэм къыпэкIуа ахъшэри, хьэмэрэ уи адэ-анэм я мылъку хьэрэмри?») щыгъуазэти арат БыртIым щIэщымыр.

ЩIалэм и пIэкIэ Гуащэ къопсалъэ, БыртIым къызэрыщыжыр белджылыуэ:

– ТIэкIуи щIигъэлъэпэнкIи хъунщ БыртIым, ауэ, азалыхь, абы узэригъэфIэн мылъкуи и адэ-анэм къыхуагъуэтыфынмэ… Я унэр – унэщ, я пщIантIэри – аращ…

Лауцэ зэуэ къыщеуд:

– Сыт жыпIэр, Гуащэ?! Сыту телъыджэлажьэ нобэ а уи псэлъэкIэр!

– Сыт щIэтелъыджэр, на?

– Телъыджэлажьэщ! Мыр балигъ зэрыхъурэ Iэджэ щIащ! Адэанэм я кIэ къуащIэм щIыкъуэсын щыIэжкъым! Лажьэу шхэжыпхъэщ, – жеIэ Лауцэ. БыртIым дэкIуэн Iуэхур къыхимыгъэщыным хущIэкъуу.

– Лэжьэнкъэ атIэ. Лэжьэнщ, на гущэ, фIэкIагъэшхуэ щыIэкъым.

«ЦIыхубз щэныр щэрэ минрэщ», – жыхуаIэ псалъэжьыр Лауцэ игу къэкIыжауэ жьэхоплъэ и анэ шыпхъум. Сыту щыуа хуэдэ абы хуищIа гугъэмкIэ. Акъылым, Iущыгъэм, захуагъэм, пэжыгъэм, цIыхугъэм, нэмысым, хабзэм – а псоми къызэщIаубыдэ фIыгъэм папщIэ Гуащэ зэрымыщапхъэ щыIэну и фIэщ хъуртэкъым Лауцэ. Апхуэдизу гурэ псэкIэ пкърыхьауэ илъытэ гъащIэ щапхъэ гугъэр къыIурыупщIыIуат нышэдибэ. Шэ плъауэ зэпхилыгъукIат абы хъыджэбзым и гур. Ауэ, псалъэр иукъуэдиймэ, анэ шыпхъум и жагъуэ зэрыхъунур ищIэжу, псалъэр игъэувыIэным хущIэкъуу жеIэ:

– Аращ, БыртIым, а уи лъэIум къикIын щыIэкъым. КIуэ, зегъэхь. А дзэ къулыкъум зыщумыдзей. Аращ уэ лIы узыщIынур.

БыртIым гугъэу иIэжыр Гуащэт. «Уэ сыт жыпIэнур? Си анэр къэбгъэгугъати, зымахуэ къытридзэу Налшык къакIуэу къыщолъэIуам? Уи лIым сэдэкъэ хуэпщIыну къыпхуихьати джэдипщI, къазитI, щынэ укIа?»

Гуащэ БыртIым и плъэкIэ-упщIэр къыгурыIуат.

– Уа, Лауцэ, дунейм, сыт хэлъ мыбы и лъэIур хуэпщIэным!

– Мыбы сыдэкIуэу пцIы сыбгъэупсынуи?!

– Умыупс... ДэкIуи зэфIэкIащ! Дунейм, сыт абы и лажьэр?..

Гуащэ и псалъэр хуэшу хыхьат Лауцэ и Iэпкълъэпкъ псом. ЗыщIишэпати, зы псалъи хужымыIэжу щыст, и нитIым нэпсыр щIэз хъуауэ, къыщиуду гъын хьэзыру. Ар зыкIи къыфIэмыIуэхуу, Гуащэ и псалъэм къыпещэ:

– А узыщыгугъ мыгъуэм, азалыхь, узэрыфIэIуэху щыIэжу си фIэщ мыхъу. Аращи, къолъэIур фIыщ жаIэ. КъолъэIум уемылъэпауи нэхъыфIщ.

– Гуащэ! – къыщеуд арыххэу Лауцэ. – ГъэувыIэ иджы уи псалъэр!

– Ар сыт псэлъэкIэ, на! – къоскIэ Гуащэ. – Нэмыси хабзи щымыIэжу ара?

– Нэмысыншагъэм къыщымынэу, цIыхугъэншагъэщ а уэ жыпIэр, Гуащэ!

– Уи фIыгъэщ сэ сызыщIэкъур, тIасэ. УмыдэрэщI, азалыхьлажьэ, а ХьэщIэлIхэ я къуэр къыпхуейуэ щытамэ, алъандэм зыкъыуигъэщIэнтэмэ... Зы тхыгъэ кIапэ нэхъ мыхъуми, къыпхуигъэхьынтэмэ... Мазэм нэсащ... – АдэкIэ псалъэм къыпищэн дзыхь имыщIу, Гуащэ мэувыIэ.

Сыту телъыджэлажьэ атIэ мы Гуащэ зэрызихъуэжар! Сыт гъэщIэгъуэн?! Сытым къыхэкIа? ЗикI, къыхуэгубзыгъыртэкъым Лауцэ абы и щхьэусыгъуэр.

– НакIуэ, БыртIым, – жеIэ Гуащэ, и гур ехуэхыпауэ. – НакIуэ, сыпхуелъэIунщ, си хьэтыр къилъагъумэ, Бердыкъуэ.

Гуащэ и тхьэкIумэм иджыри щывурт БыртIым и анэ Хьэбыцэ зымахуэ къыжриIахэр: «Тхьэ дыдэ, дыкъызэрикIуэтын щымыIэ. Къызыхэтхын тIэкIуи, тхьэм и шыкуркIэ, диIэмэ… Езы хъыджэбз цIыкIурщи, Тхьэуэ зи пащхьэ дихьэжын, си бын закъуэм етIуанэу фIэкIа сымылъагъуну!»

Анэ шыпхъур щIокI БыртIым и ужь иту. ЗэрифIэщыр белджылыуэ, Лауцэ абы кIэлъыжеIэ:

– Гуащэ, си фIэщу бжызоIэ: мы Iуэхум ухэмыхьэ! Анэ шыпхъу – анэ палъэщ, ауэ уи нэмысми Бердыкъуэ и нэхъыжьыгъэми сеплъынкъым – къайгъэ къизгъэкIынщ, мы БыртIым а дзэ къулыкъум пывгъэкIуэту щытмэ!

Лауцэ и псалъэхэр зэхимыхми ярейуэ, Гуащэ щIэкIащ, гулъытэ къыхуимыщIу.

Куэбжэпэм нэса къудейуэ, тхылъымпIэ зэкIуэцIыпха гуэр БыртIым и жыпым кърехри Гуащэ къыхуеший:

– Мэ, – жеIэ БыртIым, – мыр сянэм къуитыжащ.

– Сыт зищIысыр?

– Ахъшэщ. Сом щитху мэхъу.

– Сыт сом щитху?

– Сэ сщIэрэ. М… м… военком Бердыкъуэ ептын хуейуэ къыщIэкIынкIэ хъунщ…

Гуащэ и гур зэуэ къоскIэ:

– Iулъхьэщ, ара?

– ЩызоIуэ, сымыщIэ… Ауэ, м… м… зыгуэр IурумыцIэлъу, дзэ къулыкъум сыпэщIахыну къыщIэкIынкъым.

– ГурыIуэгъуэщ! – хэкъузауэ жеIэ Гуащэ, къызэрыгубжьар белджылыуэ. Иджыт абы къыщыгурыIуар зымахуэ Хьэбыцэ: «Тхьэ дыдэ, дыкъызэрикIуэтыни щымыIэ!» – жыхуиIам кърexternal.

– Гу-ры-Iуэ-гъуэщ! – жеIэ аргуэру Гуащэ, къэгубжьыпауэ. – КъызэрыщIэкIымкIэ, Бердыкъуи сэри дыкъэфщэхуну аращ!

– Хьэуэ, аракъым, – къыжьэдолъэт БыртIым. – Мыр Бердыкъуэ щхьэкIэщ... Уи Iыхьэр сянэм къыпхуихьынущ…

– Хьэуэ, тIасэ, ар мыхъунщ. Бэлыхь мафIэщ а жыхуэпIэр. СхуIух, илъхьэж уи жыпым. Сэр-сэру сегупсысынщ уи Iуэхум. Iэмал иIэххэмэ, зыгуэр есщIэнщ…

Гуащэ дешыж БыртIым, къыхуихьа ахъшэр къыIимыхауэ.

* * *

ЩIыхур балигъ мэхъу, щIэныгъэкIэ зиузэду, IэщIагъи егъуэт. СыткIи хуэщIауэ и гугъэжу, гъащIэ гъуэгуанэм тоувэ. Апхуэдэу щыт пэтми, гъащIэм щиIэну увыпIэр зыхуэдэм щегупсысыр зымащIэщ. Абы гу лъригъэтауэ къыхуэзыгъэуш гуэр цIыхум щIымыгъумэ, щемыгупсысыххэри нэхъыбэжщ. Пэжу, зэхэщIыкIышхуэ яIэу, куэд я нэгу щIэкIауэ псэуфхэр гъащIэ гъуэгу гъусэ зэхуэхъуа цIыхухэри я фэкIэ зэрызэмыщхьым хуэдэ къабзэу, абыхэм яIэн хуей гъащIэ увыпIэм зэрегупсысыри зэтехуэркъым. Зым папщIэ гъащIэ увыпIэр гурыхь-дэзыхьэх лэжьыгъэ къудейщ. НэгъуэщIым папщIэ – лэжьыгъэ гурыхь-дэзыхьэхым щIыгъуу иIэн хуейщ щIапIэ, унэ зэIузэпэщ, пхымыдзыща къуажэм дэту. Ещанэри хущIокъу

ищIэшхуи щымыIэу, щIыхь Iыхьэнши зимыщIу гъащIэр ихьыным. НэгъуэщIи щыIэщ, гугъуехьхэм защимыдзейуэ, гъэунэхугъуэ гуащIэхэм гъащIэр щихь зэпыту. Апхуэдэм гъащIэ гъуэгуанэм тезыша хьэл-щэнри гуращэ хэхари зыхуэдэр егъэунэху фIыщIэ лейри фIэмыIуэхуу, гупсэхугъэми хуэмыпабгъэу…

Мысхьуд и фIэщ дыдэу гугъат щIэныгъэ ищхьэ зригъэгъуэтыну. Пэжу, зыгуэрхэр зэпкърих-зэпкърилъхьэу, Iэпэ щабагъэ лэжьыгъэм дихьэхми, а щIэныгъэ ищхьэм къритыну IэщIагъэр зыхуэдэм зэрегупсыса щыIэтэкъым. Ар дэнэ къэна, зэрылэжьэнум гурыхьагъ-дэхьэхыгъэ хуиIэми-хуимыIэми къыфIэIуэхуатэкъым. Арауи къыщIэкIынт щIэныгъэ ищхьэ зригъэгъуэтыну ищIа мурадым ар апхуэдизу тыншу къыщIыпыхужар…

«Дыгъэм пшэ техьэкIэ, ар ункIыфI хабзэкъым!» – емыгупсысыхэми, и гум жиIэ зэпыту, жьыщэти, мыпIащIэу Мысхьуд дыхьат колхоз пщIантIэ хуитым. Ар япоплъэ и лэжьэгъу шофёрхэм, завгарыр къэсу унафэ къахуищIыным.

Дыгъуэпшыхь къищэхуа «Ленин гъуэгу» газетыр гуфIакIэ жыпым кърехри лъэныкъуэ зрегъэз еджэну. «Тхьэмахуэ» напэкIуэцIым итхам йоджэ. «ПщIэну щхьэпэщ» жыхуиIэ тхыгъэри щIеджыкI. «Дэнэ сыт къыщыхъуа» жыхуиIэми «ирожэ». Ауэ щIалэр сытым еджэми, абы и гур зыIыгъ гупсысэхэм нэхъри ягъэплъыржьэр мыхъумэ, зэрытепыIэ щыIэтэкъым. А здэплъыржьэрым, игу къокIыж Лауцэ и анэ дэлъху уэрэджыIакIуэм жиIэгъа псалъэхэр: «Уи зэфIэкIым елъытауэ, уи гур зыкIэрыпщIа лэжьыгъэм хуэунэтI уи мурадыр. Уи зэфIэкIым игъэнэхун хуейщ уи гугъэ унэр!»… Арыххэу Батыр и псалъэхэри абы игу къокIыж: «Уи гурыхуагъэ зэфIэкIым къару ептыфмэ, уи гъащIэ мурадыр мэщхьэгъубжэ нэху, я нэхъ щыкIыфIми уи гур игъаплъэу, уи лъэр щIигъэкIыу». А псалъэхэм я закъуэтэкъым нобэ Мысхьуд зыгъэплъыржьэрыр.

Сытуи щрети, и гур зыхуеIэм тещIыхьауэ, IэщIагъэ игъуэтауэ елъытэж. И акъылым жиIэ къудеймкIэ мыхъуу, и гум и макъми едэIуэжу къыхихащ зэрылэжьэну IэщIагъэр. Демазэ Батыр зэрыжиIащи, абы и гъащIэр дяпэкIэ нэхъ зыщихь хабзэр гъуэгурщ. Псэлъэгъууи, гупсысэгъууи, чэнджэщэгъууи а гъуэгум нэхъ щиIэр машинэрщ. Аращ ар дяпэкIи хэхауэ гурэ псэкIэ нэхъ зэгугъупхъэр, фIым худэплъейуэ, хьер къыпигъакIуэу…

Мысхьуд Джэдыкъуэ къуажэм щылэжьэн и мураду къыщигъэзэжам, абы ину къыщыгуфIыкIат колхозым и Iэтащхьэ Мэшыкъуэ Дэбэчи, мехзвеном и унафэщI, езыр зи гъукIэгъэсэну щыта ХьэцIыкIуи. Ауэ а лъэхъэнэ дыдэм колхозым иIэтэкъым, Мысхьуд къыIэщIалъхьэн хуэдэу, зы машинэ хуит. Трактор пщыкIублри, хьэлъэзешэ машинэ тIощIри яIэщIэлът механизаторхэмрэ шофёрхэмрэ. КъищынэмыщIауэ, машинэхэр зэрылэжьыхьат, дэтхэнэ зыри зэгъэпэщын хуейуэ. Абы къыхэкIкIэ, зэ зыщIыпIэ ягъакIуэм, зэми и мыIэщIагъэ лэжьыгъэ кърату рэ, ар IэкIуэлъакIуэ яхуэхъуат механизатор IэщIагъэ зыбжанэм. Хуиту ирилажьэрт иджы бульдозерми, катокми, грейдерми. КъыхуащI и унафэу лажьэрт, хэплъыхьи мыхьэмышхи имыIэу. Ауэ, илъэс ныкъуэм нэблэгъауэ лажьэми, игу гъэтIылъауэ арэзы ирихъуатэкъым и лэжьыгъэм…

Машини кърата уэ, езыми: «Мис иджы наIуэу згъэунэхунщ си зэфIэкIыр здынэсыр!» – жиIэу игурэ и щхьэрэ зэтелъу лэ-

жьэн щIидзат. Арщхьэкlэ щхьэжэ удын хуохъу Iулъхьэ тыныр – яIэщIилъхьэн хуей хъурт завгарми, автослесарми, дагъэгъэсын хуизыгъэхъуами. Абы къыхэкIкIэ гуфIат, дзэм къулыкъу щищIэну ираджэу хъыбар къыщрагъэщIам…

Ежьэным махуищ фIэкIа имыIэжу, тредзэри Налшык макIуэ, Лауцэ зригъэлъагъуну, зэрежьэм и хъыбар иригъэщIэну.

– Я ди тхьэ, мы къытхуэкIуар! – жеIэри Гуащэ щIож сенэм, бжэIупэм къыIухьа Мысхьудыр къилъэгъуауэ. – Лауцэ! – маджэри фэрыщIыгъэр къебэкIыу гуфIагъэфэ зытригъэуауэ унэмкIэ ешэ Мысхьудыр. Ар щIалэм пэщIокIуатэри и нэгум йоплъэ, зызэщIепхъуэтри Iэ делъэ. – АIей гущэ, дунейм утетыж, Мысхьуд?

– Уэи, сытетмэ, – ерагъыу къыжьэдокI щIалэм.

– АтIэ, зы псалъэ нэхъ мыхъуми, сыту думыгъащIэрэ уздэщыIэм и хъыбар?

– Уэи, хущIыхьэгъуэ симыIа… ИтIанэ, си лэжьыгъэр зикI зэфIэмыхьэурэ сыпэплъащ.

Гуащэ и фэрыщIыгъэ псалъэхэр зэпыуауэ зеIэжьэ. Лауцэ къыщIэкIмэ, зэран хъуну илъытэу унэм щIохьэ.

Лауцэ зэхихакIэт Мысхьуд и макъ. КъыщIэлъэтыну хьэзырт ар пэшым. Ауэ ерагъкIэ зиIыгъът, анэ шыпхъур Мысхьуд бгъэдэкIыным пэплъэу. Арати, Гуащэ унэм зэрыщIыхьэу, Лауцэ къыщIокI. ФIэмыIуэхуфэ зытригъэуауэ бгъэдохьэ щIалэм. Мысхьуд зэуэ зыкъреч, зыгуэр къеIунщIа щIыкIэу зыкъедз. Ауэ Лауцэ зэрыгуфIэгъэншэм гу лъитауэ, зызэщIиукIауэ ерагъкIэ зеIыгъ. А тэлайм зэIуоплъэри зэхуонэху щIэгуфIыкIхэу.

Арыххэу Мысхьуд зедзри Лауцэ бжэщхьэIум къытрепхъуэтыкI. Хъыджэбз цIыкIуу фIэкIа къызэрыщыхъу щымыIэу, зэщIикъузауэ егъэкIэрахъуэ. Лауцэ абы IэщIэхуну икIи дзыхатэкъым, ауэ: «Сыт пщIэр, Мысхьуд, уи щхьэр унэзэнщ!» – жиIэу щIалэм и пщэм зришэкIауэ зрекъузылIэ. «Сыту лъэщ! Сытуи жыр защIэ и IитIыр»! – къолъэт хъыджэбзым и гум гушхуагъэ псалъэхэр. Ауэ зэуэ къыходзэкъыкI и гур, пщащэм и гурыфIыгъуэр игъэупщIыIуу. И губгъэныр кърикIуту дыджу зэрыхъущIэну псалъэхэр зэуэ къеблат, бгъэгум щызэрыпIытIу, щызэрыгъэплъу. Арщхьэкlэ Лауцэ хулъокI имыгъэпхъэрыщэу зэтриIыгъэн къебгъэрыкIуа губгъэныр: сытуи щрет, сыт зэмани дрекI, сыт хуейми ирещхьэусыгъуэ, къыхуэкIуакъэ Мысхьуд къытридзэри. Ауэ щыхъукIэ, лъагъунлъагъу къудейкъым ар къыщIэкIуар…

– Куэдщ иджы, Мысхьуд! СутIыпщ! – жиIэурэ зыIэщIех щIалэм. – ЕмыкIури пщIэжу си гугъэкъым уэ сэ слъагъум.

– ЕмыкIугъэ лъэпкъ злэжьыркъым, Лауцэ, – зэреныкъуэкъу щымыIэу еутIыпщыж хъыджэбзыр. ЕутIыпщыжри зеплъыхь, Гуащэ къакIэлъыплъауэ и гугъэу.

Тегушхуауэ, и гурылъ псори кърикIутыным хуэщIауэ къэкIуат Мысхьуд. АрщхьэкIэ: «Куэдщ иджы! СутIыпщ!» ткIиигъэ хэлъу Лауцэ зэрыжиIам щIалэр зэуэ игъэщэбат. Лауци фIэфIыщэ хъуатэкъым апхуэдизу Мысхьуд зэрыжыIэмыдаIуэр. «ЕмыкIугъэ лъэпкъ злэжьыркъым!» – зэрыжиIам тету иIыгъамэ нэхъ къищтэнут. Иджы тIуми я напIэ зэхуаIэту зэплъыну дзыхь ямыщIу зэхущытт.

«Хьэуэ, – игукIэ жеIэ Лауцэ, – сянэ КъантIасэ жиIар зэрыпэжыр хьэкъщ: «Балигъ ухъуащ, си хъыджэбз. УмыщIэххэу унагъуэ

уихьэнкIэ хъунущ. Пхъум я натIэ кърнтхар аращ – зым къалъху, япIри хамэ унагъуэм йохьэ. Нэрыбгэщ Iэ яхуохъу. Абы къыхэкIыу, и гуащэр анэ пэлъытэу жаIэ, тхьэмадэр адэ хуэхъуну ягъэIу. Апхуэдэу хъункIи мэхъу. Ауэ ар – зэзэмызэщ. Зэпсэгъуу къыщIидза ныбжьыщIитIым я гур лъагъуныгъэ пэжым зы зэхуищIамэ, нысэм гущIагъщIэлъ нэсу хущытыр щхьэгъусэрщ. Ар уи щхьэм и гъусэ щыхъуакIэ, уи гъащIэ гъусэри аращ, – жиIэрт КъантIасэ. – Ауэ щыхъукIэ, уи щхьэгъусэр къэзылъхуу зыпIа Iыхьлыхэр зыщумыгъэгъупщэу, псэгъу пхуэхъуам хуэIэтыф уи гухэлъри гулъытэ нэхъыщхьэри… СыткIи хуэдэхащIэ абы, уи щIэщыгъуагъэр гухэхъуэ хуэпщIу. УщIэмыгъуалъхьэ зэи псэгъум и тэмакъ: «Уэ уджатэмэ, сэ сытопщ!» – жыпIэу. Дыджу уи жьэр зэщIэпхыу, щыхуейми щыхуэмейми, думышхыхь. ЛIы тэмакъкIэщIыгъэм хуэакъыл, и лэжьыгъэм уригупсэхуну зылъэгъэкI… Зы тIэкIунитIэ нэхъ мыхъуми, акъыл зиIэ лIым а фIыгъэр къигъэнэнкъым гулъытэншэу… ЛIыр щыкъуаншэми, губжьрэ гужьгъэжьрэ мыхъуу, зылъэгъэкI уи акъылрэ шыIагъэ хэхарэкIэ зебгъэцIыхужыну… Щысхь уи щхьэгъусэм, хуэгумащIэ!» – жиIэри Лауцэ игу тIысыжауэ щытат зытэлайкIэ. АрщхьэкIэ къыхопIэскIукI аргуэру абы и гур: «Езыр Iейуэ мыгумащIи!»

КъэскIат Лауцэ и фэм зихъуэжу, ауэ зигъэIуатэкъым, зиIыгът, и гур зэхуищIыжыпауэ.

Хъыджэбзыр арыххэу зэрыпIейтеям гу лъитауэ, къопсалъэ Мысхьуд:

– Сыт, Лауцэ, апхуэдизу ухэзыгъаплъэр?

– Уи гумащIагъэрщ… Илъэсым нэблагъэкIэ, Налшык узэрыдэкIыж лъандэрэ, махуэ къэс къысхуэптха письмохэрщ! – Хъыджэбзыр и анэм къыжриIэгъа Iущыгъэхэм ебакъуэу и шыIэншагъэр къызэребгъэрыкIуэм гу лъитэжа пэтми, къызэтемыувыIэжыфу къыщIегъу и шхыдэм. – «Дыгъэм пшэ техьэкIэ, ар ункIыфI хабзэкъым!» – жыпIэри зыбгъэбзэхыжащ, узыщыхэтыр сымыщIэу!

– Япэрауэ, зы илъэс ныкъуэщ дэкIар. ЕтIуанэу, зы мазэщ дызэхуэмызэу дэкIар. Ещанэу, зыбжанэрэ унэкIуэжащ къуажэм, абы сызэрыдэсым ущыгъуазэу.

– АтIэ, сыту зэ зыкъысхуумыгъэзарэ?

– УкъыдэкIыжа и ужькIэщ уи хъыбар щызэхэсхар… Уэ… м… м… ягъэ кIынтэкъым зыкъэзбгъэщIамэ…

«ЛIым и тэмакъым ущIэмыгъуалъхьэ… Щысхь уи щхьэгъусэм… хуэгумащIэ», – Лауцэ и гум аргуэру къыхолъэт анэм и псалъэхэр, ауэ и тэмакъкIэщIыгъэр къыфIопсалъэ: «Ар си щхьэгъусэ, хьэмэрэ къысхуэгумащIэ!?»

– Лауцэ, къысхуэгъэгъу, – къопсалъэ Мысхьуд къыдэмыплъэйуэ и щхьэ ехьэхауэ здэщытым. – Шэч хэмылъу, сынокъуэншэкIащ. Ауэ сэ сыкъыщIэкIуар си къуаншагъэмкIэ зызумысыжын къудейуэ аракъым, – и псалъэр зэпегъэу тэлайкIэ, и жыIэр хъыджэбзым къызэрыщыхъур зригъэщIэну пэплъэу.

Лауцэ зэрыщымт.

– Сожьэ, Лауцэ, – жеIэ Мысхьуд.

Хъыджэбзым и щхьэр зэуэ къеIэт.

– Сожьэ жыпIа?

– Аращ.

– Дэнэ уздэкIуэр?

– Дзэм сокIуэ, къулыкъу щысщIэну.

Лауцэ къыщолъэт. Зыгуэр къеIунщIа щIыкIэу къоскIэ.

– ПщIэрэ, – жеIэ Мысхьуд, Лауцэ къызэрыщтам гу лъимытэу, – БыртIым дыгъуасэ ежьакIэщ, си гур тепщэхащ.

– Мысхьуд, дауэ жыпIэфрэ апхуэдэу?

– Сыту?

– Ана-а, абы и натIэ къритхар пщIэрэ? Сыту щытми, дзэм яшащ... Дзэм кIуэныр фызышакIуэкъым...

– ТIури зыщ БыртIым дежкIэ! Апхуэдэр пхъэмыфщ, псыми щIимылъафэу, мафIэми имысу...

– Хьэуэ, Мысхьуд, – Iэпеуд псалъэр хъыджэбзым, – гущIэгъуншагъэщ дзэм кIуэм папщIэ «Си гур тепщэхащ!» жыпIэныр.

– Уэи, мыгущIэгъуншагъэ атIэ. Куэд щIат ар дзэм кIуэн зэрыхуейрэ. Ауэ щхьэусыгъуэ Iэджэ къигъуэтурэ, зыпигъэIэщIащ. Иджыри хэтащ ар мыкIуэну. И адэри езыри Iэджэм елъэIуащ, къагъэнэну. Уеблэмэ Iулъхьэ ятыну хэтауэ жаIэ...

Лауцэ щым дыдэу гузавэрт, зэхих щымыIэжу. Мысхьуд и псалъэхэри зыщIыпIэ дэгуу, зэхэщIыкIыгъуэншэу къиIукIыут иджы зэрызэхихыжыр.

– Уэи, сэ абы сыхущIэджэу е си ней щыхуауэ армыра. Ауэ сытми хуэфащэу зэрагъакIуэм тежысIэ къудейщ.

Лауцэ зэрыщымт. Абы зыри фIэIуэхужтэкъым. Пщащэм игури и псэри гузэвэгъуэ щIыIэкIэ зэщIащтат Мысхьуд и псалъэхэм: «Дзэм сокIуэ къулыкъу щысщIэну», – зэрыжиIам. Еуэнурэ ежьэжынущ. Къигъэзэжыни къимыгъэзэжыни!.. Сыт жиIэр?! Дауэ и жьэ къекIуа?! Зэм зыхуошхыдэж, зэми дзыхьщIыгъуэджэ щIыIэм зэщIеIулIэ хъыджэбзыр. Ауэрэ, уэгъум игъэхулIа щIанэм ярейуэ, зэщIохулIэ и Iэпкълъэпкъыр. И фэр шэхуу покI. ЗэфIэкIи лъэкIыныгъи хэмылъыжу зэфIоутахэ. И пIэ имытыжыфу зыщричым, и щхьэр мэуназэ, ауэ зиIыгъщ лъэныкъуэкIэ емыщIэу. Абы гу лъызыта Мысхьуд къыжеIэ:

– Лауцэ, зыгуэр уи лажьэщ уэ слъагъум! – ЩIы щIагъым къыщIэIукI макъ дэгу мащIэут ар Лауцэ зэрызэхихар. – Сыт, Лауцэ, сыт нэхъ зыдэбгъуэр, зи лажьэр кIуэду зи узыр сэ схьын? – жиIэу и щхьэм Iэ делъэ, плъыржьэру зрекъузылIэ. Хъыджэбзым Iуплъэну мащIэу зыIуегъэкIуэтри, а тIум я нэр зэIуощIэ. ГукIи псэкIи зэхуэхьэлэлу ягу зэрызэхэлъыр зэхуаIуатэрт абы я нитIым. Зы гурылът, зы гу плъыгъуэт а тIум зэхуаIэр. Хьэкъыу и фIэщ хъуат ар Лауцэ. ХьэщIэлI Мысхьуд дежкIи ар шэч зыхэмылъыжт. Пэжу, и гумрэ и щхьэмрэ фIызэныкъуэкъуу щыхэплъэ щыIэт Мысхьуд гуитIщхьитIу: «Узэсэр сэгъейщ». А тIур зэсам ебакъуэу насып зэхуэхъуфыну пIэрэ? Хьэмэрэ «Уэ уджатэмэ, сэ сытопщ!» – жаIэу я жагъын зэпагъэуву, зэса фызкъэмышэ гъащIэм щаIэ фIыгъэ сэбэпхэр ираудыхыу, а тIум я гур зэхуэмыуфIыцIыну пIэрэ? Абы и закъуэ сытми! Зэщхьэгъусэ-зэпсэуэгъухэм я гъащIэм щилъагъу мыхъумыщIагъэ къомым езыр ебакъуэу, а Лауцэ насып хуэхъуфыну пIэрэ?..

Лауцэ аратэкъым. Абы хьэкъыу и фIэщ хъуат и насып зыхэлъри, и дуней нэхугъэри ехьэкI щымыIэу Мысхьуду. Ауэ дэнэ къикIа лажьэ и дуней нэхугъэр къытезыгъэункIыфIэр? МэупщIэ

зыхуэмыIыгъыжу Лауцэ. МэупщIэ, апхуэдизу зэрыгухэм папщIэ губгъэн зыхуищIыжу. Сыт делагъэ упщIэ абы къытезэрыгуахэр?! Дунейм, сыт абы къытепсыхар апхуэдизу гужьеин хуэдэу?.. Хьэмэрэ, Мысхьуд и закъуэ дзэм къулыкъу щызыщIэну кIуэ зи хабзэр? ИмыщIэу пIэрэ къэралым ис дэтхэнэ зыми папщIэ дзэ къулыкъур щIыхь зыпылъ къалэну зэрыщытыр?!

Мысхьуд гукIи псэкIи зыхищIат Лауцэ и пIейтеигъэр зэрыгуащIэр, кууэ пкърыхьауэ и къарур кIуэ пэтми зэрыIэщIихыр. Абы къыхэкIкIэ дахащIэ зэпыту ар хъыджэбзым хуогумащIэ, хуогущабэ. IэпыщIэхункIэ дзыхь тримыщIэми ярейуэ, сакъ дыдэу пщащэр еIэтри шэнт щабэм ирегъэтIысэх. Езыри лъэгуажьэмыщхьэу еувэхауэ, Лауцэ и IитI IэщIэлъыр и нэм, и псэм хуехь, и нэкIу плъыржьэрым ирекъузылIэ, дзыхьмыщI-дзыхьмыщIу пщащэм худэплъейуэ и IупитI плъахэм яхуехь.

– Лауцэ, си псэр зышхын, сыт апхуэдизу узыгъэгухэр?

Лауцэ зэрыщымт. И нитIыр зэтелъу гурыгъуазэу хоплъызэ, гузэвэгъуэ къытезэрыгуам пэмылъэщу нэхъри мэгумахэ. АпхуэдизкIэ зэфIэутэхати, Мысхьуд IэщIэлъ и IитIым пкъы ящIэмытми ярейуэ пкъыхауэ къыIэщIощIыIэ. И щхьэр зытелъ куафэхэм къагъэхуабэ къудейт.

«Арауэ къыщIэкIынщ си насыпым и гъунапкъэр, – жеIэ игукIэ Лауцэ. – Армырамэ, апхуэдизу сыгужьеинтэкъым… Си гум сыкъыщигъапцIэ щыIакъым…»

«Щхьэ ущым, Лауцэ?.. Нэхъ зыдэбгъуэр къызжеIэ! СхузэфIэкI къэзгъэнэнкъым, узыхуейр пхуэсщIэн папщIэ. КъызжеIэ закъуэ… Зы мащIэ дыдэщ зэману сиIэжыр. МахуитI дэкIмэ, ещанэм сежьэнущ. А зэман мащIэр гухэхъуэу, ди насып нагъыщэу зэдэдгъэхь!» – жеIэ Мысхьуди псалъэншэу. Абы и щхьэр еIэтри елъагъу Лауцэ и нэкIубгъуитIым ежэх нэпс къуэпсхэр. Арыххэу зеIэт Мысхьуд къэуIэбжьауэ.

– Мыр сыт, Лауцэ, сымылIэ щIыкIэ сыбгъейуэ ара?

Лауцэ зыри жимыIэу къызэфIоувэри Iэпхъуамбэ пкъыхэхэр щIалэм и щхьэц Iувым щIеIу. ЩIопэщэщыхь. Ар зэрамыупсар егъэщIагъуэ. ПцIыуэ пIэрэ атIэ дзэм кIуэуэ Мысхьуд жыхуиIар? ГушыIэу ара игъэунэхуну? Хьэуэ, Мысхьуд апхуэдэ гушыIэ хьэл иIэкъым…

Лауцэ и гупсысэхэр гурыгъуазэу къищIами ярейуэ, къопсалъэ Мысхьуд:

– СыхьэтищкIэ дыпэплъащ парикмахерыр къэкIуэным. КъыщымыкIуэм, даутIыпщыжащ, дэр-дэру едгъэупсыжыну къыджаIэри…

Арыххэу гупэбжэр мэкIыргъ. Мысхьуд къыщолъэтри Лауцэм пэщIокIуэт.

– Къысхуэгъэгъу, Мысхьуд, – жиIэу Гуащэ пэшым къыщIохьэ, шхын зытет поднос иIыгъыу, – нэщIу ущыдгъэсащ.

– Уэи, зыягъэ мыкIын. «ХьэщIэ хьэзыр щхьэкIэ, бысым хьэзыр?» – жыхуаIэращ.

Гуащэ къихьа шхыныр стIолым къытрегъэувэ. Сэ, гуахъуэ къытрелъхъэ.

– ФыкъэтIыс, – жеIэри Лауцэ и нэгум иплъауэ, ар зэрынэщхъейм гу лъетэ. НэкIу уфэяхэм къежэха нэпс лъагъуэхэри елъагъу.

Ауэ гу лъимыта щIыкIэу, зыри жимыIэу, зэгъэзэхуа Iэнэм аргуэру йоIэзэщIэж.

Мысхьуд лъэныкъуэ зригъэзауэ щымт.

– Лауцэ, щхьэ ущыт? КъакIуэ мыдэ. ХьэщIэри къэгъэтIыс.

Хъыджэбзым зэуэ анэ шыпхъум зыхуедз гъынанэу:

– Гуащэ, Мысхьуди дзэм яшэ!..

– Ара апхуэдизу ущIэнэщхъейр? Азалыхь, зы бэлыхь къэхъуауэ си гугъамэ! СлIожь яшэмэ! Дзэ къулыкъур Мысхьудкъым къыщыщIидзар. МысхьудкIи ар иухынукъым. Хъарзынэщ, ирекIуэ. ЛIы хъуауэ къигъэзэжынщ. Тхьэм узыншэу къихьыж… Ауэ щыхъуакIэ, азалыхь, гъуэгу махуэбжьэ дымыIэту мыхъун, – жиIэурэ Гуащэ щIокIри арыххэу къегъэзэж, аркъэ птулъкIэрэ рюмкищрэ иIыгъыу.

– ИIэт, фыкъэтIысыт.

Лауцэрэ Мысхьудрэ гукъыдэж щIагъуэ ямыIэу мэтIыс.

– Азалыхь, Мысхьуд, мыр уэ Iух, армыхъумэ сэ схуIумыхыну, – жиIэурэ аркъэ птулъкIэр щIалэм хуегъэкIуатэ.

– Уэи, сефэн дэнэ къэна, сэри си гъащIэм фадэ птулъкIэ Iузмыха.

– Дэри дыщыхамэщ абы, ауэ нобэ уи саулыкъукIэ къэсщтауэ аращи, Iуумыхыу хъунукъым.

Мысхьуд къищта птулъкIэр илъагъу хабзэхэм хуэмыдэу инт, узримыгъэплъу гъэщIэрэщIат. Егъэбгъунлъэри птулъкIэ джабэм тетхам къоджэ: «Посольская водка».

– Уэи, мыпхуэдэ фадэ игъащIэм сымылъэгъуа. Мыр дэнэ къипха?

– Нэгъабэ Мэзкуу Союзпсо выставкэм сыщагъэкIуам, ежауэ къащэхуу слъагъури къэсщэхуащ.

Мысхьуд аркъэ птулъкIэр Iуехри ирегъахъуэ рюмкэхэм ярызу.

– АтIэ, Мысхьуд, – жеIэ Гуащэ къотэджри, – ди еджапIэр къыщыбухам сынохъуэхъуфакъым. Абы къыхэкIкIэ, япэрауэ, сынохъуэхъу еджапIэр къызэрыбухамкIэ! Уи IэщIагъэм и хъер тхьэм уигъэлъагъу, гуфIэгъуэ куэд къыпхудигъакIуэ! ЕтIуанэу, дзэ къулыкъу гъуэгуанэ утехьэу жыбоIэри, узыншагъэрэ ехъулIэныгъэрэкIэ къепхьэлIэну сынохъуэхъу! ДэнэкIэ бгъазэми уи насыпыр щреин! Уи фIыщIэмрэ щIыхьымрэ сыт щыгъуи хэзыгъэхъуэн лIыгъэ-хахуагъэр уи дэкIуэшэну гукIи псэкIи си гуапэщ.

Гуащэ и рюмкэр иунэщIат. Лауцэрэ Мысхьудрэ хэIубэри хагъэщIа щымыIэу ягъэувыжат.

– Хьэуэ, ар мыхъунщ, – жеIэ Гуащэ, – япэ хъуэхъур нэсу ифыпхъэщ. НэгъуэщIкIэ фыхэзгъэзыхьынкъым. Ауэ мы зэм нэсу фефэ.

Арати, япэ хъуэхъубжьэр щIалэмрэ хъыджэбзымрэ ираф яфIэмыфIыщэу.

– Уэи, Гуащэ, – жеIэ Мысхьуд и гурыхь шхэныр зэпигъэуауэ, – сянэри гурыхьу мэпщафIэмэ, ауэ уи шхыным хуэдэу шхын IэфI срихьэлIауэ сымыщIэ. Епэр хэплъхьами ярейщ уи джэд лыбжьэм, апхуэдизу гур зыгъэпIейтей мэ гуапэкIэ гъэнщIащи. Уи пIастэри данэгъуэжьычщ, щымыщу зы мэскъал хыумыгъуэтэну, дэ купщIэ фIэкIа зэрыпщIэн щыIэкъым. Уи лэкъумырщи – Iуэху ящIу ягъэпща щIыкIэу мэбыб, къыпIурощащэ.

– КъысхуэпщI гуапагъэм и макъыу аращ ар, Мысхьуд, армыхъумэ си шхыныр зэрынэхъыфI щыIэкъым, – жеIэ Гуащэ.

– Уэи, фIыщэмэ. Выставкэм ебгъашэ хъунмэ.

– Фышхэ атIэ, фыщыс, зывмыгъэзэш. Магнитофоныр трюмо тумбочкэм дэтщ. Музыкэ федаIуэ. Сэ модэ сыкIуэнщи си Iуэху злэжьурэ телевизорым сеплъынщ. – И Iэпщэ сыхьэтым йоплъри къыпещэ, – иджыпсту «Хасэр» къагъэлъэгъуэнущ телевизоркIэ. Си гуапэщ абы сеплъын – фIыуэ егупсысауэ, акъыл хэлъу къат. А тыныгъэм куэдым гу лъызигъэтащ адыгэм я гъащIэм, IуэхущIафэхэм теухуауэ, си фIэщ ищIащ ди адыгэ хабзэм Iущыгъи сэбэпагъ куэди зэрыхэлъыр.

Гуащэ щIокIри Мысхьудрэ Лауцэрэ я закъуэ къыщIонэ пэшым. ЗаулкIэ щысащ ахэр щыму, зэжраIэ щымыIэу. АтIэ тIуми гукъыдэж къаритат зэфа фадэбжьэми, белджылыуэ нэхъ къэжанахэт.

– Игъахъуэт, Мысхьуд, – зызэщIепхъуэтри къопсалъэ Лауцэ.

Мысхьуд арыххэу рюмкитIым ныкъуэ-ныкъуэу ярегъахъуэ.

– ЖыIэ, Мысхьуд, сыт дызыхуефэнур?

Мысхьуд мэгупсысэ, жиIэн имыщIэу.

– Сыту ухигъаплъэ хуэдэ си лъэIум? ЖыпIэн умыщIэу ара?

– Уэи, сымыщIэххэу…

– Аращ, умыщIэххэу къыбжьэдэлъэтырщ гурылъ псалъэ пэжыр. Псалъэ пэж уимыIэу ара?

– Уэи, сиIэм!.. ИкъукIэ си гуапэщ, Лауцэ, насып ин уиIэну, гурыфIыгъуэ гъащIэр пхуэкIыхьыну!

– Уэращ ар зи Iэрылъыр, Мысхьуд! Си нэмысри си насыпри уэращ зи Iэмырыр! 

– АтIэ дофэ – уи гухэхъуэр иреин, уи насыпыр ирелъагэ.

Лауцэ ефэри тэлайкIэ щытат еплъыхыу, Мысхьуд къыбгъэдыхьэным пэплъэу. АрщхьэкIэ ар ефэри тIысыжауэ шхэрт. Хъыджэбзыр мышхэу зэрыщытыр елъагъури зыхуегъэзэ:

– Лауцэ, тIэкIу едзакъэ. Фадэм и нэр изыщIыр шхынырщ жаIэ.

Хъыджэбзым зыри жимыIэу макIуэри магнитофоныр къещтэ. Ирегъажьэри адыгэ къафэм зыкърекIут. ИрегъэкIэрэхъуэкIри «Ленэ дахэкIей» уэрэдым зеIэт. Ари фIэмыIуэхуауэ егъэкIэрахъуэ. Ауэрэ Зырамыку къыхедзэ «Iэдииху» уэрэдыр. Абы йодаIуэ иухыху. Гурбияныгъэм хунэсрэ жыпIэну гукъыдэжышхуэ игъуэтат хъыджэбзми, и гурыщIэр къызэрыдэхьеят. ЩIихьауэ псынщIагъэ къафэкIэ зиудынызщIэным и гур хуэпабгъэрт. Ауэ Мысхьуд щыму зэрышхэм иризэгуэпу зиIыгът.

Арыххэу магнитофоныр егъэувыIэри:

– Мысхьуд, игъахъуэ иджыри!

– Мыкуэду пIэрэ?

– Дэнэ къикIа куэд! НэгъуэщI мыхъуми, Iэнэр лъакъуищ иридгъэкъун хуейщ! Урысми зэрыжаIэщи, «Бог троицу любит».

Мысхьуд тIэкIу-тIэкIуу ирегъахъуэ рюмкэхэм.

– Хьэуэ, хьэуэ! Ар мыхъунщ, – жеIэри Лауцэ рюмкэхэм ярыз ещI. – АтIэ, Мысхьуд, иджыпсту дызыхуефэнур пщIэрэ?

– ЖыпIэмэ, къэсщIэнщ.

– Ди насыпым папщIэ! – нэхъу-нэхъуу жьэхоплъэ Лауцэ щIалэм. Мысхьуди абы Iуплъат япэрей Iэнкуныгъэр щхьэщыкIауэ, и къарумрэ и гурыщIэмрэ къеблауэ хъыджэбзыр зэщIиубыдэным и гур хуэпхъэру. Абы и нитIым къащIих гухэлъ бзий гуащIэм Лау-

5 Заказ №642

цэ и гур зэпхилыгъукIыу, и лъынтхуэ псоми щыпщтыр къыфIэщIу егъэгущкIэщI.

КъызэщIэна щIалэм и Iуплъэгъуэ гуащIэр хуэмышэчу, умэзэхыпауэ напIэхэр ирехьэх.

– Содэ, – жеIэ Мысхьуд нэшхуэгушхуэу, – содэ, ди насыпым папщIэ!..

Лауцэ и рюмкэр къеший Iэнкуну.

– Хьэуэ, апхуэдэукъым, ди насып хъуэхъум хуэфащэн гурыщIэ хэлъу дегъафэ мы бжьэм! – жеIэри ижьырабгъумкIэ зэхуэгъэзауэ зэпоув. Рюмкэр зэраIыгъ Iэ ижьхэр зэрадзэ. Мысхьуд и рюмкэр еунэщI. Лауцэ къехьэлъэкIыу, псчэуэ, ерагъкIэ тIэкIу хоф. Арыххэу Мысхьуд хъыджэбзыр зыIэщIеубыдэ. АпхуэдизкIэ имыщIэххэу зыхуидзри зыIэщIиубыдати, хъыджэбзым рюмкэр IэщIохури мэкъутэ. Езы Лауцэ и щхьэр уназэу зэфIэутэхащи, зыкъуза IитIым япэщIэту еныкъуэкъуну хузэфIэмыкIыу, щIалэм ба къыхуещI бауэкIэщI хъуауэ. Мысхьуд и Iупэ плъахэр нэхъуеиншэу топщтырэ хъыджэбзым и Iупи, и нэкIуи, и натIи, и пщэхуми, и нитIми. Лауцэ кIуэ пэтми мэщтэIэщтаблэ. Зыхуза IэплIэм зыIэщIихыну и IитIыр ешэщI. АрщхьэкIэ хулъэкI щымыIэу, Iэпкълъэпкъыу иIэр щIохулIэ.

Мысхьуд зэрелIалIэ щымыIэу зэщIиубыдауэ хъыджэбзыр еIэтри щхьэгъубжэм хуехь. Щхьэгъубжащхьэм трегъэтIысхьэри щхьэгъубжэр зэIуедз. Хьэуа къабзэр псынэ Iубыгъуэу къаIуроуэ гуапэу. Уафэгу лъагэр зэщIопщIыпщIэ мазэншэу, вагъуэр изщи. Псэущхьэ закъуи дунейм темытыж щIыкIэу, нэр зытеплъэр мамырт. Жыг щхьэкIэ Iувхэр ещIыхыпати, щхьэукъуэ хуэдэт. Арыххэу, Гуащэ и пэш щхьэгъубжэр зэрынэхур елъагъури, анэ шыпхъур къыIуплъа къыфIэщIу, щхьэгъубжащхьэм тес Лауцэ мащIэу зыкъыбгъэдех Мысхьуд, хъыджэбзым и IитIыр зэрыIэщIэлъу. АрщхьэкIэ а тэлайм зэуэ мэункIыфI Гуащэ и пэш щхьэгъубжэм къыдидза нэхур.

Лауцэ жьыIурыхуэгъуэ игъуэтри нэхъ зыкъиущIэжат. И щхьэ уназэри нэхъ мэщIат, гурыщIэ жанкIи нэхъ жыджэрат.

Мысхьуд и нэхъуей икIауэ а зэрыплъыржьэрт. Iэнкуну щытар арауи умыщIэжыну, Iэпхъашэлъэпхъашэт, хъыджэбзым хуэIэпхъэшапхъэу. ЗаулкIэ нэхъ мыхъуми, абы IэщIэлъ IитIыр иутIыпщмэ, зэпэIэщIэным иришынэми ярейуэ, зыIэщIикъузэрт Лауцэ и Iэхэр. Ахэр еутIыпщри, и гумрэ и псэмрэ хыхьэпауэ зрекъузылIэ хъыджэбзыр, зыщимыгъэнщIу ба хуищIын щIедзэж, и нэм, и псэм хуихьу.

– Хъунщ иджы, Мысхьуд, – жеIэ Лауцэ щIалэм зыIэщIихыу. АрщхьэкIэ гухауэ щIалэм и IэплIэм йохулIэ аргуэру.

– Хьэуэ, Лауцэ, – жеIэ Мысхьуд, – ныжэбэ жэщыр дыдейщ. ЦIыхупсэ хуиткъым къытпэрыуэну… Ар ди насыпымкIэ хъун хуейщ лъагапIэ!..

А псалъэхэр жиIа къудейуэ, Налшык къыщикIыж пщыхьэщхьэм Лауцэ жриIа псалъэхэр и гум къокIыж: «Щхьэгъусэ гъащIэм апхуэдизкIэ мыхъумыщIагъэ куэд щызолъагъури, си фIэщ хъуркъым зы бзылъхугъэ гуэри насыпыфIэ схуэщIыну!..» ТэлайкIэ абы хигъэплъат гупсысэу. АрщхьэкIэ игу хэмыхьэщауэ, зыфIимыгъэIуэхуми нэхъ къищтэу, Лауцэм еубзэрэбзэн щIедзэж, и нэм, и псэм хуихьу. Заул дэкIауэ, хъыджэбзыр умэзэхыпауэ

IэплIэешэкIыу здиIыгъым, аргуэру абы и гур къыходзэкъыкI: «Уэ узэсари щхьэгъусэ пщIы хъыджэбзыр зэсари зы зэрыпщIыфын акъылрэ шыIагъэрэ уиIэну пIэрэ?.. «Уэ уджатэмэ, сэ сытопщ!» – жиIэу къыппэувмэ-щэ?.. А щхьэгъусэ пщIыну узыхуэгуращэм и гъащIэм щысэбэп фIыгъэхэм уапэрыуэу, насыпыншэ умыщIыну пIэрэ, – уи гур зыхуэпхъэрыр?.. Ардыдэр къыуипэсмэ-щэ езы хъыджэбзым?» Къытезэрыгуа гупсысэ-гурыщхъуэхэм ягъэгуха щIыкIэу, хъыджэбзым и плIэм яришэкIа IитIыр мэпкъыхэ. Хэплъызэпауэ езы Мысхьуди мэщым.

Лауци абы гу лъитауэ, щIалэм ней-нейуэ худоплъей. НэкIущхьэ плъахэр щIалэм и нэкIум ирекъузылIэ. Щхьэц Iувхэр дрелъэщIей. ЕдэхэщIапэу Iэ делъэ. Мысхьуд зэрыщымт. И IитIыр ещIыхат. Зытеса щхьэгъубжащхьэм къоувэхри, Лауцэ щIалэм зрекъузылIэ аргуэру.

Мысхьуди къэжаныжауэ зрешэкI пщащэм. Арыххэу щIалэм и Iэ ижьыр тоIэбэ хъыджэбзым и дуфач щIыIум. Ар зэуэ къоскIэ. Малъхъэдис щIыкIэу щIалэм и IитIыр зыщIешэ хъыджэбзым и бгъафэ хуабэу къещэбэкIам. ЗрекъузылIэ, бгъэ щхьэнтэ лъагэхэм быдагъэу яIэр щIалэм зыхищIэу. КъызэщIост нэхъри Мысхьуд и гурыщIэр. И нитIыр къыщепхъуэ. И нэхъуей икIауэ, ищIэми илэжьми емыгупсысыжу мэIэбэрабэ. И Iэ лъэщитIым шэжыпкъыу къару ягъуэтыжат аргуэру.

Алъандэрэ къызэрыфIэIуэху щымыIами, Лауцэ иджы ягъэшынэпат Мысхьуд и IэбэкIэм. АрщхьэкIэ щIалэм еныкъуэкъуну къару лъэпкъ хуэщIыртэкъым.

– Сыт пщIэр, Мысхьуд! Умыделэт иджы! Уи акъыл уимыкIыт, зи лажьэ кIуэдын! – жиIэ мыхъумэ, щIалэм и Iэбэлъабагъэм хуещIэф щымыIэу зэфIэутэхат.

Мысхьуд арыххэу уэздыгъэр егъэункIыфI. Илъагъу щымыIэу пэшыр кIыфIт. Лауцэ щхьэгъубжэм и деж щытыжтэкъым. И макъ игъэIуну дзыхь имыщIу, лъыхъуащ тэлайкIэ щыму, хъыджэбзым теIэбэн и гугъэу и Iэр шияуэ. Щимыгъуэтым, еджащ Лауцэ. Пэшыр зэрыщымт.

Хъыджэбзым и псэр IукIауэ зиудыгъуауэ гъуэлъыпIэм ист, къауц щхьэнтэ лъагэм нэкIукIэ зыхиIубауэ. КъаскIэрт абы и гур зэпымычу, кIэкуакуэрт. Зы мэскъал къудейкIи зэрызиIыгъын къару иIэжтэкъым. Къытепсыхэнур зищIысми ар дахэ-дахэу егупсысыжыфыртэкъым. И гур зыхуэмыжэ щымыIэу пкIэтэлъатэрт…

– Лауцэ, дэнэ ущыбзэхар? – хъыджэбзыр нэхъри къегъаскIэ щIалэм и макъым.

Пэшыр аргуэру зэрыщымт. Щымыхъужым, Мысхьуд уэздыгъэр щIегъэнэжри къелъагъу Лауцэр. Арыххэу егъэункIыфIыжри зыхуедз хъыджэбзым. ЗэщIиубыдауэ ба хуещI, зыIэщIекъузэ.

– ПщIэр сыт, Мысхьуд! Уи адэм и псэмкIэ сынолъэIу!..

Мысхьуд и ба пщтырхэм хъыджэбзым и жьэр щаубыдыкI, псалъэр нимыгъэсу. Лауцэ абы йоныкъуэкъу, хулъэкI щымыIэу. ТIэкIу-тIэкIуурэ IэщIоухапэ хъыджэбзым и къару мащIэр.

Иджы Лауцэ хулъэкIыж щымыIэу кIэкуакуэ къудейт. Iэпкълъэпкъыу иIэр щIэхулIэпауэ зэфIэутэхат…

«Арауэ къыщIэкIынщ си натIэм къритхар… Къыпхуиухам фIэкIыпIэ имыIэу жыхуаIэри арагъэнщ», – жиIэу мэгупсысэ Лауцэ пIэм здыхэлъым…

Нэрэ напIэрэ зэхуимыхьауэ нэху къытещхьат Лауцэ.

Куэдрэ мыжейуэ хэлъат Мысхьуди. Хэлъат IэщIэщIа цIыхугъэншагъэм папщIэ зыхуэшхыдэжу. Ауэ зэрыхъуар имыщIэу, кIуэцIрыхуами ярейуэ, Iурихат щIалэр, нэхулъэр къиищIын щIидзауэ.

Лауцэ сакъыу, зимыгъэIуу гъуэлъыпIэм къоувэх. Зехуапэри къыщыщIа щIэщхъум и лъэужь къэмынэным хуосакъ.

Гуащэ жэмыр ишауэ дигъэкIырт пщIантIэм. Гу къалъимытауэ пIэрэ абы ныжэбэ? КъалъимытагъэнкIи хъунщ – ар пасэу гъуэлъыжащ. Анэ шыпхъур дэкIа щIыкIэ егъэжьэжын хуейщ, Мысхьуд мыбы нэху къызэрыщекIам гу лъимытэн хуэдэу.

Мысхьуд жей куум зэрыхэтти, IэфIу жейрт. Къигъэушыну фIэпсэкIуэду, тэлайкIэ зиIэжьащ Лауцэ. АрщхьэкIэ хъунутэкъым къимыгъэушу.

– Мысхьуд… Мысхьуд… – езым зэхихыж къудейуэ йоджэ. ЩIалэр къэушыркъым. И натIэм къещэтэха щхьэц Iувхэр иреллъэщIэкI. И нэкIум щабэу толъащIэ. Арыххэу къызэщоу Мысхьуд. Лауцэ къелъагъури укIытэжауэ мэIэнкун тэлайкIэ. АрщхьэкIэ зызыщIепхъуэтри къыщолъэт. Лауцэр IэплIэешэкIыу зыIэщIекъузэ, зыщимыгъэнщIу бакIэ щIегъанэ.



– Къысхуэгъэгъу, Лауцэ! СынолъэIу ину, къысхуэбгъэгъуну!..

– Уэ сыт уи лажьэ… Лажьэм ихьын хуейр сэращ.

– Апхуэдэу жумыIэ. Лажьэ зиIэр сэращ. Ауэ мы зымкIэ уи фIэщ сыпщIыну сынолъэIу – хьэрэмыгъэ сигу пхуилъакъым. Нэпсым хуэдэу къабзэщ пхуэсщIа гурыщIэр. Уэ зыращ гъащIэ сиIэхукIэ сызыхуэпсэунур! Уэ зыращ гугъэуи гъащIэуи сиIэнур!..

Лауцэ зэрищI хабзэу, и Iэпхъуамбитхур Мысхьуд и щхьэц Iувым щIиIуауэ и щхьэм йопэщэщ. ЩIалэм зришэкIауэ бгъафэм щIекъузэ. ЗыщимыгъэнщIуи и нэм, и псэм хуехь.

Арыххэу зызыщIепхъуэтри хъыджэбзыр мэгупсысэ, гузэвэгъуэ щIыIэр къыщIыхьауэ: «Екъунурэ ежьэжынущ… Дауэ сыхъуну сыщхьэзакъуэу… КъыскIэрыпщIаIамэ-щэ! – нэхъри къолъэт и гур. КъызэфIэнэпауэ и пщэр щеубыдыкI гухэщIым. Арыххэу нэкIу уфэяхэм къоушкIуриех нэпс хуабэр. ЗыхуэмыIыгъыжу зэщоджэ.

– Лауцэ, сынолъэIу апхуэдизу уи гур хыумыгъэщIыну! – къэуIэбжьауэ зыкъыщIех хъыджэбзым и бгъафэм.

– Ягъэ кIынкъым. Гухагъэр къыстекIуащ… Си натIэ хъунум согупсыс.

– Уи натIэ хъунур белджылыщ… Къытхуиухам тIури дыхуэзащ. Нобэ щыщIэдзауэ дызэщхьэгъусэщ.

– Дауэ дызэщхьэгъусэу?.. Дынэчыхьыншэщ… Си анэм жиIэнури сщIэркъым…

– Хэти сыти жреIэ, Лауцэ, уарэзымэ, зэфIэкIащ. Уэрэ сэрэщ абы и унафэр зыIэщIэлъыр. Уарэзымэ, икIэщIыпIэкIэ къуажэм докIуэри нэчыхь идогъэтх.

– Сыт къуажэм дыщIэкIуэнур? Къалэм-щэ?

– Къалэм чэзукIэ упэплъэн хуейщ. ИтIанэ сэ мыбы сыдэскъым. Аращи, зыгъэхьэзыр. ИкIэщIыпIэкIэ докIуэ!

– АтIэ автовокзалым кIуэи уэ билет къэщэху. Зызгъэхьэзырынщи сынэкIуэнщ.

Мысхьуд зетхьэщI, зехуапэри пIащIэу макIуэ автовокзалым.

Лауцэ зигъэхьэзырыну жиIами, и щхьэусыгъуэр нэгъуэщIт – Гуащэ къигъэзэжыху пэплъэу, къуажэм зэрыкIуэжынумкIэ хъыбар иригъэщIэну арат.

Куэдыщэ дэмыкIыу къегъэзэж Гуащэ. Ар, япэм пщэдджыжькIэ зэрищI хабзэу, къыхуэнэщхъыфIэкъым хъыджэбзым. И нэщхъыр зэхэукIауэ блитхъури зыри жимыIэу щIыхьат пщэфIапIэм.

Лауци пэшым щIохьэжри мэгупсысэ, Гуащэ зэрепсэлъэнур имыщIэу. Анэ шыпхъур арыххэу къыщIохьэ пэшым. Зэрынэщхъыцэу къыIуоплъэ и шыпхъурылъхум. Гу щIыIэ-псэ щIыIэуи къыжеIэ:

– СлIожь, ебгъэжьэжауэ ара?!

«Ар мыбы нэху къыщекIакъым!» – жиIэну и Iупэм къэсат Лауцэ, ауэ пцIы хуэмыупсу мэщым еплъыхыу.

– Азалыхь, щхьэпылъапIэм срашэлIами си фIэщ мыхъунт а уи щхьэм иупэсыжам ауи гукъэкI хуэпщIыну!

Лауцэ зыри жимыIэу щыму хоплъызэ. Анэ шыпхъум гу къызэрылъитар и фIэщ хъупауэ, зыхуэмыIыгъыжу и гур мэкIэкуакуэ.

– Сыт атIэ иджы фи мурадыр? – Лауцэ жиIэным пэплъэу зеIэжьэ. АрщхьэкIэ Лауцэ зэрыщымщ. – Екъунурэ ежьэжынущ, уэ хамэ фIейр пкIэрылъу укъэнэнущ, ара?

Лауцэ зэуэ къыдоплъей, «хамэ фIей» псалъэр и гущIэм щыдзакъэу.

– Япэрауэ, зыми и фIей скIэрылъкъым, Гуащэ! – жеIэ хэкъузауэ. – ЕтIуанэу, дэ тIур нобэкъым дыщызэхуэзар. Дызэдеджащ, дыкъыздэхъуащ. Ди гухэхъуи ди хъуэн дыджкIи ди гурэ ди псэрэ зэхэлъащ сыт щыгъуи. Аращи, Гуащэ, схуэмыфащэ гурыщхъуэ къысхуумыщI. Ещанэу, уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу! Си напэр сыуэ сфIэемыкIуэщ бжесIэнур. Ауэ сыт сщIэн, бжезмыIэу хъуркъым. Уэ щхьэкIэ сыбзыщIын тхьэм къызимыткIэ! Уэращ, Гуащэ, гуращэ щIэгъууи чэнджэщэгъу пэжуи сызыщыгугъыр! Тхьэм уиузэщI! Сэ пхуэзмыщIэфыр щIыгу гъащIэм тыгъэ пхуищIыну солъэIу! АпхуэдизкIэ си гумрэ си псэмрэ упыщIащи, Гуащэ, си анэм жезмыIэфыну дзыхьыр узогъэз… Къуажэм сокIуэж… Нэчыхь едгъэтхынущ къуажэ Советым.

– Дауэ щевгъэтхыу?! Сыт жыпIэр, на гущэ! Уи анэм имыщIэу… Бердыкъуи щымыгъуазэу!..

– Хьэуэ, Гуащэ, абыхэм схуегъэщIэнукъым хъыбар.

– Дауи, ар тэмэмщ, уэ ебгъащIэ хъункъым. Сэ сыкIуэнщи яжесIэнщ.

– Хьэуэ, хьэуэ, Гуащэ! Ар си щхьэ Iуэхущ. Си щхьэ унафэ сщIыжыпхъэу балигъ сыхъуащ.

– ЖысIэм къедаIуи зыщумыгъауэ, Лауцэ!..

– Гуащэ, дызумыгъэныкъуэкъу абы щхьэкIэ. КъикIын щыIэкъым – си Iуэхур ухакIэщ.

– УхущIегъуэжын мыгъуэщ, зи лажьэ кIуэдын!

– Тхьэ, сыхущIегъуэжми зэфIэкIамэ, – жиIэурэ зызэщIекъуэри къыщIокI. – Аращи, узыншэу, Гуащэ…

– Уи еджэныр дауэ хъуну?

– СыкIуэнурэ зыкъезгъэутIыпщынущ нобэ… Сыкъэгувэнукъым. Нышхьэбэ нэхъ фIэмыкIыу къэзгъэзэжынущ.

– Азалыхь, си мурадыр къызэпыудынумэ абы щыгъуэ.

– Сыту? Сыт мурад?

– Куэдщ, куэдщ. КъикIын щыIэкъым. Къэзгъэнэнщи нэхъыфIщ а си мурадыр.

– Сыт мурад, Гуащэ?

– Мэзкуу, Ленинград зыплъыхьакIуэ кIуэхэм яхэту сагъэкIуэну къызат аргуэру путевкэ. Уэ унэр къыпхуэзгъанэу сыкIуэну си гугъат.

– АтIэ сыт, хъарзынэщ, къысхуэгъанэ.

– Жэмыр ди гъунэгъу Быхуэ естынущ. Джэдкъаз тIэкIурщ.

– АтIэ джэдыр сымыгъэшхэфыну уи гугъэ? Тхьэ, жэмри зесхьэнмэ! Дапщэщ ущежьэр?

– Алыхь, пщэдей сежьэн хуеймэ.

– Хъарзынэщ. ЗикI умыгузавэ. Уигу гъэтIылъауэ ежьэ, Гуащэ.

* * *

Лауцэ автовокзалым здэкIуэм, дедзыхри зыщеджэ техникумым хуеунэтI. ЗыкърегъэутIыпщри, Мысхьуд къызэрыпэплъэр ищIэу, автовокзалым пIащIэу макIуэ.



Нэчыхьытхыр, зэрымыгугъауэ, щIэхыу зэфIэкIат.

Лауцэ а махуэ дыдэм, я уни дэмыхьэжу, Налшык къегъэзэж.

Мысхьуд я деж мыкIуэжу хъуакъым. Дзэ къулыкъум кIуэ щIалэхэм яхэту ар зыщежьэнур Налшыкти, мурад ищIат я унэ дыхьэжу зигъэхьэзыру, зэрежьэнум хуэдэу къалэм игъэзэжыну. Лауци жриIат пщыхьэщхьэхуэкIуэу нэсыжыну. АрщхьэкIэ, и анэ Гуаринэ дэмысу, я унэри гъэбыдауэ къыщIэкIат. Зы сыхьэт ныкъуэкIэ зиIэжьащ, и анэр къэкIуэжыным пэплъэу. Ауэ къыщымыкIуэжым, военкоматым макIуэри хуит зыкърегъэщI, абы къэмыкIуэу, дзэм кIуэхэм Налшык къащыхыхьэжыну. Арыххэуи унэм егъэзэжри и анэм поплъэ.

Гуаринэ къыщыкIуэжар жасыхуегъэзэкI хъуауэт. Зэманыр хэкIуэтами, машинэтедзэкIэ Налшык кIуэну и мурадат Мысхьуд. АрщхьэкIэ и анэм къыхуидакъым. Езыми и ежьэгъуэ дыдэм анэр игъэщIэхъуфакъым.

Зэанэзэкъуэр зэрыжея щымыIэу нэху къекIат. Гуаринэ и щIалэ закъуэм гъуэгу гъуэмылэ хуищIат. Щыгъын щIагъщIэлъи, лъэпэди, бэлътокуи хуижьыщIри, ету тедзэжауэ, хъуржыным хурилъхьат, здрихьэжьэн папщIэ.

Мысхьуд жэщ псом зигъэкIэрахъуэу хэлъат, Лауцэ къызэрыпэплъэм щIэгупсысу. Нэбэнэушэу хэлъа мыхъумэ, зэрыжея щымыIэу, ундэрэбжьагъэфэу къэтэджат жьы дыдэу.

МыпIащIэу тIэкIу зиIэжьэну анэр къелъэIуа щхьэкIэ къимыгъанэу, Мысхьуд пщэдджыжьышхэр епIэщIэкIыу зэфIегъэкIри зызэщIекъуэ зэрежьэнум хуэдэу.

– АтIэ узыншэу ущыт, сянэ. Умыгузавэ, зикI бетэмалу къулыкъур зэфIэкIынщи къэзгъэзэжынщ… ЕмыкIу къозгъэхьынкъым…

СызыхэкI жылэм и напи згъэулъиинкъым… Сядэм и нэмысри щысщыгъупщэн къысхуихуэнкъым.

Гуаринэ зэуэ къыщеуд. IэлъэщI кIапэмкIэ нэпсыр щIелъэщIыкI.

Гуаринэ щIэгъар Къасбот мыгъуэм и цIэр зэрыжиIарами е и къуэр дзэм зэрыкIуэр арами къыхуэмыщIэу, Мысхьуд и анэм йодэхащIэ, игу фIы хуещI.

Къызэрыщиудам ещхьыркъабзэуи зэуэ мэувыIэж Гуаринэ и гъыныр.

– Уи щхьэ ирумыгъажэ си нэпсыр, лажьэншэу тхьэм къысхуихьыжын!.. Анэм и нэпсхэр IэрыщIщ. ДэнэкIэ бгъазэми, бэIутIэIуншэ тхьэм уищI! УзыншагъэкIэ азалыхьталэм укъысхуихьыж!.. Сыпхуэарэзыщ, тхьэ закъуэр арэзы зыхуэхъун!.. Ауэ, Iэмал зэриIэкIэ, письмо тIэкIу къысхуэтх умыщхьэхыу.

Мысхьуд зыри жимыIэу IэплIэ хуещI и анэм. И хъуржыныр плIэм иредзэкIри къыщIокI унэм, и анэр къыдэкIуэтэныр хуимыдэу.

А тэлайм пщIантIэм къыдохутэ колхозым и председатель Мэшыкъуэ Дэбэч, мехзвеном и унафэщI КъамэщI ХьэцIыкIу, къуажэ комсомол организацэм и секретарь Унэж Сэрэбий сымэ, щIалэгъуалэ гуп ящIыгъуу.

– Мыр сыт, – жеIэри къегъэувыIэ Дэбэч куэбжэм къыдэкIа Мысхьудыр, – уежьэу ара?

– Уэи, арамэ.

– Дауэ хъун? Уи тхылъым зэритымкIэ, ущежьэр пщэдеймыщкIэщ.

– Ар пэжщ, ауэ Налшык Iуэху щызиIэщи, сымыкIуэу хъуркъым нэхъ пасэу.

– ДжэлэскIэ соIуэ, Iуэху мин уиIами, дэ уедмыгъажьэу уежьэнкIэ Iэмал имыIэ! Аракъэ, ХьэцIыкIу.

– Тхьэ соIуэ, аракIэ!

Гуаринэ къабгъэдохьэ, ерагъкIэ зигъэнэщхъыфIэу.

– Мыр сыт, Дэбэч, мыпхуэдизу жыжьэу щхьэ фыувыIа?

– ДжэлэскIэ соIуэ, уи щIалэм дримыгъэблагъэ.

– Азалыхь, фригъэблэгъэнмэ. ФынакIуэ, фынынщIыхьэ.

– Уэи, икIэщIыпIэкIэ Налшык сынэсын хуеймэ!

– Унэсынкъэ. Бетэмалу унэдгъэсынщ! ФынакIуэ.

Дэбэч я пашэу, псори унэм щIохьэ. ХьэщIэхэм япэплъами ярейуэ, Гуаринэ Iэнэр къызэрегъэпэщ. СтIолым къытохутэ пIастэ данэгъуэжьыч, лыцIыкIулыбжьэ, нащэ, бэдрэжан зэхеубзытэ, кхъуей плъыжь бзыгъэхэр тепщэчым щызэгъэкIуауэ, джэдыкIэрыпщ, тебэ щIакхъуэ.

КъэкIуахэри, Iэнэ зэгъэпэщари, жьантIэм тIысауэ: «Мыдэ къакIуи къызбгъэдэтIысхьэ!» – жиIэу Дэбэч къызэреджэри – илъагъуи зэхихи щымыIэжу, Мысхьуд игури и псэри Налшык хуэпIащIэрт.

– Уэракъэ жыхуэсIэр, Мысхьуд! Мыдэ къакIуэ, къэтIыс мыбдей! – Дэбэч и макъым нэхъ зиIэтауэ къоджэ Мысхьуд.

ФIэмыфIыщэу макIуэри ар мэтIыс Дэбэч и пащхьэм къису.

– Хьэуэ, хьэуэ! Сэ къызбгъэдэтIысхьэ!

Мысхьуд къэмытэджу хъуакъым.

Псори тесабырауэ поплъэ Дэбэч жиIэнум. Езы тхьэмадэм мыпIащIэу зеIэжьэ. Iэнэм телъ сэ, гуахъуэр къещтэ, егъэтIылъыж. А тэлай зэпыугъуэр къигъэсэбэпу зыгуэрым зэрегупсысыр белджылыт.

– АтIэ, си тIасэхэ, – зэуэ къыхедзэ Дэбэч. Абы и псалъэр зэрызэхахыу, нэхъыщIэхэр къыщолъэт. – КхъыIэ, фымытэдж! Фыщысыт.

– Тхьэ соIуэ, щымысын! – Къопсалъэ ХьэцIыкIу. – Нэхъыжьыр псалъэу, нэхъыщIэр щыс хабзэ!.. ИтIанэ, уэ унэхъыжь къудейкъым, мы Iэнэм ущотхьэмадэ.

– Аращи, – Дэбэч и хъуэхъур ирегъэжьэж, – ди щIалэ цIыкIур идогъажьэ. Къэралым къулыкъу хуищIэну макIуэ Мысхьуд. ЗэтетIыгъэфыну щытат ар зэкIэ емыжьэу. Механизатор тхурикъуркъым. Шоферхэри нэхъ ди мащIэжщ. Военкоматым делъэIуамэ, дагъэщIэхъунтэкъым. Ауэ Мысхьуд идакъым дылъэIуэну. Тэмэму ищIауэ солъытэ. Аращи, Мысхьуд, дэнэкIэ бгъазэми гъуэгу махуэ утеувэну дынохъуэхъу! ЕхъулIэныгъэкIэ уи дзэ къулыкъур къепхьэлIауэ, узыншагъэ уиIэу къытхуэгъэзэж! – Дэбэч иIыгъ рюмкэр Мысхьуд иIыгъым ирегъэнтIэIу. Адрейхэри я пIэ къокIри Мысхьуд къыбгъэдохьэ. «Гъуэгу махуэ, Мысхьуд!» – жаIэурэ кърагъэнтIэIу я рюмкэр.

Мысхьудым дэкIуатэу къызэхуэсахэр зы сыхьэтым фIэкIат зэрызэхэсрэ. Абы къекIуэлIа цIыхуибгъуми хъуэхъу жаIат. Дэтхэнэ зым и псалъэми къыхэщат Мысхьуд и адэ Къасбот лIыхъужьу зауэм зэрыхэтар, абы хуащI фIыщIэр, нэмысыр. Къуажэ псом щыщу абы и закъуэт Ленин орден Хэку зауэшхуэм къыщызыхьар. Зауэм хахуэу зэрыхэтам ещхьыркъабзэу, лIыгъэ хэлъу колхозми щылэжьат. Абы и цIыхугъэ лъагэмрэ и нэмысымрэ щIыхь хэха хуэзымыщI къуажэм дэстэкъым. И адэм хуэфащэ щIэблэу ялъытэрт Мысхьуди.

ДэкIуэтэну къыхуеблэгъахэр зэрызэхэса зэманыр Мысхьуд къыфIэщIат жэщ-махуэ зэхуакуу. Ар пIащIэрт и гур кIэкуакуэу. ХуэпIащIэрт Лауцэр къызэрыпэплъэр и гурылъ зэпыту.

Гуаринэ къахэтIысхьэн идатэкъым. Ар гупыр щызэхэс пэшым къызэрыщIыхьи щымыIэу, пщэфIапIэм щыIэуэлъауэрт, гуп Iэнэр зыхуей-зыхуэфI щимыгъэщIэн папщIэ.

Фадэр зыпкърыхьа цIыхухэр зэрыгъэжанат, я псалъэкIи – зым жиIэр адрейм Iэпиуду, зэрызагъэIур нэхъыбэт, зэрызэпсалъэм нэхърэ. Iэнэм и тхьэмадэ Дэбэчи чэф жант. «Тезыр фтеслъхьэнщ, фытесабырэ!» – жиIэ мыхъумэ, абы и псалъэр зыхуэгунэс щыIэжтэкъым.

Мысхьуд и гур дзапэкIэ иIыгъыу гузавэу щысати, ирифар зыуи къыщыхъуатэкъым, емыфагъэххэми ярейт. Арати, хуэмышэчыжу зеIэтри Дэбэч зыхуегъазэ:

– Дэбэч, хъуну щытмэ, кхъыIэ, зы псалъэ жызгъэIэ.

– Сыт щIэмыхъур? ЖыIэ.

Мысхьуд зеIэжьэ тэлайкIэ, гупым я вэржьэрыгъэр увыIэным пэплъэу. АрщхьэкIэ зэтеувыIэртэкъым.

– ТIэкIу фысабырмэ, зы псалъэ жысIэнут.

– Уа, фытесабыри мы щIалэр вгъэпсалъэт! – Дэбэч и макъым зрегъэIэт. Псори мэсабыр.

– Дэбэч, ныбжьэгъу лъапIэхэ! – къыхедзэ Мысхьуд зэпIэзэрыту. – Нобэ нэмысышхуэ къысхуэфщIащ. Сигу хэвгъэхъуащ. Гуапа-

гъэмрэ гухэхъуэмрэ фыщымыщIэну сывохъуэхъу! Ину сегъэгушхуэ си адэр фи гурылъу, нэмыс хэха зэрыхуэфщIым, и щIыхьыр зэрывгъэлъагэм! Нобэ къысхуэфщIа нэмысыр, шэч хэмылъу, зи фIыщIэр си адэрщ, абы хуэфщI нэмысырщ. Сэ иджыкIэ злэжьаи схузэфIэкIаи щыIэкъым, нобэ къысхуэфщIа гулъытэм хуэдэ къысхуэфщIыну. Сядэм, зытIэкIу нэхъ мыхъуми, сыхуэдэным, абы и щIыхьым сыхуэфэщэным сегугъуу, фIыгъэ гуэр злэжьыным сыхущIэкъуу аркъудейщ… Псалъэ быдэ фызот фи гулъытэр сщымыгъупщэну, къысхуэфщIа нэмысым сыхуэфэщэну! Сэ зы фIыгъэ гуэр схэлъу щытмэ, дауи, ар зи фIыгъэр сянэ-сядэрщ. Ауэ си Iыхьлым зыкIи ягуэсхыркъым сыкъыздэхъуа къуажэгъухэр, абы я фIыщIэр!.. Дэбэч, ХьэцIыкIу, си адэр щыпсэуми щызимыIэжми фи адэ гулъытэмрэ фи цIыхугъэ лъагэмрэ си гур щамыгъэин махуэ къысхуихуакъым. ГукIи псэкIи фIыщIэшхуэ фхузощI! Фи фIыщIэмрэ щIыхьымрэ гъащIэм къыпащэу куэдрэ фыпсэуну сывохьуэхъу! КъиищынэмыщIауэ, си акъылкIи си лэжьыгъэкIи сэ зэтес сызыщIар ди къуажэ комсомолырщ, къуажэ коммунистхэм я парт гулъытэрщ. Дэнэ сыщыIэми, ар сщыгъупщэнкIэ Iэмал зимыIэщ. Сэ кууэ спхыкIауэ сощIэ: зытIэкIу нэхъ мыхъуми, зыгуэркIэ сыкъыщIэхуэмэ, си напэ тесхыж къудейкъым, атIэ ар напэтехщ сыкъызыщыхъуа къуажэми сызыпIа комсомолми я дежкIэ!..

Аращи, фи узыншагъэкIэ софэ! Жылагъуэ узыншэу, фи гъашэр кIыру, Iэщ уэр къыфщIэхъуэу, насып гухэхъуэр гъащIэдэкIуашэу фиIэну сохъуахъуэ!

– Уей, афэрым!

– Тхьэм уигъэпсэу!

– ДэнэкIэ бгъазэми, узыншэу тхьэм укъихьыж!

– Аращи, Дэбэч, – Мысхьуд зыхуегъазэ тхьэмадэм, – икъукIэ гухэхъуэу дыбгъэгупащ уэ нобэ. ГуфIэгъуэ кIыхь угъуат! Мыпхуэдэу гупыр бгъэгупу, илъэс IэджэкIэ ущытхьэмэдэн пIалъэ къыпхуихуэу, ари уи гъащIэм хуэмахуэ зэпыту пхьыну си гуапэщ!..

– Ар сыт, Мысхьуд, а жыпIэр! ПасэIуэщ тхьэмадэм папщIэ ухъуэхъуэну. Ар гупкъутэщ!

– Хьэуэ, гупкъутэ сыхъуну сыхуейкъым. Фэ фызэхэс. Фефэ, фешхэ! Сэ икIэщIыпIэкIэ Налшык сынэсын хуейщ. Сызыхэт командэри ар щежьэ зэманри сщIэркъым. СылъаIуэри си анэм папщIэ сыкъаутIыпщащ дыгъуэпшыхь.

– УнэсынкIэ, тхьэ соIуэ, – жеIэ ХьэцIыкIу. – А уи командэри зыщIыпIэ мыкIуэн. Моуэ тIэкIу дыщывгъэс IэфIхуефэу.

– Фыщыс икIи фефэ, ауэ сэ хуит сыфщI!

– Сыт жыпIэр, зиунагъуэрэ! Щауэншэу щауэишыж ящI хабзэ! Дэ уэращ дыщIызэхэсыр.

– СощIэ. ФIыщIэшхуэ фхузощI! Ауэ афIэкIа сыщыс хъунукъым. Сежьэным и пэкIэ зэфIэзгъэкIын хуей Iуэху пIэщIэгъуи щызиIэщ Налшык.

– А зиунагъуэрэ, блэкIагъэшхуэ щыIэкъым! Къулъшыкъум фIэкIа къудейщ.

– Хьэуэ, къулъшыкъуркъым Iуэхур зытетыр. Си хьэтыр къалъагъуу сыкъыщагъэкIуэжакIэ, езмыгъэлейуэ, и пIалъэм сыкIуэжмэ нэхъыфIщ. ИтIанэ, жысIаи Iуэху пIэщIэгъуэ…

Дэбэч и макъ зызыIэтам щIотIысыкI Мысхьуд и псалъэр.

– Уа, зэ фытесабырэт иджы! Дэ мыбы дыкъыщIэкIуар мы щIалэм зэран дыхуэхъуну аракъым. Гуапагъ хэлъу дыдэкIуэтэнырщ. Хъарзынэу дыщысащ. Дытэджыжми хъунущ.

– Хьэуэ, – жеIэ Мысхьуд, – кхъыIэ, гупкъутэ сывмыщIу, фэ фыщыс!

– Дыщысащ хъарзынэу. «Ебгъэлеймэ жэмалщ!» – жыхуаIэращ. Едгъэлеинкъыми нэхъыфIщ… Мыдэ къевджэт Гуаринэ.

Комсомол секретарь Унэж Сэрэбийт нэхъыщIэ дыдэри, макIуэри къраджэ Гуаринэ.

– АтIэ, Гуаринэ, – къыжеIэ хэкъузауэ Дэбэч, – уи щIалэр ди бын пэлъытэщ. Иджы зэкъуажэгъухэр дэнэ къэна, зэхэкуэгъухэри зэIыхьлы ищIащ гъащIэщIэм. Урыс тхакIуэшхуэ Константин Симоновым жиIэгъащ: «Хамэ гуIэгъуэ щыIэкъым дэркIэ». Нобэ гуIэгъуэкъым дыщIызэхуэсар, гушхуагъэщ. Ди щIалэ цIыкIур дзэм яшэ дзыхь къыхуащIауэ. И цIыху къалэныр игъэзэщIэнущ. Дэтхэнэ зы совет цIыхум папщIи щIыхь зыпылъ къалэнщ а къулыкъур. Хэку псом и мамыр гъащIэр зыхъумэну зауэлIхэм яхохьэ ди щIалэ цIыкIур. Дэтхэнэ зыми хуэтщIыркъым дэ мыпхуэдэ дэкIуатэ. ХьэщIэф и къуэри дэкIат мыпхуэдэу, ауэ зыри дэкIуэтакъым – хуэфащэтэкъым. Мысхьуд и адэ напэр къабзэу ихъумэу зэрыпсэу фIагъхэмкIэ езым къилэжьыжащ нобэ хуэтщIа гулъытэр. Дэ тщыщ зыми шэч къытрихьэркъым, и адэ щIыхьым хуэфащэу, къуажэ нэмысри игъэлъагэу зауэлI къулыкъур Мысхьуд зэригъэзэщIэнум…

Гуаринэ и гур къызэфIэнауэ здэщытым, Дэбэч и псалъэхэр и тхьэкIумэм тIэкIу-тIэкIуурэ йобзэхыкI, нэпс къыфIекIуахэм и нитIыр ягъэхъарпшэру, щхьэфIэпхыкI кIапэкIэ ящIелъэщIыкI.

– Гуаринэ, зытумыгъакIуэт иджы гухагъэр. ЗикI, ущIэгузэвэн щыIэкъым. Нобэ хуэдэу къигъэзэжынкIэ щызоIуэ, зауэлI къулыкъур щытхъугъэ хэлъу зэфIигъэкIауэ.

– СощIэ мыгъуэкIэ, азалыхь, итIани анэгур сытми хуэмыгъуэщ… Си закъуэуи сыкъонэ.

– Сыт ущIизакъуэр! Дэ дуригъусэкъэ! НетIэ жысIаи, зэIыхьлыщ иджы сыткIи ди цIыхухэр – щагухэхъуи щагухэщIи… Аращи, Гуаринэ, узыншагъэрэ фIыгъуэкIэ ди щIалэр идогъажьэри, нобэ хуэдэу гуфIэгъуэкIэ къедгъэблэгъэжыну сохъуахъуэ!..

Мысхьуд, арыххэу такси къигъуэту Налшык нэсыну гугъат. АрщхьэкIэ, IэплIэешэкI ящIу нэхъыжьхэр зэрыдэкIыжу, комсомол гупым «зыкъыкIэращIэ» Мысхьуд, Налшык дэкIуэу ирагъэжьэну. Абыхэм еныкъуэкъуурэ Мысхьуд гуват. Сытми, ерагъкIэ закъыIэщIихри, и гъуэмылэ, щыгъын лейхэр зэрылъ хъуржыныр и плIэ илъу дэкIащ пIащIэу, автовокзалым нэсыну.

«Бетэмалу унэдгъэсынкъэ!» жызыIа Дэбэч и псалъэр щыгъупщэжауэ ежьэжат и «Волга»-мкIэ. Ар игу къыщыкIыжар колхоз правленэ бжэIупэм нэсыжауэт.

– ЩIэхыу, – жреIэ и шоферым, – гъэзэжи Мысхьуд къэгъуэт. Ар Налшык нэгъэси къэгъэзэж.

Мысхьуд шы-уанэ зэтелъ къратамэ гуфIэнтэкъым, автовокзалым къытехьа «Волга»-р езым къыхуагъэкIуауэ къыщищIам зэрыгуфIам хуэдэу…

Лауцэ, къру мывэ жьэдэлъым ярейуэ, жэщ псор игъэкIуат нэрэ напIэрэ зэхуимыхьу, гузэвэхыгъэм игъэплъыржьэру. Нэхулъэ

къызэрищIуи къэтэджат. Унэ IуэхущIафэкIэ зытригъэууэ, гузэвэхыгъэр зыщхьэщихыным хущIэкъуу, тепIэнщIэлъынхэр щIыбым щIехри еутхыпщI, еудынышIэ, жьы щIрегъэху. КъыщIохьэжри пэшыр зэлъыIуех. Бжэ, щхьэгъубжэхэр елъэщI, лажьэ зимыIэ унэ лъэгури елъэс. БжэIупэм Iут бжьамийм къиж псыр «хлоркэмэ къыхех» жыхуиIэу, зримыпэсу, къалэ гупэмкIэ къыщыщIэж псынащхьэм макIуэри къехь псы пэгунитI.

И анэ шыпхъур ежьауэ хуит хъуащи, бжэIупэри епхъэнкI, пщэфIапIэри зэлъыIуех. Ауэ, сыт ищIэми, сыт илэжьми, зэрытеу щымыIэу, гузэвэхыгъэм ихузырт и гур. Мысхьуд абы илъагъужынуи мыгугъэжыххэу, и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжу, пщэфIапIэм здыщIэсым, къызэхех лъэс дыхьэпIэ куэбжэ цIыкIум и кIыргъ макъ.

Лауцэ къыщолъэтри къыщIож, IупитIыр зэтемыхьэжу гуфIауэ къожэ. Мысхьудым зыхуедзри, мыукIытэжыххэу, и нэхъуей икIауэ щIекъузэ щIалэр и бгъафэ хуабэм. ГуфIэгъуэ нэпсхэр къащIоукIуриикI и нитIым. Мысхьуди хуехь и псэгъур и нэм, и псэм. ГущкIэщI хъупауэ йодэхащIэ. И IитIым ярызу иущIа бзылъхугъэ нэкIур бакIэ щIегъанэ. Лауцэ и ни, и пщи, и натIи, и Iупи – зы къигъэнатэкъым абы и Iупэ плъахэр зылъэмыIэс. ИкIэмикIэжым пщащэр къепхъуатэри зэщIикъузэпауэ пэшым здихьым, Мысхьуд и гур къолъэт: «Гуащэ! Гуащэ дыкъилъагъумэ, напэтехкъэ!» – Лауцэ щIым игъэувыжыну и Iэхэр мэпкъыхэ.

Бзылъхугъэм абы и пщэм зришэкIащи, гу щимыхуэжу зрекъузылIэ. УкIытэх-укIытэхыу къыхудоплъей Мысхьуд, и IитIыр пкъыхэу къызэрыскIам гу лъитэу:

– УщIэгузэвэн щыIэкъым. Ди закъуэщ, Мысхьуд! – аргуэру хуабэу зрекъузылIэ абы щIалэм.

– Дауэ ди закъуэу? Гуащэ…

– ЩыIэкъым. Ежьащ дыгъуасэ. ТхьэмахуитI зэхуакукIэ къэтынущ.

– Ди закъуэщ атIэ, Лауцэ! Дызэщхьэгъусэщ! – гурыщIэ псыдзэр къызыщIэуа и гум из хъуауэ къыщыпкIыу, и нэм хуехь абы Лауцэ, псэм ирехьэкI. Пщэдджыжь бзыгъэм и дыгъэ нэбзийхэр и нэгум къыщIэуа щIыкIэу, гуфIэгъуэ нэхум зэщIищта бзылъхугъэм пкъыхауэ, хулIауэ ехуэха напIэхэр хуэмыIэтыжу, илът ар Мысхьуд и IэплIэм. Зы Iэпэ залэкIи Iэбэну къару хуэщIыжтэкъым Лауцэ. ПкъыщIагъэ IэфIыр гум ишыпсыхьырт, псэм ехуэбэкIырт. Мысхьуд и къару шэжыпкъыр, пхъашагъэ хэмылъу, хуэщабэу, хуэгуапэу, щIэщыгъуагъэ гурыщIэкIэ Iэпкълъэпкъыу иIэр зэщIищтэу, зыхищIэрт Лауцэ, кIуэ пэтми и гум нэхъ хыхьэу, итхьэкъуу.

Мысхьуд арыххэу Iэбэлъэбэн щIидзауэ еIэтри гъуэлъыпIэм ирелъхьэ щхьэгъусэр.

– Хьэуэ, умыIэбэлъабэ, – Лауцэ зыкъеIэт, къызэфIотIысхьэ. Мысхьуди зэреныкъуэкъу щымыIэу, гъуэлъыпIэ нэзым йотIысэх. ТэлайкIэ щымауэ зэбгъэдэсщ я плIэр зэгъэкъуауэ. Мысхьуд хужыIэ щымыIэу плъыржьэрт. И гуапэт Лауцэ пIалъэншэу едэхэщIэну, гу щихуэн хуэдэу, нэхъри псэкIэ кIэрыпщIэну. А зэрыщыму мэIэбэри, Лауцэ и щхьэм нэкIукIэ зрекъузылIэ. ЙодэхащIэ, толъэщIыхь, бгъафэм щIекъузэ умэзэхыпауэ. Аргуэру ягу зэхыхьауэ зэрогъэгуапэ. Япэм хуэдэу зэщымыукIытэжу гукIи псэкIи зэхуонэху.

ИужькIэ, кIуэаракъэ, зыр зым щIэтIысыкIами ярейуэ, зэтопсахэ. ЗэхьэлIэпауэ зэрызэхэбзахэр гукIэ зыхащIэ мыхъумэ, нэгъуэщI ялъагъуи зэхахи щымыIэжу, ягу зэрыгъэфIу, фIылъагъуныгъэкIэ зэрыгъэнэхуу, гупсэхугъэщIу ягъакIуэ къэнэжа махуэри абы къыпища жэщри, зытэлай пIалъи къащымыхъуу.

Нэхулъэр къызэкIэщIитхъыным нэмысыпауэ, Iэпкълъэпкъыу иIэр пкъыхауэ гуапэкIэ зэщIэхулIауэ, IэфIу Iурихат Мысхьуд. Лауцэ жеину ауи игу къэкIыххатэкъым. ЛIыр къимыгъэушыным хуэсакъыу, хуэм дыдэу шхыIэн кIапэр ирехьэкIри пIэм къыхокI.

Халатыр зыщидзауэ гъуджэшхуэм здыбгъэдэтым, гу зылъетэж – зэхэIуэтагъэфэт, нэщIащэхэр щIэуфIыцIыкIат.

ПщэфIапIэм макIуэри лэгъупышхуэм из псы игъэхуэбауэ зегъэпскI, и щхьэр ехущI, и щыгъын щIагъщIэлъхэри хежьыщIэ. ИужькIэ пщэдджыжьышхэ ипщэфIыну зегъэхьэзыр.

ПщэфIэныр зэфIигъэкIауэ, пэшым къыщигъэзэжам, зэманыр сыхьэтибгъум нэсат. Ар пIащIэу Мысхьуд щхьэщохьэ къигъэушыну. Сыхьэт пщыкIузым и ныкъуэм военкоматым кIуэн хуейуэ жиIат и лIым. Арщхьэкiэ IэфIу жейрти, зэуэ къигъэушын дзыхь имыщIу зеIэжьэ. Ауэ зэманыр хэкIуатэрти, къимыгъэушу хъуакъым.

– Зэхэпхрэ, Мысхьуд? Тэдж, укъыкIэрыхунущ. Зэхэпхыркъэ, сыхьэтибгъур къеуащ! Тэдж.

Мысхьуд къехьэлъэкIыу къызэфIотIысхьэ, и нэ жейбащхъуэхэм ящIоIуэтыхь. ИужькIэ, гъуэншэдж кIэщI фIэкIа щымыгъыу къолъых гъуэлъыпIэм. Лауцэр епхъуатэри зыIэщIекъузэ. И нэм, и псэм хуихьу бакIэ щIегъанэ. Я гурыщIэ къиуамкIэ чэф зэрыщIауэ, зэхуогущабэ, зэхуодэхащIэ зызэщамыгъэнщIу, зэманыр зэрыкIуэм зыкIи гу лъамытэжу. Арыххэу я гъунэгъу унэм и щхьэгъубжэ къызэIуахам къыдоIукI ислъэмей псынщIэм и музыкэ бзэрабзэр. Абы къигъэскIауэ, Лауцэ зэуэ зыкъеIэт.

– Мысхьуд, укъыкIэроху! – Езым и гум зызэхуишауэ къыхоузыкI: «Екъунурэ ежьэжынущ… Щхьэ закъуэу сыкъэнэнущ!» Ауэ и гур зэрыхэщIымкIэ Мысхьуд зыкърримыгъащIэу, нэщхъыфIафэ зищIауэ, и щхьэгъусэм зрекъузылIэ, бакIэ щIегъанэ. Сыт хуэдизкIэ зишыIэу зигъэбыдами, макъыншэу и гур къогъыкI, нэпс хуабэр нэкIубгъухэм ежэхыу къыщIеху гухэщIым.

Мысхьуд абы гу лъитауэ зыкъеIэт.

– Лауцэ, сыт иджы уигу щIыхэбгъэщIыр, сэри сыщIэбгъэгузавэр?

– Хьэуэ, хьэуэ, умыгузавэ, Мысхьуд! Сыгъыркъым. – Зигъэнэщхъыфiэным хущIэкъуу, Мысхьуд и бгъафэм зыщIекъузэ. – Ар ауэ сытми къысфIекIуауэ аращ си нэпсыр.

Лауцэ и щхьэр Мысхьуд и бгъафэм къыщIехри лIым и нэгум хущIэплъу жеIэ хуэм дыдэу, зэхэпх къудейуэ.

– Мысхьуд, пщIэуэ пIэрэ иджыпсту сызэгупсысыр?

– Сыт?

– ЩIэблэ диIэнущ.

– ДиIэн хуейщ Iэмал имыIэу! – и фIэщу жеIэ Мысхьуди.

Лауцэ аргуэру зыщIекъузэж и лIым и бгъафэм. ГукIи псэкIи кIэрыпщIэн хуэдэу зрекъузылIэ, лIы Iэпкълъэпкъ хуабэр зыхищIэу, къыхуэщIэщыгъуэ зэпыту.

ЕрагъкIэ Мысхьуд и бгъафэм зыщIехри Лауцэ жеIэ:

– Лэгъупым из псы згъэхуэбащи, кIуэи зыгъэпскI.

Мысхьуд зигъэпскIыхукIэ, щхьэгъусэм пщэдджыжьышхэр егъэхьэзыр.

ЛIым зигъэпскIа иужь, нэхъ фэхуи нэхъ пкъыщIи хъуагъэфэт.

МэтIысри ягу хэмыхьащэу зэдошхэ. ЗэпэщIэзыхыну зэманыр къызэрыблагъэр ягу зэрыхыхьэр белджылыуэ, псалъэншэ хъуахэт а тIур. ЛIым нэхъ зиIыгът, пIейтеигъэфэ лъэпкъ зытримыгъауэу. Лауцэ блыным фIэдза сыхьэтым еплъыхукIэ и гум зызэхуешэ, нэпс уэрыр и нитIым къыщIикъузыкIыу. Нэпс къекIуахэр имыгъэлъэгъуэну и щхьэр ехьэхауэ едзэпыIэ мыхъумэ, зэрышхэ щыIэтэкъым. ЗиIыгът, зишыIэрт абы Iэмал зэриIэкIэ. АрщхьэкIэ зикI пэмылъэщу игу къызэфIэнауэ къыщеуд.

– Мыс-хьу-у-уд! – гуIэ макъым зешэщI, умывэми укъигъэчэн хуэдизу гум хыхьэу.

– Сыт иджы аргуэру уи гур щIыхэбгъэщIыр? – езыми игу къызэфIэнауэ, IэгуитIым ярызу зэщIеубыдэ Лауцэ и нэкIур. Ба хуещI, йодэхащIэ. Хуэгущабзу Iэ делъэ и нэкIум, и нитIым, дрелъэщIей и щхьэцыр. АрщхьэкIэ Лауцэ нэхъри зэщоджэ. АпхуэдизкIэ къебгъэрыкIуат гухэщIри, зэрызишыIэн къару имыгъуэту, къызэгуоч и гур. Тэмакъым щIэгъуэлъхьа гузэфIэнагъэм ехуз абы и пщэр, бэуэгъуэ дахэ-дахэу къримыту. Нэпс шыугъэ уэрхэр йожэх и нэкIубгъуитIым. Ежэхыурэ долъадэ и пщэм, еуфэнщI бгъафэр.

Мысхьуд гуапагъэу щыIэр зэхуихьэсауэ, лъэкI къимыгъанэу йодэхащIэ, зытIэкIу нэхъ мыхъуми игъэшыIэну.

Нэпс уэрхэм хъарпшэру япхыплъу маплъэри блын сыхьэтым Лауцэ кърегъэлъагъу лIым и ежьэгъуэр къызэрысар. Нэхъри и гур къоскIэ, гузэвгъуэм егъэщIыIэ, зыхуэмыIыгъыу мэкIэкуакуэ. Зэщыджэ зэпыту зрекъузылIэ щхьэгъусэм. Арыххэуи зыкъыщIепхъуэтыж лIым и бгъафэм: «Дауэ сщыгъупщэнкIэ хъуа?! Гъуэмылэ згъэхьэзыракъым!..»

– Я ди тхьэ, ар дауэ сщыгъупщэнкIэ хъуа?!

– Сытыр?

– Гъуэмылэ пхуэсщIакъым.

– Абы щхьэкIэ умыгузавэ. Дянэм схуищIащ махуипщIкIэ сызрикъун.

Аргуэру зызэрашэкI зэлIэзэфызым. Мысхьуд мэдэхащIэ, нэкIу псыфхэр хуелъэщI.

– Лауцэ, сынолъэIу тIэкIу зыпшыIэну, апхуэдизу уигу хыумыгъэщIыну! УщIэгузэвэн щыIэкъым. Пэжщ, дызэпэIэщIэнущ илъэситIкIэ, ауэ дигу зэхьэлIауэ блэкIынщ зэманри, къэзгъэзэжынщ зикI нобэ хуэдэу. Уэри сэри зы чысэм илъщ иджы ди псэр. Уэращ зи Iэмырыр а чысэм илъ пситIыр. Уэ зэрыпхъумэм елъытащ си псэ насыпыр.

Лауцэ и тхьэкIумитIыр мэву, лIым жиIэ псалъэхэр зэрызэхихи зэрызэхищIыкIи щымыIэу. Аргуэру къыщиудын хьэзыру ар йоплъ нэхъу-нэхъуу, гухагъэр къыпкърыхьауэ зэригъэпкъыхэр зыхищIэу.

«Ежьэнущ! Ежьэнущ! Екъунурэ ежьэжынущ!» – зыхуэмыIыгъыжу къыхэдзэкъыкIырт Лауцэ и гур.

– Аращи, Лауцэ, зыгъэшыIэ. ЗэпIэзэрыту, пIейтеигъэншэу сегъажьэ... Си кIэстум щIыIур ичауэ си гугъэщ. Вэсэмахуэ

сыщыкIуэжым, цIыхур апхуэдизкIэ Iувти, ерагъщ сызэритIысхьар автобусым.

КIэстум щIыIуитIри имытыжу къыщIэкIат. Ар Лауцэ иридэжыху, Мысхьуд зызэщIеупсэ, и гъуэгу хъуржыным илъхэр кърехри, нэхъ зыхуеинухэр хуэIэгъуэн хуэдэу зэгъэкIуауэ ирелъхьэж.

Лауцэ кIэстум щIыIухэр иридэжауэ, зехуапэ и лIым дэкIуэтэну. АрщхьэкIэ Мысхьуд къыхуидэркъым.

– Дунейм, сыт уэ абы щыпщIэнур? ЦIыху Iувми сыт уащIыхыхьэнур? – Щхьэгъубжэм доплъ. – Мес, жьыми зызэщIещIэ, уэшхи къешхыныфэщ…

– Хьэуэ, хьэуэ, ауи жумыIэ! Уэф къехами сынэкIуэнущ!

– Тхьэ соIуэ, ущIынэкIуэн щымыIэ, Лауцэ, къызэдаIуи унэмыкIуэ!

– Хьэуэ, Мысхьуд, сынэмыкIуэнкIэ Iэмал иIэкъым!

ЗэлIзэфызыр зэныкъуэкъуурэ, унэм къыщIокI. Бжэр ягъэбыдэри, куэбжэм фIэмыкIыну елъэIуа щхьэкIэ къимыгъанэу, Лауцэр военкоматым нос и лIым щIыгъуу.

Дзэм кIуэ щIалэхэр стройуэ къыдэкIакIэт военкомат пщIантIэм. Зэрежьэну вагонхэр къащыпэплъэ гъущI гъуэгу вокзалым кIуэуэ арати, командэм кIэлъыкIуэрт цIыху Iэджэ – цIыхухъуи цIыхубзи зэхэкIутауэ, дзэм кIуэхэм ядэкIуатэу.

– Аращи, узыншэу, Лауцэ! ИкIэщIыпIэкIэ унэм гъэзэж! – жиIэурэ, кIуэрыкIуэм тету, Лауцэ и Iэр екъуз, зрекъузылIэри, командэм и унафэщIым бгъэдолъадэ. Абы йолъэIу командэм хыхьэну хуит ищIыну.

Командирыр Мысхьуд къоупщI ткIийуэ, иджыри къэс здэщыIамкIэ, къошхыдэ. Ауэ и анэм деж кIуэжын папщIэ жэщитIмахуитIкIэ зэраутIыпщар зэрыт тхылъыр щригъэлъагъум, хуит ещI стройм хыхьэну.

Вокзалым нэсыху зыбжанэрэ къызэплъэкIат Мысхьуд, ауэ якIэлъыкIуэ цIыхухэм яхилъэгъуатэкъым Лауцэ. «Хъарзынэу ищIащ зэригъэзэжар», – жиIат абы игукIэ.

АрщхьэкIэ, зэрымыгугъауэ, Лауцэр вокзалым нэсауэ къыщIокI. ЗэрытIысхьэну вагонхэм бгъэдыхьа къудейуэ, Мысхьуд и Iэблэр зыгуэрым еубыд. КъызоплъэкIри – Лауцэт.

И гуапэ хъуауэ щIогуфIыкI. Ауэ шхыдафэ зытригъауэу къыжеIэ:

– А зиунагъуэрэ, укIуэжыну жысIатэкъэ!

ГушыIэ макъыр зыхищIауэ, Лауци жеIэ:

– Хьэуэ, Мысхьуд, хуит зезгъэщIащ сыпщIыгъуу сынэкIуэну.

– Хъарзынэщ, арамэ…

Арыххэу, командэ къат, дзэм кIуэхэр вагонхэм ярытIысхьэну, абы ядэкIуатэхэм къабгъэдэкIыну.

Командэм тету щIалэхэр вагонхэм йохутэ.

Мысхьудрэ Лауцэрэ зызэракъузылIауэ щытащ тэлайкIэ. ИтIысхьэнур итIысхьауэщ Мысхьуд вагоным щыдэлъеяр. Абы къыхэкIкIэ, бжэр зэуэ кIэлъыхуащIыжри, ар вагон щхьэгъубжэм къыIухьэным хунэмысауэ, мафIэгур ежьащ псынщIэ хъу зэпыту.

Лауцэ абы кIэлъыплъу щытащ дакъикъэ зыбжанэкIэ, ауэ Мысхьуд имылъагъужу, мафIэгур текIащ вокзалым...

* * *

... Лауцэ и лъхугъэр хъарзынэу зэфIэкIат. ЩIэх дыдэуи зиужьыжауэ, Джолэт къалэм дэт ерыскъы тыкуэным щылажьэрт.

Къэжэр Бердыкъуи дзэ къулыкъум къыхэкIыжауэ отставник-пенсионерт. И фызыр зэрылIэрэ илъэсым нэблэгъауэ лIыгъуабэт. И къуэмрэ и пхъумрэ унагъуэ щхьэхуэ хъуауэ, тIуми щIэныгъэ ищхьэ яIэу, лажьэ-шхэжу псэухэрт.

Мысхьуд и письмоитI зэуэ къэкIуат. Абы къитхат май махуэшхуэм ирихьэлIэу къигъэзэжын хуейуэ – и къулыкъур фIы дыдэу зэригъэзащIэм папщIэ махуипщIкIэ къаутIыпщыжырт, арщхьэкIэ къэкIуэжатэкъым.

Бердыкъуэ нэгъабэ щыщIэупщIам и жэуапу Мысхьуд зыхэт дзэм и командованием къитхат хъарзынэу къулыкъу ищIэу, щытхъу фIэкIа дагъуэ хуамыщIу. Ауэ фэбжь къызэрытехуар ябзыщIат.

Езы Мысхьуд хуатха письмоми жэуап иIатэкъым...

... Лауцэ и анэм письмоитI къретыж зэтехуауэ. КъантIасэ зэрыжиIэмкIэ, ахэр Гуащэ къыхуихьыжат дыгъуасэ. ИлъэситIым нэблэгъат а письмохэр Мысхьуд къызэритхрэ. Ауэ, сыту телъыджэлажьэ, иджыри къэскIэ ахэр Гуащэ игъэпщкIуныр сытым къыхихауэ пIэрэ?! Анэ шыпхъум кърищIар апхуэдизкIэ гущIыхьэ щыхъуати, етIысэхри зэщыджэу гъащ Лауцэ. Гузавэу къыщхьэщыт анэм и дахэщIагъэри зэхимыхыжу гъырт ар гухэщIу.

Нэпс гуащIэмкIэ гухэщIыр тIэкIу игъэтIысауэ, нэпсхэм къахэпсэлъыкIыу, анэм елъэIуащ гъуэмылэ тIэкIу хуигъэхьэзырыну – икIэщIыпIэкIэ кIуэнущ Мысхьуд здэщыIэ Таджикистаным...

И анэ дэлъху Бердыкъуи езы КъантIаси щыгъуазэт я малъхъэ ХьэщIэлI Мысхьуд и хъыбарым. Ауэ Лауцэ анэм щеупщIам, зыкIи щымыгъуазэу къыжриIат. Уеблэмэ, Мысхьуд и Iуэху зытетым и пэжыпIэр зригъэщIэну Бердыкъуэ ежьауэ махуищ хъуауэ къызэрытри и пхъум щибзыщIат. Зэдэлъхузэшыпхъум мурад ящIат, Iуэхур зытетыр тэмэму къащIэху, Лауцэ хъыбар ирамыгъэщIэну...

Куэд щIауэ зыхуэзэша и щIалэ цIыкIу къыбгъэдэлъадэу IэплIэ къыхуищIу, бакIэ щIэзыгъэнари, и анэ КъантIасэ къыжриIари зэрыфIэIуэхуа щымыIэу етIысэхауэ, гупсэхуу щIоджыкIыж «Ленин гъуэгу» газетым традза очеркым: «... Бгым къеджэлэха къыр къуапэ иныр гъуэгум къэмыс щIыкIэ, Мысхьуд и машинэр блолъэт. Ауэ абы пэмыжыжьэу къыкIэлъыжэрт взрывчаткэ зэрашэ хабзэ машинэри, къыр къуапэ къехуэхым и удын лъэщым лъэныкъуэ ирехуэкIри, бгы бгъуэщIым зыбжанэрэ зыщеублэрэкI. БгъуэщIым кIэрыт жыгышхуэ гуэрым къигъэувыIа машинэм мафIэ къыщIонэ. Абы къыщхьэщих Iугъуэр зылъэгъуа ХьэщIэлI Мысхьуд бгъуэщI задэм щIихуауэ джалэу, къыщылъэтыжурэ нос мафIэр къызыщIэна машинэм. МафIэр игъэункIыфIыну хэтат Мысхьуд. Ауэ зыри щыхуемыщIэм, кабинэ щхьэгъубжэр хеуд, бжэр къыIуетхъри зызымыщIэжу мэхауэ илъ капитанымрэ абы и щIалэ цIыкIумрэ тIэу хьыгъуэу кърехри ажалым кърегъэл. Ещанэу, шоферыр кърихыну машинэм щежалIэм, бензобакыр къоуэ...»

Мысхьуд щIэх дыдэу нагъэсат Таджикистаным и къалэхэм ящыщ зы Дошан дэт сымаджэщым...

ХьэщIэлIым и щхьэм удынышхуэ игъуэтат. Арат щIалэр зыгъэхыщIэ фэбжь нэхъыщхьэр. Арат къызыхэкIыр, тIэкIунитIэ пIейтеямэ, къытехуэу и бзэр иубыдыныр. И нитIым ялъагъу щымыIэу, нэху щIэзыхари арат.

Дохутырхэм ямыIуэтами, езы Мысхьудым къыгурыIуакIэт фэбжь хьэлъэ къызэрытехуар. ИщIэжырт, ауэ «гугъэмрэ гъащIэмрэ адэ щIэиныфIщ» жыхуаIэрати, Мысхьуд фIыгъэм щыгугъырт. Къарууэ иIэр зэхуихьэсауэ зиIыгът, гурыгъу-гурейхэр зытримыгъэгушхуэу. АрщхьэкIэ, иужьрей зэманым къытехуэ зэрихабзэм хуэдэу, къытехуат и къару дэмыхуэу...

* * *

Лауцэ и гугъэмрэ гупсысэмрэ зым хутемыубыдэу, гуитIщхьитIыгъэм ихьырт. Зэм тридзэу икIэщIыпIэкIэ Мысхьуд кIэлъыкIуэну къытелъадэрт. Зэми ар абы къызэрыфIэIуэхуж зыкIи щымыIэу илъытэу щIегъуэжырт. И гум зишхыхьыжырт ар къыхуимыдэу. Зэми: «ЛIы зехьэней някъуэдыкъуэм гъащIэр епхауэ бэлыхь щIыхэтынур сыт?!» – жиIэу и щхьэм щыхигъэзыхьи къыхуихуэрт. Апхуэдэм дежи и гумрэ и щхьэмрэ зэрытегъакIуэртэкъыми, нэхъ зытриубыдапхъэр къыхуэщIэртэкъым…



А гуитIщхьитIыгъэр апхуэдэу гуащIэну къыщIэкIынтэкъым, Лауцэ и ужь зыри къимыту щытамэ. КIуэрыкIуэм тету зыкъыкIэрызыщIэр мащIэтэкъым. Ауэ зи фIэщу яхэт щыIэтэкъым абыхэм. «Фызабэм гуахъуэкIри лIы хуохъу», – жыхуаIэм нэхъей, фызабэу ялъытэу зыкъыкIэращIэу арат. Пэжу, БыртIымрэ Хьэбэцрэ зэрафIэщым шэч хэлътэкъым. ГукIи псэкIи къыхуэпэжу щыгугът, щхьэгъусэ ящIыным хущIэкъуу.

Таджикистаным нэс кIуауэ, Лауцэ и закъуэ къызэрыкIуэжрэ, Мысхьуд сымаджэу жаIэми, ар щымыIэжу ялъытэрт. Абы къыхэкIкIэ пщыхьэщхьэ щIагъуэ дэкIыртэкъым, лэжьыгъэ нэужьым БыртIымрэ Хьэбэцрэ зыкъыхуамыгъазэу. Псом хуэмыдэу Хьэбэцт кIуапIэ-жапIэ къезымытыр. Рейс жыжьэ кIуауэ къыщытым фIэкIа къанэртэкъым абы зыкъыхуимыгъазэу…

Дзэ къулыкъум кIуэным и пэкIэ БыртIым хэлъа щIыкIеигъэм щыщ хэмылъыжу зыфIигъэщIу, гулъытэ лей къыхуищIу Джолэт къалэм дэт райпом щылажьэрт заготовителу. И лэжьыгъэкIи дагъуэ хуамыщIу жаIэрт. Ауэ пIалъэ лэжьыгъэр къигъэсэбэпу, япэхэми хуэдэу, зэрысондэджэрыр ищIэрт Лауцэ. СлIожь сондэджэрмэ, щыжиIи щыIэт Лауцэ. И щхьэ егъэфIыжыф… Хьэкъыу гукIи псэкIи пхыкIауэ фIыуэ зэрилъагъур белджылыщ…

Лэжьэгъуэ зэманыр иухауэ унэм щыкIуэжкIэ, Iуэху лъэпкъ имыIэми, щхьэусыгъуэ гуэр къегупсысри, зыщIегъахуэ Лауцэ и тыкуэным. Ауэ ар абы зышэ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр зикI хуэмыIуатэу къыщIэкIыжырт БыртIым, ар щыкIуэкIэ тыкуэныр цIыхуншэтэкъым. Лауци гу лъитат ар ауэ сытми къызэрыхуэмыкIуэм. АрщхьэкIэ фIэIуэхутэкъым. ИтIани къыщIыхьэу, лъэкI къимыгъанэу БыртIым бзылъхугъэм хуэгуэпэным хущIэкъуу, гумрэ псэмрэ дыхьэн псалъэкIэ зэрызыхуигъазэр Лауцэ и жагъуэтэкъым. КIуэаращ, а БыртIым и псалъэ-

ри апхуэдизкIэ IэфIт, и щытыкIэри гуапэти, ар езыр армырауэ нэгъуэщIу гугъэнкIэ зыхуэIуа щыIэтэкъым. Ар хуэгущабэрт, гулъыти иIэт узыIэпишэу. ХуэнэмысыфIэт. ЩIыхьи къыхуищIырт. Тыкуэным и шхын телъхьэпIэхэр пщIэншэу хуищIыжат…

Нэхъ гуапэжу къыхущытт Хьэбэци Лауцэм, емыфауэ къыщыкIуэм деж. Лауцэ и анэри зригъэцIыхуат. Зы махуэ гуэрым Налшык къикIыжу, Лауцэ и анэ КъантIасэ зыхуегъазэ, имыщIэххэу хуэза щIыкIэу. И пхъум и хъыбар жреIэ. Джолэт къалэ цIыкIум дэмысу жеIэ зы цIыху Лауцэ щымытхъуу…

Абы иужькIи, тхьэмахуэ зэхуаку нэхъ дэмыкIауэ, машинэм из пхъэ гъэсын къыхуешэ. Лауцэ къригъэшауэ жеIэри… ТIэуней КъантIасэрэ Хьэсэн цIыкIурэ ишат Джолэт – Лауцэ деж. Дауи, КъантIасэ ищIэртэкъым Хьэбэц абы къыхуищI гулъытэ хэхам и щхьэусыгъуэр…

БыртIыми гулъытэншэу къигъанэртэкъым КъантIасэ. Зы хьэблэм дэсти, ар нэхъыбэрэ къыхуэзэрт Лауцэ и анэм. КъыхуэзэхукIи, къыхуэгуапэу, и узыншагъэм щIэупщIэрт. ЗыхуейIамэ, мыукIытэу къыжриIэну елъэIурт. КъантIасэ абы фIыщIэ хуищI мыхъумэ, зэрелъэIу щыIэтэкъым. Езы БыртIым къакIуэри и куэбжэ зэпкърыхуар хуищIыжат, ирихьэлIэри пхъэбгъури езым къыхуихьри…

Сыт щыгъуи хуэдэу, ныщхьэби къыщIыхьат БыртIым Лауцэ и тыкуэным. Абы щIэт щэхуакIуэхэм къащхьэпрыплъри щIалэ щIыхьар къилъэгъуати, зэхуэнэщхъыфIэу нэкIэ зэрахат сэлам.

Лауцэ абы гулъытэ хэха къыхуищIу къепсэлъэн папщIэ, хущIыхьэгъуэ лъэпкъ зэримыIэр илъагъуу, БыртIым лъэныкъуэ зрегъэзри поплъэ, бзылъхугъэм лэжьыгъэ зэманыр нигъэсыху, зэрыпэплъэнур иригъэщIауэ. Ар фIэфI хъуатэкъым Лауцэ. Нобэ рейсым къикIыжу Хьэбэц къэсыжын хуейт. Абы къыхэкIкIэ иджыпсту къыщIыхьэнкIэ хъунут КIэбыш Хьэбэц. Ари тыкуэным къыщIыхьэрей хъуат иужь зэманым. Арати, Лауцэ БыртIым дилъагъумэ, къаугъэ бэлыхь къиIэтынкIэ хъунут Хьэбэц. ТкIийуэ къыжриIат зы цIыху къыбгъэдыхьэу имыдэну. Абы я Iуэху зыкIи зэхэмылъу, къыфIигъэкIмэ, милицэм жриIэу бэлыхь хидзэнкIэ тIэу емыплъыну нэхъ ткIиижу епсэлъат Лауцэ КIэбыш Хьэбэцым. Ауэ зыуи къыфIэIуэхуатэкъым ар щIалэм. «ЗыптезгъэкIуэдэнущ, Лауцэ!» – жиIат.

Абы къыхэкIкIэ, прилавкэм къыдэкIри щэхуу къыжриIат БыртIым:

– УзыхуейIа, БыртIым?

– Сэ мыбы зэи сыкъыщIыхьэркъым, Лауцэ, зыми сыхуэмейуэ, – погуфIыкI щIалэр. – Лэжьэн бухмэ дызэпсэлъэнщ.

– Сэ ныщхьэбэ сыгувэнущ.

– Ягъэ кIынкъым. СыпIащIэркъым.

– Хьэуэ, БыртIым, Хьэбэц къыщIыхьэнкIэ хъунущ… Къаугъэ дыхидзэнщ! – жеIэ Лауцэ гузавэу.

– Умыгузавэ. Ар Iуэхукъым.

Лауцэ зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу, нэхъу-нэхъуу йоплъ щIалэм. Хьэбэц къыщымышынэ щымыIэу жаIэрт. БыртIыми абы зыщедзей. Зэтэкъым хуэдзыхьщIыгъуэджэу зэрыIэнкунар. ИтIани: «Ар Iуэхукъым!» – жи.



6 Заказ №642

– Хьэуэ, хьэуэ, БыртIым! Хъунукъым. Уи мурадым къикIын щыIэкъым. КIуэжи нэхъыфIщ.

– Лауцэ, си мурадым уэ ущыгъуазэкъым.

– Сыщыгъуазэщ… КъикIын щыIэкъым. Дызыхэмытын дыхыумыгъэти нэхъыфIщ.

– Дауэ ущыгъуэзэн, зыри бжезмыIауэ?

– Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаIэщ, – жеIэри псалъэмакъыр зэриухар и макъым къыхэщауэ лэжьэн щIедзэж.

БыртIым и пIэ икIатэкъым. Мурад ищIат Лауцэ пэплъэну лэжьэн иухыху.

Лауцэ зэрыпIейтейр белджылыт. Тэлай-тэлайкIэ къыхуоплъэкI БыртIым. ЩIэкIыжын зэрыхуейр игъэлъагъуэу Iэ къыхуещI. АрщхьэкIэ Лауцэ апхуэдэу пIейтейуэ Iэ къызэрыхуищIым къигъэбырсейуэ пэплъэ мыхъумэ, щIэкIыжын мурад иIэтэкъым БыртIым.

Ауэрэ тыкуэным цIыхухэр нэхъ щомащIэ. Лауцэ и лэжьыгъэ пIалъэри ноблагъэ.

БыртIым жреIэ:

– БыртIым, уэркIи сэркIи емыкIущ мыбдеж узэрыщытыр. ЦIыхум ялъагъу шхупцIатэхьэ укъызэрымыкIуар.

ЩIалэм зрелъэфыхь. И мыхабзэу, и дамэ ижьыр хеш, зызэхуишэу зыIуробзеихь.



Иджыт Лауцэ гу щылъитар БыртIым зэрефам. Ар къызэщIэнауэ, и зекIуэкIэр зэрымытэмэмыжым нэмыщI, хьэгъуэлIыгъуэ чейуэ, фадэмэр къыжьэхихырт уэру.

Псалъэр тригъэчыныхьмэ, щIалэм и чэф псалъэр къеблыным зыщидзейуэ, Лауцэ жиIэж щымыIэу, щэхуакIуэхэм зыхуей яхуещIэри тыкуэныр зэхуищIыжыным зыхуегъэхьэзыр, инкассаторыр къэкIуэным пэплъэу.

БыртIым тыкуэным щIэтыжтэкъым. Сыт гъэщIэгъуэн, гу лъимытэу ар дауэ щIэкIыжа тыкуэным!

Апхуэдэу Лауцэ гугъа къудейуэ, къызэхех БыртIым и макъ:

– Лауцэ, къысхуэгъэгъу. Лэрыгъу банэу сумылъытэ! Iэмалыншагъэм сыкъихуауэ сыппоплъэ… М…м… тхьэ соIуэ, соукIытэмэ… Ауэ бжезмыIэу хъунукъым… КхъыIэ, сом мин щIыхуэу къызэт махуитIкIэ.

– Дэнэ къисхыу?

– Выручкэм къыхэх.

– Ар иджыпсту инкассаторым ихьынущ.

– СызэхэщIыкI, Лауцэ, ахъшэм сыщIыхуейм уэри сэри ди сэбэп хэлъщ… МыIэрысэ тонниплI къызащэ сом зырызкIэ. Выставкэм пхьы хъун мыIэрысэщ. Тхьэ соIуэ, сом щырыщкIэ ящэхунумэ. Уи лей сыхуейкъым. Си анэм и псэкIэ соIуэ, хэхъуэу къытхуищIыр ди зэхуэдитIыпсу згуэшынумэ!..

– Ей-ехь, уи уэрэдыжьымкIэ уоушэри уэ сэ слъагъур иджыри!

– Хьэуэ, Лауцэ, ди зэхуэдэ фIыгъуэщ!..

– КIуэ, кIуэ, БыртIым! А уи уэрэдым ежьу сыхъункIэ Iэмал зимыIэщ…

А тэлайм инкассаторыр къыщIохьэри Лауцэ къисатууар Iех.

– Аращ, БыртIым. НакIуэ, ныщIэкI.

БыртIым абы и пащхьэм къохутэ аргуэру:

– Лауцэ, тхьэ соIуэ, сыгушыIауэ арамэ. Къысхуэгъэгъу. ТIэкIу сефари пцIыкъым… Ауэ сэ мыбы сыкъэзыхуар си гур зытхьэкъуа фIылъагъуныгъэрщ…

– Хьэуэ, фIыуэ къызгурыIуащ укъэзыхуар. Мэ, зымахуэ тыкуэным щыблэжьам и пщIэр, – жеIэри БыртIым IэщIелъхьэ тумэнищ.

Ар БыртIым и жыпым ирилъхьэурэ къопсалъэ:

– КхъыIэ, уи фIэщ сыщI, уэр фIэкIа…

БыртIым и псалъэр зэуэ зэпоуд. ЩIым къыщIэтэджыкIами ярейуэ, Хьэбэц абы и пащхьэм къыхутат.

– Сыту фыгуп дыгъэл хуэдэ! – къопсалъэ КIэбышыр макъ гъум губжьауэ…

БыртIым пэзазэу, и бзэри иубыдауэ щытащ тэлайкIэ. Пэщытыфатэкъым ар аргуэру Хьэбэц. «Нэгъабэ щIалъхьам улъэщIэзмыгъэхьэжмэ, согъэпцI!» – зэрыжиIэу зыIуригъэхат. Тыкуэным щIэмытами ярейуэ, зыIуригъэхат. Ар кIыфIым хэту здэщытым, игу къыщIетхъ хэхъуэ къыхуэзыщIыну зыщыгугъа мыIэрысэ тонниплIыр къызэрищэхун ахъшэр Лауцэ къызэрыIимыхыфар. Абы и гугъэр химыхыжыпауэ, япэ зрегъэщри макIуэ Лауцэ зыщыпсэу унэ цIыкIум.

БыртIым Хьэбэц пэщымытыфами, и гугъэр хихыпатэкъым Лауцэ къигъэдэIуэным. Хьэбэц зэрыIукIыжу, бзылъхугъэм зыхуигъазэу епсэлъэн и мурадт. Ар кIыфIым здыхэтым, мыгъуагъэ зыхуехьыж зэрыкъэрабгъэм папщIэ… Сытым хуэдэу къыщыгуфIыкIрэт абы Лауцэ дзэм къыщикIыжагъащIэм. Псалъэ гуапэ дапщэ къыжриIат! ИтIани тегушхуэу и фIылъагъуныгъэ гуащIэр хуиIуэтэфакъым. Е сыт илэжьыфа, Лауцэ игу къыкIэрыпщIэн хуэдэу! Илэжьын дэнэ къэна, нэрылъагъуу емыкIу къыщихьат Лауцэ и пащхьэм. Сытым хуэдэу икIагъэ хьэдэгъуэдахэ къылъыкъуэкIат хэхыгъуэ махуэм!.. Комиссэм и секретарь Лауцэ хэхакIуэхэм я спискэм хэплъэжу щыст, пшапэр зэхэуауэ. БыртIым абы хуихьат розэ Iэрамэ зэщIэщхъуакIэу. Ар гуапэ щыхъуауэ, фIыщIэ ини хуищIу, Лауцэ къыIихат розэ Iэрамэр. А тэлайм БыртIым щхьэгъубжэм къыделъагъукI Хьэбэц и нэкIу Iувыр. Жьым ипхъуэтами ярейуэ, БыртIым щIобзэхыкI Лауцэ зыщIэс пэшым, абы Хьэбэц къыщIыхьэным иригузавэу. Арати, Хьэбэц къыщIоджалэ пэшым. Зэрефар белджылыуэ, нэкIукIэ цIыплъщ. Хыв гуу пыджэнум ещхьу хьэлъэу мэпапщэ.

– БжесIакъэ, Лауцэ, зы цIыхухъу закъуи къыпхуэгъунэгъуу зэрызмыдэнур?! Мис, мыбы я махуэр къыхуэзгъэкIуэнущ, зэгъащIэ, хэт уи деж къакIуэми! – жиIэурэ, БыртIым Лауцэ къыхуихьа розэ Iэрамэр щIым иредзыхри лъакъуэкIэ зэхепIытIэ.

– Хьэбэц, щIэкI! ИкIэщIыпIэкIэ щIэкI! Армырмэ милицэ къезджэнщи бэлыхь ухэздзэнкIэ, уи фIэщ зэрыхъун!

– Лауцэ, сэ бэлыхь сылъыхъуэркъым. А узыщыгугъ милицэри сфIэIуэхукъым. Сэ милицэм къызащIэфын щыIэкъым. Iуэхур ем щыхуэкIуэм, екIэ си ужь къихьэм япэщIыкIэ ажалыр естынщи, сэри зызукIыжынщ! Ар уигу игъэлъ зыщумыгъэгъупщэу. Уэращ, Лауцэ, сэ гъащIэу сиIэжыр!..

Лауцэ бын хуигъуэтауэ лIы зэриIэри, лIы имыIэххэу щытами, абы Хьэбэц псэгъу зыхуищIынкIэ Iэмал имыIэу, илъагъу зэрымыхъури Iэджэрэ жриIат…

Нысщхьэби арат – БыртӀым и псэр ӀукӀауэ щӀэпхъуэжа иужькӀэ, къыбгъэдэна Хьэбэц жреӀэ губжьыгъи гъынанэ макъи хузэщӀэту:

– Хьэбэц, дапщэрэ бжесӀэн хуей: сэ лӀы сиӀэщ, бын хуэзгъуэтауэ! НэчыхькӀэ ди гъащӀэр зэпхащ!..

– Ар зыми щыщкъым, Лауцэ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, пцӀыщ!.. Уи лӀу щытар псэужкъым!

– Дауэ мыпсэужу?! МазитӀ нэса къудейщ ар зыщӀэлъ сымаджэщым сызэрыщыӀэрэ! Пэжу, сымаджэ хьэлъэу щытащ, Ауэ мэхъуж. Мыгувэу къигъэзэжынущ.

– Ари пцӀыщ, – жеӀэ Хьэбэц и фӀэщу.

– Дауэ зэрыпцӀыр, на-гущэ, си нэкӀэ слъэгъуамэ!

– Сэри зэхэсхащ абы и хъыбар си тхьэкӀумитӀкӀэ… Дошан къалэм ущӀэкӀуари сощӀэ – Мысхьуд зыщӀалъхьа кхъэр зэбгъэлъагъуну аращ… Зэхэсхащ зылъэгъуам жиӀэжу.

– Бердыкъуи?! – къыжьэдолъэт Лауцэ, Бердыкъуэ фӀэкӀа абы щыгъуазэ зэрыщымыӀэр ищӀэрти.

– Хэтуи щрет.

– Бердыкъуэ фӀэкӀа абы щыгъуазэ щыӀэкъым.

– Хэтуи щрет! – жеӀэ аргуэру Хьэбэц.

КӀэбышым и псалъэм Лауцэ зыри зэрыпимыдзыжам нэхъри и фӀэщ ирихъуат Хьэбэц зэрыгугъар пэж дыдэу:

– Аращ, Лауцэ, фӀы дыдэу сощӀэ Ӏуэхур зыӀутыр. СыкъэбгъэпцӀэну ухэмыт алейкӀэ… Ухуеймэ, а узыпэплъэу жыхуэпӀэ ХьэщӀэлӀхэ я къуэр зыщыщӀалъхьари бжесӀэфынущ.

Лауцэ зэхихыжыртэкъым Хьэбэц и псалъэр.

Пэжу, Бердыкъуэ жиӀэу Хьэбэц зэхихат Мысхьуд дахэ-дахэу цӀыху хъужын хуэдэу узэрыщыгугъын щымыӀэу, хьэлъэу Одессэ яшауэ. Ар Хьэбэц къызэрыгурыӀуар Мысхьуд мыпсэужыххэу Одессэ щыщӀалъхьауэт. Арат апхуэдизуи и фӀэщу Хьэбэц щӀыжиӀэр Мысхьуд щымыӀэжу.

Лауцэ щым дыдэу, игу Ӏэпыхуауэ йотӀысэх. «Дауэ жиӀэн Бердыкъуэ апхуэдэ делагъэ?! Хьэуэ, хьэуэ. Апхуэдэу жыпӀэныр цӀыхугъэншагъэм къыщымынэу, гущӀэгъуншагъэщ! Сянэ дэлъхум цӀыхугъи гущӀэгъуи иӀэщ!» – мэгупсысэ Лауцэ.

Ауэ нысщхьэбэ Хьэбэц и бгъэгум БыртӀым къыщигъэлыда гурыплъри чэф жагъын мафӀэри зы хуэхъужати, зигъэщэбэным хущӀэкъуми, къикӀуэтыжыкӀэ имыщӀэу зэрыгупхъашэт:

– Аращ, Лауцэ, сызэхэщӀыкӀ дахэкӀэ.

Лауцэ гурыгъу-гурыщхъуэ дыджым иужьыгупауэ щӀокӀыж тыкуэным. Абы зыкӀи фӀэӀуэхужтэкъым иджы Хьэбэц и псалъэхэр. Мысхьуд мыпсэужу Бердыкъуэ иӀуэтэнкӀэ Ӏэмал зэримыӀэр хьэкъыу и гум пхигъэкӀыным хущӀэкъуми, гурыщхъуэ щӀыӀэр пкърыхьэпауэ, ундэрэщхъуати, дэгуи бзагуи хъуа щӀыкӀэу, кӀуэжырт и унэм, Хьэбэц и жыӀэхэр фӀэмыӀуэхужу…

Джолэт къалэ цӀыкӀум дэт унэхэм я нэхъыбапӀэр къат закъуэ унэт. Къалэ цӀыкӀур Хэку зауэшхуэм и ужькӀэт щаухуар. Ари зи фӀыгъэр Джолэт бгы абрагъуэм къыщӀах металлым папщӀэ яухуа рудникышхуэрт. Рудникыр щаухуэм, шахтылӀхэр щыпсэун папщӀэ, къат закъуэу унищэ ящӀат, пэшитӀ-щы фӀэкӀа мыхъуу. А унэ лъахъшэ цӀыкӀухэр иджы къалэм ику дыдэм щызэхэтт, Джолэтым и япэ псэуалъэхэм я фэеплъу яхъумэу.

Япэ дыдэу Джолэт дащIыхьа унэ цIыкIухэм ящыщ зыт Лауцэ и фэтэрыр, пэш цIыкIуитIу зэхэтыр. Къуажэ унэхэм хуэдэу, абы щIапIэ тIэкIуи иIэт.

Лауцэ и унэ цIыкIур ерагъыут жэщ кIыфIым къызэрыхэщыр ныжэбэ. Унэ гупэ щхьэгъубжитIыр кIыфIт.

БыртIым лъэс куэбжэ цIыкIум деж тэлайкIэ щытат, зэхихи илъагъуи щымыIэу, бжэIупэм Iухьэнуи дзыхь имыщIу. Ар абдеж щызыIыгъыр зыт – Лауцэ зыхуигъазэу, ахъшэ щIыхуэ къригъэгъуэтыным щыгугъыу арат. Абы къыхэкIкIэ зиущэхуауэ пэплъэрт Лауцэ къэкIуэжыным.

БыртIым и гур икIауэ къощтэ, макъ гъум гурымыхьыр къызэхехри имыщIэххэу:

– Хэт ар?

Арыххэти, БыртIым жьым ирихьэжьэми ярейуэ, лъэс куэбжэ цIыкIум IуобзэхыкI.

Лауцэ игу зэрыхэщIым гу лъитат Хьэбэци, тIуми жаIэж щымыIэу, хуэм дыдэу къыздэкIуэм, ялъагъу щымыIэу кIыфIти, Хьэбэцрэ Лауцэрэ ямыщIэххэу къыIууат лъэс куэбжэ цIыкIум деж щыта БыртIым.

Хьэбэц и макъым жэуап иIатэкъым. Ауэ лIы гуэр зэрилъэгъуам шэч къытримыхьэжу, кIыфIым зыхедзэ. Лауцэ арыххэу дохьэжри куэбжэ цIыкIур къыхуещIыж, илъагъу мыхъу Хьэбэц абыкIэ зыпигъэIэщIэн и гугъэу. АрщхьэкIэ ар Хьэбэц папщIэ Хъуэжэ и куэбжэти, лъэс куэбжэр щыхуIумыкIым, штакетникым йобакъуэри, унэбжэм бгъэдыхьэжа Лауцэм къыбгъэдохутэ.

Лауцэ гъынанэу мэлъаIуэ:

– Хьэбэц! Зи лажьэр кIуэдын, зи дуней гъащIэкIэ узыхь сызыхуэхъун! Уи анэ-адэм я цIэкIэ сынолъэIу, хэутэн сумыщIыну!

– Сыт хэутэн, Лауцэ? Нэмысрэ насыпрэщ сызэрыпхуэупсэнур!

– Дэнэ къикIа нэмыс?! Хэутэн сыбощI, си напэр тыбох!.. Сэ лIы сиIэщ!.. УмыхьэкIэкхъуэкIэу, зы ткIуэпс нэхъ мыхъуми, уи гум цIыху зэхэщIыкI илъмэ, зэхэщIыкI – жэщыбгым хамэлI здалъагъуныр сэркIэ зэрынапэтехыр!

– Хъунщ, атIэ, – жеIэ Хьэбэц, бзылъхугъэм и лъэIури гухэщI тхьэусыхафэри къыфIэмыIуэхуу. – Уи унэм дыщIэгъыхьи дызэгъэпсалъэ дигу гъэтIылъауэ.

– ДыщIызэпсэлъэн щыIэкъым! Си натIэм икI!.. Иджыри бжызоIэ, лIы симыIэххэми, мы дунейм теткъым си гъащIэр зэросхьэлIэфын!

– Сыт щхьэкIэ, Лауцэ?! Си нэ къэт, си Iэр къыздэмыбзэ, си бзэр иубыдрэ?

А псалъэхэр зэрызэхихыу, гурыгъу-гурыщIэм зэпхелыгъукI Лауцэ и гур. Зы псалъи жимыIэжыфу зэщIэIулIауэ здэщытым, зэуэ и нэгу къыщIохутэж – Iэпкълъэпкъыу иIэр къыдэмыбзэу, и бзэр иубыдауэ, мылIэ-мыпсэу Мысхьуд никъуэдикъуагъэу дилъэгъуар зыхуэдэр! Сыту насыпыншагъэшхуэ атIэ ар! А никъуэдикъуагъэр армырауэ пIэрэ абы и насыпыншагъэ гуIэгъуэр езыр? Гугъэ делагъэкIэ щхьэузыхь зищIу, мыгъуагъэ гъащIэм зыхидзэу аракъэ пIалъэншэу?!

Лауцэ унэ щIыхьэпIэм етIысэхащи, гъащIэр зыхуихьынур имыщIэу, шэми шхуми исун, зэщыджэу магъ макъ ищIу. Сыт

гъащIэ зехьэнейуэ никъуэдыкъуагъэ натIэ зыхуэхъуам зыщIыкIэрищIэнур! И Iэр къыдэмыбзым, и бзэр иубыдамэ, зэрыхуейуэ мыплъэм, и лъэр мыувыжмэ, сытым и пэрмэн гъащIэм папщIэ иджы Мысхьуд?!

Арыххэу лъэс куэбжэ цIыкIур къыIуеуд зыгуэрым. ЗызыIэта Iэуэлъауэм Лауцэ зыхэта гупсысэ гуащIэм къаIэпэщIех.

Зи псэр IукIарэ, мыбэуэжыфу щыта БыртIым, Лауцэ и гуIэ макъыр зэхехри, «фызым и губжьри къысфIэмыIуэхуу, щызоIуэ, сыщIэлъэдэнщи унэм къыщIэна пыIэр къыщIэзмыхыжмэ!» – жызыIам хуэдэу, и гущтэпкIыгъэр ирикъуэкIауэ, Лауцэ деж мажэри Хьэбэцым жреIэ:

– Уа, умыхьэкIэкхъуэкIэмэ, Хьэбэц, зытIэкIу нэхъ мыхъуми, цIыхугъэ пхэлъу гущIэгъу зигъэIэ!.. Къыпхуейкъым! ЗыкIэрумыщIэ Лауцэ!..

– Ей-ехь, си бампIэр зытезгъэпщэхэну схуэмыгъуэтыр мыдэ ущыIи. – «Кхъуэм и губжьыр хьэм щехьэ», – жыхуаIэу, Хьэбэц и губжьыр БыртIым и фэм ирихыну зэщIеубыдэри хыфIехуэ. Къыщелъэфыжри лъэс куэбжэ цIыкIум деутIыпщыкI.

* * *

ГЪащIэр гухэхъуэ защIэкIэ гъэнщIа гъуэгуанэу зэрыщымытыр Мысхьуд пхыкIауэ ищIэрт. Ауэ ар зэи гугъатэкъым иджы хуэдэу хьэлъэу, игъэхыщIэу гъащIэм гугъуехькIэ игъэунэхуну.



И гугъэмрэ гъащIэмрэ зэтемыхуэу, и нэр ятIэтэжу нэху щилъагъужынум пэплъэурэ ар апхуэдизкIэ ешати, и гур пIытIауэ ихьырт жьыр хуримыкъужу.

Ауэрэ здыхэлъым, пIалъэ-пIалъэкIэрэ егупсысырт Дошан къикIа письмом. Хэту пIэрэ ипэжыпIэкIэ ар къэзытхар? Дауи, Лауцэщ… Ауэ нэчыхь дяку зэхуилъу дауэ лIы зэрыдэкIуэр?..

Абы хэту медсестрар къыщIохьэ.

– Хэт ар?

– Сэращ – Оксанэщ, – жиIэурэ Мысхьуд хиIуну мастэр егъэхьэзыр.

– Си нэр фтIэтэжыну ара?

– Хьэуэ. Мастэ пхэсIунущ.

– Дапщэщ атIэ си нэр щыфтIэтэжынур?

– Дохутырым зэрыжиIамкIэ, пщэдей е пщэдеймыщкIэ.

– Ярэби, нэху слъагъужыну пIэрэ, Оксанэ?

– Iэмал имыIэу плъагъужынущ.

– Уи фIэщу жыпIэрэ хьэмэрэ сигу фIы пщIы къудейрэ?

– Дохутырым жиIащ, сэри согугъэ.

– Оксанэ, – зэуэ псалъэр зэрехъуэкI Мысхьуд, – нэчыхьи быни зиIэ фызыр нэгъуэщIым дэкIуэнкIэ хъуну, и лIыр псэууэ?

– Къыщыхъуи щыIэщ апхуэдэ, – жиIэурэ зэщIекъуэж и Iэмэпсымэр, щIэкIыжыну.

Мысхьуд кърigъэжьа псалъэр медсестрам зэрыфIэIуэхуа щыIэтэкъым. Ар лIым къызэрыгурыIуар абы игу къебгъэу е зыгуэрым губгъэн хуищIу арат.

– КъызэрысфIэщIымкIэ, зыгуэрым уигу йобгъэ, Оксанэ.

– Дэнэ къикIауэ?

– Сэ сщIэрэ, упсэлъэгъуейщ.

– Си хьэлыр апхуэдэщ. Сыщылажьэм си гуапэкъым Iуэхуншагъэ псалъэ згъэIуну, – щIэкIыжыну зреч.

Мысхьуд пIэм къотIысхьэ.

– Оксанэ, ущIэкIыжрэ?

– НэгъуэщI сымаджэхэри къыспоплъэ.

– КхъыIэ, атIэ щхьэгъубжэм щыт креслэм сыгъэтIыс.

Оксанэ Мысхьуд и Iэр еубыдри егъэтIыс.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, мыгувэу дуней нэхум сытеплъэжынущ…

– Утеплъэжынущ. Iэмал имыIэу утеплъэнущ.

– Нышэдибэ бзухэр зыкIэ бзэрабзэрти, пщэдджыжь дыгъэпсыр зэрыдыгъэлыр белджылыт. Пэжкъэ, Оксанэ?

– ИкъукIэ пщэдджыжь къабзэщ. Хъунщ атIэ. Зыгъэпсэху. Iэмал зэриIэкIэ, зумыгъэпIейтей. Дохутырым жиIащ упIейтей мыхъуну. Щи, уи гур гъэтIылъауэ гупсэхуу щыс, – жиIэурэ щIокIыж Оксанэ.

Мысхьуд и гур жыжьэ пхъэрауэ, и нэгум щынаIуэт гъатхэ дыгъэпсыр, уэсыщхьэ къуршхэр, гъунэншэ губгъуэхэр, жыг хадэ гъагъэхэр, псыхъуэ уэх щхъуантIэхэр. Ауэрэ абы и нэгум къыщIохьэ Махуэгъэпс мэзыр, Къызбрун бгъуэщIхэр. Зытеплъэ псори гум хыхьэрт, и псэр яхьэхурт…

Мысхьуд къотэджри Iэбэрабэурэ щхьэгъубжэр къегъуэт. Iуихыну хэтщ. АрщхьэкIэ хуIумыхауэ, IитIыр ешийри бгъэгум щIекъузэ, щхьэгъубжэм адэкIэ сыт къыщытми заришэкIауэ къызэщIикъуэ фIэщIу. ТэлайкIэ шэщIауэ щытауэ, зыгуэрым къыIэщIэхужа щIыкIэу, шэнт щабэм йотIысэхыж, ешауэ зэфIэутэха щIыкIэу. Жейбащхъуэ щIыкIэу и нэкIухэр ireIуэтэх. Iэпхъуамбэ пIащэхэр щхьэц Iувым щIeIу. И Iэгу ущIахэмкIэ и нэкIур зэщIиубыдауэ мэгупсысэ: «Сыту пIэрэ атIэ къыспэплъэр – плъапIэншэ защIэу жэщ мыухыжу ара? Уи гъатхи, бжьыхьи, гъэмахуи щIымахуи – псори зы жэщу, нэхущыншэу арауэ пIэрэ? Сыт щIэарар? – жеIэ и гум. – Гугъэрыплъэщ, и лъэр жанщ! Гур мыплъэмэ, нэм илъагъу щыIэкъым. И гурыхуагъэм къару езытын зэфIэкIи иIэщ зи гур зыгъэплъэфым».

ЗиIыгът, зигъэбыдэрт зэрыхулъэкIкIэ Мысхьуд. Ауэ Дошан къыдашу, Лауцэ пэIэщIэ зэрыхъурэ, гугъапIэншагъэр зэуэ къытеублэрэкIауэ фIэщIат…

Палатэм и бжэр зэуэ къызэIуожри, Мысхьуд и пащхьэм къохутэ медсестра Оксанэрэ Лауцэрэ.

– Хачетлов, хьэщIэ лъапIэ къыпхуэкIуащ!

Оксанэ и псалъэр нигъэсатэкъым, Лауцэ зидзу Мысхьуд зыщришэкIам. И нэм, и псэм хуихьу зрекъузылIэ.

Мысхьуд апхуэдизу къыхуэгумащIэр хэтми къыхуэмыщIэу, Iэнкуну зеIэжьэ.

– Сэращ ар, Мысхьуд! – жиIэу нэпс хуабэр къызэжэх нэкIумкIэ зрекъузылIэ. – СыкъэпцIыхужыркъэ, Мысхьуд?

Шэч хэлътэкъым а псалъэр зэры-Лауцэм.

– СощIэ, сощIэ, – жеIэ Мысхьуд щIыIэ-щIыIэу, – уи макъыр зэрызгъэгъуэщэн щыIэкъым… Ауэ, Лауцэ, – жеIэри Мысхьуд и псалъэр зэпегъэу.

Лауцэ абы и бгъафэм зыкъыщIепхъуэтри гурыщхъуэу жьэхоплъэ и щхьэгъусэм, и псалъэм къыпищэнум пэплъэу. Ауэ Мысхьуд зэрыщымт.

– Сыт, Мысхьуд, сыт, зи лажьэр кIуэдын, ухэзыгъаплъэр?

Мысхьуд а зэрыщымт.

– Куэдрэ зумыIэжьэ, Лауцэ. Дохутырыр мыгувэу къэкIуэн хуейщ, – жеIэри щIокIыж Оксанэ.

– Сыт, Мысхьуд, уи псалъэр щIызэпыуар?

– Лауцэ, Дошан укъыздикIар?

– Хьэуэ. Джолатщ.

– Ар сыт Джолат? Дошану къыщIэкIынщ.

– Сыт щхьэкIэ, на? Дошаныр Таджикистан къалэщ. Джолэтыр дыдейщ. ПщIэжыркъэ металлургическэ комбинатышхуэ зыщаухуар? Техникумыр къэзухауэ абы сыщолажьэ.

– Куэд щIа Дошан укъызэрикIыжрэ?

– Мыбы укъыщаша махуэ дыдэм Бердыкъуи сэри дыкъызэдежьэжащ.

Мысхьуд хэплъызэпауэ йогупсыс Дошан къикIа письмом. Ар зыхуихьынур къыхуэщIэркъым. Лауцэ еупщIынуи фIэмытаучэлу зиIыгът.

– Сыт апхуэдизу ухэзыгъаплъэр, Мысхьуд? Хьэмэрэ сыкъызэрыкIуар уи гуапэ мыхъуауэ ара?

– Сыт жыпIэр, Лауцэ?! Сыножьэурэ жьы сыхъуным нэсащ, – Мысхьуд арыххэу псалъэр зэрехъуэкI. – ЗэрыжыпIэмкIэ, мазэм щIигъуащ Дошан укъызэрикIыжрэ. АтIэ иджыри къэс…

Оксанэ къыщIохьэри жеIэ:

– Хачетлов, дохутырыр къыппоплъэ.

– Си нэр итIэтэжыну ара?

– АрагъэнкIи хъунщ. НакIуэ. – Мысхьуд и Iэр еубыдри къегъэтэдж. – Уэри, Лауцэ, зэкIэ щIэкIыжи фойем зыщыIэжьэ. ИужькIэ сыноджэнщ…



Бердыкъуи, Гуарини, Лауци, капитан Орлови я нэбдзыпэ къемыхыу, зэфIэту нэху къыщекIат хьэщIэщым. Абыхэм къыжраIат Мысхьуд и нэр зэратIэтэжынур, щIэгузэвэн щымыIэуи операцэр зэIузэпэщу зэрызэфIэкIар. ПIалъэ къыхуащIа жэщ-махуэр зэфIэкIри, плIыри жьыуэ сымаджэщым къэкIуат, а зы жэщ-махуэр гъунапкъэншэ зэман яфIэщIу къатехьэлъауэ.

Пщэдджыжьыр мыдыгъэпс дыдэу игъуэу нэхулъэт.

Бердыкъуэ сымэ сымаджэщыбжэр къызэIуахыным пэплъэу здэщытым, етIуанэ къатым зыгуэр къепсэлъэхыу зэхах:

– Ей-ей, Бердыкъуэ! Ура! Псори фызолъагъу!..

Мысхьуд къыбгъэдыхьа бзылъхугъэ гуэрыр лIым хуэхъущIэу IуегъэкIуэтри щхьэгъубжэр зэхуещIыж.

Бердыкъуэ сымэ зэрызэхуэгуфIэр пхуэмыIуэтэщIыну гъунапкъэншэт. Япэрауэ, псори Гуаринэ ехъуэхъуу къеувэкIауэ IэплIэ хуащI, езыхэри зэхуэгумащIэу зыр зым йохъуэхъу.

Аргуэру зыкъызэIуех Мысхьуд зыщIэлъ палатэ щхьэгъубжэм. ГуфIэгъуэ нуркIэ къызэщIэнауэ, абы къыдэплъырт Мысхьуд, Бердыкъуэ сымэ гукIи псэкIи закъыхуишийуэ.

Лауцэ еплъырт а щхьэгъубжэшхуэм, нэхъ нэхууи нэхъ хуитуи и гум къыщепсу, и псэм щыхуабэу. «Дыгъэм пшэ техьэкIэункIыфI и хабзэкъым»! – Насып уэрэду щыушэрт Лауцэ и бгъэм. – Аращ – гъащIэ гуращэр пхъумэфмэ, мэщхьэгъубжэ нэху ар, уи гур игъаплъэу, уи лъэр жан ищIу!..»

# ЛЪЭХЪЭНЭХЭР КЪУЭПСКІЭ ЗЭРЫЗЭПЫЩІАР

Зауэ джэгурэ дауэ джэгурэ щыIэкъым. Зауэм и кIэр хьэдагъэщ... Апхуэдэ псалъэжь куэд къыдогъуэгурыкIуэ ди лъэпкъым. Ауэ щыхъукIи, зауэ-банэкIэ нэгъуэщIхэм я хэкурэ я мылъкурэ зыIэрыгъэхьэным пымылъхэу, лажьэрэ шхэжу, Алыхьыр къазэрыхуэупса я лъахэ телъыджэм блэмыхъуэпсыкIыу, я щхьэрэ я бынрэ зыхуей хуагъазэу, хабзэрэ нэмысрэ зыкIэлъызэрахьэ я гъунэгъухэми щIыпIэ жыжьэхэм щыпсэу лъэпкъхэми я деж щыцIэрыIуэ адыгэхэм зауэхэм я фэм щыдэкIа бэлыхьым хуэдиз зыгъэва цIыху дунейм тету къыщIэкIынкъым. Дауи, аращ тхыбзэ зимыIа ди лъэпкъым зауэм теухуауэ къыщIэна псалъэжьхэри, уэрэдыжьхэри, хъыбархэри лIыгъэм, дахагъэм, пэжыгъэм я тхыдэ щIэхъуар. А жьэрыIуатэ тхыдэм и купщIэр зэрыуахъътыншэм, и гъунапкъэхэм зэрызаукъуэдий зэпытым къыхэкIыу, ди лъэпкъыр къэзыцIыхухэм, абы къэрах лейр зигу темыхуэ цIыху пэрытхэм я бжыгъэхэр дэнэ лъэныкъуэкIи нэхъыбэ щыхъурт. ЗэрымащIэм, псэупIэ къезымыту къезауэ бий лъэщым зэрыпэщIэтын, зэрызихъумэжын Iэщэхэр зэримыIэм нэхъ къуаншагъэ зыбгъэдэмылъ, хамэщIрэ хамэ мылъкурэ щIэмынэцIу, лажьихъати ямыIэу, лажьэрэ шхэжу къэгъуэгурыкIуэ адыгэхэм хьэкъыншэу лъэпкъкIуэдыр къызэрыхуагъакIуэр зыфIэмызахуэ, апхуэдэ хьэкIэкхъуэкIагъыр зэрыхабзэншагъым хуаIэт макъхэм езы Урысей дыдэми зыкъыщаIэтырт.

Хьэдагъэ кIыхь хъуа илъэсищэ зауэм адыгэхэм къащытепсыхэ гуауэшхуэмрэ къахуихь тхьэмыщкIагъэмрэ къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ бжыгъэншэхэр дунейм къытехьэ хъуат лъыпсымрэ нэпсымрэ зи Iэужь а мафIэлыгъэм щигуащIэгъуэу ди лъахэр щагъэгуIэж лъэхъэнэ бзаджэхэм щыгъуи. Ешхуэр зи унэм ирагъэхьэ лъэпкъым и гъыбзэхэм къыпэджэжу дунейм щагъэIу макъхэр ягъэужьыхыну, адыгэхэм я лIыгъэм, къэзылъхуахэмрэ я бынхэмрэ папщIэ, я хэкумрэ я щхьэхуитыныгъэмрэ яхъумэжурэ псэ мин бжыгъэхэр зэрыщIатым теухуа тхыгъэхэм гъуэгу емытыным пащтыхьхэри, абыхэм я къуэдзэ къулыкъущIэхэри, дзэпщышхуэхэри щIыхэтар зэхащIыхь хьэкIэкхъуэкIагъэхэр хэIущIыIу ямыщIу щIахъумэну яужь зэритар гурыIуэгъуэми, уи щхьэм къыпхуимыгъэтIасэр революцэ нэужьми а политикэр къыщIызэтенамрэ абы илъэс блыщIым щIигъу гъащIэ игъуэтауэ зэрыщытамрэт: адыгэхэм я тхыдэм, кIэ зрата пащтыхьыгъуэм и Iэужь Урыс-Кавказ зауэм ди лъэпкъым щыщу цIыхуипщI къэскIэ бгъур зэрыхэкIуэдар щIубзыщIын хуейр лIот? Ауэ щыхъукIи, уи фIэщ щIыгъуейщ а илъэсищэ зауэм езы урыс цIыхубэр щIэхъуэпсу щытауи абы хэуныкIауи. ЗэрыжаIэщи, хэт и текIуэныгъэкIи ireухи, зауэм лъэныкъуитIми я цIыху куэд хокIуадэ. Ар щIэхъумаи хъуркъым икIи пхущIэхъумэнукъым.

ЗэрыувыIэрэ илъэсищэрэ щэ ныкъуэм щIигъуа Урыс-Кавказ зауэм и щIэгъэстакIуэу щытар, абы хуеяр Лабэ псыхъуэшхуэм псым и пIэкIэ лъыр щезыгъэжэха пащтыхьхэрщ, абыхэм я блыгущIэтхэмрэ дзэпщышхуэхэмрэщ: ахэращ а зауэ мыгъуэжьым хуэнэпсеяхэр, ар мылъку хэкIыпIэ, дамыгъэ лъагэхэмрэ цIэ лъапIэхэмрэ я къэлэжьыпIэ зыхуэхъуахэрщ. Армыхъу урыс мэкъумэшыщIэ тхьэмыщкIэхэмрэ ра-

бочэхэмрэ къыхашу шынагъэрэ Iэмалыншагъкlэ ирахулIэу псалъэ быдэ зрагъэтахэркъым. И псэм емыблэжу зи къалэным бгъэдэмыт сэлэтым сыт хуэдэдзэми дэнэ щIыпIи къыщраплъыну фэр зыхуэдэр гурыIуэгъуэщ...

ЩищIалэгъуэм урысыдзэм куэдрэ хэта, иужькlэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа Толстой Лев Николаевичи ар тэмэму къызэрыгурыIуэрэ Iэджэ щIат; зауэхэм теухуа и тхыгъэ нэхъ цIыкIухэри, курытхэри, романхэри дэгъуэу къыщIехъулIэр арат. Абы щыхьэт тохъуэ «Хьэжмурат» повестри.

Мыр Урыс-Кавказ зауэм теухуауэ щыIэ тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ щIэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр гурыIуэгъуэщ: зэрыжаIэу, кхъухьышхуэм и есыпIэри инщ. Зи гупсысэкIэмрэ зи зэфIэкIымрэ гъунапкъэншэ тхакIуэшхуэм хузэфIэкIащ зи напэкIуэцIхэмкIэ мыин повестым и къэухьым зригъэукъуэдийкIэрэ, Урыс-Кавказ зауэр зыщекIуэкIа гъунапкъэхэм икIыу къэралым и Iэтащхьэ пащтыхьми, абы къегъэщIылIа къулыкъущIэшхуэхэми, дзэпщхэми я псэукIащыIэкIахэр къигъэлъэгъуэн. Зауэм Iут лъэныкъуитIми ягъажэ лъым нэхърэ зыцкIэ нэхъ къабзэтэкъым тепщэгъуэр зейхэм я IуэхущIафэ фIейхэр. НехьэкI-къехьэкI хэмылъу, пэжыр и гъуазэу итхыну и мурад повестыр и гумрэ и щхьэмрэ щихъумэу, и псэм къеныкъуэкъуу илъэс щэ ныкъуэм щIигъукIэ Толстой къыщIрихьэкIар Iэджэми хуэпхь хъунущ. Абыхэм ящыщу къыщIэкIынт Хьэжмурати, и лъэпкъэгъухэми, бгырысхэм я лъахэм теухуа хъыбар нэщхъеягъуэхэми Урысейм гъуэгу зэрыщрамытынур тхакIуэм хьэкъыу пхыкIауэ зэрыщытари. Абы щыхьэт тохъуэ повестыр иуха нэужьи, къыдигъэкIын Iуэху зэримыхуэу, ар зэрыщигъэлъари. Мы тхыгъэ телъыджэр къыщытрадзар ар зи Iэдакъэщ IэкIыр дунейм ехыжа нэужьщ. Зэрытрадзауэ щытари дауэт? ЯгъэкIэщIауэ. ЗэхафыщIауэ. Iуэхур апхуэдэу зэрыхъунур къызыгурыIуэ цIыху Iущым, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж тхакIуэшхуэм кърахщIэнкIэ хъунур ищIэу арагъэнт а повестыр итхынми ар къыдэгъэкIынми щIыхуэмыпIэщIар. Ауэ къуршыпс уэрыр фIырыфIкIэ зэрыпхуIумыщIэнум ещхьти, бгырысхэм, абыхэм я къуэ нэхъ лIыхъужь дыдэхэм ящыщ Хьэжмурат теухуа хъыбар гуузми гъуэгу игъуэтри, Урыс-Кавказ тхыдэм и нэхъыфIыпIэ дыдэу дунейм къытенащ. Ари хэлъщ мызэ-мытIэу сыкъызэджа мы тхыгъэр адыгэбзэм къыщIизгъэтIэсам. А мурадыр зэрысщIрэ куэд щIат. Пэжщ, сэркIэ абы нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэт. Ауэ сытемыгушхуэм, сыхунэмысурэ екIуэкIырти, лэжьапIэм сыкъызэрыIукIыжу, нэгъуэщI Iуэху лъэпкъ дэзмыщIыкIыу, мы лэжьыгъэм занщIэу зеспщытащ. Арат и етIуанэ щхьэусыгъуэри...

Ди хьэблэм дэсащ Къуныжь ХьэжпагуэкIэ зэджэ лIы бэлыхь гуэр. Ди нэхъыжьхэм жаIэу зэрызэхэтххэмкIэ, адыгэлI губзыгъэм бзэрэ тхылъкIэ къыпэхъун Къэбэрдей псом щыгъуэтыгъуейт. Сабийхэри дригуфIэрт, дригушхуэрт апхуэдэ цIыху телъыджэ дызэригъунэгъум. И гъуэгур ди куэбжэпэмкIэ блэкIырти, вым и къуэгъурэ лIым и гъуррэ жыхуаIэм ещхь, портфелышхуэ зыIыгъ а лIыр, ди гупэ Iуащхьэм дэкIыурэ къалэм кIуэуэ е къэкIуэжу щытлъагъукIэ, дэ пщIантIэм дыкъыдэжырти: «Мес Хьэжпагуэ!» – жытIэурэ нэкIэ дыкIэлъыкIуатэрт.

Езым и щхьэкIэ къилэжь пщIэм нэмыщI, ар фIыуэ щIалъагъум нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэт: и цIэ кърaIуамэ, цIыхур зыхуэтэджым хуэдэу къуажэм дэсат Хьэжпагуэ и адэ Аслъэнджэрий. Абы и кIуэдыкIам, ар зытекIуэдам и хъыбар гуузри яхуэухыртэкъым нэ-

хъыжьхэм. Зи цIэр Толстой уахътыншэ ищIа Хьэжмурат хуэдэу цIэрыIуэ мыхъуами, Къуныжь Аслъэнджэрии зытекIуэдэжар и лIыгъэмрэ и къуажэгъухэр ихъумэну зэрыхэтамрэт.

Ар къыщыхъуар урысей цIыхухэр, хужьрэ плъыжькIэ загуэшауэ, щызэрыукIыж лъэхъэнэхэрат. Плъыжьхэм зи лъапсэр ягъэгъущ, зэтраукIэ къулейхэм ящыщ пэтми, гъащIэр зыхуэкIуэр къызыгурыIуэу абыхэм я лъэныкъуэ хъуа Аслъэнджэрий, зэрыжаIэжхэмкIэ, старшынауэ хахат революцэ нэужьхэм. Дунейр IэгурыкI-Iэгурыхьэт: зэм плъыжьхэр, зэми хужьхэр тепщэ хъурт. Аслъэнджэрий и щхьэм хуэдэ пфIэтын хуейт а лъэхъэнэ зэхэзэрыхьар зищIысыр къыбгурыIуэн, зи дзыхь къозыгъэза къуажэдэсым я уэчыл ухъун, цIыхур пхуэхъумэн папщIэ. Къуныжьым а къалэныр дэгъуэу игъэзащIэу екIуэкIыурэ, бжьыпэр зыIэрыхьа хужьхэр къуажэм къыдолъадэ. Аслъэнджэрий и лэжьапIэм йожалIэхэри, нэхъ лIыфI защIэу щэ ныкъуэрэ шыфIуи апхуэдизрэ икIэщIыпIэкIэ яритын хуейуэ къыпаубыд. «Арыншамэ...» – щыжаIэм. «СывукIыну арамэ, сывукI. Ауэ а жыхуэфIэр фхуэсщIэу, я щхьэ кърикIуэнкIэ хъуныр сымыщIэу, лIы щэ ныкъуэрэ шы щэ ныкъуэрэ фэсту ахэр зейхэр схуэгъэгуIэнукъым», – щыжиIэм, афIэкIа хэмылъу, и пIэм ираукIыхь зи ныбжьыр илъэс пщIейм нэса, цIыхугъэрэ лIыгъэкIэ Тхьэр зыхуэупса адыгэлIыр.

ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ, жи. И адэм хуэфащэу дунейм темытамэ, щIэныгъэфIи бгъэдэмылъамэ, бзэ куэди ищIэу щымытамэ, а псори къигъэсэбэпурэ ди лъэпкъ тхыдэм щыгъуазэ зимыщIамэ, Урыс-Кавказ зауэм теухуа тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ «Хьэжмурат» повестыр адыгэбзэкIэ зэдзэкIыным иужь ихьэну къыщIэкIынтэкъым Хьэжпагуэ. АтIэми, а темэм табу щытелъа, властым нэхъ щигуащIэгъуэ лъэхъэнэ бзаджэм, щхьэусыгъуэ Iэджэ фIащурэ, ди къэралым и цIыхухэр зэтриукIэжу, игъэтIысу щыщыта щэщI гъэхэм. И адэм къылъыкъуэкIыгъа лIыгъэр зи щапхъэу псэу адыгэлI щэджащэти арат шынагъуэшхуэ зыпыщIа а лэжьыгъэм Хьэжпагуэ зыщIрипщытар. Ауэ Урыс-Кавказ зауэр зыхуэдамрэ абы бгырысхэм гуауэрэ насыпыншагъэу къахудэкIуамрэ я тхыдэ пэж хъуа, – щIэхъуар ар зи IэдакъэщIэкIми хэлъа лIыгъэмрэ зэфIэкIымрэщ, – повестыр ди деж, атIэми Къалмыкъ БетIал щитепщэгъуам, зэрыщыпхутрамыдзэнур хьэкът. ИкIи зыщIыпIи къытехуакъым. А Iуэхум и пэжыпIэр зэхэзгъэкIын папщIэ сэ ди тхакIуэ нэхъыжьхэм сащеупщIам псоми я жэуапыр зэтехуэрт!.. «Къуныжь Хьэжпагуэ адыгэ лIыфIу, щIэныгъэшхуэ иIэу щытащ. И Iэзагъымрэ и зэфIэкIымрэ щхьэкIэ сехъуапсэу, сэр нэхърэ илъэс зыхыблкIэ нэхъыжьти, пщIэшхуи хуэсщIу сыдэлэжьащ. Абы «Хьэжмурат» повестыр зэуэ фIыуэ адыгэбзэкIэ зэридзэкIати, фIыщIэ жыг хухэпсэ хъун мыгъуэт, арщхьэкIэ...» – жиIэрти, нэщхъей къэхъурт зи тхыгъэхэр 1923 гъэм къыщыщIэдзауэ къытрадзэу щыта, зи творчествэмкIэ адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIу лэжьа, ауэ советскэ лъэхъуэщхэр зыхуэдэр тIэунейрэ (1937, 1943 гъэхэм) Магадан къалэмрэ Тэтэр республикэмрэ щызыгъэунэхуа ЩакIуэ Талъостэн. Теунэ Хьэчими, ЩоджэнцIыкIу Iэдэми, адрейхэми жаIэрт Хьэжпагуэ зэридзэкIауэ «Хьэжмурат» повестым (Iэрытхыу къаIэрыхьэурэ) къызэреджар.

Ауэ и адэр плъыжьхэм я лъэныкъуэу зэрылэжьари (щэщI гъэхэм къэсамэ, Аслъэнджэрий властым IэщIэкIуэдэжыну зэрыщытар хьэкът: ар нэхъыфI дыдэу псэууэ – апхуэдэхэратэкъэ нэхъыбэу кIэ зратар, – Щхьэлыкъуэ дэсахэм ящыщт. Иджыпстуи слъагъу хуэдэщ

абыхэ я къэнжалыщхьэ, абджыпс унэ зэгуэтышхуэр, иужькIэ къуажэ дохутырхэм я лэжьапIэ хъуауэ щытари, я шэщ абрагъуэри: ар ди колхозым иIа хакIуэ лъэпкъыфIхэр зыщагъашхэ боушхуэу къахуэнат) къыхуэщхьэпатэкъым зауэ лъэхъэнэхэм хьэкъыншэу ягъэтIысу лъэхъуэщым икIуэда Хьэжпагуэ. Езыр щагъэкIуэдым, а Iэрытхри щхьэ лъэужьыншэу бзэхат? Зызыхъуэж лъэхъэнэхэр къуэпскIэ зэрызэпыщIам щыхьэт темыхъуэу пIэрэ щатхами занщIэу гъуэгу зымыгъуэта, щызэрадзэкIами зи Iэрытхыр кIуэда мы повестым и щхьэм кърикIуахэр?..

А упщIэхэмрэ абыхэм къахуэзмыгъуэтыф жэуапхэмрэ самыгъэтыншурэ куэд щIауэ къекIуэкIырти, илъэс 43-кIэ сызыщцылэжьа журналым сыкъызэрыIукIыжу зэздзэкIыу редакцэм еста мы лэжьыгъэр хъуа-мыхъуам и гугъу сэ сщIынкъым – ар мыбы къеджэхэм зэхагъэкIынщ. ИкIи схужыIэнукъым ди тхакIуэ нэхъыжьхэм я щытхъу куэд зылъагъэсу зэхэсха Къуныжь Хьэжпагуэ, илъэс пщIейм нэскIэ узэIэбэкIыжмэ, къехъулIауэ щытам хуэдэ сэри схузэфIэкIауэ. Си лэжьыгъэр Хьэжпагуэ фэеплъ хузощIри, и псэр щыгуфIыкIын ухъу, мы хъыбар гуузым къыщыIуэтам хуэдэ бэлыхьхэм дунейр пэIэщIэ Тхьэм ищI.

**ЕЛГЪЭР Кашиф**



ТОЛСТОЙ Лев

# Хьэжмурат

*Повесть*



**Гу**бгъуэр зэпызупщIурэ, унэм сыкIуэжырт. Гъэмахуэку дыдэт. МэкъупIэхэр зэщIакъуэжакIэти, хьэпцIийр Iухыжыным зыхуагъэхьэзырырт.

Мэ дахэ къызыпих удз гъагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хьэлэмэтлажьэу зыкъагъэлъагъуэ а лъэхъэнэм деж: плъыжьу, хужьу, тхьэмбылыфэу, къазшырыфэу, гъуэжьу, щIыху-фIыцIафэу...

А удз гъагъэ зэмыфэгъухэм къахэсчурэ зэзгъэпэща Iэрамэшхуэ сIыгъыу сыздэкIуэжым, гу лъызотэ кIэнауэм дэт, мамкъутыфэ зытет тхьэрыкъуэф зыкъизыхым, абы и къэгъэгъэгъуэ дыдэт; а тхьэрыкъуэф лъэпкъым дыдейхэр «тэтэркIи» йоджэ, мэкъу щеуэхэкIэ, хуэсакъыпэу къаупщIыхь ар, мэкъум зыгуэркIэ къыхэхуами, цIынэ щIыкIэ къыхадзыж, абы тет банэхэм уи Iэхэр къамыуIэн щхьэкIэ. Сэ а тхьэрыкъуэфыр къисчу си удз гъэгъа Iэрамэм хэслъхьэн мурад сощI. КIэнауэм собэкъуэх. Гъэгъам зыхэзыукIэу, абы

щхьэхынэ-щхьэхынэу щIэфурэ, IэфIу Iуриха щIыбжьэ бэлацэр къызогъэуш, ар щхьэщызохури, тхьэрыкъуэф щхьэкIэр къыпысчыну сыхуожьэ. Ауэ ар мытыншу къыщIокI: лъэдийм и хъуреягъкIэ тет банэхэр, си Iэм къесшэкIа бэлътокум къызэпхрыкIыурэ къызэрысхэуэм нэмыщIыж, ар апхуэдизкIэ къичыгъуейти, къудамэ цIыкIухэр зырызурэ къыгуэсщIыкIыурэ, дакъикъэ зытхухкIэ сезэуагъэнщ. Апхуэдэу селIалIэм-селIалIэурэ, икIэм-икIэжым гъэгъар къыфIэсщIыкIа нэужь, и лъэдий зэхэсфыщIар зэуэ фэншэ хъуат, абы къыпысча гъэгъами хулагъэфэ къатеуати, дахагъэ лъэпкъ ядэплъагъужыртэкъым. Аркъудейтэкъым — и пхъашагъымкIи зэрытеплъаджэмкIи ар си удз Iэрамэ дахэм зыкIи хэзэгъэнутэкъым. Зыми и зэран къызэримыхуэу, дахэ дыдэу и пIэм ит тхьэрыкъуэф лажьэншэр зэхэсфыщIэу зэрызгъэкIуэдам сыхущIегъуэжауэ, удз гъэгъа къэсфыщIар хыфIызодзэж. «Псэр сыту гуащIэ икIи IэфI, — согупсыс сыздэкIуэжым, фIырыфIкIэ зыкъитын мурад имыIэрэ къысхуэмыгъэIэсэу къыспэщIэта гъэгъа дахэр къыпычыным есхьэлIа къарур зыхуэдизыр си щхьэм схуимыкIыу. — ЛъэкI къимыгъанэу, абы зэрызихъумэжа мыгъуэр плъэгъуакъэ? Сытуи уасэшхуэ щIита и псэм».

Си гъуэгур пхрыкIырт щIыгулъ фIыцIэ явагъащIэм. Ар хуэдэгъэзеигъуэ гъуэгу сабалъэщ. А вагъэр помещикым ейт, щIыр егъэлеяуэ инти арат гъуэгум и бгъуитIымкIи, дэгъэзеигъуэм уздыхуэкIуэми, япэкIэ уплъами, вагъэ фIыцIэ къызэгъэдзэкIа мыгъужам фIэкIа, нэгъуэщI зыри щIумылъагъур. УзыIуплъэр вагъэфIт: нэм къыIуидзэ псом иплъагъуэртэкъым икIэрауэ зы къэкIыгъэ закъуэ, зы удз цIыкIу — псори фIыцIагъэ зэфэзэщт... «ЦIыхур сыту псэущхьэ гущIэгъуншэ, езыр псэун папщIэ, абы псэ зэмылIэужьыгъуэу игъэнари къэкIыгъэу Iисраф зэтрищIари сыт хуэдиз», — согупсыс слъэмыкIыу, губгъуэ фIыцIэ хьэдафэм псэкIэ бауэ гуэр къысхуимылъагъуэу.

Ауэрэ сыздэкIуэм, гъуэгум и ижьырабгъумкIэ си нэгу къыщыщIохуэ чыцэ цIыкIу гуэр. Гъунэгъу сыхуэхъумэ — тобэ! А гуэрэныр щыщыпст зэ зэхэсфыщIа «тэтэрым», зи гъэгъахэр пщIэншэу къыпысчу зыми щымыщыжу хыфIэздзэжам.

«Тэтэр» гуэрэныр лъэдиищу зэкъуэтт. Зыр къыгуэщIыкIати, лъэдий ныкъуэ къыпынар, цIыхуIэ пыупщIам ещхьу, къыпылэлырт. Адрей тIум гъэгъа зырыз япытт. А гъэгъахэр зэгуэр плъыжьу щытами, иджы уфIыцIахэт. ЛъэдиитI къэнэжам язри зэфIэщIыкIати, гъэгъа фIейр зыпыт щхьэкIэр пылэлырт; адрейр, ятIэ защIэ хъуами, а зэрыдэкIейм хуэдэу зэфIэту къызэтенат. Нэрылъагъут: а тхьэрыкъуэф гуэрэн зэхэтым шэрхъыр теувэри хипIытIат, арщхьэкIэ иужькIэ къызэфIэувэжат, арат ар лъэныкъуабэу къыщIэнари, ауэ, дауэ мыхъуами, зэфIэту щытт. Пэжщ, ар ещхь хъуат зи Iэпкълъэпкъым щыщ хатхъам, зи кIуэцIыкIыщIэр къратхъам, зи Iэр патхъам, зи нэхэри иращIам. Ауэ, сыт хуэдиз бэлыхь къылъымысами, зыкъригъэлащ: зэфIэту щытщ; ихъуреягъкIэ къыбгъэдэта и къуэшу хъуар Iисраф зэтезыщIа цIыхум къелат ар.

«Сыту къаруушхуэ хэлъ! — слъэкIыркъым сымыгъэщIэгъуэн. — Зыпэлъэщ псори хигъэщIащ цIыхум, удз мелуанхэм кIэ яритащ, ауэ мыбы зитыркъым»...

А псор зэзгъэзахуэурэ сыздэкӀуэжым, сигу къокӀыж, илъэс Ӏэджэкӏэ узэӀэбэкӀыжмэ, Кавказым къыщыхъуауэ щыта Ӏуэху нэщхъеягъуэ гуэр. Абы щыщ зыкъом сэри си нэгу щӀэкӀащ, языныкъуэхэр зэхэсхащ зылъэгъуахэм яӀуэтэжу, языныкъуэхэри зэрекӀуэкӀагъэныр сэр-сэрурэ къызыфӀэзгъэщӀащ. Зэхэсхахэри, сигу къэзгъэкӀыжахэри, къызыфӀэзгъэщӀахэри щызэхэуххуэна а хъыбарыр мис мыращ.

I

**М**ыр къыщыхъуар 1851 гъэм и кӀэращ.

Ноябрым и пщыхьэщхьэ щӀыӀэ гуэрым Хьэжмурат дыхьэрт гуарцэ мафӀэм и Ӏугъуэмэ гуащӀэр зи уэнжакъхэм къриху, зауэбанэхэм хэмыкӀ зэпыт шэшэн жылэ Махъкъет.

АзэнджакӀуэм и макъ шэщӀар зэпыуа къудейт, бгыщхьэ хьэуа къабзэм хэзэрыхь гуарцэ мафӀэм и Ӏугъуэ Ӏувым Ӏупщӏу къыхэӀукӀырт жэм бу макъхэри, зэгулӀауэ зэхэт бжьэ матэхэм я фэгъуу бгы нэкӀухэм кӀэрыт унэхэм екӀуэлӀэж мэлхэм я гъуэ макъхэри, зэдауэхэурэ зи тэмакъхэр игъущӀыкӀа лӀыхэм я макъ итхъунщӀыкӀахэри, фызхэмрэ сабийхэмрэ я кӀий-гуохэри.

А Хьэжмуратыр лӀыгъэ зэрихьэхэмкӀэ цӀэрыӀуэ хъуа, езы Щамил дыдэ и къуэдзэу щыта зауэлӀ хахуэт. Гъуэгу щытехьэкӀэ, абы сыт щыгъуи шу зыбгъупщӀ зыщӀигъу хабзэт, ауэ иджыпсту зы гъусэт иӀэр. И щхьэм бащлъыкъ фӀэлът, фочыпэр къызыщӀэпӀиикӀ щӀакӀуи щыгът, гу къылъамытэмэ нэхъ къищтэрти, гъуэгум къыщыхуэзэу хъуар и нэ фӀыцӀитӀымкӀэ сакъыпэурэ зэпиплъыхьырт.



Къуажэкум нэса нэужь, утым хуэкӀуэ уэрамым треӀуэнтӀыкӀ Хьэжмурат, сэмэгурабгъумкӀэ егъазэри, уэрамдэкӀ зэв цӀыкӀум дохьэ. Бгы нэкӀум хэщӀыхьа щӀыкӀэу, уэрамдэкӀым тет етӀуанэ унэм бгъэдохьэри зиплъыхьурэ къоувыӀэ. Унэ гупэм къит лъэныкъуэгуэщ лъахъшэм щӀэплъагъуэӀатэкъым, ауэ абы и щхьэм къытет ятӀэ чырбыш уэнжакъ яягъащӀэм къыкӀэрылъэт джэдыгукӀэ щӀэхъума цӀыху гуэр. Хьэжмурат щӀопщыкъупэмкӀэ хуэм цӀыкӀуу абы тоуӀуэ икӀи и Ӏур егъаджэ. Джэдыгу щӀагъым къыщӀотэджыкӀ жэщ пыӀэ зыщхьэрыгъ, фӀейм игъэцӀууа къэптал лэжьар зыщыгъ лӀыжьыр. Ар нэбжьыцыншэт, и нэхэр плъыжьт икӀи псыӀэт.

И напIэ зэкIэрыпщIахэр зэкIэригъэкIыжын мурадкIэ, и нэхэр игъэупIэрапIэрейт. Зэрыхабзэу: «Сэлам алейкум», — жи Хьэжмурат.

— Уалейкум сэлам, — къыпогуфIыкI лIыжь дзахъэр, къыхуеблэгъа жэщ хьэщIэр къицIыхуакIэу. Зи лъакъуэхэр гъурыбзэ дадэр къызэфIоувэ. Уэнжакъ джабэм кIэрыт, пхъэ лъэдакъэ зыщIэIулIа вакъэхэр зылъыпеIу. Абыхэм хуиту иува нэужь, джэдыгу укъуеям и Iэщхьэм мыпIащIэурэ и Iэр иреури, и щIыбыр къэгъэзауэ къытоувэ лъэныкъуэгуэщым еупсея пкIэлъейм. А зэрыжьажьэм хуэдэурэ къыздебэкъуэхым, и зыхуэпэнри зэпигъэуркъым, дыгъэрыжьэ и пщэ псыгъуэ зэлъам фIэгъэпщIа и щхьэр щIэмычэу егъэкIэрахъуэ, къиIущэщхэр мыгурыIуэгъуэу, дзэ зыжьэдэмытыж и жьэм увыIэгъуэ имыIэу макъ гуэрхэр къыжьэдоIукI. ЩIым къызэрытеуварауэ, Хьэжмурат хабзэ кIэлъызэрихьэну щIедзэ: хьэщIэр кърыгъэпсыхыну, шхуэмылакIэмрэ лъэрыгъыпсымрэ еубыд. Хьэжмурат и шыщхьэхъумэ щIалэ бланэр жьы щIэту и уанэгум къелъэтэхакIэти, лIыжьыр IуегъэкIуэтри, и къалэныр егъэзащIэ.

Хьэжмурат къопсых. ТIэкIу хэщIэкъуауэурэ, лъэныкъуэгуэщым хуеунэтI. ПIащIэу бжэр Iуегъэзри, зы щIалэ цIыкIу хьэщIэхэм къапожьэ, илъагъур фIэгъэщIэгъуэнщи, санэ фIыцIэ хъупам и фэгъу и нэ къилыдыкIхэр мобыхэм къатреубыдэ.

— Мэжджытым жэи уи адэр къэшэж, — жреIэ абы дадэм. ХьэщIэм япэ зизыгъэща хэгъэрейм унэбжэр ину Iуех. Хьэжмурат щыщIыхьэм, кIуэцIрыкIыбжэмкIэ къыщIокI щхьэнтэхэр зыIыгъ цIыхубз гъур тIорысэ; ар Iэпсыгъуэлъэпсыгъуэт, къэптал плъыжь зытелъ бостей гъуэжьрэ гъуэншэдж щIыху лъапэ кIыхьрэ щыгът.

— Уи къэкIуэныгъэм насып къытхудэкIуэн ухъу, — жеIэри, хьэщIэм зыхуегъэщхъ, ар зытетIысхьэнум и кIэрыгъэщIапIэм щхьэнтэхэр ирегъэтIылъэкI.

— Уи щIалэхэр Тхьэм пхуигъэпсэу, — Хьэжмурат, жэуап етыжри, щIакIуэр зыщех, фочри сэшхуэри къызыкIэрехри лIыжьым ирет.

Дадэм Iэщэхэр фIедзэ джафабзэ икIи сэхуи зэтыжагъащIэ блыным къыкIэрыцIуукI гъуаплъэ тасышхуитIым я зэхуакум хэукIа гъущI Iунэхэм, езыхэм я Iэщэхэм ябгъукIэ.

И кIэрахъуэр тыншу зыкIэрегъэзэгъэжри, Хьэжмурат еунэтI цIыхубзым къигъэхьэзыра тIысыпIэмкIэ. Адыгэ цейр зыкIэщIеупщIэри, щхьэнтэхэм хотIысхьэ. И лъэдакъэ пцIанэхэм тесу, абы и пащхьэм хьэмбыIуу къис лIыжьым и нэхэр еуфIыцIри, и Iэгу ущIахэр еIэт. Хьэжмурати апхуэдэу ещI. ИтIанэ тIуми нэмэзыбзэ къабж. Я Iэгухэр я нэгухэми я жьакIэпэхэми далъэж.

— Сытхэр хъыбар? — хьэщIэр дадэм йоупщI.

— Хъыбар щыIэкъым, — жэуап къет лIыжьым, зэплъри Хьэжмурат и нэкIуракъым, и нэ плъыжь псэншэхэр зытедияр абы и бгъэращ. — Сэ бжьахъуэ пщыIэм сыщыIэщ. Лъагъунлъагъу сыкъэкIуэжа къудейщ. ЩIалэращ хъыбарыщIэхэр зыщIэр.

Хьэжмурат къыгурыIуащ: дадэм фIэфIкъым езыр зыщыгъуазэхэми, Хьэжмурат зыщыгъуэзэн хуейхэми тепсэлъыхьыну, и щхьэр ищIа фIэкIа, абы нэгъуэщIкIэ щIемыупщIари аращ.

— ХъыбарыщIэфI лъэпкъ щыIэкъым, — къопсалъэ лIыжьыр. — ХъыбарыщIэу щыIэр зыщ: тхьэкIумэкIыхьу хъуар зочэнджэщ

бгъэхэр зэбгрыхуа зэрыхъуну щIыкIэмкIэ. Бгъэхэми, ялъэкI къамыгъанэу, тхьэкIумэкIыхьхэр зэтрашхыхь. Хьэщылъху урысхэм тхьэмахуэ кIуам ящIаращ: мычыцхэм я мэкъур ягъэсащ. ЩIапIэкIуэдыр къахукIуэ а джаурхэм, — мэшхыдэ дадэр.

И лъакъуэ лъэщышхуэхэмкIэ щабэу, ауэ ину бакъуэурэ къыщIохьэ Хьэжмурат и шыщхьэхъумэр. Хьэжмурат ещхьу, абыи щIакIуэр зыщехь, къамэмрэ кIэрахъуэмрэ фIэкIа къызыкIэримынэу, фочымрэ сэшхуэмрэ къызыкIэрехри, ахэр фIедзэ Хьэжмурат и Iэщэхэр зыфIэлъ гъуэщI Iунэ дыдэхэм.

— Ар хэт? — къыщIыхьар зэпиплъыхьурэ, лIыжьыр Хьэжмурат йоупщI.

— Си шыщхьэхъумэрщ. И цIэр Елдарщ, — жи Хьэжмурат.

— Хъарзынэщ, — жери, дадэм Елдар ирегъэлъагъу Хьэжмурат ибгъукIэ тIысыпIэр.

И лъакъуэхэр щIэупщIауэ, Елдар упщIэм тотIысхьэ. И мэлынэ дахэхэмкIэ зэпеплъыхь зи псэлъэныр къикIа лIыжьыр. Абы зи гугъу ищIыр я щIалэ хъыжьэхэм тхьэмахуэ кIуам сэлэтитI къызэраубыдарат; зыр яукIат, адрейр Ведено дэс Щамил и деж ирагъэшат. КъыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуурэ, хъыбарым щIэдэIурт Хьэжмурат, бжэмкIэ и нэр щыIэурэ, щIыбымкIэ къиIукI Iэуэлъауэхэми едаIуэрт. Унэ гупэм къит гуэщпэшымкIэ лъэ макъ къоIукI. Бжэр мэкIыргъри, бысымыр къыщIохьэ.



Унэр зей Садо илъэс плIыщI и ныбжьынт. И жьакIэр кIэщIу пыгъэщхъат. Пэшхуэт. Абы и нэхэр фIыцIэми, жэуэ ар къэзышэжа, илъэс пщыкIутху ныбжьым итын и къуэм ейхэм ещхьу, къицIуукIыртэкъым. И адэм щIыгъуу къыщIыхьэжа щIалэ цIыкIур бжэм деж щотIысэх. БжэщхьэIум къызэребакъуэу бысымым и пхъэ вакъэхэр зылъегъэпкI, и пыIэ укъуеяр дрегъэкIуэтейри, Iэджэ щIауэ ямыупса и щхьэм щхьэц фIыцIэхэр хуиту къытогъуалъхьэ. ЩIалэри хьэмбыIуу Хьэжмурат къыпотIыс.

Дадэм зэрищIам ещхьу, абы и нэхэр еуфIыцI, и Iэгухэр дэгъэзэяуэ, и Iэхэр еIэтри, нэмэзыбзэ къебж. И напэбгъухэр IитIкIэ кърилъэщIэхыжа нэужьщ хьэщIэм епсэлъэн щыщIидзар. УзыщыгуфIыкIын жиIэртэкъым абы: Щамил и унафэ къаIэрыхьащ: Хьэжмурат псэууэ е и хьэдащхьэр зыIэрывгъэхьэ. А хъыбарыр къэзыхьахэр дыгъуасэ ежьэжа къудейщ. Щамил и псалъэм ебэкъуэн мэшынэ цIыхухэр. Апхуэдэу щыщыткIэ, быдэу сакъын хуейщ...

— Си псэр пыту, си хьэщIэм ди унэм зыри къыщеIусэнтэкъым. Ауэ губгъуэм къыщыхъункIэ хъунур хэт зыщIэр? Мис абы егупсысын хуейщ.

КъыжраIэм гупсэхуу щIодэIу Хьэжмурат. Зэхиххэм арэзы зэрытехъуэр къикIыу, и щхьэр ещI. Садо и псалъэр зэпигъэуа нэужь, абы жеIэ:

— Хъарзынэщ. Иджы ди письмор урысхэм яхуэзыхьын димыIэу хъунукъым. Си шыщхьэхъумэр кIуэнт, гъуэгугъэлъагъуэ гъусэ хуэщIамэ...

— Си къуэш БатIэ щIызгъунщ. Жэи БатIэ къеджэ, — жери Садо и къуэм хуоплъэкI.

ЩIалэ цIыкIур къыщолъэт. И Iэхэр ищIурэ, щIокI. Дакъикъэ зыбгъупщI нэхъ дэмыкIыуи абы къегъэзэж, дыгъэм зэхижьыхьа зы шэшэнылI дэщIыгъуу. Ар лIы хэщIыхьа, лъакъуэ кIэщIт, и адыгэ цей гъуэжь фэншэ къеинэкIыр къыщылэлт, и лъахъстэн вакъэ фIыцIэм и лъапщэ кIыхьхэр къещэтэхыжауэ лъащхьэм дэлът. Хьэжмурат абы сэлам ирех. Псалъэ лей къыхимыгъэкIыу, къыщIраджар жреIэ:

— Си шыщхьэхъумэр урысхэм я деж пшэфын?

— Ахьей сшэфын, — занщIэу жэуап къет БатIэ. — ПхуэмыщIэн хэлъкъым абы. Сэ къыспэувыну зы шэшэн къэувыфынкъым. НэгъуэщI зыгуэр пэшэгъу пщIымэ, дунейм тетымкIэ укъигъэгугъэнщи, зыри къыпхуимыщIауэ къэувыжынщ. Сэ узгъэщIэхъункъым...

— Хъунщ. ДызэгурыIуащ, — жи Хьэжмурат. — Уи гугъуехьыпщIэр мыпхуэдизщ, — жери и Iэпхъуамбищыр ирегъэлъагъу.

КъызэрыгурыIуар къикIыу, БатIэ и щхьэр ещI. ИкIи къыщIегъу: «СэркIэ нэхъыщхьэр ахъшэракъым, уэ пхуэсщI пщIэм щхьэкIэ, слъэкIыу пхуэзмыщIэн щыIэкъым. Хьэжмурат къэзымыцIыхурэ кхъуэ щылъху урысхэр абы зэрызэтриукIамрэ щымыгъуазэ бгырыс бгъуэтын?..»

— Хъунщ, — жи Хьэжмурат. — ФIыр кIапсэр щыкIыхьу псалъэр щыкIэщIырщ.

— Захуэщ. Си жьэ зэщIэсхыу лей жысIэнкъым.

— ЩыхупIэм къыпэщыту, Аргун щытриIуантIэр пщIэрэ? Мэзым хэт мис а хуейм мэкъу IэтитI итщ. Ари пщIэрэ?

— СощIэ.

— Абдеж сэ шууищ къыщыспоплъэ, — жи Хьэжмурат.

— Ае, — БатIэ и щхьэр ещI.

— Хъан-Магъомэ ущIоупщIэ. Абы ищIэнури жиIэнури езым ещIэж. Ар урыс унафэщI джыназ Воронцовым и деж шауэ IугъэщIэн хуейщ. ПхузэфIэкIын ар?

— СхузэфIэкIынщ.

— ЗэIуогъащIэхэри, мэзым укъыщIохьэж. Сэ абдеж сыщытынущ.

— Псори уэ зэрыжыпIам хуэдэу сщIынщ, — жеIэ БатIи, къотэдж, и Iэхэр и бгъэм трелъхьэ, щхьэщэ ещIри щIокIыж.

— НэгъуэщI зы цIыхуи Гехи дгъэкIуэн хуейщ, — жиIэу Хьэжмурат и бысымым йоплъ. — Абы щIэкIуэн хуейращ... — къригъэжьат Хьэжмурат, и адыгэ цеибгъэм къищ хьэзырхэм ящыщ зым еIусэурэ, арщхьэкIэ, унэм къыщIыхьэ цIыхубзитIым яIуоплъэри, и Iэр асыхьэту кърехьэхыж, и псалъэри зэпегъэу.

АйтIум я зыр Садо и щхьэгъусэ цIыхубз гъур тIорысэ хьэщIэм щхьэнтэхэр хуэзыгъэтIылъарат. Адрейр хъыджэбз щIалэ дыдэ цIыкIут, гъуэншэдж плъыжьышхуэрэ къэптал удзыфэрэ щыгът, и бгъэ псор щIигъанэу дыжьын ахъшэ жыгъейхэр Iупхъуэу къедзыхат. Абы телът мыкIыхьу, ауэ пIащэу ухуэна щхьэц фIыцIэ пхъашэ, бгъэIулъым къыпыщIат дыжьын сом, и нэ фIыцIэхэр, и адэми и дэлъхуми яйхэм хуэдэу, санэ плъыфэт, ахэр нэжэгужэу къытелыдыкIырт фэрыщIыгъэншэу ткIиифэ зытет и нэкIум. Пщащэр хьэщIэхэм еплъыртэкъым, ауэ нэрылъагъут ахэр зэрыщысыр абы зэрызыщимыгъэгъупщэр.



7 Заказ №642



Садо и щхьэгъусэм къыщIихьа Iэнэ хъурей лъахъшэ цIыкIум ерыскъы зэмылIэужьыгъуэхэр хуэфIу телът. Хъыджэбз цIыкIуми тас, къубгъан, напэIэлъэщI иIыгът.

Вакъэ плъыжь лъэгущIыхьыншэхэр зылъыгъ бзылъхугъэхэм хуэмурэ, щабэурэ къакIухь, къыщIахьа ерыскъы Iэнэр хьэщIэхэм хуагъэув. Абыхэм я Iуэхур зэфIагъэкIыхукIэ, Садои Хьэжмурати я жьэр зэщIахакъым. Елдарщи, и лъакъуитI зэтедзам и мэлынэхэр тенауэ щыса мыхъумэ, цIыхубзхэр щIэкIыжыхукIэ, зигъэхъеякъым — и пIэм ижыхьауэ щысащ. БзылъхугъитIыр щIэкIыжу я Iэуэлъауэр зэхимыхыжыххэ хъуа нэужьщ Елдар хуиту щыбэуэжар. Хьэжмуратщи, мис иджы къэщтэ и адыгэ цеибгъэ жыпым къищ хьэзырхэм ящыщ зы, итIанэ абы кърцигъэхуа фочышэм кърех тутын щIыкIэу шыхьа тхылъымпIэ.

— Мыр уи къуэм ет, — жи тхылъымпIэр игъэлъагъуэурэ.

— Жэуапым и Iуэхур-щэ? — щIоупщIэ Садо.

— Ар уэ къуатыжынущи, сэ нысIэрыбгъэхьэжынщ.

— Захуэщ, — жи Садо, икIи тхылъымпIэр езым и хьэзырым ирелъхьэ. ИтIанэ къубгъаныр къещтэри тасыр Хьэжмурат хуегъэкIуатэ. Хьэжмурати адыгэ цей Iэщхьэхэр дрегъэджэрэзейри, псы щIыIэ къабзэ къытракIэм и Iэгухэр щIеубыдэ. НапэIэлъэщI пхъашэмкIэ зелъэщIыжри, ар Iэнэм йокIуэталIэ. Елдари аращ ищIар. ХьэщIэхэр шхэхукIэ, Садо абыхэм еплъу щысащ. Ахэр къызэрыхуеблэгъам щхьэкIэ тIэу-щэ фIыщIэ яхуищIащ. Бжэм деж щыс щIалэ цIыкIум и нэ фIыцIэ къилыдыкIхэмкIэ игъэхъур Хьэжмуратт. ЩIэмычэуи къыпыгуфIыкIырт, и адэм жиIэхэм арэзы зэрытехъуэри и нэгум къищырти, нэщхъыфIэ зэпытт.



И джийм дзэкъэгъуэ зэремыхрэ махуитI нэса пэтми, Хьэжмурат ерыскъым хигъэщIагъэшхуэ щыIэкъым: щIакхъуэ тIэкIурэ кхъуей бзыгъэрэ едзэкъащ, и къамэщIэлъысэр къыщIихри, сапэмкIэ къищта фор щIакхъуэм щихуащ...

— Ди фор фIы дыдэщ: мыгъэрейщ. Фом и гъэт мы илъэсыр, — жи лIыжьым, я фом щыщ Хьэжмурат зэрыIухуар и гуапэ зэрыхъуар къапщIэу.

— Фи ерыскъыр убагъуэ, — жери Хьэжмурат Iэнэм къыбгъэдокIуэтыж.

Елдар зигъэнщIатэкъым, арщхьэкIэ, зи гъусэм доплъейри, ари къотэджыж, тасрэ къубгъанрэ къещтэри, Хьэжмурат зрегъэтхьэщIыж.

Садо ищIэрт Хьэжмурат къазэрыхуеблэгъам ешхуэр къикIынкIэ зэрыхъунур, къыфIэбгъэкIмэ, абы утекIуэдэжыныр зэрыбетэмалыр, сыту жыпIэмэ Щамилрэ Хьэжмуратрэ яку хьэ къарэжь зэрыдэж лъандэрэ Шэшэным щыпсэухэм я тхьэкIумэр хуаIуэнтIат: зи псэр зымыужэгъужам Хьэжмурат игъэкIуэгъужэгъункъым, жаIэри. Садо къыгурыIуэрт Хьэжмурат зэригъэхьэщIэр къуажэдэсхэм тыншу къызэращIэфынур икIи хьэщIэ жагъуэр къитыну къыпаубыдынкIэ тIэу зэремыплъынухэр. Ауэ, а Iуэхум иригузэвэныр щыгъэтауэ, абы иригуфIэрт Садо. Ар фIыуэ щыгъуазэт зи щхьэр къезыхьэлIа хьэщIэр, езы бысымым и щхьэр хилъхьэн хуей хъууэ щытми, хъумэн зэрыхуейм ехьэлIауэ къекIуэкI хабзэ ткIийм. А хабзэм зэрытетым иригушхуэрт ар.

— Сэ узихьэщIэхукIэ, си псэр пыту, уэ зыми и зэран къокIынкъым, — жриIэрт абы Хьэжмурат.

Хьэжмурати бысымым и нэгум къриджыкIырт пцIы къызэрыхуамыупсыр, щIэшынэн зэрыщымыIэр.

— ГуфIэгъуэрэ гъащIэ кIыхьрэ Тхьэм къуит, — йохъуэхъу ар Садо.

Хэгъэрейми, а хъуэхъур гуапэ щыхъуауэ, хьэщIэм фIыщIэ хуещI.

Жьэгу мафIэр фIыуэ зэщIегъэст, щхьэгъубжэIупIэхэр быдэу хуещI, гуфIэгъуэм къызэщIиIэтауэ, Садо хьэщIэщыр къебгынэри, бынунэм яхохьэж. Я хьэщIэхэм я кIэм ешхуэр къикIынкIэ зэрыхъунум теухуа псалъэмакъыр зыхуэмыуха цIыхубзхэр иджыри жеижатэкъым.

II

**А** жэщ дыдэм къэхъуаращ: Хьэжмурат щыхьэщIэ къуажэм километр пщыкIутху хуэдизкIэ нэхъ пэмыжыжьэ Воздвиженскэ быдапIэм къыдокI сэлэтищрэ зы унтер-офицеррэ. Сэлэтхэм джэдыгу кIэщI ящыгът, зи щхьэгухэр лъагэ хъурыфэ пыIэ хуабэ ящхьэрыгът, урыс цей шыхьахэри я плIэм идзат, я лъэгуажьэм къыфIэкIыу, шырыкъу лъапщэ кIыхь ялъыгът — абы щыгъуэ апхуэдэут зэрыхуэпар Кавказым щызауэ сэлэтхэр.



Фочхэр зыпщIэхэдза сэлэтхэр япэщIыкIэ гъуэгум тету кIуащ, итIанэ, лъэбакъуэ щитху хуэдиз якIуа нэужь, гъуэгум къытокIхэр, я шырыкъухэмкIэ пщIащэ гъурыр ягъэщхъыщхъыу, лъэбакъуэ тIощIырыпщI хуэдиз ячри, ижьырабгъумкIэ ягъэззэ. Зи лъэдий фIыцIэр жэщ кIыфIми хэплъагъукIыу щылъ бжей къэуам деж къыщоувыIэхэр. Щыкъэрэгъулыну а бжейм деж сыт щыгъуи ягъакIуэ хабзэт зауэлI гуп цIыкIу.

Мэзым хэту кIуэ сэлэтхэм жыг щхьэкIэхэм пысу якIэлъыжауэ къыпфIэщI вагъуэ зэщIэлыдэхэри къэувыIауэ къудамэ пцIанэхэм къытепщIыпщIэрт.

— Тхьэм и шыкурщ — гъущэщ, — жи унтер-офицер Пановым, мыжурэ зыфIэлъ фоч кIыхьыжьыр и плIэм фIихыурэ. Iэуэлъауэ иригъэщIу, абы Iэщэр жыгым иреупсей. Сэлэтищми ар дыдэращ ящIэр.

— Мы сэ къысщыщIар, — мэгъумэтIымэ Пановыр, — е къысщыгъупщащ, е гъуэгум щызгъэкIуэдащ.

— ПфIэкIуэдауэ къэплъыхьуэр сыт? — макъ жыгъырукIэ щIоупщIэ сэлэтхэм ящыщ зы.

— Лулащхьэращ. Тхьэм ещIэ щыбзэхар.

— Лулэкъур къэна? — къоупщI мор.

— Лулэкъур мис.

— ЩIым хэтIэ ар.

— Ар сыт щхьэкIэ?

— Зи щхьэкIэр плъагъунщ... Псори дызыгъашхэ щIыр упсэу.

Къэрэгъул къалэныр пхыыуэ тутын уефэну къыпхуадэртэкъым, ауэ мы плъырыпIэр апхуэдэ дыдэу шынагъуэхэм хабжэртэкъым, къэрэгъулыну абдеж нэхъыбэу щIагъакIуэр бгырыс Iэмалшыхэм

урысхэм я быдапIэхэм щэхуу Iэщэ къstartedрамышэлIэн, абыхэм къатемыуэн щхьэкIэт. Арат тутынафэ гуащIэ Пановми Iуэхур зытрищIыхьар, лулащхьэр хэмытуи тутын узэрефэн хэкIыпIэ къэзыгъуэтыну жызыIа сэлэтым щыпэрымыуам.

Сэлэтым и жыпым сэ жан кърех. АбыкIэ кумб цIыкIу къитIу щIедзэ. Ар джафэу кърещIыкI. Арати, лулащхьэр хьэзырщ. Абы лулэкъур ирегъэзагъэ. ИтIанэ кумб цIыкIум тутын ирекIутэ, тIэкIу треубэ. Мис иджы лулэр хьэзыр хъуащ. МафIэр щIэгъани екъу урикъухукIэ. ХэIубауэ щылъ сэлэтым и нэгум нэху мащIэ къытредзэ. Лулэкъур къофий. Пановым къыщIехьэ джырышкIий зэщIэнам и мэ гуакIуэр.

— Хьэзыр пщIа? — йоупщI ар сэлэтым.

— ЛIот-тIэ уи гугъар? — къыпогуфIыкI модрейр.

— Афэрым, Авдеев! ЛIыгъэ уиIэщ. ТIэкIу IукIуэтыт.

Авдеевым бгъукIэ зыIуегъэукIуриикIри, и пIэр Пановым хуит хуещI, езым тутын Iугъуэр къызыжьэдрегъэху.

Зи гущхьэр тутынкIэ зыгъэтIыса сэлэтхэр псэлъэну къызэрокI:

— ЗэрыжаIэмкIэ, ротнэр аргуэру кIэзонэ ахъшэм Iэ щIыIэкIэ хэIэбащ. Къыхихари иригъэхьэхуащ, — жьажьэ-жьажьэу къопсалъэ зы.

— Дэнэ кIуэн? Хилъхьэжынщ, — жи Пановым.

— Ахьей хилъхьэжын. ОфицерыфIщ ар, — Пановым жиIам щыхьэт тохъуэ Авдеевыр.

— ФIыкIэ фIыт, — нэщхъейуэ пещэ псалъэмакъыр къезыгъэжьам, — сызэреплъымкIэ, ротэр абы епсэлъэн хуейщ: къыщыпщтакIэ, зыкъэумысыж — дапщэ, дапщэщ къыдэптыжыну?

— Ротэм унафэ зэрищIщ, — лулэм екъун щегъэтри, къопсалъэ Пановыр.

— Дауи, къаугъэншэу узэгурыIуэныр нэхъыфIщ, — жеIэ Авдеевым.

— Зэнтхъ къэщэхун, ди шырыкъухэр гъатхэм хуэгъэхьэзырын хуейщ, ахъшэ димыIэныр Iэмалыншэщ. Дауэри къищтат абы ар?.. — мыарэзыуэ къопсалъэ зы.

— ЖысIакъэ: ротэр зэреплъщ, — къытрегъэзэж Пановым. — Апхуэдэ и щыпэщIэкъым абы: къещтэ икIи къуетыж.

А зэманым дэтхэнэ зы ротэми езбы и хозяйствэ Кавказым щиIэжти, абы и унафэр зыIэщIэлъыр езыхэм хаха цIыхурат. Сэлэт къэскIэ хуэзэу сомихрэ ныкъуэрэ ялъысын хуейуэ арати, кIэзонэм къарит ахъшэр езы ротэм IэщIэлът, къимыдэкIэ, ротэм хозяйствэ Iуэхухэри зэрихьэрт: къэбыстэ хасэрт, мэкъу еуэхэрт, шыгу зэщIэщIахэмкIэ къызэгъэпэщат, шы пшэрхэр зэраIэми зрагъэщIагъуэрт. Я ахъшэр зыдэлъ къыдэгъэжхэм я IункIыбзэIуххэр зыIэщIэлъыр ротэхэм я командирхэрат. А ахъшэхэм щыщ командирхэм щIыхуэу къыщыхах щыIэт. Апхуэдэ щIыкIэкIэт къызэрыхъуар къэрэгъулыпIэм щыт сэлэтхэр зытепсэлъыхь Iуэхури. Сэлэт нэщхъыцэ Никитиным иукъуэдийрт ротнэм икIэщIыпIэкIэ жэуап къыпыхын хуейуэ, Пановрэ Авдеевымрэ къалъытэрт апхуэдэу щIэпщIын щымыIэу.

Пановым и ужькIэ Никитиным лулэр къылъос. И цейр зыщIедзри, жыгым кIэрыгъэщIауэ мэтIыс. Сэлэтхэр зэщIощымэ.

Жьым щIиупскIэ жыг щхьэкIэхэм я щхъыщхъ макъым фIэкIа, зыри зэхэпхыртэкъым. ИтIанэ а щхъыщхъ зэпымычым зэуэ къыхоIукI хьэIуцыдзхэм я къугъ макъыр.

— ЩIапIэкIуэд хъунхэм дунейр щIакъутэр сыту пIэрэ? — къопсалъэ Авдеевыр.

— Уи нэкIур зэрешэкIам щхьэкIэ ауан укъащIу зэщIэдыхьэшхэхэу аращ, — жеIэ украиныбзэкIэ еплIанэ сэлэтым макъ псыгъуэкIэ.

Аргуэру псори зэщIосабырэ. Жьыбгъэм жыг щхьэкIэхэр щыщIиупскIэкIэ, зэм вагъуэхэр къыщIощ, зэми пщIащэхэм ягъэпщкIури, ахэр мэбзэхыж:

— Уа Антоныч, — къызыкъуепхъуэтри, Авдеевыр Пановым йоупщI, — уэ зэгуэр ущызэш щыIэ?

— Дэнэ къикIа зэш? — фIэмыфIыщэурэ къопсалъэ Пановыр.

— НтIэ, сэ язынықъуэхэм деж зэуэ зэшыгъуэм сыхохуэри, сщIэнур сымыщIэжу сыкъонэ.

— Фыкъысхуеплъыркъэ мыбы! — жи Пановым.

— ФщIэжыркъэ си ахъшэр щисфыжауэ щытар? Ари къызыхэкIар зэшыр къызэрыстеуарат. Зэшыгъуэм зэуэ сызэщIиIулIати, сщIэнур сщIэжыртэкъым. Согупсыс: зызмыщIэжу сефэн-тIэ?

— Ауэ фадэм нэхъ Iей ущищIи щыIэщ...

— Ари згъэунэхуащ. АрщхьэкIэ сыт пщIэн? Дэнэ укIуэн?

— Узэшыныр сыту пIэрэ къызыхэкIыр?

— Сэри? Ди унагъуэм сыхуозэш.

— ЛIо, ехьэжьауэ фыпсэуа?

— Ехьэжьа дыдэри сыт, ауэ дызыхуэлIэ щыIакъым.

Авдеевым аргуэру кърегъажьэ Пановыр Iэджэрэ зыщIигъэдэIуа хъыбарыр.

— Сэ сфIэфIу сыкъыдэкIащ си къуэшым и пIэкIэ. Абы сабиитху иIэт. Сэ къызагъэша къудейт. Ди анэми къызэлъэIуу щIидзэри... Си дежкIэ сыт?! — согупсыс. ФIы зэрысщIэр зэгуэр ягу къэкIыжу фIыщIэ къысхуащIынкIэ мэхъу. Тызодзэри ди зиусхьэным и деж сокIуэ. Ар цIыхуфI гуэрти жеIэ: «ЛIыгъэ уиIэщ. Еуэ, кIуэ». Арати, апхуэдэу сыкъэкIуа хъуащ си къуэшым и пIэкIэ.

— УщIалэфIщ. Хъарзынэу пщIащ, — жи Пановым.

— Иджы, ар уи фIэщ хъун, Антоныч, егъэлеяуэ созэш. Нэхъыбэу сыщызэшыр си къуэшым и пIэкIэ сыкъызэрыдэкIам сыщегупсыскIэщ. Ар мэтхъэжри дэсщ, уэ, мис, хьэзабыр уошэч, — сызэгуэпу щIызодзэри... Нэхъыбэрэ сегупсысыхукIэ, нэхъ Iей мэхъу. Абы, дауи, гуэныхь пылъщ.

Авдеевым и псалъэр зэпегъэу.

— Тутын зырыз дыкъефэн-тIэ аргуэру? — щIоупщIэ ар.

— Еуэ, уи лулэр къызэщIэгъаплъэ.

АрщхьэкIэ сэлэтхэм тутын ефэну къахуихуакъым. Лулэр иузэдыну Авдеевыр къэтэджа къудейуэ, жьы фий макъым къыхоIукI гъуэгум кърикIуэхэм я лъэ макъ. Пановым фочыр къещтэри Никитиным лъакъуэкIэ жьэхоуэ. Никитиныр къызэфIоувэ. И цейр къещтэж. Бондаренки къотэдж.

— Сэ зы пщIыхьэпIэ слъэгъуащи, къуэшхэ...

Бондаренкэ зыхуигъазэу «щщ» жери, Авдеевым и Iэпхъуамбапщэр еIэт. Сэлэтхэм заущэху. ЗэщIодэIукIхэр. Ялъыгъхэр зэрымышырыкъур Iупщ Iу, цIыхухэм я лъэ макъ щабэхэр гъунэгъу къохъу. ПщIащэхэмрэ жыг щхьэкIэ гъурхэмрэ я щхъыщхъ макъыр жэщ кIыфIым нэхъ белджылыуэ къыхэIукI мэхъу. ИтIанэ тэмакъыщIэм къыщIэIукI псалъэмакъ щэхухэр тхьэкIумэм къоIуэ. Апхуэдэу псалъэ зи хабзэр шэшэнхэращ. Сэлэтхэм иджы зыгуэр зэхах къудейкъым — жыг зэхуакухэм щыхъейуэ ныбжьитI къалъагъу. Зыр нэхъ лъахъшэт, адрейр нэхъ лъагэт. А ныбжьхэр сэлэтхэм яхуэзанщIэ къыщыхъум, фочыр гъэпкIауэ зыIыгъ Пановыр, и сэлэт ныбжьэгъухэр щIыгъуу, гъуэгум къытохьэ:

— Хэт а къакIуэр? — мэкIий ар.

— Шэшэн мамырхэрщ, — урысыбзэныкъуэкIэ къопсалъэ тIэкIу нэхъ лъахъшэр. Ар БатIэт. — Фочи сэшхуи тIыгъкъым, — жиIэурэ зыкъегъэлъагъуэ абы. А зэрыурысыбзэ ныкъуэу жеIэ: — Джыназым дыхуейщ.

Нэхъ щхьэпэлъагэр сабыру и ныбжьэгъум бгъэдэтт. Абыи Iэщэ кIэрылътэкъым.

— КъэхутакIуэхэщ. Ауэ щыхъукIэ, полковойм хуэшэн хуейщ, — Пановым зэрылъэкIкIэ и ныбжьэгъухэм ягурегъаIуэ Iуэхур зыIутыр.

— Джыназ Воронцовым Iейуэ дыхуейщ, IуэхушхуэкIэ дыхуэмызэнкIэ Iэмал иIэкъым, — жи БатIэ.

— Хъунщ, хъунщ. КъызгурыIуащ. Фыхуэдгъэзэнщ. Еуэ, Бондаренкэ фэрэ фшэ. — Пановым Авдеевым зыхуегъазэ. — Мыхэр къэрэгъулым явотри, къывогъээжж. КъызжиIакъым жывмыIэж, фымыбэлэрыгъ. Мыхэр япэ ивгъэт. А натIэфэкъухэм ягу илъыр пщIэнукъым... ФатемыплъэкъукI.

— Мыр упсэу! — жи Авдеевым, фочым фIэлъ мыжурэмкIэ зыгуэрым епыдж хуэдэу зищIурэ, — зэ кIуэцIысIумэ — кIэ иIэщ.

— МыжурэмкIэ уепыджмэ, лIо ар зэрыпщIыжынур? — къопсалъэ Бондаренкэ. — Еуэ, фынежьэ.

КъэхутакIуэхэр езышэжьа сэлэтитIым я лъэ макъ зэхамыхыж щыхъум, Пановрэ Никитинымрэ я къэрэгъулыпIэм ягъэзэжащ.

— Жэщыбгым къезыхуэкIхэр ситу пIэрэ? — мэгъумэтIымэ Никитиныр.

— КъезыхуэкI щыIэ хъунщ, — жи Пановым, — щIыIэбжь хъуащ, — жиIэу и цейр къызэкIуэцIехыж, ар зыщетIагъэри, жыгым егъэщIауэ мэтIыс.

СыхьэтитI нэхъ дэкIатэкъым Авдеевымрэ Бондаренкэрэ къыщагъэзэжам.

— Дауэ хъуа? ЯIэрывгъэхьа? — щIоупщIэ Пановыр.

— ЯIэрыдгъэхьащ. ДыздэкIуахэр жеижа щIыкIэтэкъым. Полковойм хуэтшэри еттащ. А натIэфэкъухэр зэуэ щIалэфIхэщи, уи нэкIэ умылъэгъуауэ, уи фIэщ хъункъым, — хуэIуэтэщIыркъым Авдеевым. — Ахэр зэуэ псэлъэгъуфIщи...

— Уэ езым псэлъэн тIэкIур уи жагъуэкъым, — мыарэзыуэ мэгъумэтIымэ Никитиныр.

— Фи фIэщ хъун, урысхэу фIэкIа пщIэнкъым. Зым физ иIэщ. Марушкэ, жызоIэ, уиIэ? — СиIэщ, — жи. — Быни уиIэ? — СиIэщ. — Куэди? — ТIу... Iэджэм дытепсэлъыхьащ. Сыту щIалэфIыщэхэ.

— Ауэ сытми щIалэфIхэ, — къопсалъэ Никитиныр. — Уи закъуэу заIэрыгъэхьи, уи кIуэцIыр кърагъэумэ, къэпщIэнщ я щIалэфIагъыр.

— Мыгувэу нэхулъэ къыщIыныфэщ, — жи Пановым.

— КъыщIыну хъунщ. Мес, вагъуэ цIыкIухэм ункIыфIыжу щIадзащ, — жиIэурэ, Авдеевыр йотIысэх.

Сэлэтхэр аргуэру зэщIосабырэж.

III

**К**азармэхэмрэ сэлэтхэм я унэ цIыкIухэмрэ хэлъ щхьэгъубжэхэм нэху къызэрыдимыдзыжрэ зыбжанэ щIат, ауэ быдапIэм дэт унэхэм я нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зым и щхьэгъубжэу хъуар блэрт. А унэр зыIыгъыр Куринскэ полкым и командир, дзэпщышхуэм и къуэ, флигель-адъютант джыназ Воронцов Семен Михайловичт. Воронцовым и физри и гъусэт. Кавказ быдапIэ цIыкIум абы зы псэупIэ ехьэжьа щиIэти, иджыри къэс апхуэдэ псэукIэ зыми къехъулIатэкъым. Воронцовым и щхьэгъусэ Марье Васильевнэ Бытырбыху псом щыцIэрыIуэ тхьэIухудт. Воронцови, псом хуэмыдэу и щхьэгъусэми, къащыхъурт, лей лъэпкъ ябгъэдэмылъыр щыгъэтауэ, къызэрыгуэкI дыдэу мы быдапIэм щыпсэухэу; ауэ мыбы щыпсэухэм зэрагъэщIэгъуэн ящIэртэкъым а унагъуэм я къулеигъэшхуэр, зэуэ нэм къыщIэуэрти.

Жэщыр сыхьэт пщыкIутI хъуат. ХьэщIэщышхуэр зэрыщыту алэрыбгъухэмкIэ щIэгъэнат, щхьэгъубжэIупхъуэ хьэлъэ зэрамыщIэжхэр къедзыхат, шухьэ щэкI удзыфэ зытебза стIол плIимэ иныр къагъэнэхурт шэху уэздыгъиплIым; бысымхэмрэ хьэщIэхэмрэ еуэирагъэшхыу куэзыр джэгурт. Абыхэм яхэст унэр зей, полковник Воронцови; ар нэкIу кIыхьт, сырыхут; офицер дамыгъэ лъапIэхэм щIагъэна фащэ зэщIэлыдэр къызыщыцIуукI абы и дэджэгуэгъур Бытырбыху дэт университетым и кандидатт, ар иджыблагъэ щыхьэрым къизышар Воронцовым и щхьэгъусэрат, къыщIишар япэм иIа лIым хуигъуэта щIалэ нэщхъыцэ цIыкIур иригъэджэн папщIэт.

ЗэдарэгъуитIым къапеуэ офицеритIым я зыр гвардеецу щыта, иджы ротэм и командир Полторацкэрат, ар нэкIубгъуэт, тхъуэплът, абы щIыгъут захуабзэу зэфIэс, щIыIэ-щIыIэу зызыплъыхь, теплъэ дахэ зиIэ полковой адъютантыр. Езы Марье Васильевнэ цIыхубз пIащэт, нэшхуэт, набдзэ фIыцIэт — дахэкIейт. И куэзырхэм еплъу, Полторацкэм гъунэгъубзэу бгъэдэсти, и бостеикIэ зыкъизыхыр мобы и лъакъуэм епэщэщырт. И псалъэхэмкIи, и плъэкIэмкIи, и гуфIэкIэмкIи, и Iэпкълъэпкъыр зэригъэхъей щIыкIэмкIи, дыхумэ дахэ къыкIэрихымкIи абы Полторацкэр зэуэ щытыкIэ гугъум иригъэувэрти, офицер тхьэмыщкIэр зэпымыууэ зэрыщыуэм зэгуигъэпырт и гуэгъур.

— Ар дауэ джэгукIэ хъун?! Тузышхуэр иригъэхьащ аргуэру! — плъыжьыбзэ къэхъуауэ уафэм сабэ дрепхъей адъютантым, Полторацкэм тузыр къыщытридзэм.

Жейуэ къагъэуша нэхъей, къэхъуар къызыгурымыIуэ Полторацкэр и нэ гуапэ дахитIыр къижу йоплъ и дарэгъум.

— И жагъуэ умыщIу хуэгъэгъу, кхъыIэ, — тузыр езыгъэхьам къыщхьэщыжу къыпогуфIыкI Марье Васильевнэ: — Уи фIэщ хъуа иджы? НыбжесIатэкъэ апхуэдэу умыщIыну? — Полторацкэм йоплъ ар.

— Уэ арагъэхххэтэкъым къызжепIар, — и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI Полторацкэр.

— Пэжу аратэкъэ? — цIыхубзри къыпогуфIыкI. А гуфIэкIэ телъыджэм щIалэр зэуэ игъэпIейтеящ икIи гухэхъуэ къриташи, плъыжьыбзэу къызэщIэплъауэ, куэзырхэр къепхъуатэри зэхегъэзэрыхь.

— Уэракъым ар зыгуэшын хуейр, — ткIийуэ къопсалъэ адъютантыр, Iэлъын зыIэрыгъ и Iэ хужьыбзэмкIэ мапхъуэри, куэзырхэр къыIэщIеч, езым зэуэ псынщIэу гуэшын щIидзащи, къыпщыхъунщ ахэр и натIэм иригъэкIыну пIащIэу.

Воронцовхэ я унагъуэ лIыщIэр хьэщIэщым къыщIохьэри джыназым къыжреIэ хъумакIуэр къызэреджэр.

— Къысхуэвгъэгъу, зиусхьэнхэ, — жи Воронцовым, и урысыбзэм инджылыз псэлъэкIэ къытригъауэу. — Уэ си пIэкIэ уотIыс, Marie.

— Фыарэзы? — щIоупщIэ гуащэр. ПсынщIэу икIи жыы щIэту къыщолъэтри къызэфIоувэ. И шылэ фащэр игъэпсалъэрэ зэрынасыпыфIэр и нэгуми къищу, и Iупэхэри зэтемыхьэу зреч абы.

— Сэ сытым щыгъуи сытымкIи сыарэзыщ, — жи адъютантым. Абы хуабжьу и гуапэ хъуар джэгукIэм зы хъыц хэзымыщIыкIым зэрыпеуэныращ. Полторацкэр, и Iэхэр ищIу, къыпыгуфIыкIа къудейщ.

Щэ джэгугъуэр (роббер) иухырт, джыназым къыщигъэзэжам. Ар хуабжьу нэжэгужэт икIи къызэщIэплъат.

— НывжесIэнур фщIэрэ?

— Сыту пIэрэ?

— Шампанскэ девгъафэ.

— АбыкIэ сыт щыгъуи сыхьэзырщ сэ, — къопсалъэ Полторацкэр.

— Ар икъукIэ гуапэщ, — жи адъютантми.

— Василий! Шампанскэ къытхуэхь, — жи джыназым.

— КъыщIоджахэр лIот? — Iэсэ дыдэу щIоупщIэ Марье Васильевнэ.

— Плъырымрэ нэгъуэщI зырэ къысхуейт.

— Хэтыт? СыткIэт къызэрыпхуейр? — зэкIэлъегъэпIащIэ иджы гуащэм.

— ЖысIэ хъунукъым, — и дамащхьэхэр дрегъэуей Воронцовым.

— ЖыпIэ мыхъунуи? — къытрегъэзэж Марье Васильевнэ. — Абы деплъынщ дэ.

Шампанскэр къахь. Бжьэ зырыз йофэхэр. Я джэгунри яухри, сэлам зэрахыжу щIадзэ.

— Уи ротэр пщэдей мэзым кIуэрэ? — джыназыр Полторацкэм йоупщI.

— Сысейри? ЛIот ущIыщIэупщIэр?

— Пщэдей уэрэ сэрэ дызэрылъагъунущ-тIэ — жери, джыназыр мащIэу къыпогуфIыкI.

— Хуабжьу си гуапэщ, — жи Полторацкэм, Воронцовым къыжриIар тэмэм дыдэу къыгурымыIуауэ. Ар зи бэлыхь иукIыр нэгъуэщIт: Марье Васильевнэ и Iэ хужь дахэшхуэр и Iэгум къызэрихуэнрат.

Марье Васильевнэ, сыт щыгъуи хуэдэу, Полторацкэм и Iэр быдэу икIи гуапэу икъуза къудейкъым — фIыуи игъэсысащ. ИкIи аргуэру ириIуэкIыжащ трамэмкIэ зэрыкIуар щыуагъэу зэрищIар, абдеж ар зэуэ дахэу къыпыгуфIыкIати, Полторацкэм зыхуейр кърихащ а гуфIэкIэ телъыджэм.

Зи гур зелъатэрэ дуней гуфIэгъуэр зиIэу кIуэж Полторацкэм и щытыкIэр къыбгурыIуэн папщIэ абы и пIэм укъихутэн хуейт: ар гъэсэныгъэ дахэм зэи щыщIатэкъым, дуней и пIалъи зыщIэт, зыхуейр зыгъуэтурэ есат, арщхьэкIэ, дзэм хэхуа нэужь, и гъащIэм хуабжьу зихъуэжати, мис иджы, езыр къызыхэкIамрэ зэрыпсэуамрэ ещхьу къэхъуа бзылъхугъэ дахэм IущIат.

Бжэ щIыбым лъэ макъ къыщыIуати, Полторацкэм и унэзехьэ, IуэхутхьэбзащIэ Вавилэ хьэлъкъыр Iуегъэпкl.

— БжэIулъэетакIэ ущIыщIэсыр сыт, былым?!

— Арыншауэ хъурэ, Алексей Владимир...

— Аргуэру учэфи! Сэ уэзгъэлъагъунщ ар зэрыхъур... — Вавилэ еуэн и гугъэу зишэщIати, щIогъуэж.

— Зэпыту кIуэн! КIэртIоф уэздыгъэр щIэгъанэ.

— Зы напIэзыпIэкIэ щIэзгъэнэнкъэ.

Вавилэ, пэж дыдэу, ефат. ЩIефарат: ротэм и хьэпшыпхэм, ерыскъым и тетыр къыщалъхуа махуэр ягъэлъэпIат. Абы къикIыжа нэужь, и гъащIэ къекIуэкIыкIэм егупсысу, зи пщIэр яIэту псалъэ гуапэхэр зыхужаIа къудей Иван Макеичрэ езымрэ я псэукIэр зэригъапщэу щIедзэ: мобы хэхъуэхэр иIэщ, бынунагъуэщ, илъэс дэкIмэ, дзэ къулыкъум хэкIыжыну и мурадщ. Езы Вавилэщи, щIалэ цIыкIуу зиусхьэнхэм яIэрыхьэри ядэгъуэгурыкIуащ. Иджы илъэс плIыщIым щхьэдэхащ. Фызи къишакъым. И зиусхьэн мыкIуэмытэм кIэрыIуауэ Iэпхъуэшапхъуэу къикIухьу дунейм тетщ. Зиусхьэныр цIыху Iейтэкъым, зауэ-банэрейхэм ящыщтэкъым. «Ауэ сэ езым къэзгъащIэр сытым щыщ? Кавказым дикIыжмэ, щхьэхуит сищIыжыну сыкъигъэгугъащ... Щхьэхуитыныгъэри зэрысщIынур сыт? Здэсхьынри дэнэ? Хьэ псэукIэщ си дунейр»... хэплъэгъуэшхуэм хэтт Вавилэ. Жейри хьэлъэу къытеуати, хэт ищIэрэ, зыгуэрхэр щIэпщхьэрэ ядыгъуIамэ жыхуиIэу, хьэлъкъыр фIидзэри, тIэкIу Iурихати...

Полторацкэр щIохьэ и ныбжьэгъу Тихоновымрэ езымрэ я пэшым.

— Дауэрэ уджэгуа? Аргуэру ебгъэхьа? — къызэщыуа ныбжьэгъур къоупщI.

— Хьэуэ. Сом пщыкIубли къэсхьащ. Шампански дыкъефащ.
— Марье Васильевнэри нэкIэ пшхащ?
— АбыкIи слъэкI къэзгъэнакъым, — зыкъеумысыж Полторацкэм.
— Мыгувэу нэхулъэ къищIынущ, — жи Тихоновым, — дэ сыхьэтихым дежьэн хуейщ.
— Вавилэ! — мэкIий Полторацкэр. — Умыбэлэрыгъ, пщэдджыжь сыхьэтитхум сыкъэгъэуш.
— Укъысхуэгъэушыр Iуэхут? Узауэу щIэбдзэнщи...
— Сыкъэгъэуш жысIащи — сыкъэгъэуш. Зэхэпха?
— Зэхэсхащ.
И зиусхьэным и шырыкъухэмрэ щыгъынымрэ къещтэри, Вавилэ щIокIыж.
Полторацкэр мэгъуэлъыж. И пащIэкIэ къыщIэгуфIыкIыурэ, тутын щIегъанэ. Уэздыгъэр егъэункIыфIыж. Ауэ кIыфIми хилъагъукIырт абы Марье Васильевнэ и нэгу нэщхъыфIэр.
Воронцовхи асыхьэту гъуэлъыжакъым. ХьэщIэхэр зэбгрыкIыжа нэужь, Марье Васильевнэ и щхьэгъусэм бгъэдохьэри, французыбзэкIэ ткIийуэ йоупщI:
— Къэхъуар къызжепIэ хъуну иджы?
— Си псэм хуэдэ...
— «Си псэм хуэдэкъым» сэ сызыхуейр — къэхъуар... Къыпхуеяр, дауи, къэхутакIуэращ...
— Къысхуеяри къэхъуари ныбжесIэфынукъым.
— КъызжумыIэфынуи? Сэ ныбжесIэнщ-тIэ!
— Уэри?..
— Хьэжмуратщ. Аракъэ, зо? — къоупщI гуащэр. Нобэныжэбэтэкъым абы и тхьэкIумэм къыщицырхъар Хьэжмурат Iуэху гуэрхэр зэрыдрагъэкIуэкIым теухуа псалъэмакъыр. Иджы и гугъэрат и щхьэгъусэм езы Хьэжмурат дыдэ къакIуэу къыIущIауэ.
Воронцовым пцIы хуэупсакъым, ауэ и фызым ещхьэкIуащ: къыхуэкIуар Хьэжмураткъым — къэхутакIуэращ. Абы зэрыжиIэмкIэ, Хьэжмурат езыр пщэдей къыщыIущIэнущ мэз щеуэну щIыпIэм деж.
ГъэщIэгъуэн лъэпкъ зыщемыкIуэкI быдапIэм дэзэшыхь зэщхьэгъуситIыр а Iуэхум икъукIэ щыгуфIыкIащ. А хъыбарыр лIым и адэм гуапэ зэрыщыхъунум теухуауэ ирагъэкIуэкIа псалъэмакъыр кIыхь хъури, ахэр щыгъуэлъыжар сыхьэтищхэм дежщ.

## IV

Щамил и зауэлI къриутIыпщахэм заIэримыгъэхьэну къижыхьурэ, жэщищкIэ зи напIэ къемыха Хьэжмурат, нэхулъэфI къекIыну Тхьэм хуелъэIуу, Садо зэрыщIэкIыжарауэ, и Iэр зыщIигъакъуэри щхьэнтэхэр къыщIэдзауэ, зэрыхуэпауэ Iурихащ. Абы пэмыжыжьэрэ гууэщIу блыным кIэрылъу, Елдари жейрт. И Iэ лъэщитIыр зэбгрыдзат, и Iэпкълъэпкъ псор хуиту укъуэдият. Адыгэ цей хужьым къытещ хьэзыр Iупэ фIыцIэхэр, щIалэм и бэуэкIэм зыдрагъэкIуу, абы и бгъэ лъагэм теджэгухьырт. И щхьэ джафэ-щIыхуфэр щхьэнтэм къещтэхат. Цы мащIэ къызытеува и Iупэ щIыIур, сабийхэм

зэращIым ещхьу, къыIугъэпщат. Хьэжмурат хуэдэу, ари зэрыхуэпауэ жейри, кIэрахъуэри къамэри зыкIэрихатэкъым. МафIэм пэрылъ пхъэхэм я дэпхэр ужьыхыжу хуежьати, хьэку цIыкIум иплъагъуэрт жэщ уэздыгъэм и нэху мащIэр.

Жэщ ныкъуэхэм деж хьэщIэщыбжэр къокIыргъ, Хьэжмурат, асыхьэту къызэфIоувэри, кIэрахъуэм йопхъуэ. ЯтIэ лъэгум щабэу теувэурэ, Садо къыщIохьэ.

— Сыт ухуейт? — жей IэфIым хэтауэ къэушагъэфэ темыту, нэжэгужэу щIоупщIэ Хьэжмурат.

— Узыгъэгупсысэн щыIэщ, — жи Садо, Хьэжмурат и пащхьэм хьэмбыIуу итIысхьэурэ. — УкъыщыкIуэм фыз гуэрым укъилъэгъуащ, — пещэ бысымым. — Ар и лIым жриIащ. Иджы жылэ псом хэIущIыIу щыхъуащ. Ди гъунэгъу бзылъхугъэ къажэри фызым зыгуэрхэр къыхуиIуэтащ. Абы зэрыжиIэмкIэ, мэжджытым щызэхуэсри, лIыжьхэр зэгурыIуащ укъызэтрагъэувыIэну.

— Ежьэжын хуейщ, — жери къотэджыж Хьэжмурат.

— Шыхэр хьэзырщ, — Садо псынщIэу щIокIыж.

— Елдар, — мэIущащэ Хьэжмурат. И цIэр зэрызэхихыу, къеджэр хэтми къыицIыхуакIэу, Елдар къыщолъэт. И пыIэр зыщхьэрекъуэж. Хьэжмурат Iэщэр зыкIэрелъхьэж, щIакIуэр зыщетIэгъэж. Елдари аращ ищIэр. ЗамыгъэIэуэлъауэу, тIури унэм къыщIокI. ЩIалэ нэ фIыцIэ цIыкIум шыхэр къарешалIэ. Уэрам гъуэгу хэпкIыкIам къытеIукI шы лъэ макъыр зэхихагъэнщи, гъунэгъу унэм зыгуэр къыщIоплъ, и пхъэ вакъэхэр игъэпсалъэрэ мэжджытым хуэжэу джабэм кIэреIуантIэ абы.

Мазэр плъагъуртэкъым, ауэ уафэ фIыцIэм къилыдыкIырт вагъуэхэр. Жэщ кIыфIым хэплъагъукIырт унащхьэхэр, а псоми IупщIу къахэпIиикIырт азэн джапIэр зыщхьэщыту къуажапщэм деж щыт мэжджытыр. АбыкIэ къиIукIырт зэрызехьэ макъхэр.

Iэщэр псынщIэу къэзыгъэхьэзыра Хьэжмурат лъэрыгъым йоувэ, бзу лъатэм ещхьу зеIэтри, уанэгум къохутэ.

— Тхьэм къыфхуищIэж, — жреIэ бысымым, къамышымкIэ хуэм цIыкIуу йоIусэ шхуэмылакIэр зыIыгъ щIалэ цIыкIум — IукIуэт жыхуиIэщ. ЩIалэ цIыкIур йокIуэт. ИщIэнури зэрищIэну щIыкIэри езым ищIэж нэхъей, шым псынщIэу зреч. Жьы щIэту, уэрамдэкIыр лъэбакъуэкIэ къебгынэри, гъуэгушхуэм хуеунэтI. Елдар абы и ужьым итщ; Садо джэдыгу щыгъыу, и Iэхэр псынщIэу ищIу, гъуэгум зэпрыж-къызэпрыжыжу мобыхэм якIэлъожэ. Къуажэ дыхьэпIэм деж, гъуэгум адэкIэ, зы ныбжь гуэр щохъей, итIанэ — нэгъуэщI зы.

— КъэувыIэ! Хэт ар? КъэувыIэ, зо! — къоIу кIий макъ, икIи цIыху зыбжанэ гъуэгум къытоувэ.

КъэувыIэным и пIэкIэ, Хьэжмурат ищIэращ: кIэрахъуэр къерепхъуэт, шым йолъэдэкъауэри, мо къыпэувахэм яжьэхолъадэ. Гъуэгум тетхэр зэбгрож. Хьэжмурат, къызэмыплъэкIыу, лъэхъуфIкIэ йожэх гъуэгу егъэзыхыгъуэм. Елдари епIэщIэкIыу абы кIэлъоущ. АитIум я щIыбагъкIэ Iэщэ уэ макъитI къыщоIури, фочышитI фийуэ ящхьэщолъэт, ауэ, ахэр Хьэжмурати Елдари къалъэIэсакъым.

ШууитIыр еуэ-еуэкIэ макIуэ. ЗыкъомыфI якIуауэ къоувыIэхэр. ЗэщIодэIукIхэр. Я пэкIи я щIыбагъымкIи псы уэрым дунейр икъутэрт. Я ужькIэ къыщыIурт адакъэ зэпэджэжхэм я Iуэ макъхэр.

А Iэуэлъауэ псоми къыхоIукI гъунэгъу къэхъу шыхэм я лъэ макъымрэ лIыхэм я псалъэмакъымрэ. Хьэжмурат йолъэдэкъауэри, а зэрыкIуахэм хуэдэу зрачыж.

Шу тIощIым нэблагъэ пхъэрхэр мыгувэу нэхъ гъунэгъу къохъу. Ахэр Хьэжмурат къэзыубыдын зи гугъахэм е, ар ялъэмыкIми, Щамил и пащхьэм щымыкъуаншэу зыкъэзыгъэлъэгъуэн мурад зиIэхэм ящыщт. КIыфIым хэплъагъукIын хуэдэу, мохэр гъунэгъубзэ къыщыхъум, Хьэжмурат къоувыIэ, шхуэмылакIэр еутIыпщри, зэрихабзэу, Iэ сэмэгумкIэ фочылъэр къыкIэретIэтыкI, Iэ ижьымкIэ Iэщэр кърех. Елдари аращ ищIэр.

— Фызыхуейр лIо? — мэгуо Хьэжмурат. — Сывубыдыну ара? Сывубыд-тIэ, — жери фочыр еIэт. Пхъэрхэр къызэтоувыIэ.

Фочыр зэриIыгъыу, Хьэжмурат щIыIэпсым дыхьэу щIедзэ. Шухэр къыкIэлъыкIуэжыртэкъым. ЩIыIэпс адрыщIым къыщыхута нэужь, шухэр абы къоджэ: «КъэувыIи ныбжетIэнум къедаIуэ», — мобыхэм жэуап ярит щIыкIэу, Хьэжмурат фочыр егъауэри, шы жьэрыутIыпщкIэ щIопхъуэж. КъэувыIэрэ зэщIэдэIукIмэ, пхъэрхэм я Iэуэлъауэ зэхихыжыртэкъым; адакъэхэм я Iуэ макъри и тхьэкIумэ къиIуэжыртэкъым, ауэ нэхъ IупщIу зэхэпх хъуат мэзым щежэх псым и даущымрэ жьындум и джэ макъымрэ. Гъунэгъу зыхуэхъуахэ мэзым блын фIыцIэу уIуплъэрт, мис арат абы и зауэлIхэр къыщыпэплъэр. Мэзым бгъэдохьэри, Хьэжмурат къоувыIэ, и бгъэм щызу жьы зыжьэдешэри, и тхьэ къызэрихькIэ мэфий, итIанэ щым мэхъу, зэщIодэIукI. Зы дакъикъэ нэхъ дэмыкIыу, мэзым къыщIоIукI апхуэдэ дыдэ фий макъ. Гъуэгум треIуэнтIыкIри, Хьэжмурат мэзым хохьэ. Лъэбакъуищэ нэхъ имычауэ, жыгхэм япхроплъри, мафIэри, абы къетIысэкIахэм я ныбжьри, уанэри зэрытелъу икIи лъэхъауэ адэкIэ къыщыт, мафIэ нэхур зытридзэ шыри къелъагъу.

МафIэм къетIысэкIахэм ящыщ зы псынщIэу къотэдж, Хьэжмурат къыбгъэдохьэри, шхуэмылакIэмрэ лъэрыгъыпсымрэ еубыд кърыгъэпсыхыну. Ар Хьэжмурат къуэш ищIа, абы и мылъкум и тет авар щIалэ Хьэнэфийт.

— МафIэр вгъэункIыфI, — жи Хьэжмурат, шым къыздепсыхым. ЦIыхухэм пхъэдзакIэхэр зэбградзу щIадзэ, дэпхэр зэхаутэ.

— БатIэ къэкIуат? — щIоупщIэ Хьэжмурат, щIакIуэ убгъуам щыбгъэдыхьэм.

— КъэкIуащ. Хъан-Магъомэрэ абырэ зэрежьэрэ куэд щIащ.

— Дэтхэнэ гъуэгура зэрыкIуахэр?

— Морaщ, — жи Хьэнэфий, Хьэжмурат къызэрыкIуэжа гъуэгум къыпэщылъымкIэ и Iэр ищIу.

— Армэ хъунщ, — жи Хьэжмурат, фочыр зыпщIэхихарэ ар иузэдыжу. — Сакъын хуейщ. Пхъэрхэр къыскIэлъыщIэпхъуат, — хуоплъэкI ар мафIэр зыгъэункIыфIыжу щытым.

Ар шэшэнт. И цIэр Гъэмзалэт. Ари щIакIуэм бгъэдохьэ. Абы телъ фочыр къещтэ, псалъэ жимыIэу, хуей гъунэмкIэ еунэтIри, Хьэжмурат къыздикIыжа лъэныкъуэмкIэ кIуэуэ йожьэ. Шым къепсыха Елдар Хьэжмурат и шыр еубыд, я щхьэхэр лъагэу Iэтауэ, шитIри жыгым ирепх, итIанэ, Гъэмзалэ зэрищIам хуэдэу, фочыр пщIэхэдзауэ макIуэри, хуейм и адрей лъэныкъуэм деж мэув.

МафIэр ягъэункIыфIати, иджы мэзыр, япэм ещхьу, фIыцIафэу щытыжтэкъым, фагъуэхэми, уафэм вагъуэхэр щыпщIыпщIырт.

Уафэ зэхуэдитIыр щIэзыгъэна вагъуэхэм яхэплъэри, Хьэжмурат зэпилъытащ жэщыбг зэрыфIэкIар, жасы нэмэзыр зэрыфIэкIрэ Iэджэ зэрыщIар. Хъуржыным илъу сыт щыгъуи къыздрихьэкI къубгъаныр Хьэнэфий къригъэхыщ, щIакIуэр зытриубгъуэри псымкIэ игъэзащ.

Вакъэхэр зылъихщ, андез ищтэри нэмэз ищIыну щIакIуэм теуващ.

Нэмэзыр зэфIэкIа нэужь, здэщысам деж игъэзэжщ, щIакIуэм тетIысхьэри, лъэгуажьэпитIым тригъэува IэдиитIыр и жьэпкъыпэм къыщIэгъэкъуауэ здэщысым, гупсысэшхуэм хэхуащ.

Зэрымынасыпыншэм зэи шэч къытрихьэртэкъым Хьэжмурат. Iуэху гуэр ищIэну щIидза нэужьи, ар къызэрехъулIэнури и фIэщ хъурт. ИкIи псори къехъулIэрт. Зауэ гуащIэхэм хэту ирихьэкIа гъащIэм и кIуэцIкIэ ар и мурадхэм щалъэмыIэсар зэзэмызэххэт. Иджыри гугъэрт Тхьэм къимыуужэгъужауэ къыщIэкIыу зыщIэхъуэпсхэм и Iэр техуэну. Абы и нэгум Iэджэ къыщIигъэхьэрт: Воронцов къритыну дзэр и гъусэу Щамил зэрытеуэнур, ар гъэр къищIу илъ зэрищIэжынур, урыс пащтыхьым дамыгъэ лъапIэхэр къызэрыхуигъэфэщэнур, Аварие къудейм къыщымынэу, къиубыдыну Шэшэнми тепщэныгъэр зэрыщиIыгъынур... А псор щызэригъэзахуэм, зэрыхъуар имыщIэу, Iурихащ.

Ар пщIыхьэпIэшхуэм хэпшэхъуат: и зауэлI хъыжьэхэм гуфIэгъуэ уэрэдхэр кърашырт, Хьэжмурат къокIуэ жаIэу зэрыгъэкIийхэурэ, Щамил егбгъэрыкIуэрт, и фызхэри зэрыщIыгъуу, ар гъэр къащIырт. И тхьэкIумэм итт а фызхэм я гъы макъри я гъыбзэхэри.

Хьэжмурат къоуш. «ЛаIилахьу Iилэлэхь» зэчырри, «Хьэжмурат къокIуэ» жызыIэу зэрыгъэкIийхэри, Щамил и фызхэм я гъы макъри — а псори хьэIуцыдзхэм я къугъ, зэщIэвэ макъхэрауэ къыщIокI. Ахэрат ар къэзыгъэушари. Хьэжмурат и щхьэр къеIэт. Доплъей. Жыг щхьэкIэхэм хэплъагъукIырт пшэкIэху къызэрищIар. Къыбгъэдэс и гъусэм йоупщI: Хъан-Магъомэ къигъэзэжа-къимыгъэзэжа? Абы къимыгъэзэжауэ къыщищIэм, Хьэжмурат и щхьэр ирехьэх, асыхьэтыпцIэуи къощхьэукъуэх.

Ар къэзыгъэушар, БатIи щIыгъуу, къэзыгъэзэжа Хъан-Магъомэ и макъ нэжэгужэрщ. Хъан-Магъомэ гъунэгъубзэу Хьэжмурат бгъэдотIысхьэ. Абы жимыIэхэр укIуэдыж: урыс сэлэтхэр къазэрыIущIар, абыхэм езы джыназ дыдэм и деж зэрашар, джыназыр къазэрыщыгуфIыкIар, урысхэр мэз щеуэ щIыпIэм деж пщэдджыжь къащыхуэзэну къызэригъэгугъар... БатIи, зыхуэшыIэркъыми, и ныбжьэгъум псалъэр Iэпеуд, езыми зыгуэрхэр щIегъу.

Хьэжмурат абыхэм жаIэм едаIуэ къудейкъым — гупсэхуу япкъроупщIыхь: Воронцов сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ жэуап къарита Хьэжмурат урысхэм заритыну зэримурадым. Хъан-Магъоми БатIи зыжьэу жаIэ джыназым Хьэжмурат хьэщIагъэ кърихыну псалъэ къазэрыритар икIи, къыхуеблагъэмэ, ар щIемыгъуэжыну зэрыжиIар. Гъуэгур зыхуэдэми щIоупщIэ Хьэжмурат. Хъан-Магъомэ быдэу жеIэ гъуэгур фIыуэ зэрицIыхур, икIи абы Хьэжмурат къегъэгугъэ бэIутIэIуншэу ар джыназым зэрыхуишэнумкIэ.

А псом я ужькIэ, Хьэжмурат ахъшэ кърех, БатIэ къызеригъэгугъауэ щыта сомищыр ирет. Езым и гъусэхэм яжреIэ хъуржынхэр къащтэу дыщэкIэ гъэщIэрэщIа и Iэщэхэр, щэкI къызэшэкIа и хъурыфэ пыIэ лъагэр кърахыну; езы зауэлIхэми унафэ яхуещI зыкIэлъыплъыжынхэу, къабзэлъабзэу, фэ ятету урысхэм зыкърагъэлъагъуну.

Iэщэхэр, уанэхэр, Iэпслъэпсхэр, шыхэр ялъэщIыху сытыху, нэху щыпащ, вагъуэхэри, я фэр пыкIыурэ, уэгум иткIухьащ. Нэхущ акъужьыр зэрыщIыIэтыIэр зыхэпщIэ хъуат.

V

**П**щэдджыжьыр кIыфI зэхэту, Полторацкэр зи унафэщI сэлэт ротитI, джыдэхэр яIыгъыу, километрипщI гъуэгуанэ тохьэ. Чахгиринскэ дыхьэпIэр къызэранэкI. КIапсэлъэрышэу заукъуэдийри, нэхулъэ къиищIу зэрыхуежьэу, жыгхэр ирагъэбэту щIадзэ. Къудамэ цIынэхэр зыпэрылъ мафIэм къыхиху Iугъуэм хэшыпсыхь пшагъуэм сыхьэтийхэм деж зиIэту хуежьа къудейти, лъэбакъуэ зытхухкIэ фIэкIа зэпэмыжыжьэу мэз еуэхэр зэрылъагъуртэкъым, пэжщ, зым жиIэр адрейм зэхихырт; ауэрэ мафIэхэри жыгхэр зытеуфэрэкIа мэз гъуэгури плъагъу мэхъу; дыгъэр зэм пшэм бжьыгъэ нэхуу къыхэщырт, зэми бзэхыжырт.

Гъуэгум адэIуэкIэ удзыпцIэ хуейт, абдеж щылъ бэрэбанэхэм тест Полторацкэр, абы и офицер нэхъыщIэ Тиховыр, 3-нэ ротэм и офицеритI, нэхъапэкIэ шуудзэм къулыкъу щызыщIа, ауэ, щIакIуэ кIапэм зэрыщызэуам щхьэкIэ, кърагъэлъэхъшэха, Пажескэ корпусым Полторацкэм ныбжьэгъу къыщыхуэхъуа барон Фрезе сымэ. Бэрэбанэхэм я хъуреягъкIэ щикъуххьат шхынхэр зыкIуэцIылъа тхылъымпIэхэр, тутын кIэпафэхэр, бащырбэ нэщIхэр. Офицерхэм аркъэ, сырэ фIыцIэ ирафат. Бэрэбэнауэм еянэ бащырбэм и щхьэр Iуихырт. Ныжэбэ жейкIэ иримыкъуа пэтми, Полторацкэр хуабжьу нэщхъыфIэт, и сэлэтхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ тригъэуну, шынагъуэм иримыгъэгупсысыну хэт нэхъей, егъэлеяуэ нэжэгужэт.

Яхуэмыухыу офицерхэр зытепсэлъыхыр иужьрей дыдэ хъыбарыщIэрат: генерал Слепцов зэрылIам теухуарат. Пэжщ, лIэныгъэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъым и гугъу ящIыртэкъым: гъащIэр зэриухым, абы и къежьапIэм зэрытригъэзэж щIыкIэм, атIэ яхуэмыухыр офицер щIалэ хъыжьэм зэрихьа лIыгъэм и хъыбарырат: сэшхуэр IэщIэлъу бгырысхэм яхэлъадэу зэрызэтриупщIэтарат.

Ауэ псоми, псом хуэмыдэу зауэм хэта, куэд зи нэгу щIэкIа офицерхэм, ахэр Кавказым щекIуэкIа зауэм, е нэгъуэщI зауэхэм хэтауэ щрети, ящIэрт, ящIэни хуейт гъэщIэрэщIауэ зэратхэм, зэрагъэхъыбархэм хуэдэу сэшхуэкIэ зызэтраупщIэтэжыр зэрыщымыIэр. Апхуэдэ къыщыхъу щыIэми, зэхэлъадэу сэшхуэрэ мыжурэкIэ щызэзауэхэм деж сэшхуэдзэр, мыжурэпэр сыт щыгъуи зылъэIэсыр икIуэтмэ-икIуэтурэ щIэпхъуэжахэрат. Зэхэлъадэу зэзэуэным ехьэлIа шыпсэ дахэр офицерхэм ягъэIу Iуэху еплъыкIэ нэпцIт, апхуэдэ зэуэкIэм иригушхуэныр, иринэжэгужэныр нэхъыбэу къызыхэкIри мобыхэм я щIалагъэ-делагъэрат. Мис иджыпстуи, иныкъуэхэм загъэщIыкIейуэ, иныкъуэхэри Iэдэбу бэрэба

нэхэм тесу Iэджэм топсэлъыхь, тутын йофэхэр, фадэр иракIыхь, мэгушыIэхэр, ауэ бжэщхьэIум нэхърэ нэхъ гъунэгъу ажалым Слепцов и махуэр дэтхэнэ зыми, дэтхэнэ дакъикъэми къахуигъэкIуэнкIэ зэрыхъуным тегузэвыхьыщэркъым. Абыхэм я псалъэмакъыр и бгым нэсами арат, апхуэдэ къалъыкъуэкIынкIэ зэрыхъуным щыхьэт техъуэ нэхъей, гъуэгум и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ фочышэ щIэфиежым и макъ дахэкIейр къыщиIукIам. Нэжэгужэу, зыкърихыу шэми пшагъуэм къыщелъэтыхь, итIанэ жыгым зыхеукIэ. Абы хьэлъэ-хьэлъэу, макъышхуи ягъэIуу поджэж сэлэтхэм я фочхэм я уэ макъ зыбжанэ.

— Ей-ехь! — нэжэгужэу къокIий Полторацкэр. — Ар жыжьэ къикIа шэкъым. Еуэ, си къуэшыжь Костя, — зыхуегъазэ абы Фрезе, — уи насып къикIащ. Уи ротэм зегъэхьыж. Дэ иджыпсту зы зэхэуэ дахэ зэхэдублэнущи... Абы зыуэ екIуу зыкъыщыдгъэлъэгъуэнущи!.. Гухэхъуэщ!

Зи пщIэр кърагъэлъэхъшэха бароныр къыщолъэт, псынщIэу еунэтI и ротэм Iугъуэ щигъэу лъэныкъуэмкIэ. Полторацкэм кърашалIэ и адыгэш къарафэ-пцIэгъуэплъыфэ цIыкIур. Ар мэшэс. Сатыру игъэувa ротэр ирешажьэ уэ макъхэр къыздиIукIымкIэ, зауэлIхэм зыщагъэбыда щIыпIэмкIэ. Ар зыхуэзэр мэзыбгъурат, абдеж къуэкIиишхуэм зыщиукъуэдият. Жьыр мэзымкIэ еуэрт, къуэкIий джафэм и мызакъуэу, абы и адрыщI лъэныкъуэри хуиту плъагъурт.

Полторацкэр быдапIэм щынэсам, дыгъэр пшагъуэм къызэпхрыплъ хъуати, къуэкIий адрыщIым сажнищэ адэкIэ къыщызэщIэрыуэ гъуейм хэплъагъуэрт шу зыбжанэ. Ахэр Хьэжмурат къыкIэлъыпхъэра шэшэнхэрати, я нэкIэ зрагъэлъагъуну арат яIэщIэкIар урысхэм я деж зэрыкIуар. Пхъэрхэм ящыщ зы фочкIэ къоуэ быдапIэмкIэ. Абы жэуап иратыж сэлэт зыбжанэм. Шэшэнхэр йокIуэтыж. Уэ макъхэр зэпыуат. Ауэ ротэр щIыгъуу къэса Полторацкэм унафэ ещI шэшэн икIуэтыжхэм якIэлъыуэну. А унафэр псоми зэралъэIэсу, кIыхьу иукъуэдиикIауэ зызыгъэбыда зауэлIхэм я Iэщэ уэ макъхэр зэпымычыжу къоIури, къаIурылъэлъ шэхэм я Iугъуэр дахэу хьэуам хошыпсыхьыж. А джэгукIэр зи мыжагъуэ сэлэтхэм я фочхэр пIэщIэгъуэкIэ яузэдурэ, зэщIэфиеу шэхэр яутIыпщ. Апхуэдэ зэдэджэгукIэр ягу ирихьагъэнти, я гупым къахэжмэ, япэкIэ къилъурэ, шэшэнхэри фочышэ зыбжанэкIэ къахуэупсащ урыс сэлэтхэм. А «тыгъэхэм» ящыщ зы къылъысри, зы сэлэт хигъэщIащ. УIэгъэ хъуар тIасхъэщIэххэм яхэта Авдеевырат. И ныбжьэгъухэр къыщыбгъэдыхьам, ар хэIубауэ щылът, и ныбэ уIэгъэр IитIкIэ къыщIиIыгъэрт икIи, зы псынщIагъэм тету зызэщIиупскIэрт.

— Фочыр уздын щIэздза къудейуэ зэхызох уэ макъ, — жеIэ Авдеевым щIыгъуа сэлэтым. — СеплъмЭ, мыбы фочыр Iэпыхуат.

Авдеевыр Полторацкэм и ротэм щыщт. Сэлэтхэр зэрызэхуэсар щилъагъум, Полторацкэр абыхэм ябгъэдохьэ.

— ЛIо, къуэш, къыптехуа мыгъуэ? Дэнэ деж зытехуар? — йоупщI ар.

Авдеевым жэуап къитыркъым.





8 Заказ №642

— Фочыр узэдын щIэздза къудейуэ, зиусхьэн, зэхызох уэ макъ, — къытрегъэзэж аргуэру Авдеевым щIыгъуа сэлэтым. — Сеплъмэ — мыбы фочыр IэщIэхуат.

— ЦIыIу-цIыIу, — и Iур егъаджэ Полторацкэм. — Iейуэ узрэ, Авдеев?

— Узыркъым, сызэригъакIуэркъым армыхъумэ. Фадэ гуэр сеIубамэ хъунт, зиусхьэн.

Аркъэ папщIэу сэлэтхэм Кавказым щрафыр спиртти, ар къахь. Зи нэщхъыр зэхэукIа Пановым Авдеевым спирт хурегъахъуэ. Модрейр абы ефэну хуожьэ, арщхьэкIэ асыхьэту щегъэтыж:

— Ехыркъым. Уэ ефэж, — жери фадэр Пановым иретыж.

Мыдрейми зригъэлъэIущакъым — спиртыр ирикIыхащ. Авдеевым аргуэру зыкъиIэтыну хуожьэ, аргуэру мэтIысыж. Цейр яубгъури, абы трагъэгъуалъхьэ.

— Зиусхьэн, полковникыр къокIуэ, — фельдфебелым Полторацкэм зыхуегъазэ.

И инджылыз шы лъэпкъ къабзэ хакIуэм тесу Воронцовыр къакIуэрт, абы щIыгъут полкым и адъютантыр, зы къэзакъ, зы шэшэн тэрмэш.

— Сыт мы фи деж къыщыхъуар? — йоупщI ар Полторацкэм.

— Зы гуп ди сэлэтхэм къытеуэри... — къерегъажьэ Полторацкэм.

— Елъыркъэ ар, псори къэзыгъэхъеяр уэращ.

— Сэракъым, джыназ, — къыпыгуфIыкIыурэ, жеIэ Полторацкэм, — езыхэр къыджьэхэпщхьэрт.



— Ди сэлэт къауIауэ зэхэсха?

— Ди жагъуэ зэрыхъущи, къауIащ. Сэлэт хъарзынэ.

— Хьэлъэ-тIэ?

— Хьэлъэ хуэдэщ — и ныбэращ лажьэ зэкIар.

— Сэ сыздэкIуэр пщIэрэ? — щIоупщIэ Воронцовыр.

— СщIэркъым.

— Хуумыгъэфащэуи пIэрэ?

— Хьэуэ.

— Хьэжмурат зыкъыдет. Иджыпсту къытIущIэнущ.

— Дауэ хъунт?!

— Абы и къэхутакIуэ дыгъуэпшыхь къытхуэкIуащ, — зэрыгуфIэр ерагъыу хущIэхъумэ къудейщ. — Иджыпсту ар къыщызэжьэн хуейщ Шалинскэ мэзым хэт хуейм деж; уэ пщIэнуращ иджы: фочауэхэр а куейм нэсыху хэгуашэ, итIанэ уэри накIуэ си деж.

— СынодаIуэ, — жери, Полторацкэм и Iэр хъурыфэ пыIэ къуацэм хуехь. ИкIи и ротэм кIуэну йожьэ. Сэлэтхэр фэхум и ижырабгъу лъэныкъуэмкIэ езым ирешажьэ, сэмэгурабгъумкIэ фельдфебелым ирегъашэ. АпщIондэху уIэгъэр сэлэтиплIым быдапIэм яхьакIэт.

Воронцовым деж кIуэуэ гъуэгу здыдетым, къызэплъэкIмэ, Полторацкэм къелъагъу къыкIэлъыжэ шухэр. Ар къоувыIэри, мохэр зылъэщIегъэхьэ.

Псом япэ итт зи сокур хужь шым тесыр, абы адыгэ цей хужь щыгът, щэкI къызэшэкIа хъурыфэ пыIэ щхьэрыгът, дыщэхэкIхэмкIэ гъэщIэрэщIа IэщэкIэ зэщIэузэдат. И теплъэ псомкIи щIыхь зыхуозыгъэщIт. Ар Хьэжмуратт. Полторацкэм

къыбгъэдохьэри, тэтэрыбзэкIэ зыгуэрхэр жеIэ. Полторацкэм, и набдзэхэр хегъэлъэтри, и Iэхэр ещI, къызгурыIуэркъым жыхуиIэу, икIи къыпогуфIыкI. Хьэжмурати мобы и гуфIэкIэм погуфIэж. Полторацкэм гъэщIэгъуэныщэ щохъу и гуфIэкIэмкIэ Хьэжмурат сабий гуапэ хьэрэмыгъэншэм зэрещхьыр. Полторацкэм ауи и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым зи гугъур яхуэмыух а бгырыс шынагъуэр апхуэдэу къыщIэкIыну. Абы зэригугъамкIэ, мор нэщхъыцэт, зэкIуэцIылът, цIыху лъагъугъуейт. Иджы ар зи пащхьэ итыр нэсри къэсыжауэ цIыху къызэрыгуэкIт, зи гуфIэкIэмкIэ узыхьэхут, хамэгу-хамащхьэфи теттэкъым — ныбжьэгъужь хуэдэт. Абы гъэщIэгъуэну дэплъагъур зыт: и нэхэр жыжьэу зэпэщIэхат, ахэр гупсэхуу, узэпхалыгъукIыу икIи Iэсэу щIэплъэрт нэгъуэщIхэм я нэм.

Хьэжмурат и гупыр цIыхуиплI хъурт. Абыхэм яхэтт ныжэбэ кIуам Воронцовым деж къэкIуауэ щыта Хъан-Магъомэ. Ар тхъуэплът, набдзэншэт, и нэ фIыцIэхэр къилыдыкIырт, и нэкIу хъурейм гуфIэгъуэр къищырт. Абыхэм я гъусэт зи набдзэхэр зэхэкIэжа лIы цыбэ хэщIыхьа. Ар Хьэжмурат мылъкуу бгъэдэлъ псоми я тет Хьэнэфийт. Абы Iэдэжу ишэрт зи бгым хъуржын зэпедзэкI къомыр илъ шыр. Псом хуэмыдэу гупым къахэщырт цIыхуитI. Зыр щIалэ цIынэт; цIыхубзым ещхьу, бгы псыгъуэт, ауэ плIабгъуэт, бгырыпх щIэкъузат, и жьакIэ сырыхур къытеувэу хуежьа къудейт, мэлынэт, щIалэ къекIут. Ар Елдарт. Адрейр нэлъэныкъуэт, набдзэншэт икIи нэбжьыцыншэт, зи жьакIэ сырыхур пыгъэщхъат, и пэми и напэми дыркъуэ телът. Ар шэшэн Гъэмзалэт.

Полторацкэм Хьэжмурат ирегъэлъагъу гъуэгум кърикIуэ Воронцовыр. Хьэжмурат абы пожьэ. Гъунэгъубзэу бгъэдохьэри, и Iэ ижьымкIэ и бгъэм тоIэбэж, тэтэрыбзэкIэ зыгуэр жеIэри, къоувыIэ. Шэшэн тэрмэшым Хьэжмурат и псалъэхэр зэредзэкI:

— Урыс пащтыхьым и IэмыщIэ зызолъхьэ, жи, абы къулыкъу хуэсщIэну сыхуейщ, жи. Ар си нэ къызэрикIрэ куэд щIат, жи, Щамил сиутIыпщакъым армыхъуамэ.

Тэрмэшым едэIуа нэужь, фэ Iэлъэ щабэр зэрыIэрыгъыу, Воронцов и Iэр Хьэжмурат хуеший. Хьэжмурат а Iэм йоплъ, напIэзыпIэкIэ зеIэжьэ, итIанэ мэIэбэри ар быдэу екъуз икIи, зэм тэрмэшым, зэми Воронцовым еплъурэ, аргуэру зыгуэрхэр жеIэ.

— Уэр нэмыщI, нэгъуэщI зыгуэрым зестыну сыхуеякъым, жи, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, уэ дзэпщышхуэм урикъуэщ. ПщIэ ин пхузощI.

ФIыщIэ зэрыхуищIыр къигъэлъагъуэу, Воронцовым и щхьэр ещI. И гъусэхэм я дежкIэ плъэурэ, Хьэжмурат аргуэру зыгуэр жеIэ.

— Мохэр си цIыхущ, жи, сэ сэщхьу, абыхэми урысхэм къулыкъу хуащIэнущ, жи.

Воронцовыр яхоплъэ Хьэжмурат и гъусэхэм, итIанэ и щхьэр ещI.

Нэжэгужэ зэпыт, нэ фIыцIэ, набдзэншэ Хъан-Магъомэ, и щхьэр ищIурэ, Воронцовым зыгуэр къыжриIащ. Ар зы дыхьэшхэн гуэру щымытамэ, авар щIалэ цыбэм и Iупэхэр зэтежу и дзэ хужь лыдхэр къыIуигъэпсыну къыщIэкIынтэкъым. Гъэмзалэ сырыхум и нэ

плъыжь закъуэр напIэзыпIэ хуэдизкIэ Воронцовым трегъапсэ, асыхьэтуи и шым и тхьэкIумэ зэхуакум дэплъу щIедзэж.

Шу гъусэхэр ящIыгъуу бидапIэм хуэзыунэтIыжа Воронцоврэ Хьэжмуратрэ щыблэкIым, уэршэру зэхэт сэлэтхэм аргуэру жаIэн къагъуэт:

— Тхьэм и ней зыщыхуэн, сыт хуэдизыпсэ а угъурсызым игъэнар! Иджы, плъагъункъэ, абы Iэджэ хуащIэну къыщIэкIынщ, — жи зым.

— Ахьей хуащIэн! Арыншэу дауэ хъун?! Щамил и япэ командеру щытащ, — ауан хэлъу псалъэхэр зэхефыщIэ нэгъуэщI зыми. — Иджы зытраукIэжынущ...

— Сыти жыфIэ, лIыгъэ зыхэлъ шууейщ.

— Ар зэрысырыху, зэрысырыхубзэ! ХьэкIэкхъуэкIэ щIыкIэу зеплъыхь.

— Ари ар! Хьэм хуэдэ хъунщ...

Псоми нэхъыбэу я нэм къыфIэнар и сырыхугъэращ.

Гъуэгум нэхъ пэгъунэгъуу мэз еуэ сэлэтхэр къежэжьат, Хьэжмурат зрагъэлъагъуну. Офицерыр ятокIие абыхэм, ауэ Воронцов къызэтрегъэувыIэ ар:

— Iэджэ лъандэрэ я цIыхугъэжьым ирыреплъхэ. Уэ езым ар хэтми пщIэрэ?

— СщIэркъым, зиусхьэн.



— Хьэжмуратщ. Зэхэпха а цIэр?

— Дауэ зэхэзмыхынрэ, зиусхьэн? Iэджэрэ хукъуэтлъхьаи абы.

— Езыми зэи Iыхьэншэ дищIакъым.

— Ари пэжщ, зиусхьэн, — я нэхъыщхьэм епсэлъэну къызэрыхуихуамкIэ арэзыуэ, жэуап къет сэлэтым.

Псо дыдэр къыгурымыIуэми, Хьэжмурат зыхищIэрт зи гугъу ящIыр езыр зэрыарар, абы и нэхэм нэжэгужагъэр къыщIэлыдыкIырт. ГуфIэгъуэм къызэщIиIэтарэ гукъыдэжышхуэ иIэу, Воронцов бидапIэм къигъэзэжащ.

VI

**В**оронцовым къехъулIамкIэ хуабжьу зыхуэарэзыжт. НэгъуэщI зыгуэрыр мыхъуу, езырат зыхузэфIэкIар, Щамил и ужькIэ, Урысейм и бий нэхъ лъэщ дыдэр и гъуэм кърищу зришэлIэныр. Мыгурыхьу зы щыIэт: Воздвиженскэм щызауэ дзэ псоми я унафэр зыIэщIэлъыр генерал Меллер-Закомельскэрат, апхуэдэу щыщыткIэ, Iуэхухэр зэфIэхыным ар къыхыумышэу хъунутэкъым. Воронцовым, мор щыгъуазэ имыщI щIыкIэ, езым псори зэфIигъэкIати, абы къаугъэ къикIыныр бетэмалт. Мис а гупсысэм тIэкIу дыдж къыщищIырт Воронцовым и гухэхъуэр.

Я унэм нэсыжа нэужь, Воронцовым ищIэращ: Хьэжмурат и цIыхухэр полкым и адъютантым и пщэ делъхьэ, езым хьэщIэ лъапIэр ирегъэблагъэ.

Джыназым и щхьэгъусэ гуащэ дахэкIей екIуу зызыгъэщIэрэщIар, зи щхьэцхэр ушэрэза, илъэсих ныбжьым ит и къуэ дахэ цIыкIур щIыгъуу, и Iупэхэр зэтемыхьэу гуфIэу хьэщIэщым

къыщцыIуощIэ Хьэжмурат. Хьэжмурати, и Iэр и бгъэм кIэрилъхьарэ, я гъусэу щIыхьа тэрмэшыр къигъэсэбэпурэ, нэщхъыфIагъэр къебэкIыу жиIэращ: джыназым къыщригъэблэгъакIэ, абы и хьэщIэу зебжыж, хьэщIэр зэрылъапIэм хуэдабзэу, езы хьэщIэм дежкIи лъапIэщ ар зыхуеблэгъа унагъуэм исхэри. Марье Васильевнэ игу ирихьащ Хьэжмурат и теплъэри и зыIыгъыкIэри. И Iэ хужьышхуэр ишийуэ сэлам щрихым, мор къэуIэбжьу плъыжь къызэрыхъуами гуащэр абы нэхъри нэхъ гъунэгъу хуищIат. «ТIыс» жери егъэтIыс, къэхьауэ ефэ-емыфэмкIэ къоупщI, ар къахьынуи унафэ ещI. Ауэ къэхьауэр къахьа щхьэкIэ, Хьэжмурат идэркъым ефэн. Абы урысыбзэр мащIэу къыгурыIуэрт, ауэ ирипсэлъэфыртэкъым. ЖаIэр къыщцыгурымыIуэм деж, къыпыгуфIыкIырт, а гуфIэкIэр ягу ирихьырт Марье Васильевни Полторацкэми. Марье Васильевнэ и къуэ щхьэц утIэрэза, нэ жан цIыкIур БулькэкIэ къеджэ и анэм къыбгъэдэмыкI пэтми, нэкIэ игъэхъур зи хъыбар куэд зэхиха мо зауэлI къызэрымыгуэкIырт.

И щхьэгъусэр хьэщIэм къыбгъэденэри, Воронцовыр и IуэхущIапIэм макIуэ — Хьэжмурат закъызэрыритам и хъыбарыр и унафэщIхэм яIэригъэхьэн папщIэ, езым и къуэдзэхэм и унафэ яхуищIыну. Грознэ къалэм дэст сэмэгурабгъэу флангыр зыIыгъ дзэхэм я унафэ псори зыIэщIэлъ генерал Козловскэр. Воронцовым мис абы хуетх Iуэхур зыIутыр; и адэми письмо хурегъэхь. ИтIанэ пIащIэу унэм мэкIуэж, и жагъуи пщIы мыхъуну, уеубзэщэнри къемызэгъыу, лIы хамэ шынагъуэшхуэр къызыхуигъэна и физым зыкъыхуигъэгусэнкIэ зэрыхъунум егупсысурэ. Ауэ ар пщIэншэу гузэвауэ къыщIэкIащ. Хьэжмурат шэнтиуэм ист, абы и лъэгуажьэм тест Воронцовым и мылъхукъуэ Булькэ. И щхьэр ехьэхауэ хьэщIэр гупсэхуу щIэдэIурт Марье Васильевнэ и псалъэу тэрмэшым къыжриIэхэм. Гуащэм абы жриIэрат: узихьэщIэм игу ирихьауэ зыщытхъуу хъуар тыгъэ хуэпщIмэ, куэд дэмыкIыу пцIанабзэу укъэнэнщ...

Джыназыр къыщцыщIыхьэжым, апхуэдэу къызэрыращIэр зи жагъуэ хъуа Булькэ егъэуври, Хьэжмурат къотэдж, асыхьэтуи абы и нэгум зехъуэж: нэжэгужагъэр щхьэщокIуэтри, ткIиифэ къытоуэ. Воронцовыр тIыса нэужьщ езыри щетIысэхыр. ЕкIуэкIа псалъэмакъым пищэурэ, хьэщIэм Марье Васильевнэ жэуап ирет:

— Апхуэдэщ ди хабзэр: уи бысымыр зэхъуэпсауэ пкIэрылъу хъуар етын хуейщ... Уи къуэм, — жи урысыбзэ ныкъуэкIэ, — срихьэщIэщ сэ, — аргуэру и куэщIым къитIысхьэжа Булькэ и щхьэц утIэрэзахэм Iэ делъэ.

— Уи ныбжьэгъу хъунщIакIуэр цIыху телъыджэщ, — и щхьэгъусэм французыбзэкIэ зыхуегъазэ гуащэм. — Ехъуэпсауэ, и къамэр Булькэ зэпиплъыхьырти, тыгъэ къыхуищIащ.

Къамэр адэнэпIэсым ирегъэлъагъу Булькэ.

— Мыр икъукIэ хьэпшып лъапIэщ, — жи Марье Васильевнэ.

— Дэри тыгъэ гуэр зэрыхуэтщIын щхьэусыгъуэ къэгъуэтын хуейщ, — французыбзэкIэ зэпсалъэ зэщхьэгъуситIым жаIэр къыфIэмыIуэху щIыкIэу, и щхьэр ехьэхауэ щысщ Хьэжмурат, щIалэ цIыкIум и щхьэц утIэрэзам Iэ зэрыдилъэм хуэдэу.

— Шууей, шууеишхуэ ухъунущ уэ, — жиIэурэ сабийм йоубзэрабзэ.

— Къамэ бэлыхьщ. КъамэфIщ, — жи Воронцовым, зи тхыцIэм лэдэх ирикIуэ къамэр ныкъуэкъиx ищIауэ. — ФIыщIэшхуэ пхудощI. ЕупщIыт: сэ сыткIэ сыхуэупсэжыфыну? — жери тэрмэшым зыхуегъазэ абы.

Тэрмэшым зэрыжиIэмкIэ, хьэщIэр зыхуей лъэпкъ щыIэкъым. ЩIэлъаIуэращ: нэмэз щищI хъун егъэзыпIэ гуэр иIамэ... Воронцовым и Iуэхутхьэбзащ Iэр къреджэри, Хьэжмурат зыхуейр хуищIэну и пщэ ирелъхьэ.

ЗыщIаша пэшым и закъуэу къызэрыщIэнэу, Хьэжмурат и нэгум зехъуэж: гухэхъуэгъуэри, гуфIэгъуэри, IэфIагъри — псори бзэхыжри, ар хэплъэгъуэшхуэм хэхуащ.

Зэримыгугъауэ, Воронцовым абы хьэщIагъэ ин кърихат. Ауэ къыхуащI гулъытэм зиIэтыху Хьэжмурат и гурыщхъуэми хэхъуэ зэпытт: Воронцови абы и офицерхэми дзыхьыщэ яхуищIыртэкъым. Ар щIэмышынэ щыIэтэкъым: яубыду Iэхъулъэхъу иралъхьэн, Сыбырым ирагъэшэн е яукIын? Арат быдэу щIэсакъыр.

Елдар къызэрыщIыхьарауэ, йоупщI: дэнэ деж егъэзыпIэ фхуащIа? Фишхэр дэнэ щыIэ, Iэщэр фтраха?

Елдар жэуап къет: шыхэр джыназым и шэщым щIэтщ; дэ гуэщпэшыр тхухахащ; Iэщэри тIахакъым; тэрмэшым дегъашхэ, шей дрегъафэ.



Зэхиххэр зыхуихьынур имыщIэу, Хьэжмурат и щхьэр егъэкIэрахъуэ. Щыгъын щIыIутелъхэр зыщехри, нэмэзлыкъым тоувэ. Ар зэфIэкIа нэужь, зехуэпэж и дыжьын къамэри къыхуахьыну унафэ ещI. Бгырыпхыр зыщIепхэри, тахътэм йотIысхьэ. Къэхъунум пэплъэу щысщ.

Сыхьэтитхухэм деж ар джыназым хуашэ — шэджагъуашхэ ящIыну арат.

Хьэжмурат нэгъуэщI зыми хэIэбакъым, лырэ прунжрэ зэщIэлъу къытрагъэувам фIэкIа, абы щыщуи и тепщэчым кърилъхьар къыщищтар Марье Васильевнэ ишхынур къызыхиха щIыпIэ дыдэм дежщ.

— Щхъухь етхьынкIэ мэшынэ, — жи Марье Васильевнэ. — Сэ къызыхэсхам дежщ абыи къыщищтар, — жери тэрмэшым зыхуегъазэ, Хьэжмурат аргуэру нэмэз щищIынумкIэ ирегъэупщI. Хьэжмурат и Iэпхъуамбитхур къеIэтри дыгъэм худоплъей.

— Абы куэд иIэжкъым-тIэ.

Воронцовым и брегетыр кърехри пружинэ цIыкIур трепытIэ, абы къигъэлъагъуэрт, сыхьэтиплIрэ Iыхьэ плIанэрэ. Хьэжмурат гъэщIэгъуэн къыщыхъуагъэнщ француз IэщIагъэлIым и Iэужь сыхьэтхэм ящыщыр къыщеуэм игъэIуа макъыр — ар аргуэру зэ кърригъэуэну бысымым йолъэIу.

— Къыпхуихуащ тыгъэ щIыхуэпщIын щхьэусыгъуэ: хьэщIэм уи сыхьэтыр игу ирихьащи ет, — жи Марье Васильевнэ французыбзэкIэ.

Воронцови занщIэу хьэщIэм хуеший сыхьэтыр. Хьэжмурат и Iэр и бгъэм кIэрелъхьэ, сыхьэтыр къыIех. Пружинэр еуэ трепIытIэ,

еуэ трепIытIэ, зэхих макъыр зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу, и щхьэр игъэкIэрахъуэ зэпытщ.

Шэджагъуэ нэужьхэм деж джыназым хъыбар къэрагъащIэ Меллер-Закомельскэм и адъютантыр къызэрыкIуамкIэ.

Адъютантым зэрыжиIэмкIэ, Хьэжмурат урысхэм закъызэрыритар щызэхихам, генералыр хуабжьу къэгубжьат абыкIэ занщIэу езым хъыбар зэрырамыгъэщIам щхьэкIэ. Абы иукъуэдийрт икIэщIыпIэкIэ Хьэжмурат къыхуашэн хуейуэ. Воронцовым хьэуэ къыхигъэкIыркъым генералым и унафэр гъэзэщIэным икIи тэрмэшымкIэ Хьэжмурат гурегъаIуэ къыIэрыхьа унафэм ипкъ иткIэ, тIури зэгъусэу Меллер деж кIуэн зэрыхуейр.

Адъютантыр къызытекIухьар къызэрищIэу, Марье Васильевнэ къыгурыIуащ и щхьэгъусэмрэ генералымрэ яку псалъэмакъ пщхьэмыпэ къызэрыдэхъуэнур, икIи, и лIыр сыт хуэдизкIэ къелъэIуами, абы жиIэхэм арэзы темыхъуэу, и щхьэгъусэмрэ Хьэжмуратрэ ящIыгъуу зэрыкIуэнум зыхуигъэхьэзыру щIидзащ.

— КуэдкIэ нэхъыфIат, уэ унэмыкIуамэ, ар къыщIызэджэм зи Iуэху хэлъыр уэракъым — сэращ.

— Генералым и щхьэгъусэм деж лъагъунлъагъу сынумыгъэкIуэну дауэ укъыспэувын?

— Ар иужькIи пщIэ хъурт, — я французыбзэм къытокI лIыр.

— Сэ сыщыхуейр иджыпстущ, — къикIуэтыркъым гуащэри.

Воронцов сыт ищIэнт? ФIэфI-фIэмыфIми, арэзы мэхъу. Арати, щыри йожьэ.

ФэрыщIыгъэ-гуапагъэ хэлъу, хьэщIэхэр ирегъэблагъэ Меллер. Езыри гуащэм дэкIуатэри, и щхьэгъусэм дежкIэ щIигъэхьащ. Адъютантым унафэ хуищIащ хьэщIэхэм щаIущIэ хабзэ пэшымкIэ Хьэжмурат щIишэну, икIи, езым и Iизыныншэу, ар щIигъэкIыу зыщIыпIи имыгъэкIуэну.

— НыщIыхьэ, — жери пэшыбжэр Воронцовым хуIуех, икIи ар япэ ирегъэщ.

Пэшым зэрыщIыхьэххэу, бысымыр Воронцовым и пащхьэм йоувэ, хьэщIагъэ кIэлъызэрихьэу игъэтIысыным и пIэкIэ:

— Мы щIыпIэм щыIэ дзэхэм я нэхъыщхьэр сэращ, апхуэдэу щыщыткIэ, ди бийхэм ядегъэкIуэкIыпхъэ псалъэмакъ псори къыщежьэн хуейри си дежщ. Хьэжмурат зыкъызэрыдитамкIэ хъыбар щхьэ сумыгъэщIарэ?

— ТIасхъэщIэхыр си деж къакIуэри хъыбар сигъэщIащ Хьэжмурат сэ зыкъызитын мурад зэрищIамкIэ, — жи Воронцовым. Ар хужь мэхъу, плъыжь мэхъуж: генерал губжьар хъийм икIыпэнкIэ, псалъэ гуемыIухэр кърипэсынкIэ тIэу зэремыплъынури зыщигъэгъупщэркъым. Ауэ езыри мобы и губжьым къызэщIегъаплъэ.

— СыноупщI: занщIэу хъыбар щхьэ сумыгъэщIарэ?

— А мурадыр сиIащ, барон, ауэ...

— УэркIэ сыбаронкъым сэ, атIэ сызиусхьэнщ.

Абдеж бароным Iэджэ лъандэрэ зыхуигъэшэчу и гущIэм щызэтрихьа губжь щэхухэр къыфIыдокIуей. Ахэр Iэджэ щIауэ игъэтIыгъуэрти, мис иджы гужыгъэжьу хъуар мобы третхъуэ.

— Илъэс тIощIрэ блырэ хъуауэ си пащтыхьым къулыкъу щIыхуэсщIэр дыгъуасэ зи къулыкъум пэрыхьа къудейм, благъагъэхэр къагъэсэбэпурэ, я Iуэху зыхэмылъ Iуэхухэр си нэщIыбагъкIэ ялэжьын папщIэкъым.

— Зиусхьэн, сынолъэIу, емыкIу зыпылъхэр жумыIэ, — абы и псалъэр Воронцовым Iэпеуд.

— Сэ жысIэм пцIы хэлъкъым икIи зыми хуэздэнкъым... — нэхъ Iеижу къызэщIоплъэ генералыр.

Зи щыгъынхэр зэщIэщхъыщхъэ Марье Васильевнэ абдеж ирихьэлIэу къыщIохьэ, хьэщIэм и ужьым итт Меллер-Закомельскэм и фыз лъахъшэ цIыкIур, цIыхубз Iэсэр, зэпIэзэрытыр.

— КхъыIэ, укъэмыгубжь, барон. Уи жагъуэ хъун илэжьыну хэтакъым Семен, — цIыхухъуитIым яхопсэлъыхь Марье Васильевнэ.

— Сэ, гуащэ, зи гугъу сщIыр...

— ФыкъызэдаIуэрэ а псалъэмакъым кIэ игъуэтамэ, сфIэзахуэт. ЖаIэр фщIэркъэ: хуабжьу узэдэуэныр нэхъыфIщ, Iейуэ узэщыхьэ нэхърэ. ЖысIэ мыгъуэхэр сыт? — къодыхьэшх ар.

Сыт хуэдизу къэмыгубжьами, генералыр итхьэкъуащ бзылъхугъэ дахащэм и дыхьэшхыкIэм. Езыри и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI.

— СызэрымызахуэмкIэ зыкъызоумысыж, ауэ... — жи Воронцовми.

— Сэри-тIэ Iэжьэкъур исчыщащ, — жери Меллер и Iэр джыназым хуеший.

ЛъэныкъуитIыр зокIуж. ИкIи зытраухуаращ: Хьэжмурат зэкIэ Меллер и деж къагъанэ, итIанэ сэмэгурабгъумкIэ щыIэ дзэхэм я унафэщIым хурагъашэ.

АдэкIэ къыщыт пэшым щIэсати, къапсэлъ псори къыгурымыIуами, Хьэжмурат зэхихащ абыхэм жаIар; икIи къыгурыIуапхъэр къыгурыIуащ: зи гугъу ящIар, щIызэтекIияхэр сэращ, си щIыбагъ Щамил зэрыхуэзгъэзам урысхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, апхуэдэу щыхъуакIэ, зыщIыпIэ самыхумэ е самыукIмэ, урысхэм куэд къапысхыфыну хъунщ. КъимыдэкIэ, мыри къыгурыIуащ Хьэжмурат: Меллер-Закомельскэр нэхъыщхьэми, абы и къуэдзэ Воронцовым хузэфIэкIым хуэдиз лъэкIынукъым. Ауэ щыхъукIэ, зи псалъэм къару иIэр генералыракъым — джыназ Воронцовщ.

ИкIи аращ Меллер-Закомельскэм ириджауэ Хьэжмурат къыщепсалъэм, зыгуэрхэмкIэ къыщеупщIым, и щхьэ пщIэ хуищIыжрэ зигъэуардэу абы щIедэIуар. Хьэжмурати генералым жриIаращ: сэ бгыхэр къыщIэзбгынар пащтыхь хужьым къулыкъу хуэсщIэн папщIэщ, сщIэуэ хъуамкIи жэуап щысхьыну си мурадыр пащтыхьым и дзэпщышхуэу Тифлис дэс джыназ Воронцов и пащхьэм дежщ.

## VII

УIэгъэ хъуа Авдеевыр яхьащ быдапIэ къыдэкIыпIэм деж щыт унэ цIыкIур зи хэщIапIэ сымаджэщым, икIи ар ирагъэгъуэлъхьащ

адрей сымаджэхэр зыщIэлъ пэшым щIэт гъуэлъыпIэ нэщIым. Пэшым цIыхуиплI щIэлъут: зым хуабэ уз къефыкIырт, плъыржьэрт, етIуанэр фагъуабзэт, и нэщIащэхэр щIыху-фIыцIафэт, техьэгъуэм зэрихьэрт, къэмэх иIэт, зэпымычуи хущхьэрт, адрей тIур тхьэмахуищ и пэкIэ зытеуахэм уIэгъэ къащIат: зым и Iэбэлагъырат дыркъуэ зытелъыр, ар лъэрытетт, адрейм — и плIэрати, гъуэлъыпIэм ис зэпытт. Хуабэ уз зэфыкIым нэмыщI, адрейхэм Авдеевыр къаухъуреихьащи, ар къэзыхьахэм япкъроупщIыхь, — мобы и Iуэхур зыIутыр зрагъащIэ.

— Иныкъуэхэм деж зэуэ къызэдоуэхэри шэхэр уэм ещхьу къыптракIутэ, ауэ — укъол, мобдеж зытхух къудейрэ къэуахэу арати... — уIэгъэр къэзыхьахэм ящыщ зым и жьэр игъэувыIэртэкъым.

— Уи натIэм къритхаращ фIэкIыпIэ зимыIэр.

— У-уэху, — щагъэгъуэлъым, узыр зыхуигъэшэчами, иджы къыхощэIукI Авдеевыр. ГъуэлъыпIэм къихута нэужь, и нэщхъыр зэхеукIэ, армыхъумэ щэIужыркъым, ауэ, увыIэгъуэ имыIэу, и лъапэхэр игъэхъейрт. Езыр, и уIэгъэр иIыгърэ зимыгъэхъейуэ, япэкIэ плъэрт.

Дохутырыр къыщIохьэ. Сымаджэр ягъэзэну жеIэ — шэр и щIыбымкIэ къыщыхэкIыжамэ еплъыну арат.

— Мыри сыт? — йоупщI ар Авдеевым, абы и тхымрэ и пхэщIыщхьэмрэ зэблэдзауэ телъ уIэгъэпIэ хужьхэм еплъурэ.

— Ахэр уIэгъэжщ, зи щIыхьыр ин, — зигъэIыхьшыхьурэ къопсалъэ сымаджэр.

Дохутырыр зыщIэупщIэр зи лъэужьыр зэгуэр IэщIэшхыхьа ахъшэм щхьэкIэ къытрадза удынхэрат.

Авдеевыр аргуэру ягъазэ. Дохутырыр Iэджэрэ ипщIэпщIыхьащ ныбэ уIэгъэм. Ауэрэ шэми лъэIэсат, ауэ къыхихыжыфакъым. УIэгъэр ипхэри дохутырыр щIэкIыжащ.

УIэгъэм щыхэпщIэпщIыхьми ар щапхэми и дзэхэр зэтекъузауэ, и нэхэри зэтепIауэ щылъащ Авдеевыр. Дохутырыр щIэкIыжа нэужь, и нэхэр къегъэплъэжри, и хъуреягъыр къиплъыхьу щIедзэ. Ар нэхъыбэу зэплъыр сымаджэхэмрэ фельдшерымрэт, ауэ ахэр имылъагъуи хуэдэт, илъагъур гъэщIэгъуэныщэ къыщыхъу нэгъуэщI зыгуэрт.

Авдеевым и ныбжьэгъу Пановрэ Серёгинрэ щIэупщIакIуэ къэкIуащ. Авдеевыр а зэрыщылъым хуэдэт, гъэщIэгъуэн гуэру зиплъыхьырт. Зэплъыр къыщIыхьахэра пэтми, и ныбжьэгъухэр щIэх къыхуэцIыхужакъым.

— Пётр, зыгуэр ухуейуэ фи деж хъыбар ебгъэщIэнумэ? — йоупщI Панов.

КъеупщIым и нэгум иплъэ пэтми, Авдеевым жэуап къитыртэкъым.

— Унэм хъыбар гуэр ебгъэщIэну ухуэмейуэ пIэрэ? — аргуэру къопсалъэ Пановыр Авдеевым и Iэ гъур щIыIэхэм еIусэурэ.

Жеяуэ къэуша хуэдэт Авдеевыр.

— А-а, укъэкIуа, Антоныч? — жери къыщхьэщытым къоплъ.

— Зэрыплъагъущи, сыкъэкIуащ. Унэм хъыбар гуэр езгъэщIащэрэт жыпIэмэ, Серёгиным пхуитхынщ.

— Серёгин, жыпIа? — Авдеевыр ерагъыу абы хуоплъэкI. — Схуэптхын?.. Птхынуращ-тIэ: «Фи къуэ Петрухэ щыIэжкъым». НыбжесIауэ щытаи, Антоныч, си къуэшым сызэрефыгъуэжар. Иджы согупсысыжри, согуфIэ абы и пIэкIэ сыкъызэрыдэкIауэ щытам щхьэкIэ. Ирепсэу. Тхьэм иригъэфIакIуэ. СогуфIэ. Мис ахэращ иптхэнур...

Ар жиIэри, и нэхэр Панов тедиярэ щыму, зыкъомрэ щылъащ.

— Уи лулэр къэбгъуэтыжат? — къызыкъуепхъуэтри къоупщI. Панов, и щхьэр игъэкIэрахъуэ фIэкIа, жэуап къитыркъым.

— Лулэр, лулэр къэбгъуэтыжа жызоIэри?

— Хъуржыным илъат.

— Аращ-тIэ. НтIэ, иджы кIэртIоф уэздыгъэр къысхуэфхь, сэ иджыпсту сылIэнущ, — жи Авдеевым.

Абдеж ирихьэлIэу къыщIохьэ и сэлэтым щIэупщIэну къэкIуа Полторацкэр.

— ЛIо, къуэш, уи Iуэхур щIагъуэ мыгъуэкъэ?

И нэхэр зэтрепIэри, щIагъуэкъым кърикIэкIыу, Авдеевым и щхьэр ещI. Абы и нэкIур фагъуэт, ткIийуи шэщIат. ЖиIэжиIатэкъым. ИтIанэ, Пановым зыхуигъазэу, аргуэру къытрегъэзэж:

— КIэртIоф уэздыгъэ къысхуэфхь жысIаи. СылIэнущ сэ...

КIэртIоф уэздыгъэр IэщIалъхьэ, арщхьэкIэ и Iэпхъуамбэхэр къэшыжыртэкъым, апхуэдэу щыхъум, Iэпхъуамбэ зэхуакум худалъхьэри къыдамыгъэхуу даIыгъщ. Полторацкэр щIокI. Абы и ужькIэ, дакъикъэ зытхух нэхъ дэмыкIыу, фельдшерым и тхьэкIумэр Авдеевым и гум ирехьэлIэ, йодаIуэри, и псэр зэрыхэкIар жеIэ.

Авдеевым и лIэныгъэм теухуауэ Тифлис ятхам итрат: «Ноябрым и 23-м Куринскэ полкым щыщ ротитI мэз еуэну быдапIэм дэкIащ. Махуэм и зэхуэдитIхэм деж бгырыс гупышхуэ уащхъуэдэмыщхъуэу къатоуэ мэзауэхэм. Ди зауэлIхэм къикIуэту щIадзэ. Абдеж мыжурэ зауэм хуэкIуа етIуанэ ротэр йобгъэрыкIуэри, бгырысхэр щхьэпрагъэдз. Зэхэуэм ди сэлэтитI уIэгъэ щыхъуащ, зы къаукIащ. Бгырысхэм укIыгъэрэ уIэгъэу щэм нэс яфIэкIуэдащ».



## VIII

Авдеев Петрухэ, Воздвиженскэ уIэгъэщым щIэлъу, и псэр щыхэкIа махуэ дыдэм абы и адэ лIыжьым, езыр зи пIэкIэ дзэм дэкIауэ щыта и къуэшым и фызым, и къуэш нэхъыжьым ипхъу зи ишэгъуэм хьэм щIыIэм зэнтхъ щаIуэрт. Жэщым уэс куу къесати, дунейр уаеу нэху къекIат. Адакъэхэм ещанэу Iуэн щыщIадзам, лIыжьыр къэушакIэти, щхьэгъубжэ щтахэм дэплъмэ — мазэр нэхущ. Хьэкум къопщых, вакъэхэр лъетIагъэ, джэдыгури зыщетIагъэ, пыIэри зыщхьэрекъуэри, хьэмым макIуэ. СыхьэтитI хуэдэкIэ абы щолажьэри къыщIохьэж. И къуэмрэ цIыхубзхэмрэ къегъэуш. Фызхэмрэ хъыджэбзымрэ хьэмым щытехьам, ар гъэкъэбзакIэт, пхъэ хьэнцэр уэс Iэтэ куу зэкIэрыщэщым хэIуат, абдеж дыдэм щыхэтIат зи щхьэкIэ къуацэр дэгъэзея банэ жыхапхъэри, сатыр тIурытIу зэбгъурыт зэнтхъ пхырхэр зыр адрейм егъэщIауэ, кIапсэ лъэрышэу теукъуэдият хьэм къабзэм. Удыныдз пхъэкIэн

хьэлъэр фэ кIапсэкIэ къызыкIэрыщIа мыч-мыбжэгъу хьэмбашышхуэ зырызыр къащтэри, лэжьэн щIадзэ: зэтехуэу, зы мардэм тету, щэрыщэ хоуэ пхырхэм. ЛIыжьыр и удынидз хьэлъэмкIэ лъэщу хэуэрти, хьэуазэр зэпигъэщэщырт, хъыджэбзыр зэпIэзэрыту, зы щапхъэм тету, пхырыщхьэм хэуэрт, нысэм хьэуазэр къыIуилъэфырт.

Мазэр къухьат, нэхулъи къищIырт; зы кIапсэ сатырыр Iуэн яухырт дыжь джэдыгу кIэщIыр щыгъэ и пыIэри къекъухауэ, я къуэ нэхъыжь Аким лэжьакIуэхэм къащыхыхьам.

— Уэ уи къангъэшхэгъуэр лIо? Щхьэ зыщIебгъэхрэ? — лэжьэныр зэпигъэууэ хьэмбаш кIыхьыр зыщIэзыгъэкъуауэ щыт адэр токIие абы.

— Шыхэм якIэлъыплъын хуейтэкъэ?

— «Шыхэм якIэлъыплъын хуейтэкъэ!..» — и къуэм зыпещIыж адэм. — Ар фызыжьми хуэщIэнут. Къащтэ уи хьэмбашыр. УщыкIащ. Хьэулеинрэ ефэнрэщ уи Iуэхур!

— Уэращ жыпIэнщ сезыгъафэр, — къогъумэтIымэ мор.

— Дауэ жыпIа? — и нэщхъыр зэхэукIарэ, и уэгъуэ чэзури дигъэхуауэ, ткIийуэ щIоупщIэ лIыжьыр.

ЩIалэм щыму хьэмбашыр къещтэ, иджы плIыри зэдоуэ: жыгъухжыгъух, жыгъух-жыгъух. Жыгъух-жыгъух — уэгъуищым еплIанэу, лIыжьым и удынидз хьэлъэм и макъыр къоIу.

— Плъагъуркъэ, зиусхьэн бэлыхь гуэр нэхъей, и пщэдыкъыр къыдэкIыкIыжауэ... Сэ, сызэкIуэцIыгъуащи, си гъуэншэджыр сщызэгъэжыркъым, — къопсалъэ лIыжьыр, аргуэру и уэгъуэр дегъэху, ауэ, и уэкIэм темыкIын папщIэ, башыр Iэтауэ жьым хегъэкIэрэхъухь.

Япэ кIапсэ лъэрышэр Iуэн яухащ. ЦIыхубзхэм хьэуазэр пхъэIэпэкIэ щхьэщалъэф.

— Уи пIэкIэ дэкIа Петрухэ делэт. Сэлэтхэм уахэтамэ, а уи делагъэр къыпхурахунт. Петрухэ уэ пхуэдитху и уасэт.

— Хъунщ иджы, дадэ, — жеIэ нысэм, пхырыр зэрызэкIуэцIапхэ хьэуазэ IуэнтIа зэпытхъар хыфIидзэжурэ.

— Шхэгъуэм фыхьэгъундакъэрэ Iуэху щIэгъуэм фыпхъэ дакъэжьу!.. Петрухэ и закъуэ лIитI ящIэн ищIэрт, фэ фыаракъым...

Лъагъуэ хэпкIыкIам тетрэ, шухьэц щэкIыр быдэу зэшэкIа, кIэрэхъыщIэхэмкIэ уэсыр зыгъэпсалъэ фызыжьыр къыIуохьэ. Гъавэ яIуа мыушыбзар лIыхэм Iэтэу зэтратхъуэ, бзылъхугъэхэм зэщIапхъэнкIэж.

— Къуажэ тхьэмадэр къэкIуащ. Псори къуэды лэжьыгъэ пщIэншэм — чырбышышэ — кIуэн хуейщ, жи. Пщэдджыжьышхэрзгъэхьэзыращ. ФынэкIуэжамэ хъунт... — жеIэ фызыжьым.

— Хъунщ. Брулыр щIэщIи дэкI, — жреIэ лIыжьым Аким. — Ауэ, къызжиIакъым жумыIэж, иджыблагъэ зэрыпщIам хуэмыдэу... уэр щхьэкIэ нэгъуэщIым жэуап ихьын хуэмейуэ лажьэ... Петрухэ зэрыщытар уигу къэгъэкIыж, — еущий и къуэр.

— Щыдэсым, абы утехъущIыхьащ, — и адэм жьэхолъэ Аким, — ар щыIэкъыми, сэ жьэкIэ сыбошх.

— Къыболэжьри уешх, — къэгубжьауэ къопсалъэ фызыжьри. — Петрухэ уэркIэ яхъуэжыну пхуэфащэтэкъым уэ.

— Хъунщ иджы, — жи Аким.

— Ахьей хъун. Хьэжыгъэ уасэр ипфыжащ. Хъунщ, жи, иджы.

— Зы мэлыфэр тӀэу трахыркъым, — и лӀым къыщхьэщожыж нысэри, я хьэмбашхэр ягъэтӀылъыжри, псоми унэм хуаунэтӀыж.

Зэадэзэкъуэм яку псалъэмакъ къызэрыдэхъуэрэ куэд щӀат: Пётр дзэм зэрырата лъандэрэ апхуэдэт. ЛӀыжьым къыгурыӀуэжат кӀыгуугур къэшыргъэкӀэ зэрихъуэжар. Пэжщ, абы и щхьэм къызэритӀасэмкӀэ, хабзэм ипкъ иткӀэ, быныншэрат сабий зиӀэм и пӀэкӀэ дзэм дэкӀын хуейр. Аким быниплӀым я адэт, Пётр зыри иӀэтэкъым, ауэ ар, и адэм ещхьу, лэжьакӀуэшхуэт; ІэкӀуэлъакӀуэт, и акъылыр жант, бланэт, бэшэчт, нэхъыщхьэращи, лэжьыгъэм зыщидзейртэкъым. Сыт щыгъуи лэжьэнут. БлэкӀрэ пэткӀэ, зыгуэрхэм зыгуэр ящӀэу илъэгъуакъэ — къэувыӀэнти, ядэӀэпыкъунт, и адэми арат ищӀэр: мэкъу аргъынитӀ-щы ядихьынт, гум зыгуэр ядрилъхьэнт, ядиунэщӀынт, жыгыр къадигъэуэнт, пхъэ ядикъутэнт... Пётр зэрыдигъэкӀам хущӀегъуэжат лӀыжьыр, ауэ — неӀэмал. Дзэм умыкӀуэныр ажалым хуэдэу Іэмалыншэт. Сэлэтыр уи щӀакхъуэ пшхым пфӀыпаупщӀа Іыхьэм ещхьт, ар ууеижтэкъым, абы уегупсысыным уи псэр иухырт, ущӀегупсысыни щыӀэтэкъым. Ауэ языныкъуэхэм деж, и къуэ нэхъыжьым зэрыхуэмыарэзыр кърыгъэщӀэн мурадкӀэ, лӀыжьым, мис нобэ хуэдэу, игу къигъэкӀыжырт. Анэм игу щӀэх-щӀэхыурэ къэкӀырт и къуэ нэхъыщӀэр. Іэджэ щӀауэ, илъэситӀ нэблэгъауэ, ар лӀыжьым елъэӀурт Петрухэ ахъшэ тӀэкӀукӀэ пэӀэбэну. АрщхьэкӀэ мобы и тхьэкӀумэ иригъэхьэртэкъым.

Авдеевхэ хуэщӀауэ псэурт, лӀыжьым ахъшэ дэдзыхаи гъэпщкӀуауэ иӀэт, ауэ ар абы зэрыпхухэӀэбэн щыӀэтэкъым. Иджы, лӀыжьым и къуэ нэхъыщӀэр фӀыкӀэ игу къызэригъэкӀыжар щызэхихым, фызыжьым аргуэру мурад ещӀ, зэнтхъыр ящэмэ, щӀалэм сом нэхъ мыхъуми, хуигъэхьыну и лӀым елъэӀуну. ИщӀари аращ: нэхъыщӀэхэр къуэдыуэ къуажэ тхьэмадэм хуэлэжьэну дэкӀхэу езы тӀум я закъуэ къэна нэужь, фызыжьым и лӀыр къытрегъэхьэ зэнтхъым къыщӀах ахъшэм щыщ зы сом Петрухэ хуригъэхьыну.

Зэнтхъыр яушыбзу чэтэн къэпхэм изу иракӀута, я щхьэ щхьэщапхыкӀахэр пхъэ ІунэхэмкӀи щӀагъэбыдэжу Іэжьищым иралъхьа нэужь, фызыжьым и лӀым ирет езым и псалъэкӀэ жриӀэурэ попыжь цӀыкӀум иригъэтха письмор, лӀыжьым и фызыр къегъэгугъэ письмом сом дилъхьэну.

Зи джэдыгущӀэ щӀагъым шухьэ цейр щӀэлъ, шухьэц щэкӀ хужь къабзэр зи лъакъуэхэм фэшыхьа, письмор зи ахъшалъэм дэлъ лӀыжьыр тхьэ йолъэӀу, жори ещӀри, япэ ит Іэжьэм йотӀысхьэ — къалэм кӀуэну докӀхэр.

Яужьрей Іэжьэм и къуэрылъхур ист. Къалэм нэса нэужь, зэкӀуэлӀахэм я пщӀантӀэдэтым лӀыжьыр йолъэӀу, письмо иӀыгъым итым къыхуеджэну, гупсэхуу икӀи арэзыуэ йодаӀуэ абы.

И анэм Петрухэ хуитха письмомкӀэ куэд къиӀуатэрт: и къуэм тхьэ хуелъэӀурт, псоми я сэламхэр хуригъэхьырт, къэхъуа-къэщӀахэм я хъыбархэри щыгъупщатэкъым... «Аксинье (Пётр и фызыр) къыдбгъэдэсын имыдэу, ежьэжащ. ФӀыуэ икӀи хьэрэмыгъэ имылэжьу псэу хуэдэу зэхыдох». Сомыр зэрыхурагъэхьри итт письмом. Абы щӀыгъужат езым къыбгъэдэкӀыу дьякым иригъэтхахэри:

«Си псэм хуэдэ си щIалэ цIыкIу Петрухэ, сэ уэр щхьэкIэ къэзгъыр зыхуэдизым ущIэмыупщIэ, нэпсыр схуримыкъужу, си нэхэр игъущыкIащ. Си дыгъэ закъуэ, сыкъызыхуэбгъэна мыгъуэр хэт...» Абдеж фызыжьым гызу, пыхьэу щIедзэ. ИкIи жеIэ:

— Аращ зэрыхъунури.

Ахэрат письмом итар, арщхьэкIэ Петрухэ Iэрыхьэну Тхьэм иухатэкъым и фызыр зэрикIыжам теухуа хъыбарри, сомри, анэм и иужьрей псалъэхэри. Письмоми ахъшэми къагъэзэж, хъыбар щхьэкIуэ щIыгъуу: Петрухэ зауэм хэкIуэдащ — «пащтыхьым, хэкум, чыристэн диным папщIэ и псэр иташ». Арат къитхыр сэлэтхэм я писарым.

А щхьэкIуэ тхылъыр къызыIэрыхьа фызыжьым и къуэр игъеижащ. Япэ тхьэмахуэм члисэм кIуащ, абы нэхъ яхь хабзэ ерыскъыхэм щыщ иIыгъыу, «Тхьэм и пщылI Пётр ягу къагъэкIыжын папщIэ», ар цIыхуфIхэм яхуигуэшащ.

«Зы илъэс цIыкIу закъуэ фIэкIа зыдэмыпсэуа, ауэ фIыуэ илъагъуу щыта» и лIыр зэраукIам теухуа хъыбарыр зэхиха нэужь, фызабэцIэр зытеIукIа Аксиньи гъащ-бжащ. Абы игъейрт илIри езым и гъащIэ гуфIэгъуэншэри. И гъыбзэм къыхигъэщырт «Пётр Михайлович и щхьэц сырыхухэр ушэрэзауэ зэрыщытари, абы фIыщэу къызэрилъэгъуари, иджы Ванькэ адэншэм дигъэщIэну гъащIэр зэрыдыджри» икIи, «и къуэшыр фIэгуэныхь хъууэ, и физ тхьэмыщкIэр зыфIэмыгуэныхьа, бзылъхугъэ насыпыншэр хамэхэм къахуэзыгъэна Петрушэ» икъукIэ гуащIэу игъэкъуаншэрт.

Аксинье и гущIэм щэхуу щихъумэрт Пётр зэраукIам зэрыригуфIэри. Ар аргуэру хуэлъэщыджэт къулеижь гуэрым и Iуэхузехьэ зи унэм щыпсэу лIым. Иджы а и дуней тетыкIэхэм щхьэкIэ абы зыри къыхуэшхыдэжын хуэмейуэ къилъытэрт, къыфIэбгъэкIмэ, мо щIэзыгъэлъхуа лIым ишэжынкIэ хъунут; щIасэлI зыкъыщыхуищIхэм щыгъуэ арат абы цIыхубзыр къызэригъэгугъэу щытари.

## IX

Урысейм и лIыкIуэу Инджылызым щыIэгъам и къуэ Воронцов Михаил Семёнович хэлъа гъэсэныгъэри а къэралым щигъуэтат, къулыкъушхуэ зыIыгъ урысхэм яхэта цIыхут, а зэманым елъытауэ, европей щIэныгъэфIи зиIэт, зи пщIэр зыхъумэжт, цIыху щабэт, зыIут IэнатIэкIэ езым нэхърэ нэхъ лъахъшэхэм яхуэбзэIэфIт, нэхъыщхьэхэм дэгъуэу задригъэкIуфырт. Властрэ абы хуэжыIэщIэрэ щымыIэу упсэу хъуну къилъытэртэкъым. Къулыкъушхуэ куэди зэрихьат, орденхэм я нэхъ лъапIэхэри иIэт, дзэпщ Iэзэуи, къыфIэбгъэкIмэ, Краон деж Наполеон щытекIуауи ябжырт. 1851 гъэм абы и ныбжьыр илъэс блыщIым щхьэдэхат, ауэ жьы зыщIэтт, и лъэр псынщIэт, нэхъыщхьэращи, зи акъылкIи жан цIыху гурыхьт; и къулыкъум хуэIэижьт, и цIэрыIуагъыр игъэпэжырт. Абы мылъкушхуи бгъэдэлът — езымрэ и щхьэгъусэ графыпхъу Браницкэмрэ яйуэ; къимыдэкIэ, къулыкъу ин IэщIэлъым хуэфэщэн ахъшэшхуи къратырт, мылъкуу бгъэдэлъым и нэхъыбапIэр тригъэкIуадэрт

и уардэунэмрэ, тенджыз бжьэпэм Іуту, Кърымым и ипщэрабгъум щиІэ хадэмрэ зыхуей хуэзэу зехьэным.

1851 гъэм декабрым и 7-м пщыхьэщхьэм Воронцовым и уардэунэ Тифлис дэтым къекІуэлІащ шищ зыщІэщІа курьер-гуимэр. Абы къикІащ гъуэгуанэ кІыхьым зэхиукІарэ сабэм зэщІигъэуфІыщІэжауэ зы офицерышхуэ, генерал Козловскэм къыбгъэдэкІыу абы къишат Хьэжмурат урысхэм закъызэрыритам теухуа хъыбарыр зэрыт письмор. И лъакъуэхэр зэщІэнати, ерагъыу хузэблэхыж къудейт. Сэлэт хъумакІуэхэм яблокІри, ар дэкІуеипІэшхуэмкІэ щІохьэ тетым и уардэунэм. Пщыхьэщхьэр сыхьэтих хъуати, Воронцовым шэджагъуашхэ ищІыну ежьакІэт, хъыбарзехьэ къызэрыхуэкІуар къыщыжраІам. ПІалъэ къыхимыгъэкІыу, абы хьэщІэр кърегъэблагъэ, аращ шэджагъуашхэм тІэкІу къыщІыкІэрыхуари. ЦІыху щэщІ хуэдиз хъун кърагъэблэгъати, хэт Елизаветэ Ксаверьевнэ бгъэдэст, хэти щхьэгъубжэхэм гуп-гупурэ бгъэдэтт. Воронцовыр хьэщІэщым щыщІыхьэм, щысхэр къотэдж, щытхэм зыкърагъэзэкІ. Воронцовыр зауэлІ фащэ фІыщІэкІэ хуэпат, жор хужь пщІэхэлът. Джафэу упса и бажэ нэкІум гуфІэгъуэ иплъагъуэрт, къызэхуэсахэм щахэплъэкІэ, и нэхэр щІиукъуанцІэрт.

ПІащІэу, ауэ щабэу теувэурэ зыщІыхьа хьэщІэщым щІэт цІыхубзхэм йолъэІу, къызэрыгувам щхьэкІэ, емыкІу къыхуамыщІыну, цІыхухъухэм сэлам ярех, итІанэ бгъэдохьэ илъэс плІыщІрэ тхурэ зи ныбжь, цІыхубз пІащэ, къамылыфэ дахэ Орбельяни Мананэ, куржы джыназ гуащэм и Іэр гуапэу еубыдри Іэнэм бгъэдешэ ар. Джыназ гуащэ Елизаветэ Ксаверьевнэ мэІэбэри, къахуеблэгъа къудей, зи пащІэ пхъашэр зэщІэпІие генерал жьакІагъуэм и Іэр еубыд. Сонэ джыназым и Іэр хуеший зи хьэщІэ гуащэм и ныбжьэгъу графыпхъу Шуазёль. Дохутыр Андреевскэри, адъютантхэри, адрейхэри хэт цІыхубз щІыгъуу, хэти щІымыгъуу мо зэрыІыгъищым я ужь йоувэ. ЗэщыхуэпыкІа Іэнэзехьэхэми ящІэн ягъуэт: тІысынухэм я шэнтхэр къыІуагъэкІуэт, ІуагъэкІуэтэж; бахъейр къызыщхьэщих хьэнтхъупсыр дыжьын фалъэхэмкІэ зэрахьэ.

Іэнэ кІыхьым и жьантІэм дэст Воронцовыр. Абы къыпэщыст и щхьэгъусэ джыназ гуащэмрэ генерал хьэщІэмрэ. Езым и ижьырабгъум къыщыст Орбельяни гуащэ дахэр, сэмэгурабгъумкІэ — сыт щыгъуи къыпыгуфІыкІ, цІугъэнэ зэщІэлыдэхэмкІэ гъэщІэрэщІа нэгъуэщІ зы сонэ джыназ гуащэ; ар къамылыфэт, тхъуэплът, зэкІужт.

Хъыбарзехьэм къыхуихьа хъыбархэр зыхуэдэмкІэ и лІым йоупщІ джыназ гуащэр:

— Гъуэзэджэщ, си псэм хуэдэ, — жэуап иретыж мор къызэреупщІа французыбзэмкІэ. — Ди Семён и насыпым кърихьэкІащ.

АдэкІэ, щысу хъуам зэхахын хуэдэу, абы къерегъажьэ хъыбарыщІэ телъыджащэ, — пэжщ, езым дежкІэ щІэ дыдэтэкъым а хъыбарыр, ситу жыпІэмэ, а Іуэхум ехьэлІа псалъэмакъхэр егъэкІуэкІын зэрыщІадзэрэ зыкъомыфІ щІат, — Щамил и къуэдзэ

лIы хахуэ цIэрыIуэ Хьэжмурат урысхэм закъритащ, ар нобэ-пщэдей Тифлис къашэнущ, — жери еух Воронцовым и псэлъэныр.

Iэнэм пэрысу хъуар, уеблэмэ, щIалэгъуалэ нэгъуни, адъютант-хэри, къулыкъузехьэхэри я дыхьэшхынри я псэлъэнри зэпагъэуауэ къедаIуэрт абы.

— Уэ езым уи нэкIэ плъэгъуа а Хьэжмуратыр? — и щхьэгъусэм псэлъэн иуха нэужь, къыбгъурыс генерал сырыхум йоупщI джыназ гуащэр.

— Зэкъым, тIэукъым зэрыслъэгъуар, гуащэ.

КъызэрыкIа генералым адэкIэ къахуеIуатэ 43 гъэм, бгырысхэм Гергебиль къащта нэужь, Хьэжмурат генерал Пассек и дзэм зэра-жьэхэуам икIи, псоми я нэкIэ ялъагъуу, Хьэжмурат полковник Зо-лотухиныр зэриукIам теухуа хъыбарыр.

А хъыбарым щедаIуэм, Воронцовыр гуапэу и пащIэкIэ къыщIэгуфIыкIырт, абы и щхьэусыгъуэр генерал хьэщIэр къызэрызэрыкIар арагъэнт. Ауэ асыхьэтуи хэплъэу щIедзэ, и нэгу-ми нэщхъеифэ къытоуэ.

Зи псэлъэн къикIа генералми щыгъэтыжыкIэ ищIэртэкъым — къахуеIуатэ етIуанэуи Хьэжмурат зэрыIууахэм теухуа хъыбарри.

— Аратэкъэ-тIэ, — жиIэрт абы, — уэ, дауи, бощIэж, зиус-хьэн, Сухарнэ деж дзэшхуэ къезышалIэу къэзытIысыхьар, абдеж дэIэпыкъуэгъу къеджэн хуей дыщыхъуам...

— Дэнэ деж жыпIа? — и нэхэр щIиукъуанцIэу щIоупщIэ Ворон-цовыр.

Iуэхур зэрыщытар, генерал сырыху хахуэм «дэIэпыкъуэгъу» зыфIищар Даргинскэ зекIуэм епха зэхэуэм кърикIуэгъа на-сыпыншагъэшхуэрат, абы хэкIуэдэнкIэ хъуну щытащ, ди дзэ-хэм я унафэщIа езы джыназри хэту, гупыр зэрыщыту, нэгъуэщI гупыщIэ къэсу дэIэпыкъуэгъу мыхъуамэ. Куэд щыгъуазэт Ворон-цовым и унафэм щIэту екIуэкIа зекIуэр хьэдэгъуэдахэу зэриухам — урысыдзэм хэщIыныгъэшхуэ зэрыщигъуэтам — укIыгъэхэу, уIэгъэхэу, топрэ нэгъуэщI Iэщэуи Iэджэ зэращыфIэкIуэдами, а псоми укIытэгъуэ ин зэрыхэлъами. Арат, Воронцовым зэхи-хыу а зекIуэм и гугъу щащIкIэ, езы Воронцовым абы теухуауэ пащтыхьым хуитхам къыщхьэщымыкIыщэу къыщIаIуатэ хаб-зэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, абдеж урысыдзэм лIыгъэ телъыджэ зэ-рызэрихьам нэхъ щIытрагъащIэр. Ауэ «дэIэпыкъуэгъу» псалъэр къыхэбгъэщмэ, занщIэу гурыIуэгъуэ хъурт Iуэхур зэрекIуэкIар «лIыгъэ телъыджэкIэ» узэджэнум икъукIэ зэрыпэIэщIар, ар цIыху куэд зыгъэунэхъуа щыуагъэу зэрыщытар. Iэнэм бгъэдэс псоми къагурыIуащ ар, ауэ язынықъуэхэм генералым къиIуэтэжхэм мы-хьэнэ щIагъуэ яIэу къалъытакъым, адрейхэр щтэIэщтаблэу пэп-лъэрт адэкIэ къэхъунум; зи пащIэкIэ щIэгуфIыкIыурэ зэплъыжхэри яхэтт.

Генерал сырыху пащIэ пхъашэм и закъуэт зыри къызы-фIэмыIуэхур, къиIуатэ хъыбарым езы дыдэр дихьэхыжауэ щысти, а зэрыIэдэбу жэуап къет:

— Дэнэ дежт жыпIэри ущIэупщIат, зи щIыхьыр ин. ДэIэпыкъуэгъу хуей дыщыхъуам дежт, зиусхьэн.

КъиIуэтэжхэм езыр зыIэпишэжащи, генералыр зи щхьэфэ имыIэбэ щыIэкъым: «А Хьэжмуратым апхуэдизу IэкIуэлъакIуэу урысыдзэр IыхьитIу дызэпигъэщхьэхукIати, дэIэпыкъуэгъухэр псынщIэу къэмысамэ, — «дэIэпыкъуэгъу» псалъэм хьэщыкъ ищIами ярейуэ, аргуэру абы къытрегъэзэж, — псоми ди хьэдэхэр абдеж къыщынэну къыщIэкIынт. Аращ...»

Генералым адэкIэ пищэн и гугъам хунэзымыгъэсар Орбельяни Мананэщ — и псалъэр Iэпеудри, ар хьэщIэм еупщIу щIедзэ: «Тифлис къыщрата егъэзыпIэр уигу ирихьрэ? Ар узыхуей псомкIи къызэгъэпэща?» Псалъэр зытраха генералыр къоIэнкун, псоми яхоплъэ, IэнэкIэм щыс и адъютантым дежкIи маплъэ. И нэхэр къытриубыдарэ и нэгур зэригъалъэу, мор езыри генералым къызэреплъ щIыкIэм къикIыр гурыIуэгъуэт: и нэхъыщхьэм къиIуатэхэр гупыр зыхуэмейт. Ар къыгурыIуэжауэ, генералми зеущэхуж. КъеупщIа гуащэм жэуап иримыту, и нэщхъыр зэхеукIэ, щым хъуауэ, пIащIэтхъытхъыу шхэну щIедзэ. ЗищIысри имыщIэу, и IэфIагъыр зыхуэдэми емыгупсысу, ерыскъы лIэужьыгъуэхэр зыжьэдегъэкIуасэ, имыгъэнызщкIууи ирегъэлъэтэх.

Псори емыкIу хэхуат, ауэ а емыкIур зэрегъэзэхуэж Воронцовэ гуащэм къыбгъэдэс сонэ джыназым, ар зы акъылыншэ Iей гуэрт, щытхъу нэпцIым абы хуэдэу хуэIэзи уигъэлъыхъуэнт. Зыри зэхимых икIи имылъагъу зищIауэ, и макъышхуэр еутIыпщри, къыщIедзэ Хьэжмурат ехьэлIа хъыбар гуэр: абы Мехтулинский Ахьмэтхъан и щхьэгъуса фызабэр къызэридыгъуам теухуар.

— Жэщым къуажэм дохьэ. КъызытекIухьар къепхъуатэ, и гупыр щIыгъуу, дожыжри — макIуэ-мэлъей...

— Хэхауэ а бзылъхугъэм щхьэ нэхъ хуей хъуат ар? — щIоупщIэ джыназ гуащэр.

— И лIым ебийуэ щытати, абы ещэу къекIуэкIат, ауэ хъаныр псэууэ къыIэрыхьатэкъым, арати, фызабэмкIэ илъ ищIэжат.

Джыназ гуащэм а псалъэхэр французыбзэкIэ хузэредзэкI куэд лъандэрэ игъэныбжьэгъу граф гуащэ Шуазёль.

— Сыту гужьеигъуэшхуэ ахэр, — жери граф гуащэм и нэхэр еуфIыцI, и Iэхэр ещI.

— Хьэуэ, апхуэдэукъым ар зэрыщытар, — къыпогуфIыкI Воронцовыр. — Сэ къызэрызжаIэжамкIэ, Хьэжмурат гъэр къищIа бзылъхугъэм лей лъигъэсакъым, нэмыс, пщIэ хуищIу, хабзэ кIэлъызэрихьэу иIыгъри иутIыпщыжащ.

— Уасэ къратати...

— Ахьей къратат! Ауэ цIыхугъэншагъэ илэжьатэкъым.

Джыназым и псалъэхэм зыкъыдагъэзащ Хьэжмурат теухуауэ екIуэкI хъыбархэм. Воронцовым и кIуэгъужэгъухэм, и IупэфIэгъухэм къагурыIуащ Хьэжмурат и цIэр нэхъыбэрэ фIыкIэ жаIэмэ, бысымым и гуапэ зэрыхъунур.

— ЛIыгъэшхуэ зыхэлъщ ар. ЦIыху телъыджэщ.

— Ахьей хэлъ лIыгъэшхуэ. ПлIыщIрэ бгъу гъэм махуэ шэджагъуэм Темыр-Хъан-Шурэ дэлъадэри, лафкIэхэр къихъунщIэфат.

IэнэкIэм щысу къэпсэлъа ермэлыр ар къыщыхъуа а къалэм щыIати, Хьэжмурат абы щыгъуэ дилъэгъуа лIыгъэм и хъыбарыр, дзыгъуэ гъуанэ дихьа къимыгъанэу, къеIуэтэж.

Ауэрэ шэджагъуашхэм и кIыхьагъкIэ яхуэмыухар Хьэжмурат теухуа хъыбархэращ. Зым жиIэм адрейм пищэурэ, яхуэIуэтэщIтэкъым Хьэжмурат и лIыгъэм, и акъыл жаныгъэм, и цIыхугъэ лъагэм, зэрыIэмалшым ехьэлIахэр. Зыгуэрми къыжиIэжат гъэр къащIа зауэлI тIощIрэ хыр яукIыну абы унафэ ищIауэ зэрыщытар; ауэ, пэрыуэхэри абы и псалъэри ирагъэухакъым:

— Сыт пщIэн-тIэ? Зауэр зауэщ.

— ЦIыхушхуэщ ар.

— Ар Европэм къыщалъхуауэ щытамэ, етIуанэ Наполеон хъункIэ зыхуэIуа щыIэтэкъым, — къыхеIу щытхъу нэпцI гъэшынымкIэ Тхьэр зыхуэупса сонэ джыназ акъыл кIагуэм.

Абы ищIэрт Наполеон и цIэм ехьэлIауэ къапсэлъу хъуар Воронцовым и гуапэ зэрыхъунур, сыту жыпIэмэ джыназым пщIэхэлъ жор хужьыр къыщIыхуагъэфэщар Наполеон зыхэта зэхэуэм зэрыщытекIуам щхьэкIэт.

— Наполеон дыдэ мыхъуми, шуудзэшхуэм и генерал хахуэ къыхэкIынт, — жи Воронцовым.

— Наполеоныгъэр къемыхъулIэми, Мюрат хъунт…

— И цIэр Хьэжмурату…

— Хьэжмурат зыкъыщыдитакIэ, Щамили кIэ иIэщ, — къопсалъэ зыгуэр.

— Абыхэм къагуроIуэ иджы (а иджым кърагъэкIрат: Воронцовым щитетыгъуэм) ялъэкIыжын зэрыщымыIэр, — жеIэ нэгъуэщI зыгуэрым.

— А псомкIи фIыщIэр зыбгъэдэлъыр уэращ, — французыбзэкIэ къопсалъэ Орбельяни Мананэ, бысымым щыгуфIыкIыурэ.

Кърагъэжэхыу щIадза тхъупсыр игъэмэщIэну хущIэкъурт Воронцовыр. Ауэ щытхъур зи жагъуэ щыIэ? КъыхужаIэхэм зи гукъыдэжыр къызэщIаIэта джыназыр къотэдж, къыбгъэдэс бзылъхугъэр Iэнэм къыбгъэдешри, дуней гуфIэгъуэр зиIэ бысымым ар хьэщIэщымкIэ ешэ.

Шэджагъуашхэ нэужьым, хьэщIэщым къэхьауэ щофэхэр, джыназыр псоми нэхъри яхуэбзэIэфIыж хъуат, ар бгъэдохьэ генерал жьакIагъуэм, абы нетIэ емыкIу къызэрыщыщIам гу лъимытауэ фэ зытригъэуэну пылъщ.

ХьэщIэу хъуам чэзууэ ябгъэдыхьэурэ яхуэгуэпа нэужь, куэзыр джэгуну мэтIыс джыназыр. Ар зыхэзагъэр ломбер джэгукIэжь къудейрат. Абы и джэгуэгъухэт: сонэ джыназыр, джыназым и унэIутым деж ломбер джэгукIэ щызэзыгъэщIа ермэлы генералыр, еплIанэр — зи дохутырыгъэ къулыкъумкIэ цIэрыIуэ Андреевскэрт.

Александр Езанэм и сурэтыр зытет дыщэ пэртэбакъыр зригъэтIылъылIэри, алътес куэзыр цIанлъэхэр къызэтригъэжарэ ахэр игуэшу хуежьа къудейуэ, и унэIут итальянец Джовани къыщIохьэ, дыжьын подносышхуэм илъу письмор иIыгъыу.

— Аргуэру хъыбарзехьэр къэкIуащ, зиусхьэн.



9 Заказ №642

ЕмыкIу къамыщIыну мэлъаIуэри, Воронцов куэзырхэр егъэтIылъыж, письмор зэтречри, къеджэу щIедзэ.

Письмор къезыгъэхьар и къуэрат. Абы итт Хьэжмурат закъызэрыритари Меллер-Закомельскэмрэ езымрэ зэрызэжьэхэуари.

Гуащэр къыбгъэдохьэри, я къуэм къитхым щIоупщIэ.

— А къэхъу хабзэжьыращ, — адэкIэ французыбзэ зещIри. — БыдапIэм и тетымрэ щIалэмрэ яку псалъэмакъ пщхьэмыпэ къыдэхъуащ. Семён захуэкъым. Ауэ, ер къимыкIыу, фIыкIэ иух псори хъарзынэщ, — жери письмор унэгуащэм ирет, икIи шыIэныгъэ зыхэлъу къыпэплъа и джэгуэгъухэм йолъэIу я куэзырхэр къащтэжыну.

Япэ гуэшыгъуэ нэужьым, Воронцовым пэртэбакъыр къызэтрех, гукъыдэжышхуэ щиIэхэм зэрищI хабзэу, и ныбжьым елъытауэ зэлъа и Iэ хужьхэмкIэ къещтэ француз тутыным щыщ IэпэщIэз, ар и пэм хуехь, итIанэ къызыхихам хегъэщэщэж.

X

**Е**тIуанэ махуэм Хьэжмурат джыназым и деж къыщашам, Воронцовым зыхуагъэзэну къэкIуахэу цIыху куэд пэIущIэм щыпэплъэрт. Абыхэм яхэтт зи фащэри зыщыгъэрэ дамыгъэ лъапIэхэри зи бгъэм къыхэлыдыкI дыгъуасэрей генерал жьакIагъуэри — ежьэжынути, сэлам ирихыжыну къэкIуауэ арат; яхэтт полкым и мылъкум Iэ щIыIэкIэ зэрыхэIэбам щхьэкIэ, судым иратынкIэ шынагъуэ зиIэ полк командирри; яхэтт дохутыр Андреевскэм и IупэфIэгъу, аркъэ сатур зыIэщIэлъ ермэлы бейри — а Iуэхум ехьэлIа зэгурыIуэныгъэр игъэтэмэмыну арат; яхэтт илI офицерыр яукIыу фызабэу къэна бзылъхугъэри, щыгъын фIыцIэ защIэкIэ хуэпауэ, къыщIэкIуар пенсэ хуагъэувыным е и бынхэр кIэзонэ хьэкъкIэ хуапIыным щIэлъэIуну арат; яхэтт зи мылъкур зыIэщIэкIуэдэжа, ауэ зи фащэ дэгъуэр зыхъума сонэ джынази — члисэ щыIар щыIэжтэкъыми, абы бгъэдэлъа лъапсэр зэрыщыту къажьэдитхъыну ныкъуакъуэрт; яхэтт Кавказыр къэубыдыным ехьэлIа IэмалыщIэхэр зритха тхылъымпIэ зэкIуэцIылъышхуэр зыIыгъ приставри; яхэтт зы хъан гуэри, къыщIэкIуар, нэгъуэщI Iуэху лъэпкъ имыIэу, джыназым и деж зэрыщыIамкIэ я унэм щIэсхэм захуигъэщIэгъуэн къудейрат.

Дэтхэнэ зыри и чэзум пэплъэрт, джыназым и адъютант щIалэщIэ щхьэцыгъуэ дахэм кабинетым щIишэрт зи чэзур къэсар.

ЕщIэкъуауэу, ауэ лъэбакъуэ жаныфIкIэ пэIущIэ пэшым къыщIохьэ Хьэжмурат. Абы гу лъетэ яшхыным хуэдэу псори къызэреплъым икIи зэхех лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ Iущащэу щыжаIэ и цIэр.

Хьэжмурат щыгът зи пщампIэр дыжьын уагъэ гъуабжэ псыгъуэкIэ хэдыкIа адыгэ цей хужь кIыхь. Абы лъыгъ лъей фIыцIэмрэ, Iэлъэ пIащIэм ещхьу, и лъэтхьэмпэхэм къекъузэкIыпа вакъэмрэ зэкIужт, и щхьэр джафэу упсат, щэкI бгъузэ кIыхь къызэшэкIа пыIэ къуацэ щхьэрыгът; мис а щэкI бгъузэ дыдэрат

ар зытекIуэдэж пэтар: Ахьмэтхъан и бзэгукIэ генерал Клюгенау игъэтIысауэ зэрыщытарат абы Щамил гъусэ зыщIыхуищIам и щхьэусыгъуэр. Хьэжмурат псынщIэу ирикIуэрт пэIущIэ пэш лъэгум илъ паркетым, и лъакъуэ лъэныкъуэр тIэкIу нэхъ кIэщIти, ибг псыгъуэр лъэныкъуэкIэ ещIэрт. Быхъуу зэпэщIэха и нэхэр Iэсэрэ сабыру япэкIэ плъэрт икIи, къыпфIэщIынт, абыхэм зыри ямылъагъуу.

Адъютант щIалэ къабзэ дахэм Хьэжмурат сэлам кърех, джыназым хъыбар иригъащIэу къыщIэкIыжыхукIэ етIысэхыу къыпэплъэну къолъэIу. Ауэ хьэщIэм тIысын идэркъым. И Iэр къамэ Iэпщэм телъэрэ и лъакъуэ лъэныкъуэр япэ иригъэщауэ щытщ, чэзум пэплъэхэр зыуи къримыдзэу икIи ней-нейуэ яхэплъэу.

Тэрмэш джыназ Тархановыр Хьэжмурат бгъэдохьэ икIи епсалъэу щIедзэ. Хьэжмурат гукъыдэжыншэу, мыпащIэурэ жэуап къет. Приставым хуэмыарэзыуэ Воронцовым хуэтхьэусыхэну къэкIуа къумыкъу джыназыр къызэрыщIэкIыжу, адъютантым Хьэжмурат бжэм бгъэдешэри щIегъэхьэ.

СтIолыбгъум деж щыту, хьэщIэр ирегъэблагъэ Воронцовым. Дзэпщ къулыкъущIэшхуэ, зи нэкIу хужьыр зэлъар дыгъуасэрей лIы нэжэгужэм ещхьыжтэкъым — къыфIэбгъэкIмэ, абы ткIиифэ тетт, ауэ щыхъукIи, и нэгум уардагъэ иплъагъуэрт.

СтIолышхуэ зыщIэт, Iупхъуэ удзыфэ инхэр къызэдзыха щхьэгъубжэ абрагъуэхэр зыхэлъ пэш зэрамыщIэжым щIыхьа нэужь, Хьэжмурат и Iэ дыгъэрыжьэхэр хуэмурэ и бгъэм кIэрелъхьэ, нэгъуэщIым хуэпщI пщIэр уи щхьэми зэрыхуэпщIыжыр зыщимыгъэгъупщэу, мыпIащIэу, жиIэр гурыIуэгъуэу, Iэдэбу, и щхьэр ехьэхауэ кърегъажьэ фIыуэ ищIэ къумыкъубзэмкIэ:

— Пащтыхьышхуэмрэ уэрэ фи IэмыщIэ зызолъхьэ. Фыкъызогъэгугъэ лъы ткIуэпс сщIэтыху пащтыхь хужьым гурэ псэкIэ къулыкъу хуэсщIэну икIи, шэч къытесхьэркъым фэри сэри ди бий Щамил девгъэкIуэкI зауэм сэ сэбэп сызэрыщыхъуфынум.

Тэрмэшым жиIэхэм едэIуа нэужь, Воронцовыр къеплъащ и хьэщIэм, Хьэжмурати еплъащ зи хьэщIэм.

А тIум я нэ зэхуэзахэм зэуэ куэд къаIуатэрти, ахэр псалъэкIэ пхужымыIэным хуэдизт, икIи хуабжьу къыщхьэщыкIырт тэрмэшым зэридзэкIхэм. ЩIэхъуми бзыщIи хэмылъу, а ниплIым псалъэншэу икIи нехьэкI-къехьэкI хэмылъу къаIуатэрт а лIитIым ягу зэхуилъхэр: Воронцовым и нэхэм къыбжаIэрт Хьэжмурат зригъэдэIуа псоми щыщу зы псалъэ и фIэщ зэрымыхъур икIи абы зэрищIэр мор урысымэ зыщыуа псоми ятеплъэ зэрымыхъур, апхуэдэуи къызэрынэжынур икIи иджыпсту закъыщIритыр и щхьэм ехьэлIа Iэмалыншагъым къызэрыхэкIар. Хьэжмурати къыгурыIуэрт мор зэгупсысхэр, итIанэми и фIэщ ищIыну пылът пэжыгъэкIэ ябгъэдэтыну зэримурадыр.

Хьэжмурат и нэхэм жаIэрт: мы лIыжь кхъахэр зэгупсысыпхъэр зауэхэратэкъым — лIэныгъэрат, ауэ ныбжьыфI иIэми, бзаджейщ икIи удэджэгу хъунукъым. Воронцовми къыгурыIуэрт и псэлъэгъум игу илъыр, ауэ Хьэжмурат хуиIуатэрт зауэм ущытекIуэн папщIэ лэжьыпхъэу къилъытэхэр.

— ЖеIэт абы, — тэрмэшым зыхуегъазэ Воронцовым, — зэрылъэщым хуэдабзэу, икIи гущIэгъулыщ ди пащтыхьыр, сэ селъэIуу щытмэ, уи щIэпхъаджагъэхэр къыпхуигъэгъункIэ хъунщ абы икIи къулыкъу хуэпщIэну укъиштэнщ. ЖепIа? — Хьэжмурат еплъурэ, тэрмэшым йоупщI. — Зи гущIэгъур ин си пащтыхьышхуэм и унафэр къысIэрыхьэху, жеIэт абы, сэ пщэрылъ зыщызощIыж абы и щхьэц налъэ хэмыхуну икIи ди деж зэрыщыIам хущIемыгъуэжыну къызогъэгугъэ.

Хьэжмурат и Iэхэр аргуэру и бгъэгум ирекъузылIэ икIи, псынщIэрыпсалъэу, зыгуэрхэр къыIуролъэлъ.

Тэрмэшым зэрызэридзэкIымкIэ, абы жиIэрат: Аварием и унафэр щыIэщIэлъа нэхъапэхэм щыгъуэ, 39 гъэм, абы хьэрэмыгъэншэу урысхэм къулыкъу яхуищIащ икIи абыхэм зэи епцIыжынутэкъым, ар игъэунэхъун мурад иIэу, и бий бзаджэ Ахьмэтхъан екIэ и ужь къимыхьамэ, пцIы къытрилъхьэу генерал Клюгенау иримыгъэубыдамэ.

— Ар сощIэ, сощIэ, — жи Воронцовым (ищIапэу щытами, ар зэрыщыгъупщэжрэ куэд щIат). — СощIэ, — жери, мэтIыс, Хьэжмурати ирегъэлъагъу блыным бгъэдэт тахътэбаныр. Ауэ хьэщIэм тIысын идэркъым — и плIэ лъэщхэр зэхуешэ: апхуэдэ цIыхушхуэм илъагъуу щысын и напэ хутегъахуэркъым.

— Ахьмэтхъани Щамили — тIури си бийщ, — и псалъэм пещэ тэрмэшым зыхуигъазэурэ. — ЖеIэ джыназым: силъ схуэмыщIэжурэ, Ахьмэтхъан лIащ, ауэ Щамил иджыри псэущ, абы хуэфащэр лъызмыгъэсауэ сылIэмэ, сытIэулIэщ, — жери и нэщхъыр зэхеукIэ, и жьэ къупщхьэхэр быдэу зэтрикъузэу.



— НтIэ, нтIэ, — Iэсэу къопсалъэ Воронцовыр. — Дауэ абы Щамил и деж илъ зэрыщищIэжыну и гугъэр? — джыназыр тэрмэшым йоупщI. — ТIысынуи жеIэт абы.

Хьэжмурат тIысын зэримыдэщ. КъызэреупщIам жэуап иретыж: урысхэм къащIыхыхьар Щамил кIэ иратынымкIэ абыхэм ядэIэпыкъун папщIэщ.

— Хъарзынэщ, хъарзынэщ, — жи Воронцовым. — ЕупщIыт: пыухыкIауэ ищIэну и мурадыр сыт? ТIыс, кхъыIэ, тIыс, зо...

Хьэжмурат йотIысэх. ИкIи жиIэращ: дзэ къратрэ лезгин лъэныкъуэмкIэ ягъакIуэмэ, шэсыпIэ йохьэ Дагъыстаныр зэрыщыту къызэщIиIэтэфыну, абы и ужькIэ Щамил зыхуэхъумэжынукъым.

— Ар хъарзынэщ. Апхуэдэу пщIэ хъуну къысфIощI, — жи Воронцовым. — Сегупсысынщ абы.

Джыназым и псалъэхэр зыхузэрадзэкIа Хьэжмурат хоплъэ. ИтIанэ:

— Дзэпщым гурыгъаIуэт, — жи, — си бынунагъуэр си бийм IэщIэлъщ; ар абы иIыгъыхукIэ, сэ си Iэри си лъэри пхащ, зыри схуэщIэнукъым. ЗанщIэу сыпэувмэ, Щамил си щхьэгъусэри си анэри иукIынущ, си сабийхэри абыхэм ядигъэкIуэнущ. Джыназым си бынунагъуэр къызэрыригъэутIыпщыжу, гъэру иIыгъхэмкIэ къызэрихъуэжу, мис итIанэ е сэ сылIэнщ, е Щамил лIэнщ.

— Хъарзынэщ, хъарзынэщ, — жи Воронцовым. — Дегупсысынщ абы. Иджы ищIэнуращ: штабым и унафэщIым и деж

ирырекIуэ, Iуэхур зыIут псори гупсэхуу абы хуреIуатэ — и мурадхэри, ахэр къехъулIэн папщIэ зыхуейхэри.

Апхуэдэу иухащ Хьэжмуратрэ Воронцовымрэ я япэ зэIущIэр.

ЩIэрыщIэу къызэрагъэпэщыжа театрым а махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм щагъэлъагъуэрт урымхэм я оперэ. Воронцовыр и тIысыпIэ лъагэм исыжт. Театрым къыщIыхьащ адрей цIыхухэм къахэщ Хьэжмурат, ещIэкъуауэу, и щхьэм щэкI бгъузэр къешэкIауэ. Абы щIыгъут Воронцовым и адъютант, ар зи пщэ ирилъхьа Лорис-Меликовыр. Абыхэм я тIысыпIэр япэ сатырырат. КъуэкIыпIэ цIыхум, муслъымэным хуэфащэ зыIыгъыкIэр иIэу, игъэщIагъуэIауи къыфIэIуэхуIауи фэ темыту, япэ теплъэгъуэр зыхуигъэшэчащ Хьэжмурат. Ар зэриухыуи къэтэджыжащ. КъыфIэмыIуэхукъыфIэмыIуэхуу театрым щIэсхэми яхэплъэри, жылэр къызэрыкIэлъыплъыр щайуэ къримыдзэу щIэкIыжащ.

ЕтIуанэ махуэр блыщхьэт. Ар Воронцовхэ я пщыхьэщхьэ къызэрыгуэкIхэм ящыщт. Пэш нэхушхуэм щыIурт щIымахуэ хадэм щыгъэпщкIуа макъамэ дахэ. Бзылъхугъэ щIалэхэми мыщIалэж дыдэхэми зыкърахырт: я пщэ пцIанэхэри, я Iэхэри, я бгъэ дахэхэри я щыгъынхэм зэрыщIахъумэ щIагъуэ щыIэтэкъым, зи фащэхэр къызыщылыдыкI цIыхухъухэм япщIэхэдзауэ загъэкIэрахъуэу ахэр къафэрт. Сырэхэм ябгъэдэтт щыгъын плъыжь зэфэзэщкIэ хуэпа шхынзехьэ унэIутхэр — цIыхубзхэм шампанскэ хурагъахъуэрт, IэфIыкIэхэр бгъэдахьэрт. Джыназым и щхьэгъусэ гуащэри, мыщIалэж пэтми, никъуэпцIанэу хуэпат, ящыгуфIыкIыу, яхуэбзэIэфIу хьэщIэхэм яхэтт. Тэрмэшыр къигъэсэбэпкIэрэ, псалъэ гуапэ гуэрхэр Хьэжмурат жреIэ, ауэ модрейр дыгъуэпшыхь театрым зэрызыщиIыгъам хуэдабзэщ: къыфIэIуэхуи игъэщIагъуи щымыIэу, псори зэпиплъыхьу, езэшу зэманыр игъакIуэрт. Унэгуащэм и ужькIэ, Хьэжмурат къыбгъэдыхьэу щIадзащ адрей цIыхубз никъуэпцIанэхэри. УкIытэр дэнэ щыIэми ямыщIэу, ахэр гуфIэжу абы и пащхьэм итт, зэреупщIхэри зыт: илъагъухэр игу ирихьрэ?

Зи фащэ нэхъыфI дыдэхэмкIэ хуэпа, зи дамыгъэ лъапIэхэри къызэкIэрылыдыкI Воронцови бгъэдохьэ Хьэжмурат, адрейхэм хуэдэу, ари аращ зэреупщIар, абыи шэч къытрихьэу къыщIэкIынтэкъым Хьэжмурат илъагъухэр игу зэрырихьым. Модрейми Воронцовым жэуапу къритыр адрейхэми яжриIарат: ди деж апхуэдэхэр щызекIуэркъым. Пэжщ, игъэбелджылакъым ар фIырэ Iейрэ.

Хьэжмурат мыбдежи къыщригъэжьэну пылъат и унагъуэр къэщэхужыным е гъэрхэмкIэ къэхъуэжыным ехьэлIа псалъэмакъыр, арщхьэкIэ мобы кърigъэкIуэкIхэр зэхимыхагъэфэ зытригъауэри, Воронцовым зыIуригъэхыжащ. ИужькIэ Лорис-Меликовым абы гуригъэIуащ апхуэдэ Iуэхухэр мыбдежхэм щызепхуэну къызэремызэгъыр.

Сыхьэт пщыкIузыр къыщеуэм, Хьэжмурати йоплъ Марье Васильевнэ тыгъэ къыхуищIа сыхьэтым икIи Лорис-Меликовым йоупщI: кIуэж хъуну? УкIуэжми хъунущ, ауэ умыкIуэжамэ, нэхъыфIт, жи мобы. Апхуэдэу къыжраIа пэтми, Хьэжмурат щIокIыж, кърагъэбыдылIа фитоным йотIысхьэри хухаха фэтэрым мэкIуэж.

XI

Тифлис зэрыдэсрэ махуэ етхуанэ щыхъум, дзэпщым и унафэкIэ Хьэжмурат и деж къокIуэ Лорис-Меликовыр.

— Си щхьэмкIи си IэхэмкIи дзэпщым къулыкъу хуэсщIэну си гуапэщ, — жи псэлъэкIэми, цIыху хэтыкIэми хуэIэзэ Хьэжмурат, и щхьэр мащIэу игъэщхъарэ, и Iэхэр и бгъэм кIэрилъхьэу: — КъысхуэпщI си унафэщ, — жеIэ, Лорис-Меликовым и нэм гуапэу щIэплъэурэ.

ХьэщIэр йотIысхьэ Хьэжмурат и стIолым бгъэдэт шэнтиуэм. Езы Хьэжмурат йотIысхьэ абы къыпэщыт тахътэбан лъахъшэм. И лъэгуажьэпэхэм тригъэувa Iэхэр и щхьэм щIэгъэкъуауэ щысщи, гупсэхуу йодаIуэ Лорис-Меликовым къыжриIэхэм. Къумыкъубзэр уэр-сэру зыщIэ Лорис-Меликовым жиIэращ: джыназыр щыгъуазэщ уэ гъащIэм къыщыпкIуа гъуэгуанэр зыхуэдэм, ауэ абы нэхъ къищтэнут, уи къекIуэкIыкIа псори уэ езым хуэпIуэтэжамэ.

— Уэ къызжепIэхэр сэ стхынщ, итIанэ, урысыбзэкIэ зэздзэкIынщи, джыназым естынщ. Абы ахэр пащтыхьым хуригъэхьынщ, — жи Лорис-Меликовым.

Хьэжмурат сабыру щысщ (абы игъащIэм нэгъуэщIым и псалъэ Iэпимыуда къудейтэкъым, атIэ пэплъэрт зэдаIуэм адэкIи жиIэнкIи хъунум), итIанэ и щхьэр къеIэт, и пыIэр дрегъэкIуэтей, Марье Васильевнэ къызэрихьэхуа, адрейхэм къазэрыщхьэщыкI и сабий гуфIэкIэмкIэ къыпогуфIыкIри:

— Ар хъунущ, — жи, игу ирихьагъэнщ, и гъащIэ тхыдэм езы пащтыхь дыдэр щыгъуазэ зэрыхъунур.

— И пэм къыщыщIэдзи, умыпIащIэурэ, зыкъэмынэ къысхуэIуатэ, — жери, Лорис-Меликовым бгъэгущталъэм кърех псори зритхэ тхылъыр.

— Ар содэ, ауэ куэд, икъукIэ куэд Iей мэхъу сэ ныбжесIэнур. Iэджэ къыщыхъуащ си гъащIэм, — жи Хьэжмурат.

— Зы махуэкIэ къыпхуэмыIуатэмэ, етIуанэ махуэми пыпщэнщ, — жи Лорис-Меликовым.

— И пэ дыдэм къыщыщIэздзэну-тIэ?

— НтIэ. И пэ дыдэм: укъыщалъхуари ущыпсэу щIыпIэхэри...

И щхьэр ирихьэхарэ хэплъэу куэдрэ щос Хьэжмурат, итIанэ тахътэбаным къеупсея баш цIыкIур къещтэ; дыщэхэкIкIэ гъэщIэрэщIа, жану зэщIэлъыкIа къамэщIэлъысэр кърех, абыкIэ башыр иупсу щIедзэри, и хъыбарыр кърегъажьэ:

— Тхы-тIэ: Цельмес сыкъыщалъхуащ, ди дежкIэ зэрыщыжаIэщи, ар шыдыщхьэ хуэдиз хъун къуажэщ, — къыщIедзэ абы. — Фоч уэгъуитI нэхъ тпэжыжьэнкъым хъанхэр щыпсэуа Хъунзахъ жылэри. Ди унагъуэр абыхэм я хамэтэкъым. Си анэм и быдзышэ Iурылът хъан нэхъыжь Iэбунунцал-Хъан, аращ сэ хъанхэм гъунэгъу сащIыхуэхъуари. Хъанхэр щы хъурт: си къуэш Уэсмэн анэ быдзышэкIэ къуэш къыхуэхъуа Iэбунунцал-Хъан, сэ къуэш сщIа Уммэ-Хъан, я нэхъыщIэ дыдэр Булдэч-Хъант — мис арат Щамил бгым щидзар. Ар къыщыхъуар иужькIэщ. Сэ илъэс пщыкIутху сыхъуами арат, ислъам диныр цIыхубэм яхэзыпщэхэм къуажэ-

къуажэкІэрэ къакІухьу щыщІадзам. Пхъэ сэшхуэхэмкІэ мывэхэм еуэурэ гуорт ахэр: «Муслъымэнхэ, къэзэуат зауэ къэхъеящ!» Шэшэну хъуар мюридхэм я лъэныкъуэ хъуат, авархэми щІадзат абыхэм ягухьэу. Абы щыгъуэ сэ уардэунэшхуэм сыщыпсэурт, сыту жыпІэмэ, хъанхэм сракъуэш пэлъытэт: сызыхуей псори сщІэрт. Беи сыхъуат. Шы, Іэщэ, ахъшэ си куэдт. СфІэфІ дыдэр сщІэуэ дунейм сытетт, сызэгупсысици щыІэтэкъым.

Апхуэдэу сыпсэуащ Къазий-Мула яукІыу Хьэмзэт абы и пІэм иувэхукІэ. Хьэмзэт хъаным къахуищІа лІыкІуэхэм жаІэрат: къэзэуат зауэм фыхэмыхьэмэ, Хъунзахъ Іисраф зэтесщІэнущ. Ар гупсысапІэшхуэт. Хъанхэр шэми шхуми исырт: урысхэми ящышынэрт, къэзэуат зауэм хыхьэнуи шынэхэрт. И къуэ етІуанэ Уммэ-Хъан гъусэ сыхуещІри, хъан гуащэм Тифлис сегъакІуэ, Хьэмзэт щыхъума дыхъун папщІэ, урысхэм я нэхъыщхьэм дэІэпыкъуэгъукІэ делъэІуну арат. А нэхъыщхьэ хъужыр барон Розен жыхуаІэрат. Абы идакъым уи Уммэ-Хъани сэри къытІущІэну. Пэжщ, къыддэІэпыкъуну дыкъызэригъэгугъэр къыджаІэжат, ауэ зыри къытхуищІатэкъым. И офицерхэр къытлъихьэ хъуати, я сэбэпу къыдэкІрат: Уммэ-Хъан куэзыр къыдэджэгухэрт. Ар шагъыр ирагъафэрт, узыхуэмей щІыпІэхэм здашэрт. Мылъкуу бгъэдэлъу хъуар абы куэзырджэгум щригъэхьащ. Ар вым хуэдэу бланэт, аслъэным хуэдэуи мышынэжт, ауэ и псэкІэ псы Іэрышэу лъэрымыхьт. ИкІэрауэ, зы ши Іэщэ-фащи къыхуэмынэу иригъэхьэхунт, сэ ар къуажэм дэзмышамэ. 

Тифлис нэужьым си Іуэху еплъыкІэхэм захъуэжати, хъан гуащэри и бынхэри къытызогъэхьэ къэзэуатым хыхьэнхэу.

— Уи гупсысэхэм щхьэ захъуэжын хуей хъуат? — щІоупщІэ Лорис-Меликовыр. — Урысхэр уигу ирихьатэкъэ?

Хьэжмурат щымщ.

— Хьэуэ, ирихьатэкъым, — тегушхуэныгъэ хэлъу къопсалъэ Хьэжмурат. — Къэзэуатым и лъэныкъуэ сыщІэхъуам нэгъуэщІ щхьэусыгъуи иІэт.

— Ар сыт хуэдэт?

— Цельмес деж хъанымрэ сэрэ мюридищ дащыІуоуэ, тІур тІэщІэкІащ, ещанэр си кІэрахъуэшэм хигъэщІащ. И Іэщэр къыпысхыну сыщыбгъэдыхьам, и псэр хэкІа щІыкІэтэкъыми, къызоплъри абы жиІэращ: «Уэ сэ сыбукІащ. Сытыншыжащ. Уэ умуслъымэнщ, уи щІалэгъуэщ, убланэщ, къэзэуатыр къащтэ. Ар Алыхь унафэщ».

— АфІэкІа хэмылъу къэпщта-тІэ?

— ЗанщІэу къэсщтакъым — сыгупсысэу щІэздзащ, — жери, Хьэжмурат и псалъэм адэкІэ пещэ: — Хьэмзэт Хъунзахъ иубыдыну къыщытхуэІэгъуэм, ди нэхъыжьхэр лІыкІуэ худощІ абы жраІэну: ислъам диныр къэтщтэну дыарэзыщ, ауэ щІэныгъэлІ къытхуэбгъакІуэрэ ар зищІысымрэ зэрытІыгъыну щІыкІэмрэ къыдгуригъэІуамэ арат.

Хьэмзэт ищІэр лІо? Унафэ ещІ: лІыжьхэм я пащІэхэр упсын, я пэгъуанэхэр пхыудын, зэпщзэгъажьэу ягъэхьэзыр щІакхъуэ хъурей цІыкІухэм хуэдэхэр я пэхэм кІэрыщІауэ утІыпщыжын.

Къэзыгъэзэжа лIыжьхэм жаIэращ: Хьэмзэт арэзыщ къэзэуатыр зищIысым дыхуригъэджэну шейх къытхуигъэкIуэну, ауэ абы щхьэкIэ хъан гуащэм и къуэ нэхъыщIэр мобы анэмэту хуигъэкIуэн хуейщ. Хъан гуащэм ар и фIэщ мэхъури, Булэч-Хъан Хьэмзэт и деж еутIыпщ. Хьэмзэт абы хъарзынэу къыIуощIэ, ауэ лIыкIуэ къыхуегъакIуэ Булэч-Хъан и шынэхъыжьхэри яшэну. Хъыбаруи къаригъэхьаращ: си адэр абыхэм я адэм зэрыхуэлэжьам хуэдэу, сэри ахэм сахуэлэжьэну сыхуейщ. Хъан гуащэр зы мыхьэнэншэ гуэрт, акъыл кIагуэт икIи щхьэзыфIэфI ткIий бзаджэт, жыпIэнурамэ, зи щхьэ закъуэ унафэкIэ псэу адрей бзылъхугъэхэм зыкIи къащхьэщыкIыртэкъым. И къуитIри иутIыпщын шынэри, игъэкIуар Уммэ-Хъан и закъуэщ. Сэри абы сыдэкIуащ.

Дынэсыным километр хуэдиз иIэжу, мюридхэр къытIуощIэ — уэрэдхэр жаIэу, фочхэр драгъэуейуэ, шыгъажэхэр къыдащIэкI. Дынэсмэ — Хьэмзэт и шатырым къыщIокI, ар Уммэ-Хъан бгъэдохьэ, лъэрыгъыпсымрэ шхуэмылакIэмрэ еубыдри, хъан хуэдэу, кърегъэпсых. ИкIи жиIэращ: «Сэ фи унагъуэм лей лъэпкъ есхакъым, апхуэдэ муради сиIэкъым. Фэ сывмыукI закъуэ, цIыхухэр къэзэуатым къыхэсшэнымкIи зэран фыкъысхуэмыхъу. Си адэр фи адэм зэрыхуэлэжьам хуэдабзэу, си дзэри си гъусэу, сэри фэ сывбгъэдэтынущ. Фи унэм сыщывгъэпсэу закъуэ. Си чэнджэщхэмкIи сывдэIэпыкъунущ, фэ фызыхуей дыдэр фщIэ».



Уммэ-Хъан псэлъэкIэ жыхуаIэм хуэхейт. Мобы жэуап зэрыритыжын ищIэртэкъыми, и жьэр зэщIэнат. «Апхуэдэу щытмэ, — жызоIэ сэ, — Хьэмзэт нрырекIуэ Хъунзахъ. Хъан гуащэми хъанми пщIэ къыхуащIу ирагъэблэгъэнщ». Ауэ си псалъэр сагъэухакъым, абдежщ япэ дыдэу Щамил сэрэ дыщызэжьэхэуари. Ар, Iимамым бгъэдэту, абдеж дыдэм щытт. «Уэракъым зэупщIхэр — хъаныращ», — къысхуолъ ар. Сэ зызоущэхуж. Хьэмзэт шатырым щIешэ хъаныр. ИтIанэ сэри къызоджэ, Хъунзахъ игъэкIуэну и лIыкIуэхэм срагъусэну пщэрылъ къысщещIри, арэзы сохъу.

ЛIыкIуэхэр хъан гуащэм елъэIуу щIадзэ и къуэ нэхъыжьри Хьэмзэт хуигъэкIуэну. А Iуэхум хьэгъэщагъэ гуэр зэрыхэлъыр къызгуроIуэри, хъан гуащэм жызоIэ, мобыхэм я хьэтыр илъагъуу, и къуэр имыутIыпщыну. АрщхьэкIэ цIыхубзым и щхьэм акъылу илъыр джэдыкIэм цыуэ тетым хуэдизщ. КъыжраIэр зи фIэщ хъуа хъан гуащэр и къуэр иутIыпщыну арэзы мэхъу. И псэм ищIэ нэхъей, Iэбунунцал тегушхуэртэкъым. «Уэ сэ слъагъур уошынэ», — жи анэм. Бжьэм ещхьу, абыи ищIэрт нэхъ узын хуэдэу зэуэну щIыпIэр. Iэбунунцал къоуцIыплъ, икIи хъан гуащэм афIэкIа пэпсэлъэжыркъым — шы-уанэр зэтралъхьэну унафэ ещI.

Абыи гъусэ зыхузощI сэ. Уммэ-Хъан къызэрыIущIам нэхърэ нэхъыфIыжу, ехьэжьауэ дрегъэблагъэ Хьэмзэт. Дынэсыным фоч уэгъуитI къэнэжауэ, езыри и щхьэкIэ къытпожьэ. Абы шугъусэхэр щIыгъут. Зэчыр жаIэрт. Фочхэр драгъэуейрт. Шурылъэс джэгухэрт. Я хэщIапIэм дынэса нэужь, хъаныр шатырым щIешэ Хьэмзэт. Сэ шыхэм сакIэлъыплъу сыщытщ.

Шэтырым фоч уэ макъхэр къыщыщIэIукIам, сэ бгы лъапэм сыщIэтт. Шатырым сыбгъэдолъадэ. Уммэ-Хъан нэкIукIэ

хэIубауэ лъыкъуалэм хэлът, Iэбунунцал мюридхэм яхэзэухьырт. КъеупщIэтэха и нэкIу зэхуэдитIыр къелэлэхырти, ар Iэ лъэныкъуэмкIэ щIиIыгъэрт, адрей Iэм IэщIэлъ къамэмкIэ зэхиупщIатэрт зыкъезыпщыту хъуар. Си нэкIэ слъагъуу абы иукIащ Хьэмзэт и къуэшыр, адрейми епыджыну зыщричым, мюридхэр фочкIэ къоуэри, мор мэджалэ.

Хьэжмурат и псалъэр зэпегъэу. И нэгу дыгъэрыжьэр къэуцIыплъащ, и нэхэм лъыр къытелъэдащ.

— Шынэр къыстокIуэри, сэ сыщIопхъуэж.

— Ар дауэ си фIэщ хъун?! — егъэщIагъуэ Лорис-Меликовым. — Си гугъэнтэкъым уэ игъащIэм зыгуэрым ущышынауэ.

— ИужькIэщ зэи зыми щымышынэ сыщыхъуар; абы лъандэрэ зэпымыууэ сигу къокIыж лIы щIэукIытэн сщIауэ зэрыщытар, ар сигу къэкIыжыху къэскIи, шынэ жыхуаIэр дэнэ щыIэми сщIэжыркъым.

XII

— **К**уэдщ ар зэкIэ. Си нэмэз щIыгъуэр къэсащ, — жери, Хьэжмурат адыгэ цейм и бгъэ жып щIагъым кърех Воронцовым тыгъэ къыхуищIа сыхьэтыр, зэрихабзэу, пружинэ цIыкIур хуэсакъыпэурэ трепIытIэ, и щхьэр лъэныкъуэкIэ ирегъэщI, сабий гуфIэкIэу, къыпыгуфIыкIыурэ, макъамэм йодаIуэ. Сыхьэтыр пщыкIутIрэ Iыхьэ плIанэкIэ къоуэ.

— Си ныбжьэгъу Воронцовым и тыгъэщ, — жи, и пащIэкIэ къыщIэгуфIыкIыурэ. — ЦIыхуфIщ ар.

— Пэжщ, цIыхуфIщ, — жи Лорис-Меликовми. — Сыхьэтри сыхьэтыфIщ. Еуэ-тIэ, уэ нэмэз щIы, сэ сыппэплъэнщ.

— Дэгъуэщ, — жери, Хьэжмурат щIохьэ щыжей и пэшым.

Зи закъуэу къэна Лорис-Меликовыр тхыгъэм хоплъэжри, мобы къыжриIахэм щыщу нэхъыщхьэ дыдэу къилъытэхэр къыхетхыкI, итIанэ тутын щIегъанэри, къикIукI-никIукIыу щIедзэ. Хьэжмурат и пэшым къыпэщыт бжэм щыбгъэдыхьэм, абы и тхьэкIумэм къоIуэ зэрыгъэкIий макъ гуэрхэр — ахэр псынщIэрыпсалъэт, тэтэрыбзэкIэ зыгуэрым и гугъу ящIырт. Зи макъ зэхиххэр Хьэжмурат щIыгъуухэр зэрыарар къыщищIэм, ар мобыхэм яхохьэ.

Пэшым щIэтт сыт щыгъуи бгырысхэм я деж къыщыпщIихьэ хабзэ фэ гуащIэрымэр. Щхьэгъубжэм пэгъунэгъуу унэ лъэгум иубгъуа щIакIуэм тест шхуэр зэзыгъэпэщыж, къэптал фIей зэхэдыжыхьар зыщыгъ Гъэмзалэ сырыху нэзакъуэр. И макъ итхъунщIыкIамкIэ ар хуабжьу зыгуэрым тепсэлъыхьырт, ауэ Лорис-Меликовым зэрыIуплъэу, и псалъэр пичащ, икIи, къыщIыхьам гулъытэ лъэпкъ хуимыщIу, и лэжьыгъэм пищэжащ. Абы къыпэщытт сыт щыгъуи нэжэгужэ Хъан-Магъомэ, и дзэлыфэ итIрэ, набдзэншэ и нэ фIыцIэхэр къилыдыкIыу, зыгуэрым ар къытригъэзэжурэ тепсэлъыхьырт. Зи Iэщхьэхэр дэхьея щIалэ къекIу Елдари блыным фIэдза уанэм и шыныбэпххэр и Iэ лъэщхэмкIэ иIуэту щытт. ЛэжьакIуэ нэхъыщхьэ икIи я хозяйствэ псом и унафэщI Хьэнэфий яхэттэкъым — шэджагъуашхэ игъэхьэзыру пщэфIапIэм щыIэт.

— ФыщІызэдауэр сыт? — сэлам нэужьым, Лорис-Меликовыр Хъан-Магъомэ йоупщІ.

— Щамил щытхъуныр хуэухыркъым мобы, — жи Хъан-Магъомэ, — Лорис-Меликовым и Іэр хуишийурэ. — Щамил цІыхушхуэщ, икІи щІэныгъэлІщ, икІи щихъщ, икІи шууейщ, — жи.

— Апхуэдизу зыщытхъум щхьэ къыбгъэдэкІуэтыжа-тІэ?

— Аракъэ къыдгурымыІуэр? И щІыбри хуигъэзащ икІи щотхъу, — и нэхэр къилыдыкІыу, и дзэлыфІэр етІ Хъан-Магъомэ.

— НтІэ, пэж дыдэу, щихъыу убжрэ ар? — Гъэмзалэ йоупщІ Лорис-Меликовыр.

— Ар щихъыу щымытамэ, цІыхубэр абы едэІуэнтэкъым, — къэрепхъ Гъэмзалэ.

— Щихъыу щытар Мансурщ, армыхъумэ Щамил сыт и щихъ? — и псалъэр щІегъэхуабжьэ Хъан-Магъомэ. — Мис арат щихъ нэсыр. Ар Іимаму щыщытам цІыхуу хъуар нэгъуэщІ зыгуэру щытащ. Абы къуажэхэр къызэхикІухь зэпытти, цІыхухэр сыт щыгъуи къыпежьэрт, и адыгэ цеикІэм ба хуащІырт, гуэныхь зыпылъ ялэжьамэ, къагъэзэжхэрт, тхьэ яІуэрт дяпэкІэ Іей ямыщІэну. ЛІыжьхэм жаІэрт: Абы щыгъуэ цІыху псори щихъым хуэдэт — тутынафэхэтэкъым, фадафэхэтэкъым, я нэмэз благъэкІыртэкъым, я жагъуэ зэрыщІамэ, зыщагъэгъупщэжырт, къыфІэбгъэкІмэ, лъы зыгъэжам хуагъэгъурт. Абы щыгъуэ ахъшэ е хьэпшып гуэр къэзыгъуэтам зыкІэщІиупщІэу ежьэжыртэкъым — пІийуэ къурагъым фІэщІауэ гъуэгубгъум къыщанэрт. Абы щыгъуэ Алыхьыр цІыхуу хъуам сыткІи къахуэжумартт икІи къахуэгущІэгъулыт, армыхъу нобэ хуэдэтэкъым, — жи Хъан-Магъомэ.



— Бгылъэхэм щыпсэухэр ноби ефэркъым фади тутыни, — къопсалъэ Гъэмзалэ.

— Уи Щамилыр къуршуцІэпІщ, — къопсалъэ Хъан-Магъомэ, Лорис-Меликовым нащхьэ хуищІурэ.

Ягъэулъиинум «къуршуцІэпІ» псалъэ жагъуэмкІэ ещырт бгырысхэр.

— КъуршуцІэпІри бгырысщ. Бгъэхэри щыпсэур къуршхэрщ, — жэуап къет Гъэмзалэ.

— Уэт лІы! Мис иджы екІуу хуэбгъэзащ, — къедауэм и жэуапыр зигу ирихьа Хъан-Магъомэ и дзэлыфэ етІ.

Лорис-Меликовым кърихха дыжьын пэтырбакъыр илъэгъуащи, зы тутын кърегъэфэну ар мобы йолъэІу. ФэркІэ тутыныр хьэрэмтэкъэ? — жиІэу Лорис-Меликовыр абы щеупщІым, и нэ лъэныкъуэмкІэ нащхьэ ещІри Хьэжмурат и пэшымкІэ йоплъэкІ, «укъыщамылъагъум деж хъунущ» кърегъэкІыу. Асыхьэтуи тутыным йокъу, иримышэхыу, Іугъуэр къыжьэдрегъэхуж, зигъэщІагъуэуи и Іупэ плъыжьышхуэхэр зэкІуэцІеуплІанщІэ.

— ЕмыкІущ ар, — Гъэмзалэ гъумэтІымэу щІокІ. Хъан-Магъомэ абы дежкІи нащхьэ ещІ, тутыным здефэм, ар Лорис-Меликовым йоупщІ:

— Шылэ къэпталрэ хъурыфэ пыІэ хужьрэ къыщыпщэхуну дэнэ деж нэхъыфІ?

— ЛІо, апхуэдэу ахъшэ куэд уиІэу ара?

— СиIэщ. СимыIэмэ, къэдгъуэтынщ, — нащхьэ ищIурэ, жэуап къет Хъан-Магъомэ.

— ЕупщIыт абы ахъшэр къыздрихамкIэ. — Елдар дахэу къыпыгуфIыкIыурэ, Лорис къыхуоплъэкI.

— Къэсхьэхуащ, — псынщIэрыпсалъэу жэуап къет Хъан-Магъомэ, икIи къызэрихьэхуа щIыкIэр къахуеIуатэ.

Дыгъуасэ къикIухьу Тифлис здыдэтым, цIыху гуп зэхэту яIуощIэ: урыс сэлэтхэу, ермэлыхэу; ахъшэ жыгъейр драдзейрэ, ар зэрытехуэну щIыкIэр къэщIэнымкIэ зэпеуэхэу арат. АхъшэфI зэтрихьат: дыщэ сомурэ щы, дыжьыну куэд. Хъан-Магъомэ джэгукIэм кIэлъоплъри, занщIэуи хогъуазэ. И жыпым илъ ахъшэ жыгъей тIэкIум зу макъ иригъэщIурэ, джэгухэм яхохьэри: «Илъу хъуамкIэ соуэ», — жи.

— Дауэт псомкIи узэреуэнур? Апхуэдиз ахъшэ уиIэт уэ? — аргуэру абы йоупщI Лорис-Меликовыр.

— СиIэу хъуар зэрыхъур кIэпIейкIэ пщыкIутI къудейт, — и дзэлыфэр етI Хъан-Магъомэ.

— НтIэ, пфIахьэхуамэ, лIот ептынур?

— Мис мырат, — жери и кIэрахъуалъэм тоIэбэ.

— Ар ептынут?!

— ЛIот щIестынур? СыкъыIужыжынти, къыслъэщIыхьэу сиубыдын мурад зыщIам шэр и Iыхьэт.

— Къэпхьа-тIэ сытми?

— Ахьей къэсхьа! Псори къызэщIэскъуэри — макIуэ-мэлъей.



Лорис-Меликовым Хъан-Магъоми Елдари я хьэлыр къищIакIэт. Япэр щIалэ псынщIэ нэжэгужэт, и дуней тетыкIэ къикъуэлъыкIым щIихьэрт, щхьэпст, езым и псэми нэгъуэщIхэм яйми ириджэгурт, а джэгукIэ ехьэжьарат ар Щамил къыбгъэдэзышу урысхэм къахэзышари, абы и дежкIэ зырикIт нобэ урысхэм яхэкIыжу пщэдей Щамил и деж игъэзэжыныр. Елдар зищIысри къыбгурыIуэну гугъутэкъым: ар и мюршидым гукIи псэкIи хуэпэжу бгъэдэтт. Iэдэбт. Бланэт. Хьэл зэтет иIэт. Лорис-Меликовым зищIысыр къыхуэмыщIэр Гъэмзалэ нэф сырыхурат. Лорис-Меликовым илъэгъуа къудейтэкъым ар Щамил зэрыхуэпэжыр, атIэ икIи игъэунэхуакIэт урысу хъуам ятеплъэ зэрымыхъури, къехъулIамэ, ахэр псэууэ зэрыщIитIэфынури, гущыкI бзаджэ зэрахуищIри; мис арат Лорис-Меликовым къыщIыгурымыIуэр мор урысхэм къахыхьэн хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэр.

Лорис-Меликовым и щхьэм къыщихьэ щыIэт языныкъуэ унафэщIхэри арэзы зытехъуэ гупсысэхэр: Хьэжмурат ича лъэбакъуэри Щамил теухуауэ абы къиIуатэ хъыбархэри уи фIэщ пщIы хъуну пIэрэ? Ахэр мыпцIы зэфэзэщу пIэрэ? Ар урысхэм къащIыхыхьар абыхэм я тIасхъапIэхэр зригъэлъагъуу, аргуэру щIэпхъуэжу къуршым ихьэжыну армырауэ пIэрэ? А тIасхъапIэхэр къыхута нэужь, и къарухэр мис а лъэныкъуэмкIэ иунэтIын гугъэ имыIэу пIэрэ? А гукъэкIхэм я щыхьэтт Гъэмзалэ и дуней тетыкIэу хъуар. «Езы Хьэжмурати, адрей и гъусэхэми я мурад щэхухэр Iэзэу ягъэпщкIу, — егупсысырт Лорис-Меликовыр, — ауэ мыбы хущIэхъумэркъым урысхэм ятеплъэ зэрымыхъур».

Лорис-Меликовыр хуожьэ ар псэлъэгъу къищIыну. «Мыбы ущызэшыркъэ», — жери йоупщI. Ауэ мобы псэлъэну гукъыдэжышхуэ иIэтэкъым — и лэжьыгъэри зэпимыгъэууэ, и нэ закъуэ къыхуэнэжамкIэ Лорис-Меликовым бгъунжу къыхуоплъэкIри:

— Хьэуэ, сыщызэшыркъым.

КъызэреупщIа псоми я жэуапхэр апхуэдэущ къызэритар.

Лорис-Меликовыр абыхэм яхэтыхукIэ, Хьэжмурат и мюрид еплIанэ авар Хьэнэфийри къыщIыхьэжащ. Ар жьакIэ бацэт икIи пщэдыкъыцэт, и бгъэр къикIат. Зэгупсысышхуэ щымыIэми, лэжьакIуэфIт, сытым дежи ищIэн къигъуэтырт, Елдар етIуанэти, ари Хьэжмурат и унафэм зэрыпхуебэкъуэн щыIэтэкъым.

И гъусэхэм я деж прунж щхьэкIэ щыщIыхьэм, Лорис-Меликовым ар къегъэувыIэри йоупщI:

«Дэнэ ущыщ? Хьэжмурат узэригъусэрэ куэд щIа?»

— Илъэситху мэхъу, — жэуап къет Хьэнэфий. — Абырэ сэрэ дызэкъуажэгъущ. Си адэм абы и адэ къуэшыр иукIати, сэ саукIыжыну пылъахэт, — зы мыхьэнэншэ гуэр и гугъу ищI нэхъей, Iэсабзэу къопсалъэ, и набдзэ кIыр зэхэкIэжахэм къыщIэплъурэ Лорис-Меликовым къеплъу. — Абдеж сэ солъаIуэ къуэш сащIыну.

— Дауэт къуэш узэращIынур?

— Си щхьэр мазитIкIэ супсакъым, си Iэбжьанэхэр пызупщIакъым. ИтIанэ абыхэ я деж сокIуэ. Си адэм иукIам и анэ ПатIимэт сыбгъэдашэ. ПатIимэт и бгъэр къысхудехри, сэ мобы и къуэш сохъу.

АдэкIэ къыщыт пэшым Хьэжмурат и макъ къыщIоIукI. Елдар занщIэу къищIащ къызэреджэр, и Iэхэр фIилъэщIыкIри, зигъэлъэбакъуэхъуу псынщIэу ежьащ.

— Къоджэ, — Лорис-Меликовым зыкъыхуегъазэ къэзыгъэзэжа Елдар.

Нэжэгужэ зэпыт Хъан-Магъомэ зы тутын иретри, Лорис-Меликовым хьэщIэщымкIэ егъазэ.

*ЗэзыдзэкIар* **ЕЛГЪЭР Кашифщ**

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

# ЛЪЭПКЪ МАХУЭШХУЭ



*ФокIадэм и 20-р, Адыгэхэм (Шэрджэсхэм) я махуэр, 2016 гъэм ещанэу ягъэлъэпIащ.*

*А Iуэхур япэу ДАХ-м и зэхуэсым къыщыхэзылъхьар Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ. Адыгэхэм я махуэр къызэрежьам, ар лъэпкъым къызэдищтауэ зэригъэлъапIэм, абы ехъэлIауэ къызэрагъэпэщ Iуэхугъуэ дахэхэм тедгъэпсэлъыхьащ Мухьэмэд.*

**– Мухьэмэд, мы Iуэхур япэ дыдэу 2013 гъэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэхуэсым къыщыхэзылъхьауэ щытар уэращ. Республикэм и унафэщIхэм къывдаIыгъыу, дунейпсо мыхьэнэ иIэу фщIыну фызэрыхуейри щыжыпIат абы. Апхуэдэ махуэ диIэн щIыхуейм и щхьэусыгъуэу къэплъытэмрэ ар зэрагъэлъэпIэну щIыкIэмрэ дыщыбгъэгъуэзэну сыхуейт.**

– ДАХ-м и зэхуэсышхуэу Мейкъуапэ щекIуэкIам Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыщыхилъхьауэ щытащ адыгэ лъэпкъым и щхьэр щигъэлъэпIэжын, щIалэгъуалэр гушхуэу щызэхыхьэн зы гуфIэгъуэ махуэ диIэн зэрыхуейр. Къэбгъэлъагъуэмэ, ар адыгэхэм я закъуэкъым зи махуэшхуэу щытынур, атIэ ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ, щэнхабзэ бей, хабзэ дахэ зиIэ лъэпкъым пщIэ хуэзыщI дэтхэнэми и дежкIэ щхьэпэу щытынущ. Адыгэ щыпсэу къэрал псоми а махуэм фестивалхэр, концертхэр, зэпеуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр щебгъэкIуэкI хъунущ, лъэпкъым и къуэ, ипхъу пажэхэр бгъэлъэпIэну хъарзынэщ. Апхуэдэ махуэ хэгъэунэхукIа диIэн щIыхуейм и щхьэусыгъуэу къыдолъытэ адыгэ лъэпкъыр нэхъри зэкъуэувэнымкIэ, псэкупсэ къэщIэрэщIэжыныгъэм хуэкIуэнымкIэ, бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэм зегъэужьынымкIэ, анэдэлъхубзэр ягъэшэрыуэнымкIэ, хабзэмрэ щэнхабзэмрэ яхъумэнымкIэ сэбэп зэрыхъунур.

Апхуэдэ гурылъ дызэриIэр ди Iэтащхьэм щетхьэлIэм дигъэщIэхъуакъым, абыи къилъытащ а махуэм фIы куэд къыпэкIуэну. Абы щхьэкIэ фIыщIэ ин худощI.

**– Махуэшхуэр щагъэлъэпIэну фокIадэм и 20-м щIытрагъэхуам щхьэусыгъуэ хэха иIэ, хьэмэрэ игъащIэми адыгэм и гуфIэгъуэ Iуэхур щыдихыу щыта бжьыхьэм трагъэхуа?**

– Щхьэусыгъуэр куэд мэхъу. Япэу къыхэзгъэщыну сызыхуейр, дауи, ди адэжьхэм гъавэр къехьэлIэжын яуха нэужь, тхьэлъэIушхуэ ящIу гушхуэу зэхыхьэу зэрыщытарщ. «Гъатхэ унэр гъуанэщ» – жаIэрти, илъэсыр къазэрехъулIэнур ямыщIэу джэгу яублэу щытакъым. Хуабэр блэкIауэ, щIыIэр къэмысауэ, гъавэм и нықъуэр къырахьэлIэжарэ, и нықъуэр губгъуэм илъу, къызыхахынри яIэу, зыщыгугъри нэхъыбэжу гушхуэныр и чэзууэ къалъытэрти, я хьэгъуэлIыгъуэхэри абдежт къыщцыдахыр.

КъищынэмыщIауэ, Адыгэхэм я махуэр балигъхэм я закъуэтэкъым зытещIыхьар. Абы Iэмал имыIэу хэтын хуейхэм ящыщщ сабий гъэсапIэхэм, курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэри. Гъэмахуэ мазэхэр блэкIауэ, зызыгъэпсэхуахэри къекIуэлIэжауэ, къаруущIэрэ мурадыщIэрэ яIэу сабийри балигъри зэрызэхуэсыжыр къэтлъытащ. КъищынэмыщIауэ, ди тхыдэм Iуэху дахэ куэд къыхощыж фокIадэ мазэм адыгэм къехъулIауэ.



**– Гъуэгуанэ кIыхь къэзыкIуа лъэпкъыжьым лъэпкъ махуэ щхьэхуэ иIэу щыхабзэщ дунейм…**

– Сэ къызэрыслъытэмкIэ, мыпхуэдэ махуэ ди лъэпкъым куэд щIауэ иIэн хуеящ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди лъэпкъым къызэринэкIа гъуэгуанэм хуэдиз зи щIыбагъ къыдэлъ куэд дунейм теткъым. Китайр, Индиер, нэгъуэщI лъэпкъыжь зытIу щыIэщ. Абы хуэдэ дыдэу адыгэри илъэс мини 6 хъуауэ тхыдэм дитщ, ди цIэм зихъуэжурэ дыкъэгъуэгурыкIуа пэтми. ХьэткIэ, зихкIэ, касогкIэ къыдэджэу щытащ, ауэ иужькIэ шэрджэскIэ дуней псом дыхэIуащ. Сыт хуэдэ цIэ зедмыхьами, ди адэжь хабзэр ди Iэпэгъуу, нарт эпосыр ди лъабжьэу дыкъэгъуэгурыкIуащ.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Щомахуэ Татьянэ и тхыгъэ гъэщIэгъуэн тетащ «Университетская жизнь» газетым. Абы жиIэр пэжмэ, клинописькIэ тхэуэ щыщыта лъэхъэнэм щыщ сурэт тхыгъэхэм адыгэбзэкIэ, къэбэрдей диалекткIэ тха яхэтщ. Ар и щыхьэткъэ нэгъуэщI лъэпкъыжь куэдым дакъыдэгъуэгурыкIуэу, илъэс бжыгъэ куэд къызэрыткIуам?!

Мыпхуэдэ махуэ Индиеми Китайми яIэщ. ЦIыху миних фIэкIа мыхъу, Европэ Ищхъэрэм щыпсэу саами жыхуиIэ лъэпкъми, мелуани 7-м щIигъу цыджанхэми яIэщ...

**– Си гугъэщ адыгэ зэрыс хэгъуэгухэми, хамэ къэралхэми щагъэлъапIэу Адыгэм и махуэр махуэшхуэ ехьэжьа хъуну…**

– Урысей Федерацэм адыгэхэр щыпсэу и республикищым къыщащтэмэ, абы, шэч хэмылъу, и лъабжьэр нэхъ куу хъунущ. КъищцынэмыщIауэ, шэч лъэпкъ хэлъкъым мыр къэрал куэдым щыхэпхъа ди къуэшхэми къызэрыддащтэнум. Абы теухуауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэIущIэм дыщызэпсэлъати, Тыркуми, Сириеми, Иорданиеми, США-ми, Израилми, нэгъуэщI къэралхэми я лIыкIуэхэр арэзы техъуащ, икIи ягъэлъапIэу хуежьащ. Апхуэдэуи Шапсыгъ, Мэздэгу Адыгэ Хасэхэми, нэгъуэщI къалэхэм щыIэ Хасэхэм я тхьэмадэхэри къыпэджэжащ.

Адыгэбзэм, Адыгэ ныпым, Адыгэ фащэм, Къэзыгъэзэжахэм я махуэ хэхахэр диIэщ дэ. Ауэ, сэ сызэреплъымкIэ, мыхьэнэ нэхъыбэ ирату, илъэсым къриубыдэу ди лъэпкъыр зэхыхьэн хуейщ Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэмрэ Шэрджэсхэм я махуэмрэ. ФокIадэм и 20-м ди щIалэгъуалэр гушхуэу, ди ехъулIэныгъэхэр утыку къитхьэу, ди цIыху нэхъыфIхэр тIэту, ди хъугъуэфIыгъуэхэр дгъэлъагъуэу дызэхэтмэ, хъарзынэ хъуну къызолъытэ. Си гугъэщ ар тхузэфIэкIыну, Адыгейми, Къэрэшей-Шэрджэсми, хамэ къэралхэми щыпсэу адыгэхэм зэралъэкIым хуэдэу къызэрагъэпэщыну. Абы нэхъри дызэкъуигъэувэнущ, адыгэ Iуэхур нэхъ ефIэкIуэнущ.

**– БлэкIа илъэсищым уриплъэжмэ, дауэ ягъэлъэпIа а махуэр, цIыхубэм дауэ къызэдащта?**

– ЗэрыжысIам тету, сэ нэхъ сфIэкъабылщ а махуэм ди хъугъуэфIыгъуэхэр утыку къитхьэну, ди тхакIуэхэр, усакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, IэщIагъэлI цIэрыIуэхэр псоми къедгъэцIыхуну, ди гур хэзыгъахъуэ, ди лъэр щIэзыгъэкI, ди щхьэр лъагэу щIэтIэт сыт хуэдэ Iуэхури адрейхэм къыддалъагъун хуэдэу тIэтыну. ИкIи Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ зэгурыIуауэ фокIадэм икухэм щIидзэу гуфIэгъуэ зэхыхьэр ирагъэкIуэкI.

КъБР-ми, КъШР-ми, АР-ми диIэщ я IэзагъкIэ щIыпIэ куэдым цIэрыIуэ щыхъуа сурэтыщI гъуэзэджэхэр. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр республикищми щыбгъэлъэгъуэныр и чэзууэ къызолъытэ дяпэкIэ. Шыгъажэ, спорт зэхьэзэхуэ, адыгэ усакIуэхэм, уэрэджыIакIуэхэм я творческэ пшыхь егъэкIуэкIыныр, адыгэ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэгуэт гъэхьэзырыныр, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди къызэщIебгъэубыдэ хъунущ.

Мы гъэм и гугъу пщIымэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зимычэзу XI Конгрессым и егъэкIуэкIыгъуэр фокIадэм и 19-м те-

хуати, абы хамэ къэрал куэдым къикIыу къыщызэхуэса ди къуэшхэри хэтащ Адыгэхэм я махуэшхуэм. Нэгъабэ Налшык къалэ гуфIэгъуэм и курыхыр щыIамэ, мы гъэм гъэм ар районхэм яхьат. Ди хьэщIэхэри зэбграшри телъыджэ куэд ирагъэлъэгъуащ. Адыгэм гуфIэгъуэ дауэдапщэу иIэхэм ящыщу зыри къагъэнакъым ямыгъэлъэгъуа. Си щхьэкIэ си гуапэ хъуащ, хэкурысхэм я зэхэтыкIэ, я гуфIэгъуэ Iуэхухэр зэрекIуэкIыр зыхуэдэхэр ди лъэпкъэгъухэм я нэгу зэрыщIэкIар. ФIыщIэ яхуэфащэщ апхуэдэ махуэ дахэр зыгъэхьэзыра, езыгъэкIуэкIа район Iэтащхьэхэм.

Зиужь зэпыту илъэс къэс ягъэлъэпIэну сыхуейт мы махуэр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы лъэпкъыр зэришэлIэнущ, зэкъуигъэувэнущ. КъищынэмыщIауэ, щэнхабзэ, гъуазджэ, спорт, щIэныгъэ, медицинэ, литературэ я лъэныкъуэкIэ зэфIэкI лъагэ зыIэрызыгъэхьахэр, ди республикэм, ди лъэпкъым и цIэр щIыпIэ жыжьэхэм, хамэ къэралхэм щызыгъэIуахэр утыку къитшэныр, ахэр щIыхь тхылъхэмкIэ, саугъэтхэмкIэ дгъэпажэныр Iэмал зимыIэщ. Апхуэдэ махуэм къэбгъэлъэгъуэныр куэдщ. Ди хьэщIэхэми, къыддэпсэу ди къуэшхэми едгъэлъагъун хуейщ ди ерыскъыхэм я IэфIагъыр, ди щIалэ къуданхэм я зэфIэкIыр, ди пщащэ щIыкIафIэхэм я IэпэIэсагъэр, уэрэджыIакIуэхэм, къэфакIуэхэм я утыку итыкIэр, щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэр, тхакIуэхэм, усакIуэхэм, сурэтыщIхэм, композиторхэм я IэдакъэщIэкIхэр, нэгъуэщIхэри.

КъищынэмыщIауэ, хамэ къэрал щыпсэухэмрэ дэрэ дызэкIэлъыкIуэн, нэхъыбэрэ дызэрыщIэн хуейщ. А махуэм ди лIыкIуэхэр нэгъуэщI щIыпIэ щыхэхэс адыгэхэм яхыхьэн, апхуэдэ дыдэуи ди къуэшхэр хэкум къэдгъэблэгъэжын хуейщ. Ди бжьыфIагъыр дгъэлъагъуэу, ди шыгъупIастэм и къэуатыр нэхъыбэм къедгъэщIэу, ди щIалэгъуалэр зэрыщыпкъэр я дуней тетыкIэм къиIуатэу дыкъекIуэкIын хуейщ.

*Епсэлъар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**

# ОЛИМП ЛЪАГАПIЭМ ДЭКIА АДЫГЭЛIХЭР

*Ди эрэм и пэкIэ IX лIэщIыгъуэм Алыджым и Олимп Iуащхьэм япэ дыдэу щызэхаублащ лIыгъэрэ хахуагъэкIэ пасэрейхэр щызэхьэзэхуа зэпеуэ инхэр. Хъыбарыжьхэм къызэрыхэщыжымкIэ, нарт лIыхъужьхэми Хьэрэмэ Iуащхьэр я къару зэхэгъэкIыпIэт. А зэхьэзэхуэ телъыджэхэм щытекIуэхэр Хэкум щаIэтырт икIи зэфIэкI лъагэ зэраIэм къыхэкIыу тхьэпэлъытэу ябжырт. Олимп чемпионхэм пщIэшхуэ хуащIырт икIи ахэр къыщрагъэблэгъэжкIэ къалэхэр къэзыухъуреихь чэщанэхэр пхаудырти, абыкIэ дахьэжырт, адрей цIыху къызэрыгуэкIхэм къазэрыщхьэщыкIыр къыхагъэщу.*

*Илъэс минитIым щIигъуащ олимп зэпеуэхэр къызэрежьэрэ. Зэгуэр пIалъэкIэ зэпагъэуауэ щытами, ар тхыдэм къыхэтэджыкIыжащ икIи дунейм къытехъуа зэхьэзэхуэ нэхъ удэзыхьэххэм я деж жьантIэр щиIыгъщ. ДиIащ, диIэщ икIи диIэнущ абы адыгэ лъэпкъыр щызыIэта щIалэ ахъырзэманхэр. 1948 гъэм Великобританием и къалащхьэ Лондон щекIуэкIа XIV Гъэмахуэ Олимп джэгухэм дыщэ медалыр къыщызыхьа Догу (ГъукIэ) Яшар хиша лъагъуэ дахэм иужькIэ ирикIуащ Къаплъэн (Уащхъуэ) Хьэмидрэ (1956) Аталай (Нагъуэ) Хьэмидрэ (1968). Ди жагъуэ зэрыхъущи, зи гугъу тщIа бэнакIуэ телъыджэхэр тхыдэм зэрыхыхьар тырку чемпионхэущ, Урыс-Кавказ зауэжьым и ужькIэ къыщыхута къэралыгъуэм зыщыщ адыгэ лъэпкъыр щрагъэбзыщIурэ зэман кIыхькIэ къызэрекIуэкIам къыхэкIыу.*

*Илъэс 44-рэ хъууэ аращ адыгэр зэрыадыгэу олимп утыку къызэрихьэрэ. Тхыдэм и дежкIэ а зэман кIэщIым ди лъэпкъым ехъулIэныгъэ инхэр къыхудэкIуащ — дэ диIэ хъуащ Олимп чемпиону 6! Шыхъуэ Борис и лъакъуэрыгъажэм лъэщIыхьэнрэ Чыржын Мухьэрбий штангэкIэ къиIэта хьэлъэр тезычыфынрэ Германием и Мюнхен къалэм 1972 гъэм къыщыкъуэкIакъым. Тхуэугъурлащ дэ а нэмыцэ щIыналъэр. Япэрауэ, зэи къэмыхъуауэ, адэжь Хэкум щыщ ди щIалэхэр Олимпиадэм щытекIуащ. ЕтIуанэрауэ, зэкIэ а зыращ Олимп чемпионитI зэуэ адыгэхэм щыдиIар.*

*Джылахъстэней пщащэ Ахэмын Еленэ 1980 гъэм Мэзкуу щызэхэта Олимп джэгухэм волейболымкIэ дыщэ медалыр къыщихьа иужькIэ, илъэс тIощIкIэ апхуэдэ дамыгъэ лъапIэм иджыри дыпэплъэжын хуей хъуащ. ИтIанэщ лъэ быдэкIэ утыку къыщихьар ижь-ижьыж лъандэрэ ди адэжьхэм пщIэ лей зыхуащIурэ къэгъуэгурыкIуа бэнэкIэ спорт лIэужьыгъуэм хэт адыгэ щIалэхэр. Къардэн Муратрэ Хъущт Аслъэнбэчрэ 2000, 2008 гъэхэм Сиднейрэ (Австралие) Пекинрэ (Китай) дыщэр къыщытхуахьащ.*

145

*Куэд щIакъым адыгэм ди пщIэр аргуэру лъагэу Iэта зэрыхъурэ. Бразилием и Рио-де-Жанейрэ къалэм щызэхэта XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм текIуэныгъэ гукъинэжхэр щызыIэрагъэхьащ бэнакIуэ гъуэзэджэхэу Мудрэн Беслъэнрэ Джэду Iэниуаррэ. Ахэращ ди нобэрей тхыгъэр зытеухуари.*

## Рио-де-Жанейрэ хуэзыша гъуэгур

ГъащIэми хуэдэу, спортым цIыхухэр лъагъуэ зырызкIэ хохьэ. Абы щыгъуэми зэтехуэныгъэ куэд щыIэщ. Къапщтэмэ, Мудрэн Беслъэнрэ Джэду Iэниуаррэ я натIэ хъунур къахухэзыхар я къуэшхэращ. Ахэращ мы щIалэхэр бэнакIуэм хэзышар.

Беслъэн спортым зэрыхыхьар самбэращ. Зыгъэсэн зэрыщIидзэрэ куэд дэмыкIауэ, 2007 гъэм ар Урысей Федерацэм и чемпион хъуащ икIи дунейпсо зэпеуэм дыжьын медалыр къыщихьащ. Абыхэм къыхэкIыу «Дунейпсо классымкIэ спортым и мастер» цIэ лъапIэр къыфIащащ. АрщхьэкIэ иужькIэ дзюдор къыхихыжащ. Щхьэусыгъуэр зы закъуэщ — дэтхэнэ зы спортсменми хуэдэу, Мудрэныр щIэхъуэпсырт Олимп зэпеуэхэм хэтыну, арщхьэкIэ самбэр абы и программэм хагъэхьатэкъым. Дзюдом и Iуэхур абыкIэ нэхъыфIт.



Зэман кIэщIым къриубыдэу бэнэкIэ лIэужьыгъуэщIэр Беслъэн къигъэIурыщIащ икIи къыкIэлъыкIуэ илъэсым абыкIи къэралым щынэхъ лъэщ дыдэ хъуащ. АдэкIэ Европэм чемпион (2012, 2014 гъэхэм), дунейпсо зэхьэзэхуэм етIуанэ (2014 гъэм) щыхъуащ, Европей джэгухэм (2015) дыщэ медалыр къыщихьащ. Абыхэм къапэкIуащ «Урысей Федерацэм дзюдомкIэ щIыхь зиIэ и мастер» цIэр. АдэкIэ Олимп лъагапIэм хуэкIуэ гъуэгур къызэIуха хъуащ.

Тыншу щытакъым Джэду Iэниуар спортым зэрыхыхьа щIыкIэри. Езыр щалъхуа Псыгуэнсу къуажэм и адэ къуэш Анатолэ къыщызэригъэпэща бэнакIуэ пэшым япэу щыкIуам и Iэр къутауэ къыщIэкIыжащ. Ирикъунт ар спортым гущыкI ирихуэпщIыну. АрщхьэкIэ ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьэфыр ерыщырщ. Япэ фэбжьым къригъэкIуэтакъым Iэниуар икIи и хъуэпсапIэм лъагъуэ хухишащ. Республикэм, къэралым текIуэныгъэхэр къыщихьурэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам лъэбакъуэ зырызурэ хуэкIуащ. Апхуэдэ дзыхь къезыгъэзахэри хущIегъуэжакъым. 2010 гъэм щегъэжьауэ абы ди къэралми лъэпкъми я пщIэр иIэт зэпытурэ екIуэкIащ. А зэманым къриубыдэу Джэдум Дунейпсо кубокыр зыIэригъэхьащ, тIэунейрэ Европэм и чемпион хъуащ, Европей джэгухэм щытекIуащ, дунейпсо чемпионатым жэз медалыр къыщихьащ, нэгъуэщI зэпеуэ куэдми бжьыпэр щиубыдащ.

Бразилием кIуэнухэр кIэухыу щызэхагъэкIа Урысей Федерацэм и чемпионатри Iэниуар къехъулIащ. БэнэкIэ хуитымкIэ килограмм 74-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм адыгэ щIалэм псори щытридзащ. КIэух

зэIущIэм абы къыщыпэщIэуващ иужьрей Олимп джэгухэм жэз медалыр къыщызыхьа, дуней псом щэнейрэ и чемпион Царгуш Денис. А тIум я зэныкъуэкъуныгъэр гуащIэ зэрыхъунум шэч хэлътэкъым.

ЗэIущIэр иухыным секундищ фIэкIа имыIэжу бжыгъэр 2:2-т. Абдежым Джэду Iэниуар напIэзыпIэм зыкъызэкъуихри, и хьэрхуэрэгъур идзащ икIи аргуэру баллищ къилэжьри, 5:2-уэ текIуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ар ди къэралым и чемпион хъури, дыщэ медалымрэ саугъэту доллар минипщIрэ къыхуагъэфэщащ. ИкIи Псыгуэнсу къуажэм щыщ адыгэ щIалэр Бразилием щызэхэтыну Олимп джэгухэм зэрыкIуэнур абдеж щызэхэкIащ.

Ди щIалэхэр Бразилием зэрыщымыхуэмыхунур хэт и дежкIи гурыIуэгъуэт. Нэрылъагъут ахэр зы щхьэкIи къызэримыкIуэтынур. Уеблэмэ, абы гу лъитат Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимири. Мы илъэсым и пэщIэдзэм ар Сочэ кIуат, къэралым дзюдомкIэ и гуп къыхэхам абы зэрызыщигъасэм кIэлъыплъыну. Путиныр кимоно щыгъыу къыщIыхьэри, япэщIыкIэ гупым и тренер нэхъыщхьэ Гамбэ зымащIэрэ ебэнащ. ИтIанэ зызыгъасэ спортсменхэм яхыхьащ. Мудрэным и гъусэу зэрытрадзэ Iэмал гуэрхэр щагъэлъагъуэм, Президентыр абы къеупщIащ Олимпиадэм зэрызыхуигъэхьэзыр щIыкIэмрэ и мурадхэмкIэ.



Беслъэн къэралым и Iэтащхьэм жриIащ Рио-де-Жанейрэ кIуэну зэримурадыр икIи Iэмал имыIэу медалхэм зэрыщIэбэнынур.

— Сыт хуэдэ медаль узыщыгугъыр? — щIэупщIэжащ Путиныр.

— Дауи, дыщэращ, — жэуап пыухыкIа итащ ди щIалэм.



Путин Владимиррэ Мудрэн Беслъэнрэ.

Хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу къилъытэхэм щыщIэупщIэм, Беслъэн Японием щыщ Такатэ Наохисэ и цIэр къриIуащ. Нэхъапэм ахэр зыбжанэрэ зэпэщIэхуати, гъуэрыгъуэурэ текIуэныгъэр зыIэрагъэхьащ. Иджы Олимпиадэм Мудрэным щичэзууэ къелъытэ.

Урысей Федерацэм и Президентым игу къэкIыжащ Такатэрэ Мудрэнымрэ иужьу зэрызэбэнар зэрилъэгъуар. Зыщыщ лъэп-

къыр зригъащIэри, къыпищащ: «Сыт жыпIэр?! Къэбэрдейхэр японхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъэщщ. ИIэ, ятекIуэ...»

Бэнэныр яуха иужькIэ зэхэта зэIущIэм Путиным щыжиIащ къэбэрдейхэр японхэм хъыжьагъэкIэ ефIэкIыу къызэрилъытэр. Ар ди лъэпкъэгъухэм я гуапэ зэрыхъуар наIуэщ икIи а Iуэхугъуэр зэрыпэжым куэд мыщIэу Бразилием щыхьэт щытехъуэжащ.

## Бразилием и бэнапIэ утыкухэм

ГуфIэгъуэшхуэкIэ щIидзащ Бразилием и Рио-де-Жанейрэ къыщызэIуаха XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм. Абы и япэ махуэм япэ дыщэ медалыр Урысейм къыхуихьащ Бахъсэн къалэм щыщ адыгэ щIалэ Мудрэн Беслъэн — дзюдомкIэ килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж ар Олимп чемпион щыхъуащ! Къэбэрдей щIалэр и хьэрхуэрэгъу псоми ефIэкIри, Олимп лъагапIэм къыщыхутащ. Ар тыншауэ зыми хужыIэнукъым.

Бразилием щызэхэтыну Олимп джэгухэм и пэ къихуэу допингым ехьэлIауэ щыIа псалъэмакъ, Iуэху мыщхьэпэ куэдым иужькIэ ди къэралым и спортсменхэм я гур иудауэ абы ирихьэлIэн хуейт. Арат зыщыгугъар ди ныкъуэкъуэгъухэри. АрщхьэкIэ...

XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм я япэ махуэм утыку къихьэнут дзюдомкIэ щэнейрэ Европэм и чемпион, Урысей Федерацэм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер ди лъахэгъу Мудрэн Беслъэн. Абы тепыIэншэу дыпэплъэрт, дэтхэнэ зы хъыбарри къэтпхъуатэу телевизорымрэ интернетымрэ дабгъэдэсу.

Мудрэным и япэ хьэрхуэрэгъу, Голландием къикIа Мурен Джерен адыгэ щIалэм къыпигъэувын иIакъым. Беслъэн ар хигъащIэри, Арменином щыщ Давтян Ованес финалым и 1/8-нэ Iыхьэм щыIущIащ. Абыи зэрелIэлIэща щыIэкъым. АдэкIэт зэпэщIэтыныгъэ нэхъ гугъухэм щыщIидзэр.

Финал ныкъуэм кIуэн папщIэ адыгэ щIалэм къыпэуващ дунейпсо рейтингым щыпашэ Ким Вон Чжин. Корее Ипщэм щыщ дзюдоистыр лъэщым и закъуэтэкъым, атIэ хьилагъи зыхэлът. Ар «зэрымыщIэкIэ» Беслъэн и нэм щIэIэбащ, абыкIэ нэхъ мыхъуми иригъэкIуэтын и мураду. Мудрэныр апхуэдэу къыпхуэгъэдзыхэнутэкъым. Дохутырхэр къеIэзэри, бэнэныгъэм пищащ икIи и хьэрхуэрэгъур хигъэщIащ.

Финалым хуэзыша гъуэгури тыншакъым. Куржым щыщ Папинашвили Амирани щIэхъуэпсырт и хэкур игъэлъэпIэну. АрщхьэкIэ текIуэныгъэр зыIэрыхьэнур а тIум язырат. Ар езым зэрынэхъ хуэфащэм Мудрэн Беслъэн зыми шэч къытрыригъэхьакъым — къыпэщIэтар къабзэу тридзэри, медалхэм ящыщ зы къызэрыIэрыхьэнур белджылы ищIащ. Ар дыщэми дыжьынми щызэхэкIынур иужьрей зэIущIэрат.

Къэзахъстаным къикIа Сметов Елдос и ныбжьыр илъэс 23-рэ фIэкIа мыхъуми, дунейпсо чемпионт. Апхуэдэм упэщIэтыныр, дауи, къызэрыгуэкI Iуэхутэкъым. АрщхьэкIэ Мудрэным фIы дыдэу къыгурыIуэрт къикIуэт зэрымыхъунур — Къэбэрдей-Балъкъэрри, Урысей Федерацэри, дуней и дэнэ щIыпIи щыпсэу адыгэхэри абы къыдэщIырт. Псори щIэхъуэпсырт Беслъэн и текIуэныгъэм.

Бэнэныгъэр гуащIэу щытащ. Сметовым и щIалагъэмрэ жыджэрагъымрэ Мудрэным и Iэзагъымрэ лъэщагъымрэ пигъэуващ. Нэхъ лъэрызехьэр щызэхэкIар иужь дыдэ секундхэращ. Беслъэн и хьэрхуэрэгъум лъакъуэпэщIэдз хуищIри, ириудащ. Ар текIуэныгъэт! Мэзкуу зэманымкIэ жэщыр сыхьэт 12-м нэблэгъами, Бахъсэн къали, Налшыки, Мудрэным дэщIа цIыху минищэхэр щыпсэу нэгъуэщI щIыпIэхэри дэрэжэгъуэ иным зэщIищтат.



Афэрым, адыгэлI! Зэи къэмыхъуауэ ди лъэпкъым иджы къыхэкIащ дзюдомкIэ Олимп чемпион. Ар Мудрэн Беслъэнщ!

Бразилием щекIуэкI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм Урысей Федерацэм япэ дыщэ медалыр къыхуэзыхьа Мудрэн Беслъэн и текIуэныгъэм теухуа хъыбарымкIэ къызэIуахащ дунейм я хъыбарегъащIэ IэнатIэ нэхъыщхьэхэм я къыдэкIыгъуэхэр. Дэтхэнэми хуэфэщэн пщIэ лъагэ щыхуащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адыгэ щIалэм и ехъулIэныгъэ иным, къызыхэкIа лъэпкъым, къэралым я дежкIэ абы иIэ мыхьэнэм. Езыми, журналистхэм щепсалъэм аргуэру хэкулI нэсу зыкъигъэлъэгъуащ. Абыхэм ящыщ зы къеупщIат цIэрыIуэ зэрыхъуам къыхэкIыу дяпэкIэ дэнэ щыпсэуну къыхихынуми. «Си хэкужь хуэдэ щыIэкъым. Дуней псор тIэу-щэ хъурейуэ къэслъэтыхьащи, унэм щызгъэзэжынум сыт щыгъуи тепыIэншэу сыпоплъэ. Ди бгы лъагэхэм, дыкъэзылъхуахэм, гъунэгъухэм, Iыхьлыхэм зэи

защызгъэнщIыркъым». Олимпиадэм зэрыщытекIуам папщIэ къратыну мылъкур къызэригъэсэбэпыну щIыкIэмкIэ къыщеупщIами, ярытыжа жэуапыр абы пщIэ лей хуозыгъэщIщ. «Рио-де-Жанейрэ сыкъежьэн ипэкIэ ди анэм къызжиIащ: «Дэ уэ сом мелуанхэмкIэ дыпщыгугъыркъым, ахэр дэри къэдлэжьыфынущ, дыщэ медалыр зыIэрыгъэхьэ». Сэ мыбы олимп джэгухэм яхузиIэ хъуэпсапIэм сыкъиша щ икIи ар къызэхъулIащ. Аращ псом ящхьэр».

Олимпиадэм и щIэдзапIэр телъыджэт. Абы хуэфащэу къыпащэну дыщыгугъырт бэнэкIэ хуитымкIэ ди щIалэ ахъырзэманхэу Европэм щэнейрэ и чемпион Джэду Iэниуаррэ дуней псом апхуэдиз дыдэрэ щынэхъ лъэща Махуэ Билалрэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Билал мэскъалкIэ зэрыбэлэрыгъам медалыншэу къигъэнащ, япэ дыдэ зэIущIэм къыщыхагъащIэри. Iэниуар абы и цIэкIи утыкур игъэбжьыфIэфащ. Ауэ ар къыщыхъуар Олимп джэгухэр иухыным зы махуэ иIэжущ.

ШыщхьэуIум (августым) и 19-м и мэрем пщыхьэщхьэм адыгэ лIыхъужь цIэрыIуэхэм иджыри зы къахэхъуащ. Ар Джэду Iэниуарщ. Рио-де-Жанейрэ дыщэ медалыр къыщылъымысами, дуней псор абы и лIыгъэм итхьэкъуащ икIи щытхъу псалъэ куэд къилэжьащ.



Ди республикэм и къалащхьэм щыIэ ЗэгурыIуэныгъэм и утымрэ Iэниуар къыщалъхуа Псыгуэнсу къуажэм дэт спорткомплексымрэ телевизорышхуэхэр щагъэуваурэ цIыху минхэр эфир занщIэкIэ ар зэрыбанэм кIэлъыплъырт.

Джэдум япэу къыпэщIэхуа Абдурахманов Бекзод зэхьэзэхуэм урихыхьэну хьэрхуэрэгъу хъарзынэт. Iэниуар узбек щIалэм зэрелIэлIэща щыIэкъым икIи 10:5-уэ текIуащ. Нэрылъагъут абы и къарур зэрызэригъэзахуэр икIи бэнэныгъэ нэхъ гуащIэхэр дяпэкIэ къызэрыпэщылъыр къызэрыгурыIуэр.

АдэкIэ, пасэу ирагъэкIуэкIа пхъэидзэм ипкъ иткIэ, Джэду Iэниуар пэщIэтын хуейт нэхъапэм къыхэзыгъэщIауэ щыта, 2012 гъэм Лондон щекIуэкIа Гъэмахуэ Олимп джэгухэм я чемпион, дуней псом щэнейрэ щытекIуа, Дунейпсо Кубокыр тIэунейрэ къэзыхьа Барроуз Джордан. США-м и бэнакIуэр мы спорт лIэужьыгъуэм щынэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр наIуэт икIи зыри темыкIуэфыну куэдым къащыхъурт. Джэду Iэниуаррэ абырэ я зэпэщIэтыныгъэм сыт хуэдэ зэхьэзэхуэми и кIэухыр игъэдэхэфынут. АрщхьэкIэ ахэр финалым и Iыхьэ плIанэм щызэхуэзат икIи тIум языр текIуэтын хуейт.

ЗэпэщIэтыныгъэр хуабжьу зэрыгуащIэнур япэ дакъикъэм къигъэлъэгъуащ. Барроуз къэщхьэфэуэну зыкъыщишэщIым, Джэдур абы еIунщIри, алэрыбгъум ирихуащ. БэнакIуитIым я зэплъыкIэм уигъэшынэжырт, зыр адрейм IэщIэукIэну къыпфIигъэщIу. ТIуми быдэу епсалъэщ икIи дагъуэ яхуищIри, судьям адэкIэ бэнэныгъэм пригъэщащ.

Iэниуар и ныкъуэкъуэгъу цIэрыIуэм къыпимыкIуэт дэнэ къэна, ар зэхэзехуэн ищIат. Джордан Iэнкун хъуати, нэхъыбэу зэлIалIэр зэрызихъумэжынырат. АрщхьэкIэ абы къехъулIэр мащIэт. Хуэмхуэмурэ Джэдур 3:0-у япэ щищам, текIуэныгъэр зэрыгъунэгъу дыдэр псоми зыхащIащ. Ауэ угуфIэну иджыри пасэIуэт. Ар наIуэ къытщищIащ Барроуз. Абы и Олимп чемпионыгъэр фIырыфIкIэ игъэтIылъынутэкъым. Мис бжыгъэр 3:2 хъуащ. Къэнэжа секундхэр дыпIащIэурэ къыпыдобжыкI. Iэниуари и къару къызэрихькIэ зиIыгъщ. Тху, плIы, щы, тIу, зы… текIуэныгъэ! Джэду Iэниуар хигъэщIащ дуней псом щэнейрэ щынэхъыфIа, Олимп чемпион Барроуз Джордан. Ар хуабжьу ехъулIэныгъэшхуэщ, ауэ абдежми укъыщызэтеувыIэ хъунукъым.

Финалым хуэзышэ гъуэгур Iэниуар хуабжьу къехьэлъэкIащ. Азербайджаным щыщ Гасанов ДжэбрэIил дунейм щынэхъ лъэщхэм ящымыщми, Барроуз хуабжьу иригъэша Джэдур къыхигъэзыхьащ. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэр щиухам ар 4:0-у япэ ищат.

БэнакIуэ куэд щыIэкъым апхуэдизу къефIэкIыу щIэзыдза и хьэрхуэрэгъур иужькIэ иригъэкIуэтыжыфу. Джэдур а закъуэтIакъуэм ящыщщ. КъыкIэлъыкIуэ дакъикъищым абы бжыгъэр 5:4-м нигъэсри, финалым хэтыну хуитыныгъэ къихьащ. АрщхьэкIэ Гасановым къаруушхуэ дыдэ зэрытригъэкIуэдар нэрылъагъут. КъищынэмыщIауэ, Iэниуар и нэщIащэр зэгуэудауэ лъыр щIэх-щIэхыурэ ягъэувыIэн хуей хъурт.

КIэух зэIущIэм зыхуигъэхьэзырыну Джэдум сыхьэт зытIущ иIэт. А зэманыр трагъэкIуэдащ игъуэта фэбжьхэр пIалъэкIэ нэхъ мыхъуми ягъэундэрэщхъуэным. Ди дохутырхэм ар хъарзынэу яхузэфIэкIа хуэдэт.

Финалым къыщыпэщIэува Язданишариати Хьэсэн Ираным щыщт. БэнэкIэм а къэралым ижь-ижьыж лъандэрэ гулъытэ хэха щегъуэт икIи абы япэ ирагъэщ спорт лIэужьыгъуэ щыIэкъым. Дауи, гурыIуэгъуэт а зэпэщIэтыныгъэр тынш зэрымыхъунур.

И къарур зэрыгъуэтыжауэ икIи и узыншагъэр мащIэу зэфIагъэувэжауэ Джэду Iэниуар кIэух зэIущIэм утыкум къихьащ. Абы къыгурыIуэрт псынщIэ-псынщIэу и хьэрхуэрэгъур хигъэщIэн зэрыхуейр, армыхъумэ и фэбжьхэм зыкърагъэщIэнут. 6:0-у япэ щищам зы шэчи къытетхьэжыртэкъым адыгэ щIалэр чемпион зэрыхъунум. АрщхьэкIэ адэкIэ къэхъуам дигу къигъэкIыжащ илъэс мин ипэкIэ ди лъэпкъым къылъыкъуэкIа Iуэхугъуэ гуузыр.

*ЕпщыкIузанэ лIэщIыгъуэм (1022 гъэм) урысыпщ Мстислав адыгэхэр дыкъызытехъукIыжа зиххэмрэ касогхэмрэ я щIыр къизэуну ежьащ. Зы лъы ткIуэпс къащIэмынэжыхукIэ зи Хэкур зыхъумэжыну ди адэжьхэр абыхэм къапэуващ. Дзэхэм зыщызэраупсейм,*

*адыгэхэм я пашэ Ридадэ къыхилъхьащ, зэбийхэм ящыщ зырыз зэрагъэбэну, текIуам и лъэныкъуэм зауэр ихьауэ къалъытэну. Абы щыгъуэми зэгурыIуащ Iэщэ къамыгъэсэбэпу я къарурэ зэфIэкIкIэ зэныкъуэкъуну.*

*Лъэныкъуэхэр арэзы хъури, я дзэпщхэр зэпагъэуващ. Ридадэрэ Мстиславрэ куэдрэ зэрызехьащ. Хуэм-хуэмурэ наIуэ хъурт адыгэпщыр зэрытегуплIэр икIи мыгувэу ар зэрытекIуэнур. Зи къарур кIуэщI Мстислав, нэгъуэщI хэкIыпIэ имыгъуэтыжу, и гъуэншэдж тхьэIум дэгъэпщкIуа хьэджэсэр къызыкъуихри, зыми гу лъамытэу, Ридадэ къепыджащ. УIэгъэ хьэлъэ хъуам и къарур щIэкIри хьэдэу къэджэлащ...*



... Фэбжьыр зыхуэзэ щIыпIэр зылъагъу Язданишариати зэрымыщIэкIэ хуэдэурэ абы жьэхэуэрт. ИкIи лъым аргуэру къыщригъэудыжащ. ЗэIущIэр зэпагъэури, дохутырхэм къеджащ. Дыдейхэр Джэдум бгъэдагъэхьэртэкъым. Пасэу ягъэува хабзэмкIэ, утыку ит бэнакIуэхэм еIэзэр абы хухаха дохутырхэрщ. Зыкъомрэ елIалIэри, лъыр къызэтрагъэувыIащ. Бэнэн щIадзэжри, аргуэрыжьт. ЗэIущIэр адэкIи мызэ-мытIэу зэпагъэун хуей хъуащ. Лъыр ямыгъэувыIэмэ, бэнэныгъэр щагъэтынурэ, хьэрхуэрэгъум текIуэныгъэр иратынут.

Дохутырхэр къеIэзауэ къыщихьэжам, Iэниуар лъыгъажэшхуэ хэтауэ фIэкIа пщIэнтэкъым. И нэхэр къызэрыщIэщ щымыIэу и щхьэри и пщэри къепхэкIат, бэуапIэ кърамыту.

ЛIыгъэу иIэр зэхилъхьэри, абы бэнэныгъэм пищащ. АрщхьэкIэ и къарухэр щIэкI зэпытт. Ираным щыщ бэнакIуэр а щытыкIэм нэхъри къытригъэгушхуэрт икIи хуэм-хуэмурэ бжыгъэр 6:4-м нэсащ. Къэнэжар секунд бжыгъэт.

152

Зи нэхэр къыщхьэрипхъуэ Джэду Iэниуар Язданишариати Хьэсэн къызэщIиубыдащ. Ахэр лIэн-къэнэну зоныкъуэкъу. ЗэIущIэр еух, ауэ абы зы мэскъалкIэ япэ иту перс щIалэм аргуэру очкоитI судьям кърет.

Бжыгъэр 6:6 хъуащ. ЗэрытемыгъэкIуа хуэдэщ, арщхьэкIэ спорт бэнэкIэм езым и хабзэ иIэжщ: бжыгъэр щызэхуэдэм и деж иужьу очко къэзыхьар япэ ирагъэщ. А щIыкIэм тету Ираным къикIам япэ увыпIэр лъысащ. Лъыпсыр къызыпыж Iэниуар къыIэрыхьар дыжьын медалращ, ауэ IэщIагъэлIхэми абы кIэлъыплъахэми къызэралъытамкIэ, ар дыщэ куэдым нэхърэ нэхъ лъапIэщ.

— Дыжьынмэ, дыжьынщ, — и щхьэр къыхуэмыIэту жиIащ Джэду Iэниуар зэхьэзэхуэ нэужьым. — Узыр къысфIэIуэхутэкъым, си фэр изыхар щIэх-щIэхыурэ зэIущIэр къызэрагъэувыIэрт.

— Уи жьэпкъыр къызэщIиубыдэу уи щхьэр щыфIапхыкIам, убэуэфрэт?

— Дохутырхэм яжесIат жьы зэрызмыгъуэтыр. АрщхьэкIэ къызгурагъэIуащ, лъыр къахуэмыгъэувыIэмэ, зэIущIэр иухауэ къызэралъытэнур. СлIот сщIэнур? Арэзы сыхъун хуей хъуащ. СыщIыхагъэщIар арауэ къызолъытэ. ИпэжыпIэкIэ, сэ мы зэпэщIэтыныгъэр нэхъ пасэу езгъэухыну сыхущIэкъуащ, 10:0-у япэ сищу, ауэ къызэхъулIакъым.

— Уи хьэрхуэрэгъум ирата иужьрей очкоитIыр уфIэзахуэ, уэ абы и лъакъуэр пIыгъащ.

— Судьяхэм нэхъ ящIэнщ.



— Барроуз узэребэна щIыкIэм тIэкIу утхутепсэлъыхьыфын?

— Абы мыхьэнэшхуэ иIэт. АрщхьэкIэ дыщэр зыIэрыхьари нэгъуэщIщ.

— Фэ тIур фызэзауэ пэтащ.

— Барроуз занщIу сигъэшынэну и гугъащ. Сэри дыгъуасэкъым спортым сыщыхыхьар, хуэфащэ жэуап естын хуейщ хъуащ.

— Дыжьын медалыр уи Iэрылъхьэу Олимпиадэм уокIыж. Абы щхьэкIэ къэмынэу, утекIуауэ, ехъулIэныгъэ ин зыIэрыбгъэхьауэ къэплъытэркъэ?

— Сэ сыкъыздэкIуар дэнэми сщIэрт икIи си хъуэпсапIэр дыщэрат. АрщхьэкIэ гъащIэм сытри къыщохъу.

Джэду Iэниуар и лIыгъэр здынэсыр дуней псом щалъэгъуащ. ИкIи абы и  дыжьын медалыр дыщэм ефIэкIыу къалъытащ ипэжыпIэкIэ спортыр фIыуэ зылъагъухэм.

## Хэкум щагъуэта пщIэр

Пасэрей алыджхэм ирахьэжьа хабзэм тету, Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм къыщыхэжаныкIа ди щIалэхэр Iэтауэ Хэкум къыщрагъэблэгъэжащ. Мэзкуу и «Шереметьево» кхъухьлъатэ тIысыпIэм къызэрыщетIысэхыу абыхэм адыгэ джэгукIэ къащыIущIащ, къэралымрэ лъэпкъымрэ я ныпхэр яIыгъыу. АдэкIи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъунапкъэм къыщихьэжым, гупышхуэу къапежьащ республикэм и къалащхьэм, езыхэр щалъхуа Бахъсэн къалэмрэ Псыгуэнсу къуажэмрэ икIахэр. Абыхэм къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъагэхэр, саугъэт лъапIэхэр, псэупIэ екIухэр, я цIэр иратхащ Олимп щIыхьым и аллеем.

Мудрэн Беслъэнрэ Джэду IэниуаррэIущIэну къэкIуахэм яхэтт благъэхэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр, къулыкъущIэхэр... Дэтхэнэми ахэр иIэтынут, игъэлъэпIэнут, псалъэ гуапэ, IэфI жриIэнут. КъызыхэкIа лъэпкъым а щIалэхэр хуигъадэрт зи лIыгъэм уэрэд хуауса Бэдынокъуэ, Сосрыкъуэ, Андемыркъан сымэ. Абы нэхъ лъапIэ сыт щыIэ?!

Беслъэнрэ Iэниуаррэ зыкъомкIэ зэщхьщ. Тхьэм и шыкуркIэ, зи адэ-анэр къызыщхьэщыт, езыхэм я унагъуэ яухуэжауэ щIэблэ узыншэ къызыщIэхъуэ, фIэщхъуныгъэрэ гу къабзагъэрэ зыхэлъ адыгэлI нэсщ ахэр. Я ныбжькIи зрагъэхь щыIэкъым — зыр илъэс 30 хъуа къудейщ, адрейр абы нэсыпащ. А зэман кIэщIым къриубыдэу яхузэфIэкIащ къызыхэкIа лъэпкъым, щыпсэу Хэкум я пщIэр лъагэу яIэтыну. Мудрэн Беслъэнрэ Джэду Iэниуаррэ я зэфIэкIымкIэ я цIэр тхыдэм дыщэпскIэ хатхащ. Шэч хэлъкъым къытщIэхъуэ щIэблэм ахэр сыт щыгъуи щапхъэ зэрахуэхъунум.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист*

# СИ КЪУАЖЭГЪУ ЩЭДЖАЩЭХЭР

Жанхъуэтхьэблэ къуажэжьым, иджы ПсыгуэнсукIэ зэджэм, къыдэкIащ лъэпкъ культурэм, литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа цIыху цIэрыIуэ куэд: ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ гъуэзэджэхэу, и набдзэу щытахэу Сонэхэ Мухьэрбий, Башир, Щхьэгъэпсо Мухьэмэд, Болэ Мурат, Къардэнхэ ХьэкIуцэ, Лъостэнбий, Мысостышхуэ Пщызэбий, ноби театрым щылажьэхэу Балъкъыз Валерэ, Тхьэщыгъуей Жаннэ, тхакIуэхэу, драматургхэу Акъсырэ Залымхъан, Мысачэ Пётр, Бозий Людин, режиссёр Iэзэ ШэрыIужь Анатолэ, балетым и артист нэхъыфIу щытахэу Къардэн Борис, Бекъалды Ахьмэд, художник цIэрыIуэ Црым Руслан сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми фIыщIэшхуэ хуэфащэщ. Сэ журналым еджэхэм аргуэру зэ ягу къэзгъэкIыжыну сыхуейт лъэужь дахэ къызэзынэкIа, нобэ къытхэмытыж артист щэджащэхэр.

Зауэм ипэкIэ Мыкъуэ Хьэцэ жари ди жылэм дэсащ лIы гушыIэрей. Ар артист IэщIагъэм зыщIыпIи щыхуеджатэкъым, ауэ, Тхьэм къритауэ, зэчий бгъэдэлът. Хьэцэ ажэгъафэу зэрыджэгум еплъыну нэгъуэщI къуажэхэм къикIыурэ ди жылэм къакIуэрт. «БгыцIыкIущхьэкIэ» зэджэ губгъуэ удзыпцIэм май, октябрь махуэшхуэхэм къуажэдэсхэр щызэхуэсырт. Абы къакIуэхэм я нэхъыбэр бгым щIыдэкIыр Хьэцэ къаритыну дэрэжэгъуэрт.

ЕгъэджакIуэ ФIыцIэ Хьэсэнбий зэчий зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэ гуп къызэригъэпэщри къуажэ клубым 1935 гъэм щигъэувауэ щытащ «Зэрылэрэ Зулийрэ» спектаклыр. Абы щыджэгуащ КъардэнгъущI Зырамыку, Сонэ Башир, Хьэсанэ Хьэбашэ, Созей Дыщэнэ, Къардэн Хурирэт сымэ. А махуэм ди къуажэм къэкIуа Къалмыкъ БетIали, клубым ирагъэблагъэри, спектаклым ирагъэплъащ. Ар иуха нэужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр утыкум къихьэри спектаклым хэтахэм ехъуэхъуащ икIи абыхэм кърахьэжьа Iуэху дахэр адрей жылэхэми щапхъэ яхуэхъун зэрыхуейр къыхигъэщащ.

Мэзкуу Луначарскэм и цIэр зэрихьэу дэт театр институтым къикIри а гъэ дыдэм ди щIыпIэм къэкIуауэ щытащ комиссэ – зэфIэкI зыбгъэдэлъ, артист къызыхэкIыну узыщыгугъ хъуну щIалэгъуалэ гуп къыхахыу къалащхьэм яшэу щрагъэджэну. Къалмыкъым и чэнджэщкIэ Шортэн Аскэрбий хьэщIэхэр Псыгуэнсу къешэ. Ди къуажэ щIалэгъуалэм ящыщу къыхах КъардэнгъущI Зырамыку, Сонэхэ Мухьэрбийрэ Баширрэ, Болэ Мурат, Хьэсанэ Хьэбашэ, Шыбзыхъуэ Къэралбий, Балъкъыз Тамарэ сымэ. Ауэ иужьу зи цIэ къитIуаищыр, щхьэусыгъуэ зырызкIэ артист хъуакъым.

## Сонэ Мухьэрбий

Сценэм роль телъыджэ куэд щигъэзэщIащ Мухьэрбий. Ар джэгуакIуэ гъуэзэджэу зэрыщытыр нэхъри наIуэ щыхъуар 1957 гъэрщ. Абы щыгъуэ Мэзкуу щекIуэкIащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр. СССР-м и къалащхьэм ди артистхэм щагъэлъэгъуат Гоголым и пьесэм къытращIыкIа «Ревизор» спектаклыр. Абы еплъахэм ар икъукIэ гунэс ящыхъуат. Псом хуэмыдэу Iэзэу джэгуат Сонэ Мухьэрбий. Абы игъэзэщIат Городничий и ролыр. «Известия» газетым зэритхамкIэ, а образыр зыщIауэ Совет Союзым ис артист нэхъ Iэзэ дыдэхэм хабжат Сонэр. А спектаклым и фIыгъэкIэ Мухьэрбий къыфIащауэ щытащ «РСФСР-м и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр. Сонэр хэтащ нэгъуэщI спектакль Iэджэми. Псалъэм папщIэ, Гаджибековым и «Аршин Мал-Алан»-м, Горькэм и «Егор Булычёв»-м, Вишневскэм и «Оптимистическая трагедия»-м, Мольер и пьесэ «ЛъэмыкIыу ягъэIэзам» – куэд, куэд мэхъу ахэр. Апхуэдэу Мухьэрбий адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ Шекспир, Кальдерон, Лермонтовым, Островскэм, Горькэм, Симоновым, Погодиным, Хикмет сымэ я пьесэхэр.



## Къардэн ХьэкIуцэ

Ди адыгэ театрым и джэгуакIуэ нэхъ Iэзэхэм ящыщт Къардэн ХьэкIуцэ. Гоголым и «Фызышэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым абы щигъэзэщIащ Агафье и ролыр. Ар артисткэм нэхъыфI дыдэу къехъулIа персонажхэм ящыщщ. Спектаклу 100-м нос ХьэкIуцэ щыджэгуар. Псоми я гугъу пхуэщIынукъым, ауэ уигу къэбгъэкIыж хъунущ Дудар Хьэутий и «Нэчыхьытхыр», Щхьэгъэпсэу Мухьэмэд и «Мыщэм и къуэ Батырыр», ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэр», нэгъуэщIхэри. Илъэс 37-кIэ театрым щылэжьащ ХьэкIуцэ. Абы къыфIащауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ» цIэ лъапIэр.

Дэтхэнэ зы ролри уи фIэщ хъууэ, гумрэ псэмрэ дыхьэу игъэзэщIащ ХьэкIуцэ. РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ ДыщэкI КIунэ игу къигъэкIыжырт: «Артист IэщIагъэм дыхуезыгъаджэм зэгуэрым ди пщэ кърилъхьат сценэм дыкъызэрихьэнум, дызэритынум теухуауэ теплъэгъуэ кIэщI цIыкIум дыхэтын хуейуэ. ХьэкIуцэ чэзур къыщылъысым, и нэгум гуфIэгъуэр къиилыдыкIыу сценэм къолъадэри жеIэ: «Фыкъызэхъуэхъу, си лотереем къихьащ!» ХьэкIуцэ апхуэдизкIэ дэрэжэгъуэм иIыгъыу къыдбгъэдыхьати, ар зэрытеплъэгъуэ цIыкIур тщыгъупщэжауэ ди фIэщыпсу дехъуэхъурт: «Уи насып нэхъыбэ ухъу, ХьэкIуцэ», – жытIэурэ».

## Сонэ Башир

1940 гъэм ГИТИС-р къэзыуха ди адыгэ щIалэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм хабжэрт Сонэ Башир. Абы къызэринэкIащ узэрыгушхуэ хъун гъуэгуанэ. Хэку зауэшхуэми жыджэру хэтащ. Тхьэшхуэм къритауэ зэчий зыбгъэдэлъ артистт. Зэи сигу ихужыркъым ар щыджэгуа спектакль нэхъыфIхэр. Фурмановым и «Чапаев» пьесэм къытращIыкIа спектаклым роль нэхъыщхьэр щигъэзэщIащ, апхуэдэу гъуэзэджэу щыджэгуащ Вишневскэм и «Оптимистическая трагедия»-м, Каплер и «Грозовой год»-м, Акъсырэм и «Дахэнагъуэм», Лермонтовым и романым ипкъ иткIэ ягъэува «Ди зэманым и лIыхъужьым», Фадеевым и «ЩIэблэщIэ гвардием». 1947 гъэм Башир къыфIащауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр.

## Болэ Мурат

Мэзкуу ГИТИС-м щыщIэсым щыгъуэ Мурат и нэкIэ илъэгъуащ къэрал псом щыцIэрыIуэ артистхэм я джэгукIэр. Абыхэм ящыщу ар хьэщыкъ ищIауэ мызэ-мытIэу еплъащ Качалов, Москвин, дуней псом къыщацIыху тхакIуэ цIэрыIуэ Чеховым и щхьэгъусэ Книппер-Чеховэ, Остужев сымэ зыхэта спектаклхэм. Хэт ищIэн, абыхэм яжь къыщIихуауэ къыщIэкIынщ Болэм. Ар ди адыгэ театрым и джэгуакIуэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм хабжэу щытащ. Мурат зыхэта спектаклхэр щэм щIегъу. Апхуэдэщ Теунэм и «ЗэхэгъэкIыныгъэр», Погодиным и «Кремлевские куранты»-р, Каплер и «Грозовой год»-р, Тубайм и «Къэбэрдей щIалэр», Шортэным и «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ», нэгъуэщIхэри. Псом хуэмыдэжу Болэр телъыджэу щыджэгуащ Погодиным и пьесэм къытращIыкIа спектакль цIэрыIуэм. Абы Лениным и ролыр зэрыщигъэзэщIам хьэщыкъ ищIауэ щытащ театреплъхэр. ЗэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ Болэм къыфIащащ «РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр. Илъэс 30-м щIигъуащ а джэгуакIуэ гъуэзэджэр дунейм зэрехыжрэ. Ауэ ноби цIыхухэм я гум къинащ ар зыхэта спектаклхэр.

## Мысостышхуэ Пщызэбий

Ди адыгэ театрым и лъэр быдэу зыгъэувахэм, ар япэкIэ зыгъэкIуэтахэм ящыщщ Мысостышхуэ Пщызэбий. Ар зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ цIыхуу зэрыщытам щыгъуазэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я закъуэкъым – артистышхуэр фIыуэ къыщацIыхурт Шэрджэсми, Адыгейми, Абхъазми, Тыркуми. Пщызэбий щыджэгуащ спектаклу 150-м щIигъум. Абы щыгъуэ-

ми я нэхъыбэм щигъэзэщIар роль нэхъыщхьэхэрщ. Мысостышхуэр зэрыджэгуакIуэ Iэззэр театрым еплъ дэтхэнэ зыми хьэкъ щыхъуат Шолоховым и романым ипкъ иткIэ ягъэува «ЩIыщIэ къэIэтам» щыджэгуа иужькIэ. Пщызэбий абы телъыджэу щигъэзэщIащ лIыхъужь нэхъыщхьэ Давыдовым и ролыр. Абы лъандэрэ сыт щIа, ауэ нобэр къыздэсым си нэгум щIэтщ Мысостышхуэр а спектаклым зэрыщыджэгуар. Пщызэбий зыхэтауэ цIыхухэм нэхъ гукъинэ ящыхъуахэм ящыщщ Акъсырэ Залымхъан и «ИстамбылакIуэ», «Лашын», «Iэдииху», Шортэн Аскэрбий и «Партым и лIыкIуэ» пьесэхэм, ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ», «Мадинэ» тхыгъэхэм къытращIыкIа спектаклхэр. Ар Iэзэу щыджэгуащ кинофильм зыбжанэми.

Мысостышхуэр икIи режиссёрт. Абы игъэуващ спектаклу 15-м нэс. Абыхэм нэмыщI, пьеси, гушыIэ рассказхэри, усэхэри итхырт. И псалъэхэр зыщIэлъ уэрэд зыбжани щыIэщ. И IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъи дунейм къытехьащ.

Мысостышхуэ Пщызэбий къыфIащауэ щытащ «РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист», «Абхъаз Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэхэр.



## ШэрыIужь Анатолэ

Лъэужь дахэ къызэзынэкIахэм ящыщщ ШэрыIужь Анатоли. Мэзкуу дэт театр институтыр диплом плъыжькIэ къеухри 1954 гъэм абы къегъэзэж щалъхуа и хэкум. Адыгэ театрым зы илъэскIэ щыджэгуауэ, щыхьэрым трегъазэри режиссёр курсхэр къыщеух икIи къегъэзэжри Музыкэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэу ягъэув.

Зи IэщIагъэм кууэ хэзыщIыкI ШэрыIужьым Iэзэу игъэуващ оперэ, опереттэ хьэлэмэтхэр. Апхуэдэщ IутIыжым и «Шамхьун и фызышэр», Верди и «Травиата», «Риголетта», Леонкаваллэ и «Паяцы» жыхуиIэхэр. ИужькIэ Анатолэ режиссер нэхъыщхьэу щылэжьащ гуащэ театрым. Спектакль хьэлэмэтхэмкIэ абы сабийуэ игъэгуфIар сыт хуэдиз! Музыкэ театрым ноби щагъэлъагъуэ ШэрыIужьым игъэувауэ щытахэр. Ар хуабжьу цIыху гуапэт, псоми фIыуэ къалъагъурт, езыри Iэдэбт, зэпIэзэрытт, и жыIэм уемыдэIуэнкIэ, уфIэмылIыкIынкIэ Iэмал имыIэу апхуэдэт.

**ЯХЭГУАУЭ Берд**

# МАКЪ ТЕЛЪЫДЖЭ ЗИIЭ



*ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ нэблагъэкIэ узэIэбэкIыжрэ лъэпкъ искусствэм и зыужьыныгъэм уриплъэжмэ, абы зи гуащIэ хэзылъхьа уэрэджыIакIуэхэр мащIэкъым. Ауэ абыхэм ящыщу классикэ уэрэд жыIэкIэр къэзыгъэIурыщIэфахэр закъуэтIакъуэххэщ. Эстрадэ (цIыхубэ) уэрэд гъэзэщIэкIэр щытепщэ нобэрей зэманыр къапщтэмэ, зи макъыр лъэщу, классикэ макъамэм хуэунэтIауэ зэтегъэпсыхьа-зэтеухуауэ щыIэр зырызыххэщ. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгэ республикэмрэ щIыхь зиIэ я артист Гуазэ Тимур. И лэжьыгъэм, фIыуэ илъагъу IэщIагъэм, дяпэкIи зыхуигъэувыж къалэнхэмрэ и мурадхэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну дэ иджыблагъэ абы зыхуэдгъэзащ.*

**– Тимур, гъуэгуанэ дахэ, IэщIагъэ гъэщIэгъуэн къыхэзыхауэ гъащIэм зи лъагъуэ щыпхызышыж дэтхэнэ цIыхуми уепсэлъылIэн щыхъукIэ, япэу зыщIэупщIэ хабзэр абы щIэдзапIэ хуэхъуарщ. Уэрэд жыIэным сыт щыгъуэ гу хуэпщIат икIи хэт абы удригъэхьэхат?**

– Сэ зызэрысщIэжрэ уэрэд жызоIэ... СызэрыцIыкIурэ. Сыщалъхуа жылэжьым – Тэрч щIыналъэм хыхьэ Ботэщей къуажэм – и курыт еджапIэм сыщыщIэсым еянэ гъэ еджэгъуэр къэдухыхукIэ музыкэмкIэ дерсхэм уэрэд щыжысIащ, абы иужькIэ а предметым демыджэж хъури, си уэрэд жыIэнри тIэкIу нэхъ кIащхъэ хъуащ. Класс нэхъыжьхэм сыщыщIэсым уэрэджыIакIуэ сыхъуну си гугъэххакъым, атIэ математикэ, информатикэхэр фIыуэ сщIэрти, КъБКъУ-м и инженер-техникэ къудамэм сыщIэтIысхьэну си мурадащ. Ди унагъуэкIэ щыгъэтауэ, лъэпкъкIи къытхэткъым макъамэр, уэрэд жыIэныр IэщIагъэ зыхуэхъуа, абыкIэ щапхъэ зытесхыни сыкъэзыухъуреихьхэм яхэтакъым, ар къыздалъхуауэ, сэ езым схэлъу сыкъэхъуауэ къыщIэкIынущ. АрщхьэкIэ зэчий пхэлъыныр мащIэщ, ар зыузэщIын, гъуэгуанэ тэмэм утезыгъэувэн гъащIэм ущримыхьэлIэмэ...

159

**– Мис а гъуэгуанэм утезышахэм, уи япэ творческэ лъэбакъуэхэм нэхъ гупсэхуу я гугъу уэзгъэщIынут.**

– Курыт еджапIэр къэзуха къудейуэ, адэкIэ здэзунэтIынур убзыхуа мыхъуауэ, зы махуэ гуэрым зэрымыщIэкIэ гъуэгум дыщызэрихьэлIауэ щытащ а лъэхъэнэм къызэIуахагъащIэ, Кавказ Ищхъэрэм искусствэмкIэ и къэрал институтым и егъэджакIуэ Шэрыб Валерэрэ сэрэ. Дэ Тэрч щIыналъэм хыхьэ зэгъунэгъу къуажитIым, сэ – Ботэщей, ар – Астемырей, дыщыщти, нэхъапэкIи дызэрыцIыхуауэ, дызэнэIуасэт. Абы и чэнджэщкIэ езыр здэщыIэ, иджы сэри нобэ сыщылажьэ институтым сыкъыщIэтIысхьэн хуей хъуащ. КъэпщытакIуэ гупым я пащхьэ щызгъэзэщIа адыгэ цIыхубэ уэрэдыжьымрэ «По Дону гуляет казак молодой» уэрэдымрэ къызэхъулIауэ къалъытат. Абы ипкъ иткIэ инсти-

тутым щIэтIысхьэнухэр щагъэхьэзыр курсым сыкъащтэри илъэситIкIэ сыщеджащ, иужькIэ уэрэджыIакIуэхэр щагъэхьэзыр къудамэм и студент сыхъуащ.

**– ЦIыхубэ уэрэд гъэзэщIэкIэр къыхыумыхыу, классикэ уэрэд жыIэкIэм дауэ ухуэкIуа?**



– Япэрауэ, си макъым классикэ IукIэр, нэхъ тегъэчыныхьауэ жыпIэмэ – лирическэ теноркIэ дызэджэр – езым пкърышыпсыхьауэ пкърытт. ЕтIуанэрауэ, абы япэу гу лъызытэу классикэ жыIэкIэм и лъагъуэм, сыхуей-сыхуэмейми, сыхуэзыунэтIар Кавказ Ищхъэрэм искусствэмкIэ и къэрал институтым и ректор Рахаев Анатолэщ. А лъэхъэнэм – 1996-1997 гъэхэм – Нэхущ Чэрим и творчествэр зэфIэувагъащIэу, ар псоми я нэIурыт, я щапхъэу щытти, а лъагъуэм техьэ дэтхэнэ ныбжьыщIэри Нэхущ Чэрим дыхъуну дыщIэхъуэпсырт. Ректорым и деж сыщIыхьэу цIыхубэ уэрэд жыIэкIэр къызэрыхэсхар щыжесIэм, «уэ узыхуейм ухурагъэджэнущ» жери сыкъыщIигъэкIыжауэ щытащ, ауэ сызыхурагъэджар си макъыр зыхуэунэтIа классикэрщ. ИужькIэ пIалъэ дэкIыжауэ, еджапIэри къэзухауэ, институтым уэрэд жыIэнымкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжь, си макъыр псыхьыным зи гуащIэшхуэ езыхьэлIа КъуийцIыкIу Валерэ къызэрызжиIэжамкIэ, сэ сыкъыщIэкIыжа нэужь, ар ректорым ириджэри унафэ къыхуищIат классикэ уэрэд жыIэкIэм тегъэпсыхьауэ сригъэджэну. Нобэр къыздэсми Рахаевым фIыщIэ хузощI си макъыр гурыгъуазэкIэ зэрызыхищIам, си зэчийр здэунэтIыпхъэ лъэныкъуэм псом япэу гу зэрылъитам папщIэ. ФIыщIэшхуэ хуэфащэщ си егъэджакIуэ КъуийцIыкIу Валери.

**– ЕджапIэр къэбуха нэужь, уи творческэ гъуэгуанэм дауэ зишэщIа? Япэ дыдэ дауэ утыку уихьа? Сыт бгъэзэщIа?..**

– Кавказ Ищхъэрэм искусствэмкIэ и къэрал институтыр къыщызуха 2001 гъэ лъандэрэ къэрал филармонием, сыщеджа институтым камернэ ансамблымрэ концертмейстер IэзагъымкIэ и кафедрэм (2014 гъэ пщIондэ), уэрэд жыIэнымрэ дирижированиемкIэ и кафедрэм (2014 гъэм къыщыщIэдзауэ нобэ къэсыху) сыщолажьэ. 2008 гъэм къыщыщIэдзауэ МузыкэмкIэ къэрал театрым срисолистщ. Япэ дыдэу сызыхэтар Леонкавалло Руджеро и «Паяцы» оперэрщ.

**– Нэхъ гукъинэж пщыхъуауэ, нэхъыфI дыдэу плъагъуу сыт хуэдэ ролхэр, уэрэдхэр бгъэзэщIа? Иджыри сыт хуэдэхэм ущIэхъуэпсрэ?**

– Нэхъ гукъинэж сщыхъуахэм ящыщщ 2011 гъэм Адыгэ республикэм срагъэблагъэу Нэхей Аслъэн и «Уафэгъуагъуэ макъ» («Раскаты далекого грома») оперэм Хьэгъур и партиер зэрыщызгъэзэщIар. А оперэр зыхуатхар драматическэ тенорым и макъыр арат (сысейр лирическэ тенорщ), апхуэдэу щытми, едэIуахэм къызэрызжаIэжамкIэ, сыпэлъэщауэ къыщIэкIынущ. А партиер сигу къыщIинэжам щхьэусыгъуитI иIэщ: Адыгэ республикэм япэу щагъэува адыгэ оперэр зыгъэзэщIар сэращ, етIуанэрауэ, ар къызэхъулIауэ къалъытэри, «Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр къысхуагъэфэщащ. Апхуэдэуи, Леонкавалло Руджеро и «Паяцы» оперэм Арлекин и партиер, Рахманинов Сергей и «Алеко» оперэм Цыджан щIалэщIэм и ролыр щызгъэзэщIащ, Чайковский Пётр и «Иоланта» оперэм щыщу Водемон и партиер згъэхьэзыращ. Нэхъыбэ дыдэу сызыщIэхъуэпсыр композитор цIэрыIуэ Верди Джузеппе и «Травиата» оперэм хэт Альфред и ролыр згъэзэщIэныр ращ. Дызэрыт илъэсым ар ди театрым щагъэувыжыну мурад ящIащи, сыщогугъ а ролыр сэ къысхуагъэфэщэну.

**– Сэ сызэрыщыгъуазэщи, зы мазэ ипэ – сентябрым и 26-м – ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэр и лъабжьэу композитор цIэрыIуэхэу Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ зэдатха оперэр режиссёр Дэбагъуэ Роман МузыкэмкIэ къэрал театрым щигъэуващ, абы уэ Заур и партиер щыбгъэзэщIащ... Оперэм еплъа, едэIуа куэдым къохъулIауэ къалъытэ, сэри абыкIэ сыарэзыщ. А ролым уджэгун хуей зэрыхъуам, узэрелэжьам и гугъу уэзгъэщIынут.**

– «Мадинэ» оперэр 2015 гъэм ягъэувауэ щытащ, мы гъэм ар ещанэу утыку итхьауэ аращ. Япэ гъэлъэгъуэныгъэм – премьерэм – Мадинэрэ Зауррэ я ролхэр КъуэщIысокъуэ Роксанэрэ Мэкъуауэ Астемыррэ щагъэзэщIащ, етIуанэм – Мэкъуауэ Альмирэрэ сэрэ, ещанэу мы гъэми а ролыр аргуэру сэ къысхуагъэфэщащ. Заур и партиери зэрытхар драма-



**«Мадинэ» оперэм хэтахэр.**

11 Заказ №642

тическэ тенорщ, ар си макъымкӀэ – лирическэ тенорkӀэ – бгъэзэщӀэныр тыништэкъым, ауэ зэрысхузэфӀэкӀкӀэ си гуащӀэ есхьэлӀащ, селэжьащ, куэдрэ си макъыр абы тезухуащ, ари, къызэрызжаӀэжамкӀэ, къызэхъулӀащ.

**– Тимур, 2015 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым щӀыхь зиӀэ и артист» цӀэ лъапӀэр къыпхуагъэфэщащ. Ар Заур и ролыр зэрыбгъэзэщӀам зыгуэркӀэ епхьэлӀэ хъуну?**

– А цӀэр хэхауэ абы щхьэкӀэ къысхуагъэфэщауэ схужыӀэнукъым. СызэригугъэмкӀэ, си лэжьыгъэхэр, зэфӀэкӀ гуэрхэр сиӀами, псори къапщытэжщ, зэхалъхьэжри абы папщӀэ гулъытэ къысхуащӀауэ аращ.

**– Сэ сызэрыщыгъуазэмкӀэ, а зи гугъу пщӀы уи зэфӀэкӀхэр мащӀэкъым, зэпеуэ куэдым ухэтащ, абы увыпӀэ нэхъыщхьэхэр къыщыпхьащ. Абыхэм нэхъ зыубгъуауэ утезгъэпсэлъыхьынут.**

– Пэжу, ахэр куэд мэхъу, нэхъ сигу къинэжахэм сыкъытеувыӀэнщ. Институтым и еплӀанэ курсым сыщӀэсу си япэ текӀуэныгъэр къыщысхьауэ щытащ Гъэсашэ Наталье и цӀэкӀэ зэхашауэ щыта, Кавказ Ищхъэрэм и уэрэджыӀакӀуэхэм я япэ зэхьэзэхуэ зэӀухам. 2004 гъэм Калининград камернэ уэрэд жыӀэнымкӀэ щекӀуэкӀа «Янтарный соловей» ЕплӀанэ дунейпсо зэхьэзэхуэм дипломант, 2006 гъэм Лисициан Павел и щӀыхькӀэ Владикавказ щрагъэкӀуэкӀа, оперэ уэрэджыӀакӀуэ ныбжьыщӀэхэм я ЕтӀуанэ дунейпсо зэхьэзэхуэм лауреат сыщыхъуащ. Бытырбыху щекӀуэкӀа, уэрэджыӀакӀуэ-фортепианнэ дуэтхэм я Ещанэ урысейпсо зэпеуэ зэӀухам композитор щӀалэ Къэбэрдокъуэ Муратрэ сэрэ лауреат дыщыхъуащ. 2007 гъэм Кавказ Ищхъэрэм искусствэмкӀэ и къэрал институтым и студент хорым я гъусэу Собиновым и цӀэр зезыхьэ Етхуанэ губернскэ фестивалым япэ увыпӀэр къыщытхьащ, Бицу Юрэ зэлэжьыжа «ИстамбылакӀуэ» адыгэ цӀыхубэ уэрэдыр щыдгъэзащӀэри. 2009 гъэм «21-нэ лӀэщӀыгъуэм и искусствэ» («Искусство 21-го века») зэхьэзэхуэм сыщытекӀуащ. ФӀыщӀэшхуэ хуэфащэщ сыт и лъэныкъуэкӀи щӀэгъэкъуэн къысхуэхъу, зи гугъу ящӀа зэпеуэхэм сыхэтынымкӀи зи сэбэп куэду къызэкӀа, филармонием и концертмейстер Тепловэ Вероникэ. Ар фортепианэ еуэу, сэ уэрэд жысӀэу куэдрэ утыку дызэдихьащ, зэчий зыбгъэдэлъ цӀыхущ, удэлэжьэну тыншщ.

**– Макъамэм и сыт хуэдэ жанрхэр нэхъыфӀу плъагъурэ? УэрэджыӀакӀуэхэм ящыщу хэт уи дежкӀэ щапхъэ?**

– Уэрэдыр зыгъэзащӀэм и гумрэ и псэмрэ къыбгъэдэкӀыу ар жиӀэмэ, сыт хуэдэ жанрри дахэу утыку ирихьэфынущ, едаӀуэхэм гунэс ящыхъун хуэдэу. Сэ, къапщтэмэ, оперэм щыщ ариехэр, романсхэр, неаполитан уэрэдхэр, адыгэ цӀыхубэ уэрэдхэр, нэгъуэщӀхэри бзэ зэхуэмыдэхэмкӀэ жызоӀэ. Зи уэрэд жыӀэкӀэр сыткӀи зэпэщауэ, зи макъыр нэхъ лъэщ дыдэу сэ гунэс сщыхъур Лучано Павароттищ. Ар икъукӀэ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа цӀыхущ. Си фӀэщ хъуркъым апхуэдэ уэрэджыӀакӀуэ афӀэкӀ дунейм къытехъуэжыну.

**– ДяпэкӀэ сытхэр уи мурад? Сыт хуэдэ хъуэпсапӀэхэр уиӀэ?**

– АдэкӀи сызытет лъагъуэм пысщэну, уэрэдыщӀэхэр, ролыщӀэхэр згъэзэщӀэну, кӀэщӀу жыпӀэмэ, си гуи си пси етауэ сылэжьэну си мурадщ.

**– Тхьэм къуигъэхъулӀэ, Тимур! Уи ехъулӀэныгъэщӀэхэм дыпоплъэ.**

*Епсэльар* **ХЬЭВЖОКЪУЭ** **Людмилэщ**

*Таурыхъ*

ДАУР Зое

# ЛАТIИФ И ПХЪУИЩЫР

ЛатIиф и щхьэгъусэр дунейм ехыжати, и пхъуищым ятегужьеикIауэ гъащIэр ихьырт. НэгъуэщI ани и бынхэм къахуишэжыну дзыхь ищIыртэкъым. Езым зэрыхузэфIэкIкIэ ипхъухэр игъашхэрт, ихуапэрт, нэгъуэщI къэралхэм кIуэрти, и бынищыр зыщIэлъэIу хьэпшыпхэр, щыгъынхэр къахуихьырти игъэгуфIэрт. Зэгуэрым, ЛатIиф, Тыркум кIуэнути, и пхъуищым еупщIащ, хэт сыт къыхуихьынуми жригъэIэну.

Нэхъыжьым жиIащ: «Нэр щыджылу, уемыплъыфу дахэу дыщэ Iэлъын».

Курытым жиIащ: «Сэ си щхьэм щыщIэдзауэ си лъакъуэм нэс сыпхуэпэну сыхуейщ».

Хъыджэбз нэхъыщIэр зыри жимыIэу куэдрэ гупсысащ. ЛатIиф ар зэрыхэгупсысысыхьам гу лъитэри бгъэдыхьащ: «Си кIасэ цIыкIуу си гъэфIэн дахэм сыт зыри щIыжумыIэр? Укъысщысхьу ара? Укъысщымысхь. Сэ сыщIэпсэури сыщIэлажьэри фэ щыр фызыхуей фыхуэзгъэзэну аращ».

Ар щызэхихым, хъыджэбз нэхъыщIэм жиIащ: «Дадэ, сошынэ сызыхуейр умыгъуэтынкIэ, аращ зыри щIыжызмыIэр. Сэ къысхуэпхьыну сызыхуейр жэнэт бзу цIыкIущ. Абы и зы лъэныкъуэр джабэплъщ, адрей лъэныкъуэр джабэхущ, и пэ цIыкIур фIыцIэщ, и натIэ цIыкIур, дыщэм хуэдэу лыду, гъуэжьыбзэщ. И лъакъуэ цIыкIухэр тригъэувэмэ, дунейр къигъэнэхуу. Аращ сэ насып къысхуэхъунур».

Адэр гузэващ, и хъыджэбз нэхъыщIэм и жыIэ имыгъэзэщIэну хузэфIэкIынутэкъыми, къэдзыхащ.

Сытми, ЛатIиф Тыркум нэсри ищэнуIами ищащ, хъыджэбз нэхъыжьитIым я лъэIур игъэзэщIащ, жыхуаIа псори къахуищэхуащ, итIанэ нэхъыщIэм къыхуихьынум лъыхъуэну ежьащ. Ауэ жэнэт бзу цIыкIури имыгъуэтауэ, и гугъэри хихыжауэ, зы мэзышхуэ гуэрым нэсащ. Мэзыр къэзыгъэнэхур къыбгурымыIуэу зыгуэрым къигъаблэрт, иужькIи нэхур кIуэдыжырт.

Жыгыщхьэм тес бзу цIыкIум кърищ уэрэдым апхуэдизкIэ удихьэхырти, пхулъэмыкIыу укъызэтеувыIэрт, укъызэрыувыIэуи а макъыр бзэхыжырт. Жьынду абрагъуитIым бзу цIыкIур яхъумэрт. Ауэ ахэр зэзэмызи мэзым щIэлъэтыкIырт.

ЛатIиф занщIэу къыгурыIуащ езыр зыхуей бзу цIыкIур къызэригъуэтар. ЖьындуитIым я лъэтэгъуэм ирихьэлIэу, бзу цIыкIур и дамэм къытетIысхьащ. Ар къипхъуатэри ЛатIиф гъуэгу къытеувэжащ. НапIэзыпIэм дунейр къызэщIэуфIыцIащ, жьы къопщэ, гъуэжькуийм зеIэт, уафэр мэгъуагъуэ, мэхъуэпскI, макъ шынагъуэхэр къоIу. ЛатIиф, адэкIэ мыкIуэфу, ищIэнур имыщIэу здэщытым,

зыгуэрым къыжриIэу зэхех: «Хэт уэ хуит узыщIар, хамэ щIыпIэ укъихьэу, ди жэнэт бзу цIыкIур бдыгъуну?».

ЛатIиф, къэшынауэ, етIысэхащ: «СынолъэIу, сумыукI, хъыджэбзищ сиIэщ, я анэ ящхьэщымытыжу, сэ къысщыгугъыу. НэхъыщIэр тIэкIу згъэфIащи, и лъэIур согъэзащIэ – мы бзу цIыкIур хуэсхьу аращ. Сэ сщIэххакъым бзур къэзубыд мыхъуну. Дунейм сыкъызэрытехьэрэ мыпхуэдэ бзу дахэ слъэгъуакъым. Езыр, сэ сыкъицIыху фIэкIа умыщIэну, къызбгъэдэлъэтащ. Сыт жыпIэми згъэзэщIэнущ. Си быным бэIутIэIуншэу сахэгъэхьэж».

ЖьындуитIым зыжьэу жаIэ: «КIуэж, ауэ уэ мы бзур зыхуэпхь уи пхъур игъащIэкIэ мы щIыпIэм щыдгъэIэну къытхуэпшэн хуейщ. Ди щIыналъэм зы мастэ нэхъ мыхъуми зыхурахыр, псэууэ дутIыпщыркъым. ФIы къохъулIами, Iей ухуэзами уэ егупсысыж». Ахэр къыжраIэри жьындухэр лъэтэжащ.

ЛатIиф гъуэгу теувэжащ. Унэм зэрынэсыжу, ипхъу нэхъыжьитIым къахуихьар яритащ. НэхъыщIэр, и лъэIур адэм имыгъэзэщIэфа и гугъэу, къыбгъэдыхьакъым, езым зыбгъэдишэхукIэ. Бзур къызэрилъагъуу, IэщIипхъуэтри, еубзэрабзэу щIидзащ. Адэр къыщиудри гъащ.



«Умыгъ, дадэ, уи гур сыт щIыхэщIыр апхуэдизу? Уэ угъыу сэ япэ дыдэу слъагъуу аращ. Сыт къэхъуар?» – щIэупщIащ хъыджэбз тхьэIухуд цIыкIур.

ЛатIиф къэхъуар ипхъу цIыкIум хуиIуэтащ.

«Умыгузавэ, ди адэ, сыши сыкъэгъанэ. А зи гугъу пщIы щIыналъэм сэ сыщылIэнукъым», – жиIащ хъыджэбзым.

А псалъэхэр щызэхихым, ЛатIиф, и гур къызэрыгъуэтыжри, нэхъыщIэр жьындухэм яхуишащ, бзу цIыкIури зэриIыгъыу.

Быцэ (арат хъыджэбз цIыкIум зэреджэр) къыздэкIуа мэзым, къызэралъхурэ щIэта фIэкIа умыщIэну, къыщекIухь. Зыми щышынэркъым. Мэзыр щымщи, псэущхьэ щIэмысми ярейщ, кIыфIщи, нэм къыщIэIэбэр плъагъуркъым, бзу цIыкIум иригъэдз лъапэ нэхум фIэкIа. Быцэ къэмэжэлIащи, ищIэнур къыхуэщIэркъым. Шхэну игу къызэрихьэу, дунейр нэху къохъу, икIи, езым фIыуэ илъагъу шхыныгъуэхэр телъу, и пащхьэм Iэнэ хъуреишхуэ къохутэ. IэфIу машхэ. Апхуэдизрэ гъуэгу тетар сабэм иуащи, зигъэпскIыну игу къохьэ. И лъэгуажьэхэр щIигъанэу занщIэу псынэпс хуабэ къыщIожри, ар псышхуэ мэхъу. Щыгъын щIагъщIэлъ дахэ, сабын, напэIэлъэщI, дыху, кIэщIу жыпIэмэ, зигъэпскIа нэужькIэ зыхуеину псори и пащхьэм къохутэ. Гъуэлъыжыну игу къызэрихьэу, пIэ щабэр къэхутащ. Апхуэдэурэ махуэхэр макIуэ. Быцэ зыхуейуэ имыгъуэт щыIэкъым. Ауэ бзу цIыкIумрэ жьындуитIымрэ фIэкIа дунейм зыри щилъагъуркъым. Жэщми махуэми бзу цIыкIур и гурыфIыгъуэу, ар иIыгъыу кърехьэкI.

Закъуэныгъэр къытохьэлъэ, дунейр зэшыгъуэ, гъэкIуэгъуей къыщохъу. Жьындухэми гу къылъатэри, къыжраIэ: «КIуэжи, уи

адэри уи шыпхъухэри лъагъу, ягу ирихьын тыгъи яхуэщI, ауэ зумыгъэгувэу къэгъэзэж, зыбгъэгувэмэ, дэ дыпсэууэ укъыдихьэлIэжынукъым, нэхулъэр къимыщI щIыкIэ, ди лъахэм укъэсыжын хуейщ».

Арати, дарий гуимэм ирагъэтIысхьэри Быцэ и Iыхьлыхэм я деж ягъэкIуэж, ауэ бзу цIыкIур здрагъэхьыркъым, ар здихьмэ къызэрымыкIуэжынур ящIэри.

Быцэ и Хэкум къосыж икIи и Iуэхур зэрыхъуэпсэгъуэр яхуеIуатэ. А псор щызэхахым, и шыпхъу нэхъыжьитIым къефыгъуэу щIадзэ. Нэм псэр и фыгъуэгъущ.

Быцэ нэхущым къотэджри ежьэжыну зегъэхьэзырыж. Арщхьэ-кIэ и шыпхъуитIым ягъэгувэ, къыпоуври щIагъэкIыжыркъым. Нэсыжмэ, жьындуитIыр лIауэ жыг щхьэкIэм фIэлъщ, бзу цIыкIур мэуфэразэри ящхьэщытщ. Быцэ, гужьеяуэ, жьындуитIыр жыгым кърехьэхыж. ЩIым зэригъэтIылъу, ахэр къохъуж икIи бзури хъыджэбзри яIэтри, уафэгум йохьэ. Зыкъомрэ къалъэтыхь. ЩIым къызэрытетIысхьэжу, Быцэ и бзу цIыкIур щIалэ дахэ мэхъу.

«Иджы, – жаIащ жьындухэм, – дэ тIум ди лIэныгъэм фэ насыпышхуэ къыфхуихьащи, фызэрышэ».

Быцэрэ Чашифрэ зэрошэ, я псэр зы чысэм илъу зэдопсэу, ямыIэ фIыгъуэ щыIэкъым. Ауэ Быцэ а псор и ни и пи къихьыркъым, и адэмрэ и шыпхъуитIымрэ имыгъусэу зэрыпсэум щхьэкIэ. Чашиф абы гу лъетэри, къыжреIэ: «УфIэфIмэ, уи шыпхъухэр къашэ, си анэкъилъху хуэдэу слъагъунщ. Сэ адэ сиIэжкъым, уи адэр къыпхуэкIуэмэ, ди Iуэхур нэхъыфIыж хъунущ, ар цIыху угъурлыщ».

Быцэ кIуэжри, и шыпхъуитIыр къишащ, и адэр къыхуэкIуакъым – хамэ щIыпIэ щылIэну хуейтэкъым.

...Чашиф щIэх-щIэхыурэ зекIуэ макIуэ. Ежьэн хуей хъуащи, и псэр мэгузавэ, и щхьэгъусэр зэрыуэндэгъум щхьэкIэ. Сытми, и щыкъу хъыджэбзитIым йолъэIури, гъуэгуанэ тоувэ: «Фи шыпхъу нэхъыщIэм и Iуэху зыIутыр фолъагъу, алыхьым иужькIэ, фэращ сызыщыгугъыр. Фи нэIэ тевгъэт».

Зэман докI. Быцэ зы щIалэрэ зы хъыджэбзрэ зэригъуэту, и шыпхъуитIыр къуофыгъуэри, мурад бзаджэ ящI. СабиитIыр чейм ирагъэтIысхьэ, и щхьэр трапIэж, Чашиф и шы сокум щыщ налъэхэмкIэ кърапхэкIыжри тенджызым хадзэ. Анэм хьэпшыр цIыкIуитI кIэщIадзэ.

Чашиф къокIуэжри, и фызым хьэпшыр кIэщIэсу щилъагъум, псалъэ жримыгъэIэу, а тIури зэрыщIыгъуу, хьэпсым иредзэ.

Зы махуэ гуэрым, Быцэ и адэ ЛатIиф бдзэжьей ещэу, сабиитI зэрылъ чейр ныджэм къытредзэ. Къызэтрехри сабиитIыр, я псэ пыт къудейуэ, кърех. Алыхьым кърита уэ къыщохъу и закъуэу унэ нэщIым къызэрыщIэнам щхьэкIэ.

НэгъуэщIым и сабийр щIэх ин мэхъу икIи пIыгъуафIэщ. Сыхьэт бжыгъэкIэ мыхъуу, сабиитIыр псынщIэу хохъуэ. Ахэр къызэригъуэтрэ ЛатIифи мэзым щопсэу, а тIур абы зэримейр цIыху-

хэм къыжрамыIэн папщIэ. Сабийхэр къару, лIыгъэ, нэмыс яхэлъу егъасэ. Ауэ цIыхум къамыщIэн щыIэ?! Сабийхэр бдзэжьеящэ здишэурэ гу къылъатэ. Хъыджэбз цIыкIур дыгъэм хуэдэу лыдырт, щIалэ цIыкIур мазэм ещхьт. Чашиф деж нэсащ абыхэм я хъыбарыр, икIи зэзэмызэ егупсыс хъуащ: «Щхьэгъусэ къыщызмышэжынукIэ, а щIалэ цIыкIумрэ хъыджэбз цIыкIумрэ къуэрэ пхъурэ сщIамэ, сехъулIат. ЩIалэр си пIэм къизнэнт, си мылъкур щIэин мыхъужу, хъыджэбзыр шыпхъуу иIэнт».

ЛатIиф и узыншагъэм къыхигъащIэ щыхъум, сабиитIым Iуэхум и пэжыпIэр яхуиIуэтэжри, чейр къызэрепхэкIауэ щыта шы сокури яритыжащ.

Чашиф сабиитIым и нэ къыхуикIырт. Дунейм ехыжа и адэр къепсалъэ хуэдэу пщIыхьэпIэ елъагъу: «Нэхулъэр къыщищIым тенджыз Iуфэм кIуэ, а сабийхэм жей яIэжкъым, я адэр къагъуэтыжыну хуейщи. Уи шы сокум щыщ яIыгъынущ. Апхуэдизрэ гугъу ебгъэхьа цIыхубзым къилъхуащ а тIур».

ПщIыхьэпIэм къигъэушри, нэху щыхукIэ утыкум итащ Чашиф. Нэхулъэр къыщищIым, тенджыз Iуфэм кIуэри, цIыкIуитIыр, дыгъэ-мазэу къаблэу, абдеж щыст. Чашиф ябгъэдыхьэху загъэхъеякъым. ЗанщIэу къагурыIуат я адэр къызэрагъуэтыжар.



Чашиф епIэщIэкIыу къэкIуэжри, и фызыр мащэм кърищыжащ. Къуажэм цIыхуу дэсыр къызэхуригъэшэсри, псоми зэхахыу и фызым елъэIуащ къыхуигъэгъуну.

Быцэ и шыпхъуитIыр нэхъ Iеижу къыхузэгуоп. ИкIи щхъухь хузэхалъхьэу ягъэлIэну мурад ящI. Хьэ цIыкIуитIым ар къащIащи, къажыхь, Быцэ и кIэ къуащIэр яIыгъщ. Щхъухьыр ирагъэшхыну зэрырату IэщIауд, унэ лъэгум кIэрыткIуам Iэнэ лъабжьэм кIэщIэс джэдур йобзейри зэшэзэпIэу егъалIэ.

Абы и ужькIэ псоми къащIэ зэшыпхъуитIым ялэжьа щIэпхъаджагъэр. Нэлат ирахри, къуажэм даху.

Чашифрэ Быцэрэ, хьэ цIыкIуитIыр я хъумакIуэрэ жьындуитIыр я жыг баринэм тесу, нобэр къыздэсым унагъуэ насыпыфIэу мэпсэу.

# Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр

**Бжьыныху** – Чеснок обыкновенный.

ХадэхэкIщ. И лъагагъыр *см* 25-35-рэ мэхъу. КъэкIыгъэм и тхьэмпэ пIащIэхэм *см* 15-20 я кIыхьагъщ, я бгъуагъыр *см* 1,5-м щIегъу. Гъэмахуэкум ирихьэлIэу къэкIыгъэм кIыгу къыпедзэ, абы зызэкIуэцIехри мэгъагъэ, сентябрым и пэхэм жылэхэр мэхъу.

Бжьыныху зэмылIэужьыгъуэхэр адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къагъэкI, шхыныгъуэхэм халъхьэ. Бжьыныхущхьэр, тхьэмпэхэр витамин зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэрыбейм папщIэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ хущхъуэу медицинэм къебж. Адыгэхэми, нэгъуэщI лъэпкъхэми бжьыныхумкIэ узыфэ куэд ягъэхъуж.

**Бжьынышхуэ** – Лук репчатый.

Щхьэшхуэ зыщI бжьын лIэужьыгъуэщ. Нэхъыбэм илъэситIкIэ къокI. Япэ илъэсым бжьын хьэсэ цIыкIум трасэри къагъэкI, бжьыхьэм Iуахыж бжьынысщхьэ цIыкIу къикIыкIахэр. ЕтIуанэ гъэм бжьынысщхьэ цIыкIухэр гъатхэм ягъэтIысри, ахэр бжьынышхуэ мэхъу. Бжьынышхуэр, щIымахуэм щылъа нэужь, аргуэру зэ бгъэтIысыжмэ, кIыгу къыпедзэ, мэгъагъэ, жылэ ещI.

**БжьынцIыкIу** – Лук репчатый.

Бжьынышхуэ жылэхэр гъатхэм тепсэмэ, зи щхьэм *см* 1,5-рэ нэхъ зи мыинагъ бжьын цIыкIухэр къокIыкI. ГъэмахуэкIэм – бжьыхьэм ирихьэлIэу ар Iуахыж. ЕтIуанэ гъатхэм бжьын цIыкIухэр бгъэтIысмэ, бжьынышхуэ къокIыкI. ЩIымахуэм щылъауэ бжьынышхуэ хэплъхьэращ кIыгу къызыпидзэу жылэ зыщIыр.

**Бжьыныхущэху** – Гусиный лук полевой.

Илъэс бжыгъэкIэ къэкI бжьын-бжьыныхухэм я лъэпкъщ, къэкIыгъэ лъахъшэ цIыкIущ. И гъэгъа гъуэжьыфэхэр, Iэрамэ хъурей щIыкIэу зэхэту, удз щхьэкIэм гъэмахуэм къыпедзэ. Нэхъыбэу ущрохьэлIэ мэкъупIэхэм, дыгъафIэ джабэхэм, губгъуэхэм.

Адыгэхэм хущхъуэу къагъэсэбэп.

**Бжьыныхущхьэхъурей** – Чеснок обыкновенный озимый.

Бжьыныху лIэужьыгъуэщ. ГъэмахуэкIэм е бжьыхьэм пасэу къыхыумыхыжмэ, мэкIуэсэж. Гъатхэр къихьэн и пэ уэс щIагъым къыщыкIыу щIедзэ. Гъэмахуэм кIыгу къыпедзэри, бжьыхьэм жылэхэр мэхъу. Ахэр, и зэманым пумычыжмэ, полъэлъыжри, щIым йокIых, гъатхэм пасэу къэкIын ирегъажьэ. Мы бжьыныху лIэужьыгъуэм и щхьэр дзэ цIыкIу зыбжанэу зэкIэщIэскъым, адрейхэм хуэдэу. Дауи, аращ апхуэдэ цIэи щIигъуэтар.

**Бзииху** – Липа.

ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу зэхэгъэщхьэхукIа жыг лъэпкъыгъуэщ. Я лъагагъыр *м* 25-30-м нос. Я тхьэмпэхэр хуэхъурей щIыкIэщ. Пхъафэр Iувщ, щхъуэ-фIыцIафэщ. Гъэгъахэр, гъуэжьыфэ мащIэ къызыщIэувэхэр, зыбжанэу, Iэрамэ зэгъусэу, зи фэр хужь бзий бгъузэ-кIыхь цIыкIухэм якIэрыщIауэ, къудамэ щхьэкIэхэм июным и кIэм къапедзэ. Адыгэ хэгъуэгухэм бзииху лIэужьыгъуиплIым езыр-езыру къэкIыу уащыхуозэ. Ди къэралым езыр-езыру къыщокI бзииху лIэужьыгъуэу 16.

Гъэгъахэм бжьэм къыпах фор хуабжьу гурыхьщ, хущхъуэ хэлъщ. Пхъэр щабэщ, псэуалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхащIыкI. Адыгэхэм къэкIыгъэ зыбжанэ хэлъу шей щагъавэкIэ бзииху гъэгъар халъхьэ.

**ХЬЭКЪУН Барэсбий**

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**

Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360051, КБР, г. Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 11.11.16. Формат 70х108 $^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,7.
Уч-изд. л. 12,0. Тираж 3330 экз. Заказ №642
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов